# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**Адыгэ тхакIуэхэм я журнал**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**2011 гъэ**

**1**

**Январь – февраль**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгуэхьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министерствэмрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI**

**Редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр**

**Елгъэр Кашифщ**

*Редколлегием хэтхэр:*

**Къагъырмэс Борис, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкIуащэ Андрей**

**Налшык**

**2011**

# Iуащхьэмахуэ (Эльбрус)

На кабардинском языке

*Учредители:* Министерство по информационным коммуникациям, работе с общественными объединениями и делам молодежи Кабардино-Балкарской Республики (360000,КБР, г.Нальчик, пр. Ленина, 57), Общественная организация Союз писателей Кабардино-Балкарской Республики (360000, КБР, г.Нальчик, пр. Ленина, 5 офис 501)

**И. о. главного редактора Кашиф Эльгаров**

Редакционная коллегия:
**Борис Кагермазов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев**

Технический редактор – **Мадина Гурижева**
Корректор – **Марина Жекамухова**
Компьютерный набор и верстка – **Зарета Князева**

Подписано к печати 09.02.11. Формат $70 \times 108^1/_{16}$. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,0. Уч-изд. л. 11,5. Тираж 2050 экз. Заказ № 33. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036
Адрес редакции:
КБР,г.Нальчик,пр.Ленина,5.

Отпечатано на ООО «Тетраграф» КБР,
г. Нальчик, пр.Ленина, 33

Обложка художника Заурбека Бгажнокова

## КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР:

**Вэрыкъуэ Владимир.** Лей зыгъэгъум къахурегъэгъу. Хэкум папщIэ тхьэлъэIу. Романым щыщ. . . . . . . 3
**Къэрмокъуэ Мухьэмэд.** Хъыбархэр. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 23
**Айтэч.** Гуащэхъан. Рассказ . . . . . . 32
**Кавказым и гъэр**. Къэхъуа Iуэху. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 43

ПШЫНАЛЪЭ

**АфIэунэ Лиуан**. Усэхэр. . . . . . . . . 63

ЖЬАНТIЭ

**Адыгэ щэнхабзэм жыджэру хуэлэжьа**. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 68
**ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр.**
**Иужьрей удж.** Рассказ. . . . . . . . . . . 70
**Куэдым хуэIэкIуэлъакIуэ адыгэлI.** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 77
**Шэрджэс Алий.** ЦIыхубэ Iущыгъэ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 78
**Хьэнфэн Алим**. Куэшхьэблэ щыщ тхакIуэ гумащIэ. . . . . . . . . . 85
**Къантемыр Тыркубий.** Усэхэр. . . 87

КУЛЬТУРЭМ И ЛЪАХЭМ

**Елгъэр Кашиф.** Сызэрыхъу пэтауэ сызэрымыхъуахэр. ГукъэкIыжхэм щыщщ. . . . . . . . . . . . . 89
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** Лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм и тхыгъищ, Iуэху зэфIэхыкIэ зэхуэмыдэхэм къагъэщIауэ. . . . . . . . . . . 110
**Узыхэмызагъэ псори гугъущ.** Интервью. . . . . . . . . . . . . . . . . 119

ХЪУЭЖЭ И КУЭБЖЭ

**Нало Заур.** Бетрожь Хьэмел и хъыбаритI. . . . . . . . . . . . . . . . . . 124
**Юань Мэй.** Уэщыщхьэм уэщыкIри зэрыкIэлъидзар. . . . . 131
**Сатыр пIаскIуэхэр**
**Джатокъуэ Юрэ**. . . . . . . . . . . . . . . 132
**АбытIэ Владимир**. . . . . . . . . . . . . 135

ВЭРЫКЪУЭ Владимир

# Лей зыгъэгъум къахурегъэгъу. Хэкум папщІэ тхьэлъэІу

***Романым щыщ пычыгъуэ***



– Иджы, зи уз кIуэдын, уи лъэIум дегъэдаIуэ.

– Нэхъ пасэу бжесIакIэти, Александр Андреевич.

– ЖыIэж иджыри зэ.

– Къэбэрдейм сыкIуэну сыхуейщ.

– Дэ Къэбэрдейм дыщыIэщ. Кисловодск ижь-ижьыж лъандэрэ къэбэрдеищIщ, езыхэм «Нартсанэ» фIащауэ. Иджыри аращ зэреджэхэр – Нарт санэ.

– Сэ зи гугъу сщIыр мы Къэбэрдейр аракъым, ар уэри уощIэ.

– Уэ а ныбжьыр щызеуэ щIыпIэм укIуэну ухуейуэ ара?

– Аращ. ЛIыжь кхъахэм и ныбжьыр щызеуэм.

– МыбыкIэ дызэгурыгъаIуэ, Альфред Оттович, а ныбжьыр лIыжь гуэрым ейуэ сэ зэи ныбжесIакъым. Зыгуэрым и ныбжь жытIэмэ, нэхъ тэмэм хъун сфIощI.

– Содэ апхуэдэуи. Сэрей-Іуащхьэм тет къулъшырыфым сыкIуэнущ.

– Ди зэманым ар псэзэпылъхьэпIэ Іуэхущ. Абрэджхэм уаубыдрэ гъэр уащIмэ-щэ?

– Кавказым и гъэр сыхъунщ.

– Апхуэдэ гузэвэгъуэ къэхъуну Тхьэм жимыIэкIэ, ауэ Къэбэрдейм зекIуэ уежьэнумэ, нэхъ тэмэму жысIэнщи, Сэрей-Іуащхьэм укIуэнумэ, фIыуэ зыгъэхьэзырын хуейщ. Нэху дыкъекIмэ, Есаулов Тихон ухуэзгъэзэнщ. Куэд зи нэгу щIэкIа къэзакъщ. Ар дарэгъу къыбдэхъумэ, Іуэхум зыгуэр къикIынкIэ шэсыпIэ щыIэщ.

– Нобэ дыхуэзэ мыхъуну пIэрэ а Тихоным?

– АIэ, Альфред Оттович... Хуэрэджэ аркъэ дефауэ къищIэмэ, къыдэпсэлъэнкъым.

– Фадэ зыIуимылъхьэу ара?

– Сыт щIызыIуимылъхьэр? Ауэ сытми ефэркъым. Си гъащIэм и кIуэцIкIэ къэзакъ емыфэ срихьэлIакъым. Ауэ ефауэ Іуэху пхухыхьэнукъым.

– Ефар аракъым – дэращ.

– Дэрауэ щытми...

Сыхьэтым еплъмэ, фитоным и къыIухьэгъуэ хъуащ. ХьэщIэмрэ бысымымрэ фIэхъус зэрахыжын и пэ къихуэу псалъэ дахэ куэд зэжраIэ, пщэдей зэхуэзэну зэгуроIуэ, я Іэ зэроубыдыж. Крюге зыхещIэ нэхъыщхьэу

---

*КIэухыр. ПэщIэдзэр нэгъабэрей 6-нэ номерым итщ.*

зытепсэлъыхьыну и гугъам гъунэ зэрыримылъар, жиIэну зыхуея куэд я щхьэфэ зэримыIэбар.

– Мыри бжесIэнут, – жеIэ Однолюбовым, – ординарец къэлъыхъуэ. Тихони къэзакъ еIуящIэхэми IуэхутхьэбзэкIэ уащIыщыгугъын щыIэкъым. Гузэвэгъуэ къэхъу хъужыкъуэмэ, я псэм емыблэу укъыхахынщ, ауэ IуэхутхьэбзащIэ пхуэхъунхэкъым. Зыщумыгъэгъупщэ...

Фитоныр къыпэплъэрт. ФэкIэ къибзыкIа тетIысхьэпIэм зрегъэщатэри, фIэхъус ирихыжу, бысымым Iэ хуещI. Фитоныр йожьэ.

– Уи цIэр хэт хъуну? – йоупщI ар гущхьэIыгъым.

– Назар къысфIащащ жор къыщыспщIэхалъхьэм. Назар ПантелеевичкIэ укъызэджэ хъунущ.

– Къэбэрдейм сыпшэн, Назар Пантелеевич? Iуэхушхуэ сиIэу сокIуэ.

– Къэбэрдейхэм дезэуэну?

– Сыт дыщIезэуэнур? ХьэщIапIэ дыкIуэнщ.

– ХьэщIапIи-и? – шэч къытрехьэ къэзакъым. – Зи щIыхьыр ин, Къэбэрдейм ныбжьэгъу ущиIэ?

– Хэт ищIэн, сиIэнкIи мэхъу.

– Абы щыгъуэм езыхэр лъагъунлъагъу кърекIуэ. Апхуэдэу нэхъ шынагъуэншэщ.

– Саугъэт яхуэсшэу сатеуэн си гугъэщ.

– Саугъэт дэгъуэщ езы урыс генералыр, пэбдзын щыIэкъым.

– Си гъусэу унэмыкIуэну ара?

– Сэ апхуэдэу жысIакъым. ПщIэуэ сыт къыпэкIуэнур?

– ДыкIуэу дыкъэкIуэжыным – тумэнипщI.

– ПщIыи?

– ПщIы. Дыщэ ахъшэу.

– Сыт ущIэзмышэнур-тIэ, зи щIыхьыр ин? Дапщэщ дежьэрэ?

– Пщэдей нэхъ жьыIуэу си деж ныIулъадэ...

Крюге хьэщIэщым егъэзэж. ПIэм зэрыгъуэлъыххэу, псым хэхуа мывэм ещхьу, жейм щIелъафэ, пщIыхьэпIэ лъэпкъ имылъэгъуауи нэху къокI. «Зи щIыхьыр ин», – жаIэу бжэм къытоуIуэ, къагъэуш. СыхьэтипщIыр екIуэкIырт.

Крюге псынщIэу зетхьэщI, зехуапэ. Рестораным йохри, шей кърегъащтэ, етIуанэ шеибжьэм щефэм, щхьэгъубжэм доплъ: Назар Пантелеевич къэзакъ фащэкIэ хуэпарэ орденрэ медалу иIэр хэлъу къожьэ, фитоныр кърихулIауэ.

– Пэж дыдэу дежьэрэ? – къоупщI генералым фIэхъус нэужьым.

– Пэж дыдэу.

– Сыту фIыт!

Есаулов Тихон IущIэну зызыгъэхьэзыра Однолюбовым и бгъэм хэлъщ Щихъ Владимир орденыр.

– Георгийм и пэ Владимир щхьэ ибгъэща? – фIэгъэщIэгъуэнщ Крюге.

– Ар хьэл тхуэхъуащ линием щыIэ офицерхэм, Владимирым фIэкIа зетхьэркъым.

Генералым и щхьэр ещI. Абы фIыуэ ещIэ Щихъ Владимир орденыр пащтыхь унагъуэм щыщ дыдэхэми зэрырамытыр, - ар зыхуагъэфащэр зауэм лIыгъэ щызезыхьахэм я закъуэщ. АпхуэдэпщIэ иIэщ къызэрыгуэкI а жор цIыкIум.

... – Дыкъэсащ, зи щIыхьыр ин, – жеIэ Однолюбовым, фитоныр бжыхь

лъахъшэм и бгъум къыщыувыIэну унафэ ещIри. ХьэщIэхэр Есауловхэ я пщIантIэм дохьэ. Крюге Однолюбовым и лъапсэм щилъэгъуам зыкIи ещхьтэкъым Есаулов и пщIантIи и хади: зы щIыпIэмкIэ нартыху итщ, адэкIэ сэхуран щыболъагъу, балией, къыцей зытIущ, ину зэгуэкIыкIа кхъужьей... Къазмакъей, хьэцыбаней, дей... – хадэ зэхэтхъуам имыт щыIэкъым.

ПщIантIэку дыдэм хуозэ нартсанэпс къыщIэжыпIэ улъияр, ар хадэм йожри. ГумыжьцIыкIу холъадэ. ХьэщIэхэр къоувыIэ, дзэху кIрушкIэм псы ирегъэжыхьри, Однолюбовым пщIыпщIыжу къикъуэлъыкI псыр кърегъахъуэ, хьэщIэм хуеший: «Ефэт, мыпхуэдэпс Кисловодск псом щывгъуэтынкъым».

Пэж дыдэу, зыпэпщIын щымыIэ жыхуаIэм хуэдэщ. Крюге етIуанэ кIрушкIэри ирeф.

– Иджы чэзур сысейщ, – жи Однолюбовым, псыр къыщIигъалъэурэ. – Минералыпсхэм я тхыдэр Александр Езанэм и пащтыхьыгъуэм къыщыщIедзэ, – жеIэ полковникым. – Кавказ Армэм и командующэ Цициановым, иужькIэ Кисловодск быдапIэм и комендант Лихачев нарзаныпсхэр цIыхухэм еIэзэным зыубгъуауэ къыщыгъэсэбэпыным теухуауэ къыхалъхьа Iуэхур пащтыхьым къищтат.

– Сэ си гугъати нарзыныпсым и хущхъуагъым фIыуэ щыгъуазэрэ езы бгырысхэр куэду иризэIэзэу щытауэ, – къыхелъхьэ и псалъэ Крюге, – къалэр сэзыгъэцIыхуахэм жаIэ нартхэм я псым теухуа хъыбар куэд къэбэрдейхэм яIэу.

– Дауи, ар тэмэмуи къыщIэкIынщ, – занщIэу арэзы мэхъу Александр Андреевич. – Ауэ хъыбархэр IуэрыIуатэщ, щIэныгъэр еджагъэшхуэхэм я Iуэхущ. Псы къыщIэжыпIэхэм унэ тещIыхьынри, псы хущхъуэхэм узэрефэнумрэ зэрызыщыбгъэпскIынумрэ я тхылъхэр зэхэзылъхьари зауэлI къулыкъущIэхэрщ, дохутыр еджагъэшхуэрщ.

– Ара дзэ зыдэз быдапIэ щIаухуар? – увыIэркъым Альфред Оттович.

Однолюбовыр цIыплъ къохъу. Нэрылъагъут генералым и псалъэхэм ар къызэрагъэгубжьар.

– Дэ псом япэу курорт къызэдгъэпэщащ, армыхъумэ быдапIэкъым.

– Мис ар пэжкъым, – губжь хэмылъу жеIэ Крюге. – Япэ щIыкIэ быдапIэхэр яухуащ, итIанэщ курорт Iуэхур къыщыкъуэкIар. ИкIэм-икIэжым, IуэхуфI зэфIахащ, ари хъарзынэщ.

– Дэнэ щыIэ бысымхэр? – щIоупщIэ генералыр. – Хьэмэрэ къытпэмыплъэхэу ара?

– КъыдэжьэнкIэ хъунщ, къыдэмыжьэнкIи хъунщ. – ИтIанэ: – Ей, Тихон! ХьэщIэр егъэблагъэ!

Бжэр къыIуехри, унэм къыщIокI лIы пIащэ хэщIыхьа. – Абы щыгъщ гъуэншэдж бырыбышхуэ, и джанэр теутIыпщхьащ, лъапцIэу вакъэ лъэмбыIум итщ. «ХьэщIэ пэплъэща хуэмыдэ мыр», – йогупсыс Крюге, абы и зыхуэпэкIэм еплъурэ.

– Феблагъэ, феблэгъапэ, – жеIэ бысымым, хьэщIэхэр пэшымкIэ иришажьэурэ.

Гупыр зыщIыхьа унэм бжьыныхумэ, щэ кIэрисхьам и мэ гуащIэр къыщIех. Пэшым и зы плIанэпэм жэз зытебза пхъуантэ пIащэ дэтщ, къазыц щхьэнтэ, шхыIэн зэрылъ тахътэбаныр зейм ещхьу хэщIыхьащ, и лъакъуи Iэдии пIащэу, зытешхыхь Iэнэри апхуэдэ дыдэщ. ПлIанэпэ жьантIэм тхьэнапэ фIэлъщ, шэху уэздыгъэ и пащхьэм щыпыгъэнауэ. Ещанэ плIанэпэм Георгий орденыплI зи бгъэм хэлъ сурэт къыдощ.

– Уи адэ?

– Си адэщ, зи щIыхьыр ин! Поликарп Евдокимовичщ.

– ПщIэрэ щIыхьрэ хуэфащэщ уи адэм.

– Тхьэр арэзы къыпхухъу.

Унэ лъэгум адыгэ уанэ илъщ. Ар щIэбгъэщIэгъуэни щыIэкъым – къэзакъ щыхъукIэ, Iэпслъэпс и куэдщ, къыщыхуэзам деж щыхыфIидзэнри зыхуэIуа щыIэкъым. Ауэ мыр уанэ гъэщIэрэщIащ, нобэ Кавказ псом апхуэдэ щумыгъуэтыжыным хуэдизщ.

Крюге и щхьэм гупсысэ Iэджэ щызэблэкIырт уанэм щеплъым: игу къокIыж и анэ Катя зригъэдэIуа хъыбархэр, Крюгехэ яIа шэщыр, абы щIэта адыгэш телъыджэхэмрэ Iэпслъэпсхэмрэ.

ПцIы хэлъкъым, адыгэ уанэр зауэ хуэIухуэщIэхэм дэгъуэу хуэгъэпсащ. Езыр инкъым, тырку уанэхэм нэхъри тIукIэ нэхъ псынщIэщ, европейхэм я хьэлъагъым и Iыхьэ щанэщ зэрыхъур. Псом нэхъыщхьэрщи, уанэ щхьэнтэр тыншщ, гугъуехь хэмылъу псынщIэу зыщыпхуогъазэ, жэрыжэм уздытетым зыкъэбгъазэу фочыр бгъэуэн папщIэ. Уанэ къуапэр пIыгъыу зыбгъэщхъыу, узэжэрыжэм хуэдэу, щIым щылъыр къыбощтэф.

Къэбэрдейхэм сыт хуэдэу ягъэщIэращIэрэ я уанэр! Лъахъстэн плъыжьри, гъуэжьри, фIыцIэри, дыжьынхэкIхэри, дыжьыныпсри, уагъэ зэмылIэужьыгъуэхэри къагъэсэбэп. Щыхьыц зэрыкуа уанэщхьэнтэхэр щабэщ, уанэщIэдзхэр упщIэщ... ЩIопщхэр, лъэрыгъхэр, шхуэ-нахъутэхэр сыт хуэдэу дахэ!

А псор и щхьэм къохьэ Крюге, унэкум илъ уанэм здеплъым.

– Уигу ирихьа уанэр?

– Ар зигу иримыхьын щыIэ?

Шэч хэмылъу, мы уанэр цIыхум и Iэдакъэ къыщIэкIам я нэхъ дахэщ: пхъэ быдэщ и пкъыр пыл къупщхьэхэмкIэ, дыщэкIэ, дыжьынкIэ гъэщIэрэщIащ. Фэри, лъахъстэнри, тхыпхъэхэри дыщэ IуданэкIэ идыкIащ.

– Си адэм и шэщ дыдэм щыслъэгъуакъым мыпхуэдэ уанэ, – мэщатэ Крюге. – Абы Урысейм иришауэ щытащ инэрал Засс зэхуихьэса уанэ куэд Iей.

– Мыр хузэзгъэпэщыжыну  къысхуигъэнащ зи щIыхьыр лъагэ езы Хьэгъундокъуэ дыдэм. Константин Николаевич «Зыхуей хуэгъэзэж» къызжиIащ. Хузогъэзэж.

– Тихон хуэдэ уанащIэ Къэбэрдей псом, езы Дэхъушокъуэ дыдэм дежи къыщыгъуэтыгъуейщ, – псалъэмакъым къыхохьэ Однолюбовыр. – ХьэтIэхъущыкъуэ, Елмырзэ зэкъуэшитIыр мыхъумэ.

– Зэхэсхащ ахэм я хъыбар, – жеIэ Альфред Оттович. – Си адэм иIащ а IэщIагъэлI Iэзэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIахэри. Сэри Бытырбыху щызиIэщ Асэн Елмырзэ ищIа уанитI.

– Уанэ къуапэр лэжьащ, ерагъкIэ къамышыкIей къэзгъуэтащ ар иризэсхъуэкIыну.

– КъамышыкIей жыпIа?

– НтIэ, абы нэхъ пхъэ быдэ ди мэзым щIэткъым.

– Уанэ зэпэщщ, – жеIэ Однолюбовым, – езы пащтыхь дыдэм епткIэ утеукIытыхьынкъым.

– Куэд щIа Хьэгъундокъуэр уи деж зэрыщепсыхрэ? – щIоупщIэ аргуэру Крюге.

– МахуипщI хуэдиз хъуагъэнщ.

– Дэнэ Константин Николаевич здигъэзар?

– И къуажэм, Мывэ Лъэмыжым деж щысым, кIуэжащ.

– Иджыри абы щыIэу пIэрэ?

– Дэнэ кIуэн-тIэ? Уанэр къищтэжыну къытригъэзэжыну жиIащ. Сыпоплъэ. КъэкIуэн хуейщ. Мыпхуэдэ уанэ хыфIадзэркъым.

Крюге уанэм йоплъ, ину погуфIыкI. «Адыгэ уанэр игу ирихьа хуэдэщ», – йогупсыс Есауловыр.

Ар пэжщ, ауэ генералым гукъыдэж къезытар аратэкъым, атIэ Хьэгъундокъуэм Бытырбыху зэрыщыхуэзауэ щытар и нэгу къыщIыхьэжауэ арат. Урыс шуудзэм и генерал, къэпщытакIуэ джыназ щэджащэ Михаил Александрович пащтыхьым и хъумакIуэ кавказ эскадрон ныкъуэр зригъэлъагъуну къэкIуат абы щыгъуэ. Адыгэхэм я шыгъэ-лIыгъэм еплъыну къызэхуэсат къулыкъушхуэ зыIыгъ дзэ унафэщI, офицер, дзэм щымыщ куэд. Абыхэм яхэтт зауэлI щыпкъэ, урысыдзэм и генералхэм ящыщу орден нэхъыбэ зыхуагъэфэща Хьэгъундокъуэ Константин Николаевичри. Абы пщIэшхуэ хуащIырт, а и дамыгъэ лъапIэхэр Бытырбыху уардэунэхэм я пхъэбгъу лъэгухэр зэрыриутыкIыр мыхъуу, дзэ къулыкъу игъэзащIэу къызэрихьам папщIэ.

Берлин къикIыу урыс армэм и генерал-майор цIэр иIэу дзэ къулыкъум пэрыхьа Крюге Альфред мы зэхыхьэм езы пащтыхь ныкъуэ дыдэм кърригъэблэгъат, «Ди шэрджэсхэм я зэфIэкIым еплъ», – жиIэри.

Абыхэм я шыгъэ-лIыгъэр зи нэгу щIэкIахэм ялъэгъуар гукъинэж ящыхъуащ. Альфред, нэхъ пасэу, и анэм жиIэжу мызэ-мытIэу зэхихат къэбэрдейхэм я IэкIуэлъакIуагъыр здынэсыр. Ауэ зэхэпхыныр зыщ, уи нэкIэ плъагъуныр нэгъуэщIщ.

Шууей тIощIырыпщIыр жэрыгъэкIэ здекIуэкIым, яшхэм къолъэ, асыхьэтыпцIэми уанэгум къохутэжхэр. ХьэмкIэу къажэ шыхэмкIэ зохъуажэ. Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэн ящохъу шу къэс зы хьэпшып лъысу шы лъабжьэм щIадза псори къанэ щымыIэу къызэрапхъуэтэфар. ИужькIэ къагъэлъагъуэ уIэгъэхэмрэ укIыгъэхэмрэ зауэм къызэрыIуахыж Iэмалхэр. Ари жэрыжэм тету, шым къемыпсыхыу. Сыт хуэдэу IэкIуэлъакIуэу пагъэщхърэт жызум къудамэхэр?!

Иужь дыдэ теплъэгъуэр гушыIэт: шууитI утыкум къохьэ, зым пшынэ, адрейм шыкIэпшынэ яIыгъыуи, къызэдэжэ хуэдэурэ яшхэр къызэщIагъаплъэ, итIанэ, зы лъэрыгъэпсым фIэкIа имыту, шым и ныбэм зрашэкIри, пшынэ йоуэхэр.

«Сыт хуэдэ саугъэти яхуэфащэщ щIалэ ахъырзэманхэм», – жеIэ пащтыхь ныкъуэми шыгъажэм хэтахэм ахъшэ ират, пшынэ еуаитIым ялъысыр тIукIэ ягъэбагъуэ.

Абдежым алъандэрэ Альфред и гум, и псэм щигъэпщкIуурэ къекIуэкIа къару гуэрым зыкъыкIэреуд. Ар пащтыхь ныкъуэм бгъэдохьэ:

– Зи щIыхьыр ин!

Пащтыхь ныкъуэм и нэхэр генералым къытреубыдэ:

– СынодаIуэ, генерал, – жеIэ абы, Крюге шэрджэсхэм ящытхъуну ара фIэщIу.

– Зи щIыхьыр ин! Манежым сишхэр щагъашхэ. Хуит сыкъэщI сэри си зэфIэкI гуэрхэр къэзгъэлъэгъуэну...

ИхъуреягъкIэ щытхэм ягъэщIагъуэ генералым и тегушхуэныгъэр: «Адыгэхэм я ужькIэ пащтыхь ныкъуэмрэ къызэхуэса офицер къомымрэ я пащхьэ къихьэн дауэ ирикуа?»

Пащтыхь ныкъуэми ибзыщIыркъым таучэл зэримыщIыр:

– УщIимыхьащэу пIэрэ, генерал? Шыгъэ-лIыгъэкIэ адыгэм япэув

щыIэкъым! Уи напэр текIынкIэ ушынэркъэ? Ди цIыхум я бзэр убыдыгъуейщ. Къыпщыдыхьэшхынхэщ. Уэрэдрэ Iуданэу ухахьэнщи...

– Зи щIыхьыр ин, – псалъэмакъым къыхохьэ генерал Хьэгъундокъуэр. – ЛIыгъэ зехьэным зезыпщыт сэлэтым упэрыуэ хъун?

– НтIэ, апхуэдэу Iуэхур щывгъэувкIэ, зэран сыхъункъым. Тхьэр дэIэпыкъуэгъу къыпхухъу. Ауэ сакъ. Я генералыр тIэщIэкIуэдауэ Берлин дигъэкъуэншэну Тхьэм имыухкIэ.

Крюге унафэ ещI и фащэхэр къыхуахьыну, зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ илъагъу адыгэшитI Абрэджрэ Черкесрэ къыхуашэну. Зыщихуапэкlэ и щхьэ хуошхыдэ: «Лъы бзаджэ жыхуаIэращ. Захуэт си анэр: гува-щIэхами сэ абы зэгуэр бэлыхь сыхидзэнщ. Сытыт нобэ сызезыхуэр утыку сыкъилъэдэну?» Ауэ тIэкIу-тIэкIуурэ Крюге и гур тосабырэж. Гупсысэ псори щхьэщокI. Зэхуэса псоми я нэр къетауэ, эскадрон ныкъуэм хэт, ныкъуэкъуэгъу ищIа адыгэхэр къыхущIэплъу мэшэсри, шыхэм я гъэджэгупIэм йохьэ.

АдэкIэ къэхъуар езы дыдэми тэмэму къыбжиIэжыфынкъым. ЯфIэтелъыджэу генералхэр Iэгу йоуэ, трибунэм итхэр ину зэрогъэкIий. Альфред абыхэм ярегъэлъагъу и анэм зыхуигъэса псори, Къэбэрдейм щащыгъупщэжа джэгукIэ нэгъунэ хэту. Ар зэбгъурыту жэ шитIым я уанэгухэм йоувэ. Нэр темыпыIэу блолъэт къэптал псынщIэр, джанэ тхьэмбылыфэр, лъахъстэн шырыкъу пIащIэ плъыжьхэр. Жьым щыгъынхэр егъэбырыб, лIым и щхьэцхэри, шыхэм я сокури яIэт. ИтIанэ уанэм кIэрыпха сампIэхэм адыгэ сэшхуэхэр кърепхъуэт, и гупэр шыкIэхэмкIэ гъэзауэ уанитIым йоувэ, Абрэдж и уанэм зредзэжри, сэшхуитIыр Iэ зырызкIэ иIыгъыу жызум къудамэхэр пегъэщхъ.

Абы и ужькIэ трибунэм йожэлIэж. Зы сэшхуэр лъагэу дредзей, къыщехыжкIэ мапхъуэри, и IэпщIэмкIэ къеубыдыж, етIуанэмкIи апхуэдэу ещIри, сэшхуитIри сампIэм ирелъхьэж, итIанэ Абрэдж зыкърегъэлъэтэхри, пащтыхь ныкъуэм и пащхьэ йоувэ, и щхьэр мащIэу гъэщхъауэ икIи адыгэбзэ къабзэкIэ: «Къысхуэгъэгъу, зиусхьэн, укъызэрысщыгугъауэ сыкъыщIэмыкIамэ», – жеIэ.

Адыгэхэм, хьэщIэ къомым щхьэкIи мыукIытэу, Крюге къаувыхьауэ адыгэ уэрэдыжь къыжраIэ. «Сыт абыхэм, нэгъуэщI зыгуэр мыхъуу, а уэрэдыр щIыжаIэр? Дэнэ щащIэрэ си цIэр зэры-Дэбэчыр».

ИтIанэ Альфред трибунэм докIуей. Пащтыхь ныкъуэ Михаил езым къызыIэрехри, Iэлъын телъыджэ къыIэрелъхьэ.

– Дыкъыдэпхыжащ, Альфред Оттович! Дыкъыдэпхыжащ!

– Сэ шэрджэсхэм сапеуэн мурад сиIакъым, – ет жэуап генерал ныбжьыщIэм. – Сэ езыр сышэрджэсщ. Си адэр къэбэрдей джыназщ, абрэдж цIэрыIуэщ.

– Дауэ? – модрейм игъэщIагъуэр Крюге зэрыкъэбэрдейр аракъым, атIэ джыназыр зэрыабрэджырщ. – Сэ къызэрызжаIамкIэ, джыназхэр абрэджу ежьэжыркъым.

– Ущагъэуащ, Зи щIыхьыр ин, Iэмалыншагъэм ирихулIэмэ, джыназхэри абрэдж мэхъу.

– Уи адэм хуэдэуи?

– Си адэм хуэдэу.

Абыхэм къабгъэдохьэ Хьэгъундокъуэ Константин.

– Къысхуэгъэгъу, барон. Маньчжурием сыныщоупщIыну къысхуихуакъым. Дэнэ укъикIа уэ? КъыбгурыIуэрэ – мы уэ къэбгъэлъагъуэ IэкIуэлъакIуагъэм зыхуэбгъэсэфынукъым. Ар уи лъым хэлъу укъалъхун хуейщ.

– Пэжщ жыпIэр, Константин Николаевич. Сэ Берлин сыкъыщалъхуа, сыкъыщыхъуа пэтми, сызэрыцIыкIурэ си адэ-анэр ДэбэчкIэ къызоджэ, къэбэрдей зауэлI цIэрыIуэм и щIыхькIэ. Сэ сщIэркъым, а лIыхъужьыр псэуами IуэрыIуатэм хэт цIыхуу щытми. Си ныбжьэгъухэмрэ къулыкъу къыздэзыщIэхэмри Абрэдж цIэ лейр къысфIащащ. Сэ адыгэбзэр нэмыцэбзэм нэхърэ мынэхъыкIэу сощIэ – си анэм сигъэщIауэ. Шымрэ сэшхуэмрэщ си нэри си псэри. А псом къыхэкIащ дзэ къулыкъур къыхэсхыныр.

Пащтыхь ныкъуэр погуфIыкI:

– Урыс пащтыхьыгъуэм и жьантIэм и щэхухэм ящыщ зыщ ари.

ФIэхъус щызэрахыжым, Хьэгъундокъуэм абы пэжыгъэ Iихащ Iэмал имыIэу иджыри зэхуэзэну. «Къэбэрдейм дыщызэIущIамэ нэхъыфIыжт. Си къуажэм».

... Иджы а зэIущIэр жыжьэж хуэдэкъым.

... – Уанэ телъыджэщ, – генералыр зыхэт гупсысэхэм Однолюбовым къыхешыж.

– Телъыджэщ, – жеIэ Альфред. ИтIанэ бысымым зыхуегъазэ: – ЗэрыжыпIэмкIэ, Хьэгъундокъуэм зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу къытригъэзэнущ. Мыпхуэдэу тщIымэ дауэ уеплърэ...

Крюге и мурадыр мырат: Тихон цIыху зыбгъупщI зэхуешэс шу гъусэхъумакIуэ хуэдэу генералым дэкIуэтэнуи, Сэрей-Iуащхьэм тет къулъшырыфым макIуэхэр.

– ДыздэкIуэм, Константин Николаевич дежи дыдыхьэнщ. Генералыр тлъагъунщ, уанэри хуздэтхьыжынщ.

– Ар хъунут, ауэ уанэм есщIэнур есщIакъым, тIэкIу сепэщэщыжын хуейщ.

Сыт жимыIами, Есауловым хьэуэ къыхигъэкI хуэдэтэкъыми, Тихон изымыгъэкIуэтыжын Iэмал хуокIуэ Крюге:

– Мис шым, гъуэмылэм, Iэпслъэпс-Iэщэ хуэдэхэм тевгъэкIуэдэнур, апхуэдэу къэзакъхэм ептыну пщIэр, – жеIэ генералым, ахъшэ зэкIуэцIылъыфI стIолым трилъхьэурэ.

Махуитху дэкIмэ, Къэбэрдейм кIуэну гъуэгу техьэнхэу зэгуроIуэ.

– АурсэнтхкIэ дыкIуэнщ, адэкIэ Мывэ Лъэмыжым нэс дэлъыж щыIэкъым, – жеIэ Есауловым.

– БырмамыткIэ декIуэкIын си гугъати, – и пащхьэм илъ картэм тоIэбэ генералыр.

– АтIэ, абы ди гъуэгур нэхъ кIыхь ещI, итIанэ, шынагъуэншэ дыдэуи щыткъым.

... Мывэ Лъэмыжым нэсын и пэ къиихуэу бахъэ хужьхэр къыщикъуалъэ ауз зэвым дохьэ. Мыбдеж дыдэми зыгъэпсэхупIэ щащI.

– Константин Николаевич лIыкIуэ хуэщIын хуейщ, – жеIэ Тихон. – ИмыщIэу дауэ дытеуэн?

– Ар Iуэхум хэлъщ, – арэзы мэхъу Крюге.

Гъуэгу здытетым, Альфред егупсыс зэпытщ: дэнэ къыщытIущIэну пIэрэ Хьэгъундокъуэр – къуажэ дыхьэпIэм деж хьэмэрэ къытпежьэну? Апхуэдэу гупсысэурэ мэщхьэукъуэ. Сыт хуэдизкIэ жея, сыхьэт хьэмэрэ медан, сытми, зэгуэр Тихон къегъэуш:

– Зи щIыхьыр ин, езы Константин Николаевич и щхьэкIэ къыфпежьащ.

Пэжу, шу гуп Iуащхьэм къыщхьэдэхауэ, ущу къахуокIуэ. Къэзакъхэр Iэщэм йопхъуэ: апхуэдэу есахэщ - бгырысхэр къахуэжэмэ, Iэщэр къащтэ.

– Щывгъэт, емынэм ихьынхэ, – макъ гъумыщIэкIэ маджэ Есауловыр. – Гупым я пашэр флъагъуркъэ? Урыс армэм и генерал езы Хьэгъундокъуэ дыдэрщ.

Къэсыным лъэбакъуипщI хуэдиз иIэжу генералым шым зыкърегъэлъэтэх:

– Хэт и фIэщ хъунт! Уэ Къэбэрдейм ущыIэу, узихьэщIэу.

Жьыбгъэм уанэгум ирихам ещхьу, Крюге йопсых. ГенералитIым, сэлэт хабзэу, я Iэр фурашкIэ натIэм хуахьу, фIэхъус зэрах, итIанэ IэплIэ зэхуащI.

– Сыту фIыт! – жеIэ зым.

– Си гуапэ къэпщIащ, – жэуап къет адрейм.

Хьэгъундокъуэ Константин Николаевич и лъапсэр Къармэхьэблэм пэгъунэгъуу Балъкъ псы Iуфэм дехыу щысщ. Псыхъуэ зэв куум къыдоIукI гъуахъуэу ежэх псы Iэлым и макъ. Лъахэм ит унэ зыбжанэр Кисловодск, Москва, Бытырбыху дэт уардэунэ зыкъизыххэм емыщхьми, екIу цIыкIухэщ, къабзэлъабзэщ.

... ХьэщIэм и хьэтыркIэ къаIэта ерыскъым, зэхашэ джэгум я нэгу зрагъэужьауэ нэху къекIахэщ. ИкIи пщэдджыжьышхэм иужькIэ къызытекIухьа Iуэхум иужь йохьэхэр.

– Ди жылэ укъэзышам теухуауэ. УздэкIуэну уежьам нэс сэ сыныбдэкIуэтэфынукъым, генерал, Сэрей-Iуащхьэ сыкIуэну Iэджэ щIауэ си нэ къикI пэтми. Къулъшырыфырысхэм псэупIэ ящIа бгъуэнщIагъхэм теухуа-уэ гъэщIэгъуэн куэд яIуатэ. Хэти тхьэ щеIуэж ахэр IэрыщIу, езырезыру къэхъуауэ жызыIэхэри мащIэкъым. ФIыуэ зуплъыхьмэ, уэ къэпщIэнщ Iуэхум и пэжыпIэр. ДэIэпыкъуэгъу пхуэсщIынщ Хьэмзэт – жьым тесу псым епыдж цIыхущ. Сэ Бытырбыху сымыкIуэж щIыкIэ къэвгъэзэжмэ, здэсшэжын си гугъэщ. ЛIы къыхэкIынущ абы, Хьэмзэт и гъусэу нежьэнущ къэбэрдей шу тIощI: пщIыр уяпэ иту, адрейхэр уи ужь иту нэкIуэнщ. Апхуэдэу нэхъ хъума ухъунщ. ЗыгуэркIэ шынагъуэ къыплъысын хъумэ, ари зыщыгъэгъупщапхъэкъым, укъаувыхьынщи уахъумэнщ. Ауэ бэIутIэIу къэмыхъуным дыщыгугъынщ. Гъуэгу махуэ! Узыншэу Тхьэм фыкъихьыж.

Крюге зи пашэ гупыр бжей мэзыжьым щIохьэ. ЛIэщIыгъуэ куэд зи ныбжь жыг абрагъуэхэм шууейхэр къаувыхьа хуэдэкъым, атIэ мэзым псори зыIуригъэлъэдам ещхьщ. ЦIыхухэри шыхэри хъумпIэцIэджу цIыкIу щIохъукI. ГъуэгурыкIуэхэм псэлъэн гукъыдэж ямыIэжу щымщ. Гъуэгур адыгэ шууейхэм пхаш, абыхэм якIэлъокIуэ Есауловым и къэзакъхэр, итIанэ Крюгерэ Назаррэ, адыгэ шууипщIыр шукIашэщ.

ДэнэкIи плъэ – плъагъур жыг абрагъуэхэм я щIыфэ плъыфаджэхэм я закъуэщ. Псори зэгупсысыр Назар еIуатэ:

– ШейтIан мэзщ.

– Сыт щIэшейтIан мэзыр? – шэч къытрехьэ абы жиIам Крюге.

– Даущыншэщ. Даущыншагъэр и макъ къызэрихькIэ мэкIий, тхьэкIумэIупсыр иричу.

– Ари пэжщ, – къэзакъым арэзы дохъу Альфред Оттович.

Абдежым бзу гуэр, я гур ирихыу, тхьэусыхэу маджэ. Назар Iэпэ жор ещI: «Си нэр щхьэ къыщипхъуат дыщэ тумэнипщIым?». Ар сыт хуэдэу хуейт иджыпступцIэ Кисловодск игъэзэжыну.

Абдежым Хьэмзэтрэ Тихонрэ къабгъэдохьэ, йопсыххэр.

– Дымыгъуэщащэрэт, Альфред Оттович, – шэч гуэрхэр ещI Есауловым.

– Дауэ дыгъуащэрэ? Дэ картэ диIэщ. Къащтэт мыдэ, Назар. Мис мыбдежым дыщыIэщ дэ иджыпсту, – IэпэкIэ тоIэбэ, здынэсауэ къыфIэщIым деж. – Къулъшырыфыр мыбдежым щытщ. Дэ тэмэму докIуэ. Къуэ куухэм къапэткIухьын хуейщ. Ауэ ахэр картэм тетми, мыбдеж щыслъагъуркъым хьэмэрэ къызэднэкIауэ пIэрэ?

– Ар, дауи, аращ, ауэ, дауи... – шэч зэрищIщ Тихон.

– Сыт шэч къызытепхьэр? ЖыIэ.

– СщIэркъым зэрыжысIэнур, ауэ си гур къогузэвыкI.

Крюге къэзакъым игу дахэ хуищIыркъым. Ар езыри мэпIейтей. Мы мэзым, ушынэххэнумэ, уигъэшынэнущ.

– КъэдаIуэ мыдэ, Тихон, – унафэ ещI Крюге. – Зи гугъу сщIа къуэбэкъум дынэсмэ, зыгъэпсэхупIэ тщIын щIыпIэ къыхэх. ЩIыхури шыри ешащ. Дезэшащи аращ пIейтеигъэ псори къэзышэр.

– АрагъэнкIи хуэIуа щыIэкъым, – Тихон зэрышынэщ.

Хьэмзэт щымщ, къекIуэкI псалъэмакъым и Iуэху хэмылъым ещхьу.

– Уэ щхьэ зыри жумыIэрэ? – Хьэгъундокъуэм и цIыхум йоупщI Крюге.

Модрейм и дамэхэр дрегъэуей.

– Пэжщ, шыхэр ешащ.

Аращ жиIар: «шыхэр ешащ». ЦIыхухэр емыша хуэдэ.

Генералым абы гу лъетэ.

– Ей, мы къэбэрдейхэри. Захуэт си анэр «абыхэм еш ящIэркъым» щыжиIам щыгъуэ.

Зы сыхьэт хуэдэ кIуахэу Хъыу псым и Iуфэм Iуохьэхэр. «Дыкъепэсэуащ, йогупсыс Крюге, пщэдей нэхърэ нэхъ пасэу мыбдеж ди лъэр къэтхусыфын си гугъакъым».

Тихон къыбгъэдохьэ:

– Шэджагъуашхэ хэIэтыкIа згъэхьэзырыну хуит сыкъэщI, – зыкъыхуегъазэ.

– Сыт хэIэтыкIа?

– ХъыукIэ зэджэ мы псы цIыкIум бдзэжьей къуэлэну хэсым ущIэмыупщIэ.

– Дэнэ щыпщIэрэ?

– Сэ мы щIыпIэхэм си щыпэ къакIуэкъым. ФIыуэ соцIыху мы Iэгъуэблагъэр.

– НтIэ, дапщэщи мэзым апхуэдэу уигъэшынэрэ?

– Хьэуэ, иджы япэ дыдэу сегъащтэ.

– Хъунщ. Къэвубыд-тIэ бдзэжьей къуэлэн. Сэ тIэкIу сыщхьэукъуэнщ.

Тихон Хьэмзэт йоIущащэ. Модрейм и щхьэр ещI, и шу гъусэхэм ящыщ зы къреджэри, унафэ хуещI. ЗанщIэуи шыхэм ятелъ хьэлъэр трах, шыныбэпххэр къагъэлалэ. «Ари тэмэмщ, – йогупсыс Альфред Крюге. – Шыхэр щIрегъущхьэ».

ЗэщIагъэста мафIэм ибгъукIэ Назар щIакIуэр щеубгъу, адыгэ уанэр щхьэнтэ папщIэу пIэщхьагъ ещI. Генералыр фIэфIыпсу абдеж мэгъуэлъ, мафIэм и хуабэм зригъэууэ. ЗауэлIым дежкIэ абы нэхъ зыгъэпсэхупIэфI дэнэ къыипхын! Даущыншагъэ псор мэзым къыщIэнащ. Мыбдеж Хъыу щоIущащэ, мафIэр и Iэбзий гуапэхэмкIэ нэкIум къытолъэщIыхь. «Сыту гупсэхугъуэ...» – жиIэу игу къокIри, асыхьэтуи жейм и IэплIэм къохутэ.

Абы тэмэму къыбжиIэжыфынукъым Мэлычыпхъу къыщыхуэкIуа уахътыр: жейм химылъэфапэ щIыкIэ хьэмэрэ къыщыушыжа меданра? Ар

уафэм дэпIэстхъей мафIэ бзийм къыхокIри къыбгъэдохьэ. Мэлычыпхъу мафIэ хъуаскIэхэр къыполъэлъ, псым къыхэкIыжам ткIуэпсхэр къызэрыпыткIум ещхьу. Хужь чэсейуэ хуэпащ, и щхьэфIэпхыкIыр фIыцIэщ.

*«А-а, си щIалэ цIыкIу! Зы щхъэкIи фымышынэ. ФыздэкIуэм фыкъэблэгъащ. Мо псы адрыщIым щикIыкIа жыг абрагъуэхэм жор ятедзащ. Ахэр гъуэгугъэлъагъуэ фхуэхъунщ – фыздашэм фыкIуэ – къулъшырыфым фрашэлIэнщ». Ар жеIэри, щIыбкIэ икIуэтурэ мафIэм хохъэж.*

*– Къэуш, зиусхъэн, бдзэжьей лэпсыр хъэзыр хъуащ.*

Зы бжьэ щIыгъуу бдзэжьей лэпсыр ирафа, пхъэ дзасэ псыгъуэм фIэлъу дэпкIэ гъэжьа бдзэжьей къуэлэныр трашхыхьыжа нэужь, абы къыбгъэдохьэ Хьэмзэт:

– Дапщэщ дежьэжрэ, зиусхьэн?

Крюге йогупсыс: махуэр хэкIуэтащ, цIыхухэр шхынымрэ зэфа фадэмрэ хъыжьпIыжь ящIащ. Хэт жэщым мэз мыцIыхум хыхьэр?

– Зыдгъэпсэхуи зыдгъэпсэху, – ещI унафэ генералым. – Пхъэ куэду зэвгъэпэщ. Нэхущым гъуэгу дытехьэнщ.

Пщэдджыжьым абы Хьэмзэт гуэрыр къыбгъэдохьэ:

– Зыгуэр зэпымыууэ къыткIэлъоплъ.

– СощIэ, Мывэ Лъэмыжым деж щыщIэдзауэ дбгъурыту къокIуэхэр.

– Сыт тщIэнур?

– Зыри. Зэран къытхуэхъуну хуеяхэмэ, Iэджэ щIат дызэрыIуапIэрэ. Куэд хуей къуэбэкъухэм, гъуэгум е мэз дыдэм къыщытпэтIысин щхьэкIэ?

КъыIуохьэ Тихони.

– Зыгуэрхэр къыткIэлъыплъу жеIэ Хьэмзэт.

– Зи щIыхьыр ин, си къэзакъхэм къахутащ къыдбгъурыту накIуэ а ныбжьхэр зихэтыр. Монаххэщ ахэр. Ящыщ зы къадыгъун я гугъат си цIыхухэм, «Фыхэт, фысыт, зи Iуэху зефхуэр сыт?» – жаIэу япкърыупщIыхьыну, яхуэздакъым армыхъумэ.

– Тэмэму пщIащ. Я гугъу фымыщI.

... Махуэр шэджагъуэм нэблэгъауэ Хьэмзэт и шыр кърехулIэ:

– Iуащхьэм докIуалIэ, зиусхьэн.

– Сыт Iуащхьэ? – зэуэ къыгурыIуэркъым Альфред Оттович.

– УздэкIуэ Iуащхьэм, зиусхьэн.

– Дауэ хъун? – егъэщIагъуэ Крюге, Iуащхьэм нэсыным гурэ псэкIэ хуэпабгъэ пэтми, икIи и шым йолъэдэкъауэ. Куэд дэмыкIыу ахэр ялъэщIохьэ япэ ит шууеипщIым. Мис, къуэ куум адэкIэ къыщытщ апхуэдизу зыхуэпIащIэ бгыр. Ар шытх кIыхьу йокIуэкI, лъагэ дыдэкъым икIи лъахъшэкъым. Метр минитI хуэдизкIэ уэгум етащ.

Шухэм къуэбэкъум ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ къыщыпакIухь. Сэмэгурабгъу лъэныкъуэр блыным хуэдэу джафэ къырым зэхуещI.

– Плъагъурэ, зиусхьэн, зишыхьурэ бгым лъагэу декIуэкI лъагъуэр? Ар бгым и кIуэцIым йохьэри, къулъшырыфым йокIуалIэ. ЦIыхухъу къулъшырыфым.

– ЦIыхубз къулъшырыфи щыIэ?

– ЩыIэщ. Шы зэ илъыгъуэ хуэдизкIэ мобы пэжыжьэу. ГъэщIэгъуэнращи, къулъшырыфхэр апхуэдэу яухуащи, монаххэм я щIыпIэм гъунэгъу ущыхуэхъукIэ, Iэуэлъауэ цIыкIу дыдэри джэрпэджэжышхуэу абыхэм я деж щоIу.

– Ар дауэ?

– СщIэркъым. Езыхэм ябзыщI, дэ дэнэ щытщIэн?

– Феплъыт, феплъыт, – Тихон и Iэпэр къуэмкIэ еший. – Флъагъурэ мо цIыхухэр...

Пэж дыдэу, зыр адрейм и ужь иту цIыхухэр къыкъуокI, блокI, блыным къуохьэж... Я хуэпэкIэкIэ – монаххэщ. Зы, тIу, щы, плIы... Дэтхэнэми зы меданкIэ зыкъегъэлъагъуэ, апхуэдэ дыдэуи мэбзэхыж. Етхуанэр къыщыкъуэкIкIэ, къэзакъ гуэрым фочыр зыпщIэхепхъуэт, арщхьэкIэ Хьэмзэт зедзри, фочыпэр щIым хегуэ, ардыдэмкIи монахыр ажалым кърегъэл. Къэзакъ фочым убзэщхъу ищIэркъым.

– Сыт пщIэр, къэзакъ? – Хьэмзэт и нитIым уафэхъуэпскI къыщIех.

Ауэ, къэхъуа щымыIэм ещхьу, зыпымыууэ цIыхухэр зэкIэлъхьэужьу къыкъуокI, мэбзэхыж. Зэман гуэр докIри, зэблэкIыр мэувыIэ.

– ДыкIуэн хуейщ ахэм я деж, – жеIэ Тихон. – Сэ лIыкIуэ сыфщI.

Хьэмзэт генералым бгъэдохьэри, псынщIэрыпсалъэу адыгэбзэкIэ жреIэ:

– Тихон щIэкIуэн щыIэкъым. Абы жиIэр къагурыIуэнкъым. Сэ сыгъакIуэ. Ар Тихон къепсэлъэнукъым.

– Хэт къемыпсэлъэнур?

– Мис а уэ зи деж укIуэр, пщы дотэ, – и напIэ мыужьыгуу жэуап къет Хьэмзэт.

– Сэ къулъшырыфым сеплъыну сыкIуэу аркъудейщ. Аркъудейщ, – зытригъэхьэркъым Крюге.

– УзэрыфIэфIщ, зиусхьэн.

– Хъунщ. КIуэ монаххэм я деж. ЯжеIэ Iей дигу илъу дыкъызэрымыкIуар. Драгъэгъэблагъэ. ФIыкIэ...

И щхьэм къыщыщIэдзауэ и лъакъуэм нэс IэщэкIэ зэщIэузэда Хьэмзэт и бгым илъ къамэм фIэкIа къимыгъанэу псори зыкIэрехри, уплъэмэ плъагъу Сэрей-IуащхьэмкIэ йожьэ. Ауэ, сыт хуэдизу гъунэгъуу къыпфIэмыщIми, ар сыхьэт ныкъуэ енкIэ макIуэ, цIыхухэр къыщылъэгъуа щIыпIэм нэсын папщIэ.

Гупыр я нэр тенауэ кIэлъоплъ я лIыкIуэм и дэтхэнэ лъэбакъуэми. Мес, ар бгы лъагэм кIуэ лъагъуэм тохьэ, къуэбэкъу цIыкIум дохьэ, къыдокIыж, икIэм къулъшырыфым и куэбжэм Iуохьэ.

Къулъшырыфым щыпсэухэм ящыщ зы къыдокI.

– Хьэмзэт урысыбзэ ищIэркъым, – жеIэ къэзакъ гуэрым.

– А ищIэм ирикъунщ ар, – гу лъетэ Тихон. – Губзыгъэр губзыгъэу щIэупщIэр, щыму даIуэр, акъыл хэлъу жэуап зытыр, жиIэн имыIэмэ, зыри жызымыIэращ. Аращ си адэм сызыхуиущийуэ щытар.

– ЛIы Iущт, – гу лъетэ Крюге.

Хьэмзэт зэрыхуа щытыкIэм уиту куэд жыIэгъуейщ. Ауэ абы бзэ къахуигъуэтынщ – Iуэху щхьэпэм папщIэ сыт хуэдэ гъуэгуанэри зэпычыгъуафIэщ. Абы папщIэ гугъу зегъэхьын, уи зэфIэкI хэлъхьэн хуейуэ аркъудейщ.

Хьэмзэтрэ къыIущIа монахымрэ фIэхъус зэрах, псалъитI-щы зэпадзри, хьэщIэр, лъагъуэр кърегъэлъагъуу, ирешажьэ. Хьэмзэт абы и ужь йоувэ. Куэд дэмыкIыу ищхьэмкIэ удэзышей, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, бгъуэнщIагъым щIыхьэ гъуэгум ирикIуэхэурэ, умылъагъуж мэхъу. Зэманыр яфIэкIыхьу, яфIэзэпылъэфу и лъабжьэм къэнахэр абы поплъэ. Гъэунэхуныгъэ нэхъ гугъу дыдэр зэманкIэ гъэунэхунырщ.

ЛIыкIуэр сыхьэтитI хуэдиз дэкIауэ къокIуэж, и ныбжьымрэ зыщыщ лъэпкъымрэ къэхутэгъуей монах гуэр щIыгъуу.

– Ди къулъшырыфым и тетым фIэхъус къуех икIи ухуэхьэщIэну

урегъэблагъэ. – Монахым бгъэм къипсэлъыкI макъ гурыхь къабзэ иIэщ. И нитIыр игъэпщкIуркъым, ахэм шыни нэплъыснэIусагъи щIэлъкъым.

Абы ибгъукIэ Хьэмзэт щытщ къыфIэIуэху щымыIэм хуэдэу, монахыр къэзышар арауэ, щIыпIэ мыцIыхум кIуэуэ къэкIуэжауэ умыщIэну.

Генералым ар лъэныкъуэкIэ Iуеш:

– Сыт-тIэ?

– Зыри. Мис, монаххэм я лIыкIуэр къыпхуэсшащ. Сэ си къалэн згъэзэщIащ. Згъэзэжми хъунут, Хьэгъундокъуэхьэблэ усшэжыну си дотэр къэзгъэгугъащ армыхъумэ.

Ар жеIэри, лъэныкъуэкIэ IуокI. Генералым зигъэхьэзыру щIедзэ.

Монахым гупыр ирешажьэ. Хьэмзэтрэ и шухэмрэ Крюге къаувыхь. «Зыгуэрым ирогузавэ Хьэмзэт, – йогупсыс Крюге. – Гъуэгур зи кIыхьагъым мамыращ, иджы пIейтейщ. Сыту пIэрэ къэхъуар?» Къэзылъагъу щымыIэ фIэщIу, йоIэбэкIри, и хъумпIырэр етIатэ. АрщхьэкIэ Хьэмзэт гу къылъетэ, зыкъыхуешийри: «Монаххэр цIыху мамырщ. Я зэран къыдэкIынукъым. УкъыщIэдувыхьар ихъуреягъкIэ зэрымамырырщ, сфIэфIкъым даущыншагъэмрэ зыгуэр сыпэплъэнрэ. КъэхъуIа хъужыкъуэмэ, си щIалэхэр зы меданкIэ нэхъ мыхъуми бийм япэ ищыфынущ. Зауэм абы щынэхъыщхьэ щыIэкъым».

Крюге и щхьэр ещI. А псалъэхэм я уасэр здынэсыр абы фIыуэ ещIэ. Гупыр сэху мывэ блын задэм бгъурыту йокIуэкI. Уэгум лъагэу къуалэжьхэр щохуарзэ.

– Лъаркъэ, а бзу угъурсызхэр, – и щхьэр уафэмкIэ ещI Тихон.

– Сыт щIэугъурсызыр?

– ПсэхэлIэлкIэ машхэхэри.

– Ей, щхьэж езым и ерыскъы иIэжщ. Уи бдзэжьей къуэлэн лэпсыр абы и шхыныгъуэкъым, дауи, уэри псэхэлIэл ухуейуэ фэ птеткъым.

– Ар пэжщ, – арэзы мэхъу Тихон, – ауэ, дауи щрети, къуалэ угъурсызхэщ.

Гупым и пащхьэ монахищ къохутэ:

– Ди тетым фрегъэблагъэ, – жеIэ зым.

– Аращ дыкъызытекIухьар. Фи тетыр тлъагъуну, къулъшырыфым деплъыну. Уэри уэри, – яжреIэ Хьэмзэтрэ Тихонрэ, – си гъусэу фынакIуэ. Адрейхэр мыбдежым фыкъыщыспэплъэ.

– Фи Iэщэр къэвмыщтэ – къулъшырыфым мамыр Iуэхущ щызэрахуэр.

Генералым, емыгупсысыххэу, хъумпIырэр зыщIех, мащIэрэ гуитIщхьитIу щотри, сампIэм зэрилъу, сэри абы гъусэ хуещI, итIанэ псори адыгэхэм ярет, Тихони абы и щапхъэм ирокIуэ.

– Уэ-щэ? – Крюге лъэныкъуэкIэ щыт Хьэмзэт йоупщI.

– Уи гъусэу Хьэбалэ нрекIуэ, зиусхьэн. Хуит сыкъэпщIмэ, сэ мыбдеж сыкъэнэнущ. Iэщэр зыпщIэхэсхынукъым. Ар слъэмыкIынщ...

Крюге и щхьэр ещI. Хьэбалэ, фIэмыфIыщэурэ, фочыр зыпщIэхех, сэшхуэр ибг ирехри, Хьэмзэт хуеший.

– Мыри, – Крюге къамэм Iэпэр хуеший.

– Къамэр Iэщэкъым, – идэркъым Хьэбалэ.

Монахым я нэхъыжьым генералым дежкIэ зегъазэ:

– ЗыщIремых. Абы гуэныхь пылъкъым.

Куэд дэмыкIыу Крюге къулъшырыфым и пырхъуэ кIыхьым тохьэ. Блынхэр къащхъуэу лащ. Даущыншэщ ихъуреягъыр. Уигъэшынэу. КIэлындор кIыхьыр нэхъ бгъуэ щыхъум деж мывэ жор абрагъуэр щылъщ.

Нуру блэ уэздыгъэхэм ягъэнэхуу, уеплъкIэ къэщIэгъуейщ ар мыбдежым къыщыхаIущIыкIарэ хьэзыру къашарэ. ГъэщIэгъуэнщ кIэлындору, щIэкIыпIэ-щIыхьэпIэу, пэш зэв цIыкIуу мыбы щыIэр зыхуэдизыр. БгъуэнщIагъым хуиту, зумыгъэщхъыу къыщыпкIухь мэхъу.

– МыбыкIэ фынакIуэ, – хьэщIэр япэ иригъэщу, жеIэ гъуэгугъэлъагъуэм, абы щыгъуэми Хьэбалэрэ Тихонрэ я гупэм къоувэ, япэкIэ имыгъакIуэу.

И гур къилъэту Крюге бжэщхьэIум йобакъуэ. ЗыщIыхьа пэшыр зы цIыхукIэ цIыкIуу абы къыщыхъукъым. Ар къабзэлъабзэу зэщIэкъуащ, блынхэр, къащхъуэ мыхъуу, нэхутхьэхуу къилыкIащ. ГъуэлъыпIэ бгъуфIэ, тхылъ телъхьэпIэ дапхъэ, шэху уэздыгъэр зи пащхьэ щыблэ тхьэнапэ закъуэ. – Уэщрей Георгий и тхьэнапэр – арат пэшым щIэлъыр зэрыхъур. СтIолым пэрыст фIыцIэ защIэкIэ хуэпа лIы. Къулъшырыфым и тетыр.

Крюге щытщ щыму, куэдыIуэрэ щытауэ пIэрэ жыпIэну. ИкIэм къулъшэуапIэ тетым жеIэ:

– Щхьэ ущым?

– Щымыныр фIыуэ плъагъумэ, куэдым фIыуэ укъалъагъунщ, – жэуап ет Ефрем Сиринэ и псалъэхэмкIэ.

– Уэ Уэщрей Ефрем и дерсхэм ущыгъуазэ? – егъэщIагъуэ игуменым.

– Эдессэ щыщ сирийскэ еджагъэшхуэм мы и псалъэхэр сыт и уасэ: «ЦIыхур и щхьэ щыгугъыжыныр шынагъуэщ, Тхьэшхуэм щыгугъыр къелынщ».

Къулъшырыфтетым щыму и щхьэр ещI, итIанэ, щIогуфIыкIри къоупщI:

– Ара-тIэ дзэ псо къыщIыздэпшар?

– Сэ, урыс генералыр, сыхуиткъым щIыпIэ мыцIыхухэм хъумакIуэ симыIэу сыкIуэну. Аркъудейщ.

– Арауэ щрет, – арэзы мэхъу бысымыр.

ИтIанэ къулъшырыфымрэ абы и Iэгъуэблагъэмрэ къаплъыхь: пэш цIыкIухэр, шхапIэр, члисэр, тхылъ хъумапIэр... ПщIантIэ кIуэцIыр псысэм хуэдэт – благъэ дыдэу къурш сыдж лъагэхэм ятелъ мылымрэ уэсымрэ дыгъэм полыд, абдеж дыдэм хадэхэкI хьэсэхэр къыщылъщ, пэрымэ дахэхэр щызэхэтщ, адэIуэкIэ уIукIуэтмэ, жыг хадэщ, бжьаIуэщ.

Пэрымэ гъэгъахэр зэрыт хьэсэр фIанэкIэ лIыжь гуэрым епщIэ, щIетхъуэ, игуи и пси хилъхьэу.

Крюге ищIэр езы дыдэм имыщIэжу, ауэ къару нэрымылъагъу гуэр къыщIэрыIам ещхьу, абы дежкIэ мэбакъуэ, ищIа шэчым и гур кърегъэлъэт. «Сыт къысщыщIар?» – йогупсыс генералыр.

*ЛIыжьым ибгъукIэ щыгъын хужь защIэкIэ хуэпа Мэлычыпхъу къыщохутэ, Альфред Iэпэ къыхуещI: «Си щIалэ цIыкIу! Мис, фэри фызэхуэзащ – ДэбэчитIыр!»*

Крюге и Iэхэр Мэлычыпхъу дежкIэ еший, абы дежкIэ лъэбакъуэ зыбжанэ еч.

– Хьэуэ, хьэуэ, – игуменым абы и Iэблэр къеубыд, – Дэбэч идэркъым цIыху мыцIыхухэм ягъэпIейтейуэ.

Крюге абы гъунэгъуу йокIуалIэ. ЛIыжьым зыкъеIэт, и нэхэр Альфред къытреубыдэ. Абы и нэкIур жыгеижь пхъафэу пхъашэщ, лэдэхыр Iуву щызэблож, дыркъуэ куэд толъагъуэ.

– Дэнэ кIуа Мэлычыпхъу? Ар иджыпсту къыббгъэдэта къудейщ, – щIоупщIэ и нэр къиихуу генералыр.

– НакIуэ, – и Iэблэр быдэу иIыгъыу ар игуменым къыIуелъэф.

– Къэгъанэ ар, – ткIийуэ макъ пхъашэкIэ къыжреIэ игуменым, ар ДэбэчкIэ зэджа лIыжьым. – Хэт сэ си гъусэу щытар? – нэхъ ткIиижу къоупщI ар Крюге.

– Фызыжь гуэр... Фызыжь гуэр щытащ... – къуаншагъэ IэщIэщIарэ зигъэзэхуэжым ещхьу, ет жэуап Альфред.

– Уэ абы и цIэ ипIуащ. ЖыIэт...

– Мэлычыпхъу.

– Уэ дэнэ щыпщIэр а цIэр?

– СщIэркъым. Ар езыр апхуэдэурэ къысхуокIуэ, сэ семыджэу. Аращ мы фи къулъшырыфым сыкъэзыгъэкIуар.

ИкIэм-икIэжым, игуменым ар лIыжьым къыбгъэдеш, итIанэ къэзакъхэмрэ адыгэ шухэмрэ унафэ яхуещI къулъшырыфым и щIыбкIэ увыIэпIэ ящIыну.

– Ди деж хамэ щыпсэу хъунукъым, – жеIэ, – дэ фэтэр ттыркъым, псэм деIэзэу аращ.

Махуэхэр зэпылъэфауэ макIуэ. Зэмыджа хьэщIэхэм махуэм къулъшырыфымрэ абы и Iэгъуэблагъэмрэ къаплъыхь, бдзэжьей йощэ... Зей аркъэр ткIуэпс къэмынэу ирафащ. Монаххэм къыхуахьа кхъуейлъалъэмрэ шхумрэ яужэгъуащи яхуэшхыжыркъым, я Iуэхуми кIэ гуэр иIэкъым. Зэрэ-тIэурэ ЛIыжь щэджащэр ялъэгъуащ Сэрей-Iуащхьэм ешэкIа лъагъуэ къуаншэмкIэ екIуэкIыу. Ар зэзэмызэ къоувыIэ, мыбдеж щитIысыкIахэм къахоплъэри йожьэж. Зэрыхабзэу, ар къыщыкъуэкIыр къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ дыгъэр щекIуэтэх пщыхьэщхьэхэрщ. Абы къыхэкIыу дыгъэр абы и щIыб къыщыдэувэкIэ, и Iэпкълъэпкъыр нуру блэ къыпщохъу.

ПщыхьэщхьэкIэрэ мафIэм бгъэдэсу къэзакъхэм уэрэд жаIэ. Уэрэд нэщхъей, гууз.

Къэбэрдейхэм я уэрэдхэри нэхъ нэщхъыфIэкъым. Ар теухуащ лIыхъужь щэджащэ Дэбэч.

Къэбэрдейхэм Дэбэч теухуа уэрэдыр щыжаIам и етIуанэ махуэм къулъшэуапIэм Крюге ирагъэблагъэ.

– Уи ахъырзэманхэм сыт уэрэд дыгъуасэ жаIар? – къоупщI абы тхьэхуэлажьэр.

– ЗауэлI щэджащэ Дэбэч теухуарщ, – ет жэуап генералым. – Япэ махуэ дыдэм сызыIуууауэ щыта лIыжьым сыхуэмызэу хъунукъым, – жеIэ уэрэдыр зытеухуа цIыхумрэ лIыжьымрэ я цIэр зэпищIэу.

Тхьэхуэлажьэр щымщ. ХьэщIэм кIыхь хъуа даущыншагъэр къызэпеуд:

– Зэхэпха жысIар? А лIыжьым сыхуэзэну сыхуейщ.

– Ар мыхъун Iуэхущ. ЗэкIэ...

– Сыт щхьэкIэ? Щхьэусыгъуэр сыт?

– АбыкIэ арэзыныгъэ щыIэкъыми.

– Сэ зыгуэрым и арэзыныгъэ сыхуейкъым. Махуибл мэхъури къулъшырыф блыным дыбгъэдэтщ.

Тхьэхуэлажьэм и нэгур ткIийщ.

– Сэ фыкъызэдэIуэн хуейщ, – гукъанэ хэлъу жеIэ абы, шэджагъуашхэ ерыскъым здыбгъэдэсым.

Крюге щымщ. Модрейм и псалъэм пещэ:

– ЖыIэмыдэIуэныгъэр къуртыгъэнщ. Къуртыгъэныгъэмрэ емрэ зэIэпэгъущ.

Крюге мурад ещI бысымым и пащхьэ тобэ къыщихьыжыну, арщхьэкIэ

асыхьэтым тхьэхуэлажьэ гуэр къыщIохьэри, къулъшэуапIэм и тетым и тхьэкIумэм йоIущащэ. Мыдрейр къотэдж, емыкIу ямыщIыну мэлъаIуэри, псынщIэу щIокI. ХьэщIэми и гугъат щIэкIыжыну, ауэ псынщIэ дыдэу къэзыгъэзэжа тетым абы къыжреIэ:

– ЛIыжь Щэджащэр хуейщ укъилъагъуну.

– ЛIыжь Щэджащи?

– Пэрымэхэм хэпэщэщыхьу узэпсэлъа лIырщ зи гугъу сщIыр. Ар къожьэ. Дэбэч зыпэбгъаплъэу идэркъым.

Ерагъыу удзым хэплъагъуэ лъагъуэ зэщIэкIам тету ахэр куэдрэ макIуэ. Псым къыщхьэщыт къыр лъагэм деж лъагъуэм щыпеч. Псымрэ къырымрэ я кум, пэртакъ Iэхуитлъэхуитым мафIэ щоблэ, и щыгум гъуаплъэ шейныч фIэдзащ. МафIэм бгъэдэсщ лIыжь. Абы и щхьэр къеIэт, Крюге блоплъри, игуменым нэкIэ йопыдж. Хуит зэрищIыр къикIыу, лIыжьым и Iэр ещI, асыхьэту къулъшырыф тетыр IуобзэхыкIыж, генералымрэ лIыжьымрэ я закъуэу къонэ. Псыр мэшкIуркIур, мафIэр и хъуаскIэхэмкIэ мэпIэнкI.

Щыму сыт хуэдиз зэман ягъэкIуами Альфред къыбжиIэфынукъым – зы дакъикъэ хьэмэрэ сыхьэт? Крюге адэкIэ хуэшэчыркъым.

– Сэ сыкIуэжынщ, – IукIыжыну зегъазэ Крюге.

Зы медан, медан закъуэ дэкIмэ, мы цIыхуитIыр зэпызыщIэ Iуданэ псыгъуэ цIыкIур зэпычынщ.

– Зэ умыпIащIэт, щIалэ, – лIыжьым и макъым къегъэувыIэ генералыр. – Уи анэм зэгуэр Катя жоуэ еджэу щымытауэ пIэрэ?

Генералыр и пIэм йожыхь, и гур къихуу и лъапэм техуэжа хуэдэт. Уеблэмэ зыкъигъэзэну къару бгъэдэлъыжккъым. ИтIанэ, къарууэ иIэр зэхелъхьэри, и гупэр лIыжьым хуегъазэ. «Мырауэ пIэрэ сэ апхуэдиз илъэскIэ къэслъыхъуар? Сыщымыуэу пIэрэ?»

Аргуэру даущыгъэр къохуэх. Ауэ щымыгъэми Iэджэ къепсэлъ.

– Щхьэ зыри жумыIэрэ, щIалэ? – щымыгъэр иджы лIыжьым къохьэлъэкI.

– Католикхэм жор щыпщIэхалъхьэм абы къыфIащащ Марие-Терезэ Крюге... Баронессэ...

– Сэ сызыщIэупщIэр католик диным щихьэм абы къыфIаща цIэр зыхуэдэр аракъым. Сэ сызэрыноупщIыр мыращ: зэгуэр абы зэрихьа Катя цIэр?

– Зэрихьащ... Ар щыпсэуащ мы щIыпIэхэм икIи абы бгырысхэр Катэ жаIэу еджэрт «Екатеринэ – Катя» цIэр тыншу къазэрыхуэмыпсэлъым къыхэкIыу.

– НтIэ, къыбжимыIауэ пIэрэ уэ абы...

Инэралым Дэбэч и псалъэм пещэ:

– КъызжиIащ псори, бзыщI хэмылъу. Зэи абы уэ уигъэкъуэншакъым, и псэр пытыху фIыуэ укъилъэгъуащ. Абы иужь дыдэу жиIэжа псалъэхэр мыращ: «Дэбэч къэгъуэт. Уэ укъимылъэгъуауэ лIэну абы хуитыныгъэ иIэкъым. Ар иригушхуэнщ уэ пхуэдэкъуэ зэриIэм. Уеблэмэ езы дыдэм нэхърэ нэхъ зауэлIыфI и къуэм къызэрищIыкIам».

– Дэтхэнэ цIыхуми уигу хузэIуумых, фIым е къримыкIуэн щхьэкIэ.

Сирах и псалъэхэмкIэ абы жэуап ирет Дэбэч:

– Дэтхэнэ цIыхуми хузэIупх хъунукъым. Уэ «удэтхэнэ» цIыхукъым, – къет жэуап Крюге, и щхьэр лIыжьым и дамэм трилъхьэурэ.

– «Хэт гъащIэ купщIэншэ къигъэщIа?» жоуэ си адэшхуэ Амыщ еупщIати, «Къуэ зымыпIам» къажриIэгъащ. Сэ успIакъым – си гъащIэр зыри и уасэкъым.

– Ар жумыӀэ, – идэркъым генералым. – Тхьэшхуэ ӀэмыркӀэ зэрыхъуам хуэдэу хъуащ. Си анэм дапщэщи «Бэч мыпхуэдэу ищӀынт. Дэбэч абы арэзы техъуэнтэкъым, мыр къабыл ищӀынт» жиӀэу щытащ. ДызэпэӀэщӀами, уэ сыбгъэсащ. Уи лӀыгъэр, зэфӀэкӀыр щапхъэу сиӀащ.

Аргуэру, адэ щищӀалэгъуам щыгъуэ хуэдэу, Бэч йогупсыс: «Си атэлыкъ Хьэгъур щхьэ сыгъыфу симыгъэсарэт». ЛӀыжьым гу лъитэртэкъым и нэпс къудамитӀыр псыӀэрышэу къызэрежэхым.

ИтӀанэ я псалъэр псы хуэм хуэдэ йокӀуэкӀ. Хуэмрэ узэпхыплъу къабзэу. ЛӀыжьым и псалъэхэр гурыӀуэгъуэт икӀи Ӏущт. Альфред жиӀэр мащӀэт, зыщӀэупщӀэр нэхъыбэт. Язынықъуэ псалъэмакъ щабэм махуэхэр, мазэхэр, илъэсхэр, къэхъукъащӀэхэр выгужьу щыкӀыргъырт.

– Сыт си анэр, Дэбэч жимыӀэу, язынықъуэкӀэ БэчкӀэ къоджэу щӀыщытар?

– Апхуэдэу нэхъ фӀэдахэ хъунт. ГъэфӀэгъыбзэ жыхуаӀэращ.

Ӏуэху Ӏэджэ я щхьэфэ йоӀэбэхэр. Куэдым щыщӀэупщӀэкӀэ, жэуапри куэд мэхъу.

– Сэ куэд къысщышынэрт, – зеумысыж Дэбэч.

– Уэ езыр-щэ?

– Сэ сышынэу щытарэ щымытарэ къэпщӀэну ара? Сышынэрт. Сэ сыцӀыху къудейщ. Ауэ зы цӀыхум, зэхэпхрэ, зы цӀыху закъуэм къыхуэщӀэнутэкъым си гущӀэм щызгъэвыр. Си нэгум къиплъэм къысфӀэӀуэху щымыӀэу къыщыхъурт. Абы къыхэкӀыуи сызыщышынэ дунейм темыту къафӀэщӀырт. Сэ хьэкъыу сщӀэрт къэрабгъэр зэи зэрытемыкӀуэр. Апхуэдэ къэхъуркъым. Сэ зэзмыку щыӀэтэкъым. Гугъэр зэи сфӀэкӀуэдтэкъым.

– ИкӀи усакът?

– Былътырыкум сыхуэдэт. ИтӀанэ сщӀэрт къыптекӀуэнӀауэ ухуэмеймэ, гущэм хэлъ сабийм хуэдэу ужей зэрымыхъунур – тхьэм фӀэкӀа зыщӀэ щыӀэкъым укъызыхущыунур. Абы бэӀутӀэӀу куэдым сыщихъумащ.

– Уи Ӏущыгъэр сэри щхьэпэ къысхуэхъунщ.

– Сэ сыӀущу щхьэ пфӀэщӀрэ?

– Уэ жьы ухъуащ, гъащӀэ плъэгъуащ, Ӏэджэ бгъэващ...

– Ущымыуэ, си щӀалэ. И ныбжь кӀуэху цӀыхур нэхъ Ӏущ хъуркъым, нэхъ сакъыу аращ.

– Си анэм жиӀэу щытащ фи лъэпкъым... – абдеж Альфред цӀыплъу къызэщӀонэ «фи лъэпкъ» зэрыжиӀам щхьэкӀи, и псалъэр зэрегъэзэхуэж: ... – Ди лъэпкъым нэхъыжьым нэхъыщӀэр иущийуэ хабзэ дахэ къыдекӀуэкӀыу щытауэ. Амыщ – Пагуэ, Пагуэ – Арыкъшу, абыхэм – уэрэ уи къуэшхэмрэ...

– Апхуэдэу къыбжиӀат?

– НтӀэ.

– Ар пэжщ. Апхуэдэ хабзэ Амыщ лъэпкъым тхэлъащ. Ди лъэпкъым и закъуэ? Къэбэрдей псом ар щызокӀуэ. Псалъэ гъущэкӀэ устхьэлэну сыхуейкъым, ерыскъым дыхэӀэбэнщ.

ХоӀэбэхэр. Хьэлу, кхъуей яшх. Бгы нэпкъ лъагэхэм къыщыкӀ удз, гъэгъа зэмылӀэужьыгъуэхэм къыщӀагъэвыкӀа шей драф.

Дэбэч нэхъ ипэкӀэ зытепсэлъыхьа ӀуэхумкӀэ егъэзэж.

– Уэ нэхъыжьхэм я чэнджэщым я гугъу пщӀат?

– СыщӀэупщӀат, ди адэ.

– Уэ пэж дыдэу ухуей абыхэм?

– И адэм и чэнджэщ зэхихыну хуэмей къуэ щыӀэ сытми?

– Си гугъэмкӀэ, щыӀэхэщ.

– Сэ абыхэм сащыщкъым.

ЛIыжьыр гупсэхуу къуэм и нитIым щIоплъэ. Сыт а меданхэм ар зэгупсысыр? Дуней псом Iыхьлы нэхъ благъэ дыдэу щиIэ мы цIыхум щхьэц налъэ хуэдизкIэ сэбэп зэрыхуэмыхъуара? Хьэмэрэ ар... хамэ?

– ПщIэрэ уи чэнджэщхэр сэркIэ щIэлъапIэр?

– Сыт?

– Пасэ зэманыжьым псэуа нэф гуэрым жиIэгъащ: «Хэкум и Iугъуэр дэркIэ IэфIщ».

– Жыжьэрыплъэт а уи нэфыр. НтIэ, къэдаIуэ, гукъыдэж щыпщIакIэ.

– Уз нэхъ ин дыдэр фIыуэ плъагъу цIыхум къыптридза уIэгъэрщ. Сэ сыхьэткIэрэ сыпхутепсэлъыхьыфынущ узэрыпсэун хуей щIыкIэм. Дауи ирехъуи, сэ илъэс бжыгъэ гуэркъым – лIэщIыгъуэ псо къэзгъэщIащ. Ауэ, сыти жызмыIами, псори уигу пхуиубыдэнкъым. СыткIи ухуей? ИтIани къыбжаIар зэрыпщымыгъупщэжыным егугъу. Ахэр уигу къэгъэкIыж, гъащIэм и гъуэгухэм ущрикIуэкIэ. Къыпщхьэпэныр хэлъщ.

Мыри... Тхьэм гужьгъэжьым, гурыщхъуэм, фыгъуэм уащихъумэ. НэгъуэщIу жысIэнщи: уафэм и щIагъым нэхъ телъыджэу Тхьэм къыщигъэщIар цIыхубзырщ. Ар зыщумыгъэгъупщэ, сэ схуэдэу ущIемыгъуэжын папщIэ.

Аргуэрыжьу тIури щыму хоплъэ, щхьэж и гупсысэм иIыгъыу. Апхуэдизу куэдрэ щыму щысахэти, Альфред къыфIэщIат лIыжьыр щхьэукъуауэ. Ауэ аратэкъым Iуэхур зэрыщытыр. Дэбэч гупсысэрт: «Тэмэму пIэрэ щIалэм зыкъызэрезгъэцIыхуар?» Езым жэуап зритыжащ: «Тэмэмщ» жызыIэ дэтхэнэми «тэмэмкъым» жиIэу къыпэувыни щыIэнщ».

ИкIэм и нитIыр къеIэт:

– Сэ икъукIэ фIыуэ сощIэ гъэмахуэм и ужькIэ бжьыхьэр къызэрихьэр.

– Зэгуэр къимыхьэнкIэ хъунукъэ? – щIоупщIэ къуэр.

Дэбэч ар зыщIэупщIар игъэщIагъуэркъым, къигъэгубжьакъым.

– Апхуэдэу къэхъункIи хъунщ, – къет адэм жэуап. – Ауэ сэри, си адэми, си адэшхуэми, абы и адэжми апхуэдэ ящIэжыркъым.

– Сыт-тIэ апхуэдэу къэхъункIэ хъуну щIыжыпIэр?

– НтIэ, сыт жысIэн хуейр, пэж дыдэу апхуэдэу сегупсысу щытмэ? Тхьэм Iэмыр ищIмэ, апхуэди къэхъунщ.

– Сэ сыт хуэдизкIи уэ пщIэ пхуэсщIыну сыхуейщ, – къыжьэдолъэт Крюге.

– КъызгурыIуакъым.

– Дауэ нэхъ тэмэму ныбжесIэн... ЩIыхь пхуэсщIыну сыхуейщ.

– ПщIэрэ щIыхьрэ зыхуащIыр тхьэхэращ. Сэ нэмыс къысхуиIэмэ нэхъыфIщ. Сэ тхылъ куэд седжащ, си пэшми абы къыпытхэми щIэлъщ цIыхушхуэхэм я акъылыр, Iущагъыр щызэхуэхьэса тхылъ куэдыкIей. Абы къыхэкIыу пасэрей алыдж гупсысакIуэм и псалъэхэр зэрыбжесIэр умыгъэщIагъуэ: «Адэхэмрэ къуэхэмрэ зыр адрейм къыщелъэIуным пэплъэн хуейкъым, атIэ щхьэж зыхуейр япэ зрагъэщу зэхуащIэн хуейщ. Абы щыгъуэми адэр япэ ищыпхъэщ».

– ЯпэкIэ узэрыкIуэн гъуэгу умыгъуэтмэ, къэбгъэзэжын хуей? – йоупщI Дэбэч нэхъыщIэр нэхъыжьым.

– Iэмалыншэкъым. ЯзыныкъуэкIэ уздынэсам деж укъыщынэм нэхъыфIщ, узэрыхуа щытыкIэм уегупсысын щхьэкIэ.

– ИтIанэ укъикIуэтыжыну?

– Хьэуэ, укъикIуэтыжын папщIи зэман ухуейщ.

Мис абдежым Альфред и адэм иритащ куэд щIауэ зыгъэпIейтей упщIэр:

– Уэ амыщейдэсхэм я деж щхьэ умыгъэзэжарэт уи къуажэр пхъумэн щхьэкIэ? Урысыдзэр нызэрыкIуэнур пщIэртэкъэ? УмыщIэнкIэ Iэмал иIакъым.

– Хэт уэ къыбжезыIар сымыгъэзэжауэ? Сэ Амыщей къуажэр зыхъума зауэлIхэм сахэтащ, ауэ зауэм унафэ щысщIыну сыхуеякъым. Зыри пхузэхъуэкIыжынутэкъым. НтIэми, Дахэ апхуэдэу Iуэхур зэтриухуати, емыхъуэпсэн дзэпщ къэгъуэтыгъуейт. Сыт щхьэкIэ зэран сыхуэхъунт?

– НэгъуэщI мыхъуми, Дахэуэс псэууэ къебгъэлын хуеящ...

– Сэ лъыр къыспыжу игуменым гъусэ къысхуищIа монахитIым зауэм сыкъыIуахыжащ. ЗыкъыщысщIэжар къулъшырыфым сыкъахьыжа нэужьщ. ЛIэн-къэнэну мазэм нэскIэ сыхэлъащ. ИужькIэщ къыщысщIар Дахэуэс и кIуэдыкIэ хъуари, жылэр, я уни адэжьхэм я кхъащхьи къагъанэу, щтапIэ зэрихьэжари. ИтIанэ плъакIуэ-дэIуакIуэхэр дэнэкIи зэбгрызгъэкIат Мэлычыпхъурэ си къуажэгъухэмрэ я Iуэху зыIут къэсщIэну, арщхьэкIэ абы я натIэ хъуам теухуауэ зыри къысхуэщIакъым.

Сэ си гугъат Максимовыр сукIын: аращ урысыдзэр амыщейдэсхэм я деж къэзышар, армыхъумэ Обленскэ джыназыр аракъым, атIэ Максимовырщ. Абы гъуэгу щэхухэр, пэтIысыпIэ гъэпщкIуахэр ицIыхурти, амыщейдэсхэм я щIыбагъым урысыдзэр къыдишащ. Къэбэрдейхэр хахуэщ, ауэ апхуэдэ бзаджэнаджагъэм хуэгъэсакъым. Максимовыр ди жылэ дапщэрэ щыхьэщIа, ди унагъуэ сыт хуэдизрэ иса, ерыскъы мащIэ едгъэшха – мес къыдищIар. Сэри сыщыуащ абы щыгъуэ. Быдэу сигу илъат сукIыну, ауэ схузэфIэкIакъым.

– УлъэмыIэсыфауэ ара?

– Сытыт сыщIылъэмыIэсынур? Зауэм ущыхэтым деж абы щхьэкIэ шэрыуагъэ лей ухуейкъым. КIэрахъуэр тегъапщи, кIакхъур щIэчи зэфIэкIащ. Къэсагъэнтэкъым Андрей Андреевич и уахътыр абы щыгъуэ. Сеуэну гъунэгъу зыщыхуэсщI дыдэм си тхьэкIумэм къиIуат Амыщ и макъ: «Щыгъэт. Ди ерыскъы зэIурылъщ, ди ныбжьэгъущ ар», жиIэ хуэдэу. Е къысфIэщIат? СщIэркъым. Армыхъумэ, капитаныр шыбгым къиудыным сыт хэлът! Иджыпстущ ар щысхузэфIэмыкIынур. Абы щыгъуэ уей-уей жезыгъэIэ сышууейт!

– Максимовым и Iуэху дауэ хъужа, ущыгъуазэ?

– Щхьэ сыщымыгъуазэу? Къурш жьанэм сызэрыщыпсэум уемыплъ. Дунейм къыщыхъу-къыщыщIэм сыщыгъуазэщ.

– Дауэ хъуа-тIэ и Iуэху?

– Зэрыхъун хуейм хуэдэу хъуащ. Дзэ къулыкъум хэкIыжыпэным нэсат. Майор ящIат. Ауэ Псынэ Къабзэ жылэ цIыкIум нэсыжакъым.

– Сыту?

– Уэ шыр умыгъэлъэхъу, щIалэ. Абы щхьэкIэ гъуэгур нэхъ кIэщI хъуркъым. ПэтIыс къыхуащIам и хьэшым ихуащ. Амыщейдэсхэм ящыщ гуэрым цIыху хей яукIахэм ялъ ищIэжащ, къуажэм ираха лейр игъэгъуакъым. И псэм тыншыпIэ Тхьэм кърит. Иджы сэ къысхуэнар гуэныхь зиIэм хуэгъэгъунырщ.

– Яхуэзыгъэгъум къахурегъэгъу.

– ЦIыхур лIэжыну къигъэщIащ. Дэтхэнэми чэзу иIэщ.

Ихъуреягъым щызэхэт къуршхэр къедаIуэрт а псалъэмакъым. Бгыр щIэбгыр аращ, зэхих щэху иIуэтэжыркъым - щымщ. Джэрпэджэжыр ящ-

хьэщыкI къудейщ. Къэхъуар укIийуэ пIуатэмэ, джэрпэджэжыр аузым щопсалъэ. Ауэ мыхэр кIиякъым, зэIущэщауэ аращ. Бгыхэри мэIущащэ. Хьэуэ, щымщ. Сыт ищIыс абыхэм я дежкIэ псалъэр, махуэр, илъэсыр? Хьэмэрэ зэманыр, лъэхъэнэр, бгы къыгуэухэр, уэсукхъуэхэр? А псори напIэ Iэтыгъуэщ.

– СощIэ, – пещэ Бэч и псалъэм, – си гъащIэр пщIэншэу кIуащ. Тенджыз Iуфэм Iус шапсыгъхэм жаIэ: «Тенджызым сытемыхьэ щIыкIэ си кхъухьбэлагъыр къутащ...»

– Хьэуэ, – абы жиIамкIэ арэзы хъуркъым Альфред, – уэ гъащIэ гугъу, ауэ гъащIэ дахэ къэбгъэщIащ. Уэ уи щхьэр зэрыбгъэкъуэншэн убгъэдэлъкъым.

– Ар уи фIэщу жыпIэрэ?

– Си фIэщщ.

– НтIэ, сэри пэжыр бжесIэнщ: мис а псалъэхэр зэхэсхын щхьэкIэщ сэ нобэм къэс сыщIэпсэуар.

– Сэ Бытырбыху уздэсшэнщ, – жреIэ къуэм адэм, – иджы Кисловодск икIыу мафIэгу урысей щыхьэрым макIуэ.

– Пащтыхьыр щыпсэуми?

– Урыс пащтыхьыр щыпсэум. Абы сэ унэшхуэ, жыг хадэ щызиIэщ, ущытыншынщ, уи къуэрылъхухэм уахэсынщ. Сыт щыгъуи дызэгъусэнщ.

ГурыщIэ пщтырым абы и тэмакъыр щекъузыкI.

– Сыт щыгъуи?

– Сыт щыгъуи!

– Iущ гуэрым еупщIахэт: «Псалъэ быдэ птам уемыпцIыжын щхьэкIэ сыт щIэн хуей?» – жари, пщIэрэ къарита жэуапыр?

– Хьэуэ.

– «Абы зы Iэмалщ иIэр, – жиIащ лIы Iущым, – зэи зыми зы щхьэкIи псалъэ быдэ иумыт».

– Сэ, пэж дыдэу, сыт щыгъуи суригъусэнщ. Уи къуэрылъхухэм я быныжхэр плъагъунщ. Уадэджэгунщ.

ЛIыжьыр, и нэпсыр имыгъэпщкIуу, магъ, зэрыгъыфыр езым игъэщIэгъуэжу.

– Ар сыт хуэдэ насыпт, – жреIэ и къуэм. – Си хъуапсэм нэхъ и къызэщIэплъэгъуэми апхуэдэ насып сигу къысхуэгъэкIакъым. Ауэ... дауэ сынызэрыкIуэнур а уи къалэм? Абы сызытесын алъп щыIэ? Сэ апхуэдизкIэ кхъахэ сыхъуащи, алащэ жьажьэр шы емылыдж къысщыхъунщ...

– Выгу къыпхуезгъэхунщ, Хьэгъундокъуэхьэблэм нэс уишэну. ИтIанэ шэрхъ щабэ зыщIэт фитонкIэ, адэкIэ мафIэгукIэ. Вагон щабэ щыIэщ. Щхьэгъубжэм дыIусу Урысейр зэдгъэлъагъуу дыкIуэнщ. Къалэ, къуажэ, мэз, псы мащIэ зэпыдупщIыну дэ?!

– Уэ убын хъарзынэщ. Уи гур къабзэщ, щабэщ. Катэ ещхь ухъужащ. ИлъэсищэкIэ зи IэфIыр къезыта щIым къыхэпчу, дэшхуей жыгыжьыр бгъэIэпхъуэ хъуну?

– Ар сэ схузэфIэкIмэ-щэ? СхуэгъэIэпхъуэмэ...

– Хьэуэ, си щIалэ, ар къэмыхъунщ. БгъэIэпхъуэпами, жыгыр гъужынущ. Зы махуэкIи мыпсэууэ. Абы срещхьщ сэри. Си къуэпсыр си хэку щIыгулъым къыхэпчмэ, сылIэнущ. Ауэ уи унэ нэхум (сэ шэч къытесхьэркъым ар зэрынэхум) сынэпшэсыфми... Абы щыгъуэми уукIытэнщ лIыжь кхъахэр си адэщ жыпIэу уи ныбжьэгъухэм ебгъэлъагъуну, нтIэми абыхэм ящIэ уи адэ дыдэр зэрыбарон Крюгер – банкир къулейр зэрыарар.

– Дэтхэнэ цIыхуми езым и къулеягъ иIэжщ, – адэм арэзы дэхъуркъым къуэр. – Уэ хъугъуэфIыгъуэу уиIэр хахуэу, пщIэрэ щIыхьрэ къыпхуащIу къэбгъэщIа гъащIэращ. Уэ ди къуршхэм урапсысэщ. Нобэ къэс уи цIэм цIыхухэр егъэшынэ, егъэгушхуэ, гуфIэгъуэрэ лъагъумыхъуныгъэрэ я гум ирелъхьэ, псом нэхъыщхьэращи, ЩIыхьым, ЛIыгъэм, Хуитыныгъэм, Напэм уи цIэр ирапх.

– Сэ Тхьэшхуэм фIыщIэ хузощI апхуэдэ псалъэхэр уи гум къызэрырилъхьам папщIэ.

– Псалъэ къызэт си гъусэу унэкIуэну.

Дэбэч и щхьэр фIоху. Ар куэдрэ щыму хоплъэ. Апхуэдизу куэдрэ щыму щысщи, щэхуу екIуэсэх псым макъышхуэ ищIу къыпщохъу.

– Щхьэ зыри жумыIэрэ, ди адэ?

– Сэ сыщым? Сынопсалъэ си гугъаи.

– Сыт къызжепIар?

– Сэ мыбдежым сыт щыгъуи сыщыппэплъэнущ. Сыпсэуми сылIами.

– Абы щыгъуэ, уи гъусэу мыбы сыкъэнэну хуит сыщI. Тхьэхуэлажьэу.

– Уэ арыншами цIыхум хузэфIэмыкIын блэжьащ – сэ сыкъэбгъуэтащ, зэрыхэкIрэ Iэджэ щIа си псэр къыхэплъхьэжащ. Иджы, Тхьэм и унафэкIэ, а псэр хьэршым лъэтэнщи, мы щIылъэм гугъу щехьа адрей псэ уахътыншэр – Катэ и псэр – къигъуэтыжынщ. Сэ нэгъуэщI сыт сыхуей? Иджы гъэзэж уи пащтыхьым деж, напэ къабзэкIэ къулыкъу хуэщIэ. Уи къуэхэм ящыщ зым си цIэ фIэщ: Амыщ Дэбэч. Абы си цIэри си лъэпкъри ихъумэнщ.

Гу быдэу ялъытэ, Крюге унэцIэр зезыхьэ лIыр мэгуIэ:

– Уэрыншэу дауэ сыпсэун?

– Упсэунщ, – жеIэ лIыжьым. – Ауэ япэхэм хуэдэу упсэужыфынкъым. Амыщхэ яжь къыпщIихуащ.

– Уижьщ...

– Ар тIури зыщ. Сэ си лъэпкъым щыщ сызыIыхьэ цIыкIунитIэкъэ? Уэри аращ. Аращ уэ къэплъыхъуауэ къэбгъуэтар.

НэгъуэщIу а тIур зытепсэлъыхьахэр зэхэзыхаи зыIуэтэжыни щыIэкъым.

*Дэбэч нэхъыщIэм деж аргуэру къокIуэ Мэлычыпхъу.*

*«ФIым егупсыс, Iей уигу къыумыгъэкI, – жеIэ абы. – Къэхъуам зэи ухущIемыгъуэж. Апхуэдэу хуейт ди тхьэшхуэри, апхуэдэу хъуащ». ЩыIукIыжкIэ Мэлычыпхъу къыжреIэ: «КIуэж. УкъызэмыплъэкIыу».*

Ауэ хузэфIэкIкъым зригъэзэкIыу уэгум ит пшэхэм фызыжьыр зэрыхыхьэжым, тхьэхэм я деж лъэтэж анэмрэ здэкIуэр имыщIэу ежьэжа и къуэмрэ нэкIэ якIэлъыкIуатэ и адэ Дэбэчрэ емыплъын. «КъэхъукъащIэр хьэдэщIэлъхьэ тхьэлъэIуу гуузмэ, абы утемыпсэлъыхьмэ нэхъыфIщ. ЗыщумыгъэгъупщэⅠ, ауэ утемыпсэлъыхь. Къэхъуну иухар къэхъунущ. Насып зэпымыурэ насыпыншагъэ кIэншэрэ зэрыщымыIэм ещхьу. Мэл бжэн къилъхуркъым. Уэ Дэбэч урибынщ... Пасэрейм жиIащ: «Iуэхур щытым къыдэщытщ, кIуэм добакъуэ, лажьэм долажьэ». Псалъэ щхьэпэщ. «Уи адэм узэхимыщIыкI щхьэкIэ, умынэщхъей, уэ уи адэр зэхыумыщIыкIмэ, гуIэ».

«КъызгурыIуащ. Псори къызгурыIуащ!» – мэкIий Мэлычыпхъу и къуэрылъхур. Ауэ ар щытщ Iэнкуну икIи... щыму.

«Узыншэу ущыт, си адэ!» – жиIэу Дэбэч нэхъыщIэр джэну пылъат, арщхьэкIэ псалъэхэр къыхудэшеякъым.

А зэман дыдэм Дэбэч бгъуэнщIагъым щIыхьэжащ. ИгъащIэкIэ къыщIэмыкIыжыну.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд ——— ***Хъыбархэр***

# МахуэфI дыдэт



УэрэджыIакIуэ Зыкинэ Людмилэ и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъуар 2009 гъэм ди къэралым Iэтауэ щагъэлъэпIащ. ЩIыхьышхуэ хуащIар зыхищIащэу и гум хуэмышэчыжауэ пIэрэ жыуигъэIэу, куэдрэ мыпсэужуи ар дунейм ехыжащ. Азербайджаным я пащтыхьышхуэу куэдрэ къекIуэкIа Алиевым хуэдэу ди гурыщIэхэр наIуэ тхуэмыщIами, а цIыхубз дахэшхуэр цIыхухъу куэдми (псоми жыпIэми, щыуагъэ мыхъуну къысфIощI) фIыуэ тлъагъурт. Уэрэд жимыIэми, ауэ утыкум иту плъагъун къудейр гухэхъуэт.

Щи-и-и... дауэ щымытми, сэ зи гугъу сщIынур Зыкинэркъым, атIэ абы сигу къигъэкIыжа гуэрщ. КъыщIигъэкIыжари мыращ: си тхыгъэхэм ящыщ гуэрым Людмилэ и унэцIэр зэрыхэтыр си щхьэм къихьэжри сылъыхъуэурэ къэзгъуэтыжат. Ди Налшык къалэм и исполкомым и тхьэмадэу щытахэм ящыщ гуэрым ди ныбжьэгъу щIалэм къритын хуей пэшищ хъу фэтэрым и пIэкIэ пэшитI фIэкIа кърита идакъым. Мыпхуэдэу щхьэ пщIырэ щыжытIэм, зыпэбдзыжIа мыхъуну къыфIэщI щхьэусыгъуэми дыкъыщIигъэдэIуащ: уэ уадыгэщи дэнэ дыпхьыжын, мор лъэпкъышхуэм щыщщ. Апхуэдэ зэхэгъэж щхьэ пщIырэ щыжытIэм, къыджиIарат: абы и унэцIэр Зыкинщ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэм и благъэнкIи хъунущ. Ар абы деж нэсыжрэ ЦК-м щыщ гуэрым лъигъэIэсыжмэ, итIанэ дыкъэсэхыжакъэ? НэгъуэщI зыри щымыхъум, ди щIалэр бын ещанэм зэрыпэплъэр жетIащ, ауэ ари пхыкIакъым. Зыкиным и щхьэгъусэри, дымыщIэ щхьэкIэ, уэндэгъункIэ хъунщ, жиIэри дызыхигъэззэгъакъым.

АтIэ, Зыкинэр сигу къэзыгъэкIыжу мы гушыIэ цIыкIур стхын щIэхъуам фыкъедаIуэ.

Партым уей-уей жригъэIэу, радиоми пщIэшхуэ хуащIу щыщыта лъэхъэнэти, ар си мыкъалэн дыдэми, абы щылажьэхэм мазэ къэс жыхуаIэм хуэдэу радиоедаIуэхэм даIущIэу депсэлъэн хуейт. Я гукъеуэ, ягу ирихьиримыхь жедгъэIэрт. МыIуэху тыншми, щхьэпэт ар. IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым жыхуаIэм хуэдэт. ДыздэкIуэнум япэ щIыкIэ хъыбар едгъащIэрти, цIыхухэр зэхуагъэсырт, шыгъупIастэ Iэнэ къытхуамыгъэувуи дыкъаутIыпщыжыртэкъым. Дэ радиом и уэрэджыIакIуэ гуэрхэр, Мухьэжыр ди пшынауэу яхуэтшэрти, концерт едгъэдаIуэхэрт, хуабжьу я гуапэ хъурт. ДыздэкIуэ колхоз, совхоз, предприятэхэр псоми

къахэщхэрат. Гъэмахуэ хъупIэхэм щыIэ Iэщыхъуэхэм дащыхуеблагъи къэхъурт.

Арати, чэзур хъупIэм лъосри, Хьэмащэ докIуэ, зыдмыгъэIейуэ. Радиом едаIуэхэм фIыуэ къацIыху редактору зыщыплI дыхъурт, псоми нэмрэ псэмрэ хуахь ПщыхьэщIэ Мухьэжыр, уэрэджыIакIуэхэу Отаров Умар, Сосмакъ Валентинэ, ПащIэ Ленэ, Шэрджэс Iэсият сымэ тщIыгъужу.

Хьэмащэ дынос. Къытпэплъэ цIыху къомым клубышхуэм драгъэблагъэ. Сценэм дотIысхьэ радиом и лэжьыгъэм тепсэлъыхьыну гупыр. Клубым щIэсри цIыху мащIэкъым, ауэ къыщIэмыхьауэ, щIагъуэуи дыкърамыдзэу бжэм адэкIэ пщIантIэм дэтри Iэджэщ. ХъупIэм я парткомыр дэ къытхэтIысхьати, тхэкIыжауэ къежыхь цIыхухэр къыщIигъэхьэну, арщхьэкIэ абыи лъэкI щыIэкъым.

Ди артистхэм нэхъ къеплъын хьисэп диIэу, ахэри сценэм къидгъэтIысхьа щхьэкIэ, абыи зыри къикIыркъым – дызоплъыжри дисщ. Валентини Лени къэтэджауэ жьэкIи пкъыкIи мохэр къврагъэблагъэ. Отаровым урысыбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, адыгэбзэ ныкъуэкIи лъэкI къигъанэркъым, ауэ, дызэрыхуейм хуэдэу, цIыхур къызэрыщIэгуэу Iэгуауэшхуэ тхуаIэтыртэкъым. ИтIанэ Ленэ, тхьэ арыншэу мыхъуну мыр жиIэщ, Iупхъуэ щIыбымкIэ ежэкIри, мыгувэу къигъэзэжащ. Еуэ, Мухьэжыр, мыбы, жеIэри, пшынэр IэщIелъхьэ, езы Ленэ сценэм къохри бжэм щIэгъэкъуауэ щыт щIалэ кIыхьышхуэм бгъэдохьэ. КъакIуи сыкъэгъафэ, щIалэ, жиIэу и Iэр хуещI. Сыт ищIэнт щIалэм? ЦIыхубзым езым кърегъэблагъэ. Ленэ, и Iэпкълъэпкъ  дахэшхуэр къызыпхыпс бостей пIащIэр жьым щIихурыхукIыу, утыкур зэпеху, щIалэри, зы къэфэрей гуэру къыщIэкIащи, пхъэбгъу лъэгур кIуэцIрауд фIэкI пщIэркъым. Абдеж цIыхур клубым щIэз къохъу. Ленэ, нэгъуэщIхэми къагъэфэнути, мащIэрэ IэфIу, куэдщ ар жиIэри, сценэм къыдэкIуеижащ, Iуэхум и пIалъэ зыщIэ Мухьэжыри, пшынэр игъэувыIэри, лэжьыгъэм щIэддзащ.

Iэджи яжетIащ Iэщыхъуэхэм. Алыхьым нэмыщI, дунейр зэтезыIыгъэр ди радиор арауэ жытIэным дынэблэгъауэ идокъутэкI. Езыхэм ящыщи хъарзынэу къэпсэлъащ, ауэ, хэт сыт жыдмыIами, псори Ленэ и бостей зэпхыпсым теIущэщыхьырт, - ар нэхъ ягу ирихьат.

Псалъэмакъыр зэфIэкIри, концертым щIэддзащ. Ар тхьэм узэрелъэIунт. Умар и макъ гъум лъэщым хъупIэр къигъэпсалъэу клубышхуэр зэрыщыту къыдежьууащ, Валентинэ фIыуэ къызэралъагъур къыжраIэри, мы гъэмахуэ хуабэвэхым бостей пIащIэ зэрыщимытIэгъам щхьэкIэ гукъанэ къыхуащIащ. Ленэ а щIалэ кIыхьышхуэми, нэгъуэщI нэхъ кIыхьыжхэми Iэджэрэ къврагулIащ уэрэджыIэнкIи, къэфэнкIи, ауэ бжьыпэр яритакъым, абы и Iэзагъми, и гушыIэми, и нэмысми гупыр зыгъэгуп къару хэлът. Къагъафэурэ къару имыIэжу ешат Ленэ, итIани ямыгъэтIысу къыпаубыдырт, адэкIэ укIуэу, мыдэкIэ укъэкIуэжу утыкум ит закъуэ жари. Арат Людмили цIыхухъухэр къызэрелъэIур. АтIэ, ди Лени сыткIэ мы-Зыкинэрэт? Мухьэжырт ар зи фIэщыпэу жызыIэр. Абы щыгъуэ апхуэдизу цIэрыIуэу щымытами, Шэрджэс Iэсият цIыкIуи уафэм къилыдыкI вагъуэ нэхъ нурыбэ дыдэхэм ящыщу щаIуэжырт.

Ди гъусэ артистхэм я уэрэдхэр зытет пленкэхэр яIэт Iэщыхъуэхэми, я жэмхэр абыхэм щрагъэдаIуэкIэ шэ нэхъыбэ къащIэкIыу къыжраIэрт, я фIэщи хъу хуэдэт...

Шу гъусэхэр къытщIагъури, ди машинэм къыдэжэу Iэщыхъуэхэм дыкърагъэжьэжащ. Пщыхьэщхьэ жэмшыгъуэр къапэплъэрт, армыхъу дыкъаутIыпщынутэкъым...

Гундэлэн дыкъыдэжыжу ЗеикъуэщIым дыкъыщихьэжым нэгъуэщI зэIущIэ гуапи къытпэплъэу къыщIэкIащ. Къущхьэхъум дыщыкIуэм, си къуажэ Зеикъуэ дыкъыщыувыIэри, а колхозым и тхьэмадэ цIэрыIуэ Къардэн Барэсбий дыщIэупщIат, я колхоз Iэщыхъуэхэм я дежи дыкIуэрти, езыри гъусэ тхуэхъуну пIэрэ жытIэри, ауэ губгъуэхэр къызэхиплъыхьыну жьыуэ дэкIащ, жари дгъуэтатэкъым. Дымыгъуэтами, езым и хьэщIэу дыкъилъытэри, дыкъыщыкIуэжым къытпежьат. Ауэ сытмитэкъым къызэрытпежьари. И лэгъупыIэмпIэр зэфIэдзат, щынэлыр гъэват, дзасэкIэ гъэжьат, и пIастэр гъуэжьт...

Ди къуажэ щIалэ, си ныбжьэгъу Мухьэмэд фыкъришэжьауэ дауэ фыблэзгъэкIыжынт, жиIэурэ сэ псалъэр къыстригъащIэ щхьэкIэ (ари си гуапэт), Барэсбий сыт щыгъуи фIыуэ илъагъу цIыхубз цIэрыIуэхэр ара хуэдэт и гулъытэ нэхъыщхьэр зыхуэгъэзар. ГушыIэр гушыIэщ, ауэ Барэсбий а махуэм дигъэлъэгъуа нэмысыр и щхьэм хуищIыжа пщIэ лъагэт, къуажэ сэламт.

Ефэн-ешхэнкIэ ирикъуа гупым абдеж щытщIэжынышхуэ зэрыщымыIэр щилъагъум, зы бжьэ дыздригъафэщ, дэр щхьэкIэ ягъэхьэзыра ерыскъыр гъуэгу гъуэмылэ къытхуищIри дыкъригъэжьэжыгъащ...

Апхуэдэ махуэ хъарзынэхэри мымащIэу къыхэхуэу щытащ дыубыж зэман блэкIам. Нобэрей зэман мыфэмыцми сыхуэшхыдэркъым. Ари Алыхьым къыдипха гъащIэ Iыхьэщ.

Адрейхэр машинэм идгъэкIыжауэ Мухьэжыр я бжэIупэм щыIусшэжым, гу лъыстащ зыгуэр къызжимыIэфу абы и Iупэр зэрыпIэжьажьэм. Абы жиIэнуми сыпэмыплъэу сэ жызоIэ:

– МахуэфI къыдэхъулIащ, Мухьэжыр, нобэ.

– Тхьэ, махуэфI дыдэтэм. СыпщоукIытэри бжесIэфыркъым, Мухьэмэд, ауэ ар зи фIыщIэр сэращ.

– Си фIэщ мэхъу, Мухьэжыр, ауэ дауэ?

– Нышэдибэ нэмэз сщIащ, Алыхьым селъэIури дежьащ.

– Упсэу, Мухьэжыр, мис апхуэдэу дежьэху къэс Алыхьым елъэIу.

– Хъунщ, тхьэ, ауэ сыхыумыхьэж...

# ИкIи къатежащ

Адыгэ газетым сыщыщыIэм Хужь жари машинисткэу цIыхубз хъарзынэ къыддэлэжьащ. Ар зи мыIуэху зезымыхуэ, зи Iуэху Iыхьэ зылэжь, цIыху хэтыкIэ зыщIэ, зэфIэкI зиIэ цIыхубз зэпIэзэрытт. И унагъуэм тегужьеикIа жыхуаIэм хуэдэу, ари лэжьыгъэри зэдрихьэкIырт. Апхуэдэу здекIуэкIым, дуней борэным къихь гузэвэгъуэхэм щыщ зыпэмыплъауэ къыжьэхэуащ.

Нэщхъей зэрыхъуам гу лъыттэу, къыщыщIар къытхуэмыщIэу екIуэкIыурэ, нэхъ тегъэчыныхьауэ дыщеупщIым зыгъэгузавэ Iуэхур теукIытыхьурэ къытхуиIуэтащ.

КъызэрыщIэкIымкIэ, къэралым и щIыпIэ куэдым къикIа щIалэгъуалэхэм я спорт зэхьэзэхуэ ин Налшык щекIуэкIырт: къэжэнут, къэлъэнут, дэлъеинут, къелъыхынут, нэгъуэщI IэджэкIи зэпеуэнут.

Арати, адыгэ щIалэ гупым Украинэм къикIа хъыджэбз нэкIуху тхьэIухуд шыр цIыкIу къахэзэрыхьащ.

– Украинэм фи гуэдзыр бэвщ мы гъэм, фIыуэ уагъэшхаи хуэдэщ,

дауи, уэ пщэдей уакъытежыну къыщIэкIынщ, – дэгушыIащ абы адыгэ щIалэхэм я нэхъ пашэ зы.

– Къэсхьынущ япэ увыпIэр, ущыуакъым. Сыту фIыт адыгэ щIалэ екIухэр фызэрымыбзагуэр. Махуищ хъуащ мыбы дыкъызэрыкIуэри, къыддэгушыIэн щыгъэтауэ, зы псалъэ къыджезыIэн дрихьэлIакъым.

– ЕмыкIу къыфлъысащ, дгъэзэкIуэж хъуну?

– ХьэщIагъэ епхыу зи жагъуэ щыIэ?!

Андзоррэ Наташэрэ зэрыцIыхуащ. ГушыIащ, я бзэ зэтехуащ. Наташэ гушыIэ зыхэлъ хъыджэбз гушхуа ехьэжьат. Андзор и гъусэ щIалэ цIыкIуищри хъыджэбзым иригъэцIыхуащ. Стадионым къикIыжу паркым къыщакIухьыну мурад ящIати, Наташэ дэщIыгъу и ныбжьэгъур, хьэщIэщым сымыкIуэжу хъунукъым жиIэри, яIэщIэкIыжащ. КъакIухьащ, бжьамияпщэхэм къагъаджэ къэфапIэм ирихьэлIэри, щIалиплIым зэIэпахыу Наташэ къагъэфащ. ИтIанэ я хъыджэбз хьэщIэм Iэнэ къыхуащтэнути, шхапIэм щIыхьэпIэ ягъуэтакъым, цIыхур Iувти. ЩIалэхэм ящыщ зым къахилъхьащ ди деж дывгъакIуэ, унэм зыри щIэскъым, тшхыни къэдгъуэтынщ жиIэри. Наташэ жраIэри, ари арэзы техъуащ.

Хъарзынэу зэхэсащ, ешхащ, ефащ. Ауэ Iуэхур зэрыхъуар адыгэ псалъэжьым зэрыжиIам хуэдэущ: «УщIалэху уделэщи, уделэху уотхъэж».

Жэщыр хэгувэу хьэщIэщыр зэхуащIыжын щыхъум, Наташэ ягъуэтыжакъым. Абы и гъэсакIуэ цIыхубз тIорысэм къайгъэ къиIэтри, я нэхъыщхьэми хъыбар ирагъэщIащ. Псалъэмакъыр куу хъуауэ, гупыр зэрышхыу зэхэту, Наташэр жэщыбг фIэкIауэ къахыхьэжащ. «Дэнэ ущыIа? Сыт къэхъуар?» – жаIэу къыщрахуэкIым, «Зыри къэхъуакъым, псори тэмэмщ...» къажриIащ. Ауэ я гъэсакIуэм гупыр зэбгригъэкIыжщ, Наташэр езым и пэшым ишэри гуащIэу, хэгъэзыхьауэ къепсэлъащ, игъэгъащ, тригъэужащ, щIалиплIым сыкъаутIыпщакъым, сапэлъэщакъым, жери къыжьэдишащ. «КъуащIар?» – жери щрихухьым, «Зыхуейр къызащIащ» – жригъэIащ. ЖиIар езым и IэкIэ иригъэтхщ, Iэ трыригъэдзэжри къыIихащ...

ЩIалэхэм епсэлъаи щымыIэу, Iуэхури зэхамыгъэкIауэ щIалэ гупыр мылицэм яубыдри щIадзащ. Хужь быдэу жиIэрт, щIалэхэм сыт ящIами, и къуэр яхэмытауэ. Редакцэм щIэсхэри дыщыгъуазэт а щIалэм и еджэнкIи, и нэмыскIи дагъуэ зэримыIэм. Сэ редакцэм и профсоюзым сриунафэщIти, нэхъапэIуэкIэ профсоюз собранэм къыщытIэтри редакцэм щылажьэхэм я бынхэм я еджэкIэр къэтпщытати, Хужь и къуэр щапхъэфI зыгъэлъагъуэхэм ящыщт.

Къэхъуа мыщхьэмыпэр тэмэму зэхамыгъэкIыу, зэрыгъэгужьеижри, куу ящIат. Лей зылъысауэ ягъэува Наташэр тхьэусыхи къайгъэи хэттэкъым, я гъэсакIуэм иригъэтхами хущIегъуэжат...

Iуэху ягъэбэтар кIыхьлIыхь хъууэ судым щынэсым, анэ тхьэмыщкIэр къэгузавэри Москва кIуащ. Профсоюзым къыщыщIидзэри, прокуратури, суди, парт Iуэху щIапIи зэщIигъэхьащ Хужь, хэт и дамэр дришеящ, хэт и щхьэр игъэкIэрэхъуащ, ауэ зыри сэбэп хъуакъым. Зыхуэзахэм ящыщ цIыху губзыгъэ гуэрым чэнджэщ кърити, Хужь тридзэри СССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщI езы Косыгин дыдэм деж кIуащ. СощIэ мыр зи фIэщ мыхъун, къэзгупсысауэ зылъытэни зэрыщыIэнур. Фи фIэщ мыхъункIэ сызытешыныхьыр Кавказым икIа адыгэ фыз къызэрыгуэкIыр а къэрал къулыкъущIэшхуэм деж зэрыщIыхьэфарщ, и Iуэху гузэвэгъуэр къыгуригъэIуэфу ар дэIэпыкъуэгъу къызэрищIарщ. Ауэ сэ

мыр щIэстхыжыр нэгъуэщI стхын сымыгъуэту аракъым, атIэ ар пэж дыдэу къызэрыхъуарщ.

Сэ мы Iуэхур зэрекIуэкIа псом сурэт техам хуэдэу сыщыгъуазэкъым, ауэ кIэщIу жыпIэмэ, Хужь лъэIуащ Кавказым икIа бгырыс цIыхубз лажьэншэр зыхэхуа гузэвэгъуэмкIэ къыдэIэпыкъуну, нэгъуэщI мыхъуми, и псалъэм къыхуедэIуэну. ЦIыхубзым и псалъэм Косыгиныр гупсэхуу къедаIуэри щIэдыхьэшхыкIащ: жэщым адыгэ щIалиплIым я гупэ хэлъа украин хъыджэбз ныбжьыщIэр пщэдджыжьым къызэдэжахэм я зэхьэзэхуэм хэтри, япэ увыпIэри щиубыдащ. А хъыбарыр мо лIыщхьэшхуэм деж зэрынэсауэ щытар уэ къащIэ...

Хужь гъуэгупщIи къратри, арэзыуэ къаутIыпщыжащ. Зэрыгъэгужьейуэ зэрагъэтIысам хуэдэу, Москва къыщыхэпсэлъыхьым, щIалэхэр къаутIыпщыжащ, Хужь и къуэр япэ иту.

Москва кIуэным и пэкIэ, Хужь и гузэвэгъуэр къыщытхуиIуатэм дэ абы дызэрыдэIэпыкъуфар «Тхьэм уигъэIуэтэж» жетIауэ арати, ди лъэIур къабыл хъуауэ къыщIэкIри, Хужь и гузэвэгъуэр иIуэтэжащ.

# Хьэ къарэ кIапэ жьэдэлъ нэхъей

Институт нэужьым сызыщIэбэкъуа «Къэбэрдей пэж» газетым и редакцэм япэу зи чэнджэщ щызэхэсхар КIуэкIуэ Къэрэжанщ. ГъэфIэныщIэу «КъанкIэ» зэджэ а цIыхубз гушыIэрейм «Уэ щIалэ цIынэ цIыкIур мы дыгъужьыжьхэм уаIэщIэшхыхьынщ, хуэсакъыу ярхэт...» зэрыжиIам къикIри куэдыщэ дэмыкIыу къызгурыIуащ, сэбэпи къысхуэхъуащ.

Газет къыдэгъэкIыныр сытым щыгъуи лэжьыгъэ гугъущ, ауэ зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэм ар зыхуэдэ щыIэтэкъым, итIани абы зыри тепсэлъыхьыртэкъым, тхьэусыхэ щыIэтэкъым, щыIэр сыт жыпIэмэ, – гушыIэт. ГушыIэр къыщIигъэщIар ахэращ жыпIэнт. ГушыIэзэхэшэ пашэри Къэрэжант. ЗэрыцIыхубзыр щыгъупщэжам хуэдэу, щыжьэрэIури щыIэт. Ауэ жиIэ псори екIурт, зыжриIэхэри есэжат. ГушыIэм езым лэжьыгъэм сэбэп хуэхъу къару гуэри хэлъщ. А гушыIэхэр езыр-езыру къэхъурт, армыхъу зыми къигупсысыртэкъым.

Ноби арат зэрыхъуар. Газетым и редактор нэхъыщхьэ Iэуес и къулыкъумрэ нэхъыбэм зэхэлъ и нэщхъымрэ кIэрызагъэ мыхабзэ гушыIэауаныр нышэдибэ лэжьапIэм къызэрыщIыхьэу япэу Iуплъа цIыхубзхэм къалъэгъуащ. Мо мыщIалэж лIы фIыцIэшхуэм жьы къемыпщэм зэрихьэ шылэ кIэстум хужьыбзэ щыгъыу къэкIуащ. «АIей, хьэ къарэ кIапэ жьэдэлъ нэхъей, мыбы щыгъыр сыт?» – жиIащ Къэрэжан. Модрейхэр абы иридыхьэшххэри зэбгрыкIыжащ.

Аурэ, пщэдей къыдэкIыну газетым и пэрыт тхыгъэр а Iэуес дыдэм пIэщIэгъуэкIэ къыщIригъэдзри машинкэкIэ тридзэну а Къэрэжан дыдэм иритащ. Иратар зратам тридзэурэ зыщIыпIэ деж къыхуимых хъури, зытхам хуихьыжащ: мыбдей итыр къысхуихыркъыми, къысхуеджэ, жери. Iэуес езым итхам къеджэжыфыртэкъыми, къызэригъэдзэкIащ, зэригъэдзэкIыжащ... Редактор нэхъыщхьэти, нэхъыкIэти жыхуэпIэхэм щхьэкIэ Къэрэжан къуитыщэн щыIэтэкъым. Абы дежкIэ нэхъыщхьэр зи тхыгъэ тридзэ къомым щыщу нэхъ хъэтI къихыгъуафIэ зиIэрт. Арати, машинисткэ

Къэрэжан редактор нэхъыщхьэ Iэуес нехьэкIи-къехьэкIи имыIэу иреубыдылIэри йоупщI: «Догуэ-тIэ, уэ птхар къыпхуихыжыркъым, сэ дауэ ар зэрытездзэнур? Сыт мыбдеж дэстхэнур?» НэгъуэщI Iэмал имыгъуэтыжу, редактор нэхъыщхьэм машинисткэр къыIуихужащ, «СкIэрыкI, узыхуейр тедзэ» жиIэри. Ауэ пщэдей къыдэкI газетым и Iуэхур абыкIэ зэфIэкIрэт? Къэрэжан, мыгъуэр зи мыгъуар сэращ жиIэурэ, кабинет зытIущым щIэлъэдащ, Iэуес и Iэрытхыр пIийуэ иIыгъыу, арщхьэкIэ зыри къеджэфакъым. Щымыхъум, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Хьэжум деж щIыхьащ: «Ди Ахьмэдышхуэ дотэнэху, мы пэрыт тхыгъэр пщэдей къыдэкIыну газетым тетын хуейуэ Iэуес итхащи къысхуихыркъым, къысхуеджэ». КъызэрыщIэкIымкIэ, Хьэжум и щхьэри мафIэм хэлът. Ар пщэдей къыдэкIыну газетым еджэрти, япэу хьэзыр ящIу къыхуахьа напэкIуэцIым тет тхыгъэ «Мэлхэр искусственнэу гъэхуэжыныр ехъулIэныгъэ хэлъу ирагъэкIуэкI» жыхуиIэм хэзэрыхьауэ, ар зи Iэдакъэ къыщIэкIа Увыж Хъусени къриджауэ зэдауэу щыст.

Къэбэрдейм мэл нэхъыбэ зиIэу щыIэ Зеикъуэ колхозым Увыжым къриха и тхыгъэм «гъэхуэжын» псалъэр куэдыIуэрэ зэрыхэтыр Хьэжум идэртэкъым. Абы и пIэкIэ «гъэпсэфын» жиIэу тхын хуейуэ къигъэувырт. Къэрэжан щIэкIуари ящыгъупщэжауэ, Увыжымрэ Хьэжумрэ я зэдауэр кIыхь хъуащ. Увыжым жиIэрт а лэжьыгъэр колхозым щезыгъэкIуэкI езы БжьыхьэлI ТIалиб дыдэ къызэрыжриIари апхуэдэу икIи «гъэхуэжын» псалъэр Iэджэрэ езы дыдэм итхауэ газетым зэрытрадзар, абы узыщыукIытэн гуэри хэмылъу адыгэ псалъэ тэмэму. Хьэжум ар газетым тебдзэну къемызэгъыу къилъытэрт. Зэдауэм Къэрэжани хашэри, Хьэжур къеупщIащ: «Дэра, Къэрэжан нэхъ тэмэмыр, гъэхуэжынра хьэмэрэ гъэпсэфынра?» Къэрэжани, апхуэдэу къеупщIыным пэплъэу щытым хуэдэу, укIытэнэпцIышхуэ зищIри, къыщIидзащ: «Тхьэ Увыжри Хьэжури дуней и пIалъэ зыщIэ фылIы балигъщи, фэ нэхъ фщIэн хуейм ар. Ауэ сэ фыкъыщызэупщIакIэ, къызэрысфIэщIыращи, нэхъ тэмэмыр гъэхуэжынращ. Ауэ фегупсысыт. Бгъэпсэфын папщIэ бгъэхуэжын хуейкъэ? Умыгъэхуэжу дауэ зэрыбгъэпсэфынур, гуIэгъуэ? Апхуэдэ хабзэ щыIэ?!» «Уэ жьэрэIурэри дэнэ укъикIа нобэ...» – жиIэу и нэщхъыр зэхэукIауэ, Хьэжур къыщеплъым, фи щхьэ зэрыхьщ жиIэри, Къэрэжан къыщIэкIыжащ. Iэуес и кабинетыр абдеж дыдэр арти, бжэр дамэдазэ ищIри иIыгъ Iэрытхыр дигъэжауэ щигъэуфафэм, тхыгъэр зейр къэгуоуащ: а пIыгъыр куэдрэ къысхуумыгъэуфафэу узыхуейр тедзэ бжесIакъэ.

Арати, Къэрэжан зыхуейр тридзэри пэрыт тхыгъэр секретариатым яритащ. Абы щIэс къуэдзэ цIыкIу гуэрым редактор нэхъыщхьэм щитхакIэ, машинисткэ нэхъ Iэзэхэм хабжэ Къэрэжан щытридзакIэ, щыуагъэ хэмыту къилъытэри, емыджэжу иутIыпщащ. КъекIэрэхъуэкIщ-некIэрэхъуэкIри, пэрыт тхыгъэм и увыпIэр иубыдыжащ. Ауэ мыхъуа псори зэхуэзыгъэхъужу газетым щIэс, жэуап зыхь секретарь Сэхъу Къэрэщей, пэрыт тхыгъэр щIэгувам йогупсыс, ар кърегъэхьыжри къоджэж. Пэи кIэи имыIэу абы и курыкупсэм хэтт «хьэ къарэ кIапэ жьэдэлъ нэхъей» – жиIэу. ЗэIэпахащ – къагурыIуакъым. Лейр диудщ, чэмыр къигупсысри, Къэрэщей тэмэму зэригъэпэщыжауэ, пэрыт тхыгъэр етIуанэ махуэм дунейм къытехьащ. Ауэ хьэ къарэмрэ абы жьэдэлъа кIапэмрэ зытеухуар езыр зэрыарар редактор нэхъыщхьэм къимыщIэу блэкIащ.

# Куржы нысащIэ

Къэбэрдей хэку дахэм и лъынтхуэ нэхъыщхьэ Бахъсэн аузыр зи тIысыпIэу щыта ХьэтIохъущокъуэ пщышхуэ лъэпкъыр адыгэм я набдзэт. Хэку Iуэхуи лъэпкъ тхыди адыгэщIым щызекIуакъым ХьэтIохъущокъуэхэ яжь зыщIимыхуа. ЯIуатэ пэтми яхуэмыух я лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ иращIэкIа хъыбархэр нобэми щIэуэ къыкъуокI. Иджыри къэс утыку къимыхьа мы хъыбар гъэщIэгъуэнри абы ящыщщ.

ЩыIащ адыгэлIхэр, я бгыр псыгъуэрэ я плIэр бгъуэуэ. Я фащэр дахэрэ хамэр къехъуапсэу, бзыпхъи трахрэ я щхьэм фIамыхыу. Я Iэпщэр быдэрэ джатэр якъузу. ЛIыгъэ зэрахьэрэ зыщымытхъужу, тхъуэжьейм шэсамэ, псиблым пхысыкIыу, гъуэгу зэпачамэ, лIыгъэр лъэужьрэ хъыбар техъуэжу.

Мис апхуэдэ адыгэ щIалипщI ХьэтIохъущокъуэр я шу пашэу гъуэгу техьащ, дуней тлъагъунщ, хабзэ зэдгъэщIэнщ, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм дахэплъэнщ, пщащэ щэныфIэхэм дахэдэнщ, дигу щызуи зыдгъэпсэхунщ, жари. КIуэм-лъэм, кIуэм-лъэуэрэ, Бахъсэн аузыр къызэранэкIри, щыгум ихьауэ зыщаплъыхьым, Куржы хэкур къалъэгъуащ. Лъэпкъ цIэрыIуэщ, пасэ лъандэрэ ди благъэжьщ, я сонэхэри ди щIы кIапэщ, ди ныбжьэгъухэри щыкуэдщ, хьэщIэ жыпIэмэ, я нэ-я псэщ, я псэукIэм дыкъеплъынщ, лIыгъэу яIэри зэдгъэщIэнщ, жаIэри яшхэм елъэдэкъэуащ. Къуршым щхьэдэххэри хэку щIэращIэу Куржым я псэупIэм щепсыхащ. Я ныбжьэгъу-жэрэгъухэм я деж щыхьэщIащ, я хабзэ, лэжьэкIэ, псэукIэхэм кIэлъыплъащ, ямыщIэхэм щыгъуазэ защIащ, езыхэм я хабзэрэ лIыгъэри щагъэлъэгъуащ.

Гъуэгуанэм щалъэгъуакIи къэзылъэгъуакIи арэзыуэ, хабзэрэ пэжыгъэкIи зэрыгъэбыдауэ къуршым къыхуеIэу къыздэкIуэжым, Куржы фызышэ кърихьэлIащ. КъызэрыкIуэж гъуэгум и бгъуитIыр яуфэбгъуауэ, я Iэнэри, я джэгури укъуэдияуэ, фитонри, тешанкIэхэри, я гъуэгу гъуэмылэр зэрылъ гухэри зэхэту, я шу гъусэхэри тIощIым щIигъуу щалъагъум, зэчэнджэщхэри, яхэмыхьэн мурад яIэу, гъуэгум дадзыхащ. АрщхьэкIэ, куржыхэм къалъагъури къапежьащ, яхуеблэгъэнуи къелъэIуащ. Ягъазэри епсыхащ. ГуфIэгъуэ зиIэхэм ехъуэхъущ, я шыгъупIастэ зыIуагъахуэри, къежьэжыным щынэсым, дуней псом щыцIэрыIуэ адыгэшым къехъуэпса куржыхэр яшхэр зэрахъуэжыну къелъэIуащ. АрщхьэкIэ гъуэгурыкIуэхэм а лъэIур къащтакъым. Куржыхэр яшхэм шэсыжу адыгэ щIалэхэр къаухъуреихьыну щыхуежьэм, Iуэхур зыхуэкIуэр къызыгурыIуа гупыр напIэзыпIэм шыбгым къихутэжащ. Шагъыр фIыуэ ефахэмрэ зи гъащIэр зэхэзекIуэным хуэгъэпсахэмрэ зэдэхъуакъым. Зэрыхьэрийм гулъытэншэ щыхъуа нысащIэр ди щIалэхэм къапхъуатэри, макIуэ-мэлъей...

ЩIалэхэр къэсыжри, къайхъулIамрэ яIэщIэщIамрэ я нэхъыжьхэм хуаIуэтэжащ. Мыпхуэдэ Iуэху ауэ сытми къэбгъанэ хъунутэкъыми, ХьэтIохъущокъуэхэрэ ХьэтIохъущыкъуейм дэс нэхъыжьхэмрэ унафэ ящIащ: лей зылъыса бзылъхугъэм илъэскIэ къылъыгъуазэIамэ, хабзэм тету пщIэ иIэу зейм иратыжыну е, апхуэдэ къыкъуэмыкIмэ, пщащэм и щхьэм и унафэ езым ищIыжыну. А зэманым къриубыдэу цIыхубзым и щхьи, и нэмыси къабзэу яхъумащ, ягъэзэшакъым, адыгэбзэрэ адыгэ нэмысрэ ирагъэщIащ, дэн-бзэным, хэдыкIыным, дыщэ уагъэ щIыным, пщэфIэным, унагъуэ IыгъыкIэм, уей-уей жезыгъэIэ адыгэ цIыхубзым хэлъын, ищIэн хуей фIагъхэм хурагъэджащ, хуаущиящ.

Куржы пщащэр езыри дахэт, щIыкIафIэт, акъылыфIэт, къытепсыхам хьэдагъэ иримыщIэкIыу, къыщыщIамрэ къызыхэхуамрэ зэпилъытри, къэхъуным пэплъэу тIысыжащ.

Илъэс пIалъэр блэкIри, Iуэхур зылэжьа щIалэхэр къызэхуэсащ. Илъэсыр зэригъэкIуамкIэ, лей къытехьамэ, гукъеуэ къылъысамэ, нэгъуэщIхэмкIи щеупщIым, адыгэбзэ къабзэкIэ къажриIащ лей гуэри къызэрытемыхьар, нэхъыфI дыдэу дунейм щилъагъу и куржы лъэпкъым примыдзыхыу адыгэхэр фIыуэ зэрилъэгъуар. ИтIанэ щIалэхэм жаIащ: къэхъуар дызыхуэмей Iуэхут, IэмалыншагъэмкъыхэкIат, иджы уи щхьэ и унафэ пщIыжыну и чэзу хъуащи, уигу ирихь къытхэтмэ, къыхэхи, къэнар дэлъху дыпхуэхъунщ, ди къалэнри дгъэзэщIэнщ.

Акъыл зиIэ цIыхубзым щIалэхэм фIыщIэ къахуищIри, я дэлъхугъэр къызэрищтэр яжриIащ. Къызэрипэсмэ, ХьэтIохъущокъуэхэ я къуэр и псэм зэрикъабылри ибзыщIакъым. Арати, хьэгъуэлIыгъуэ къытекъутам ефIэкIыу гуфIэгъуэшхуэ къыдахри, щIалэхэм шыпхъу яхуэхъуа куржы пщащэр я ныбжьэгъу ХьэтIохъущокъуэм ирагъэшащ, хуэфащэ уаси къыIахащ. Арати, зэман дэкIри, фIыкIэ зи цIэ къраIуэ унагъуэщIэ къэхъуащ, нэфыгъуэ зытрамыгъаплъэм хуэдэ щIалэ дыгъитIрэ пхъу тхьэIухудрэ яIэу.

Ауэрэ, ХьэтIохъущокъуэм гу лъитэ хъуащ и щхьэгъусэр зэрынэщхъеирилэм, и нэпсри щыщIилъэщIыкI къызэрыхъум. Игу къеуэмкIэ щеупщIым, къыпфIэщIауэ аращ, жери зытригъэхьакъым. Мызэ-мытIэу лIым гу лъитэ щыхъум, и лажьэмкIэ хигъэзыхьащ. ИтIанэ щхьэгъусэ губзыгъэм гукъеуэ щэхукIэ лIыфI игъэпIейтеину хуейтэкъыми, и гукъеуэм хущхъуэгъуэ зэримыIэр, и адэ-анэр, къыдалъхуахэр, Iыхьлыхэр игу къызэрыкIар хуиIуэтащ. Зэрыхэгъаплъэри, фызым и щхьэр япэ къиIэтыжащ: «Уемыгупсыс бжесIам. ЦIыхум гу щиIэкIэ, гукъеуи иIэнщ. Сщыгъупщэжынщ. Сэ ди Тхьэм къысхуиухамкIэ сыарэзыщ. СощIэ: ди куржы гъуэгур зэхуэщIащ.

Арати, кIэ зымыгъуэта псалъэмакъыр абдеж щаухащ, ауэ ХьэтIохъущокъуэм Iуэхур игъэтIылъакъым. И ныбжьэгъухэм яхыхьэри, и Iуэху зытетыр яхуиIуэтащ. Ауэ цIыхубзыр яшэжу Куржым кIуэн къахэкIакъым. Джэдум зи шатащхьэ тришхыкIар ещIэж жыхуаIэм хуэдэт.

Ауэрэ зэман дэкIащ, гукъеуэри тIысыж хуэдэу хъуат. Ауэ ХьэтIохъущокъуэм зэры-ХьэтIохъущокъуэр игъэпэжын хуейти, жэщу и тешанкIэр зэщIригъэщIащ. И унагъуэр иригъэтIысхьэщ, къэмыскIэрэ зэIэр къыгуичу жыхуаIэм хуэдэ щIалэ гублащхьэм дигъэтIысхьэщ, езыр шууэ япэ иувэри и щыкъум кIуащ.

Я гугъэр зыхахыжа я пхъур бынунэу щахуэкIуэжым, лъэпкъри, зи цIэ ираIуэу жылэм дэсри зэхуэсащ. Я малъхъэ ХьэтIохъущокъуэм и псалъэми, къэхъуам хэтахэм щыщу къэнахэми жаIэм едаIуэри, Iуэхур мамырыгъэкIэ яухащ. Арати, малъхъэм хуэфащэ нэмыс кърахащ, япхъуми я пхъурылъхухэми къащыгуфIыкIащ. Я хьэщIэгъуэри икIарэ къежьэжыным нэсауэ, япэрей зэхуэс-зэIущIэхэм къримыхьэлIа куржы щIалэ къыкъуэкIащ. Ар зэкIужт, IэпкълъэпкъышхуэтлIыгъэрэ къарурэ зэрыхэлъри нэрылъагъут. «Мыбдеж щыс ди хьэщIэ зыкIи дыхуэмейуэ икIи дыхуэмыныкъуэу малъхъэ зыкъытхуэзыщIар сымыукIыу дэзгъэкIыжынукъым», – жиIэри къэуващ.

Гупыр хьэжэпхъажэ хъуащ. Унагъуэр къэгузавэри я пхъум еупщIащ:

– Сыт и лIыгъэ ди малъхъэм? Дауэ зыкъызэкъуихынкIэ хъуну?

– Зы фIэкIыпIэ иIэу Iэщэ кърихынукъым, ауэ Iэмал зыхуимыгъуэту къыпэувам и гъащIэр иухауэ аращи, зыщыфхъумэ, – игурэ и щхьэрэ зэтелъу я пхъум къажриIащ.

Абы и псалъэм езым я лъэIури дэщIыгъуу модрейм щыжраIэжым, ауан къищIащ. «Фи пхъур къэвгъуэтыжри, псори зыщывгъэгъупщэжащ», – жиIэри ари къакъуидзэжащ.

Куржы щIалэр яцIыхужырти, къыжьэдэзыкъуэфын къахэкIакъым. Псалъэмакъыр ХьэтIохъущокъуэм щызэхихым, жиIащ:

– Сэ зэуакIуэ сыкъэкIуакъым. СыздэкIуэри сыщIэкIуэри сщIэжу сыкъежьащ. СимыукIыну Iэмал щимыIэкIэ, сызэрыкIуэжыну гъуэгум къыщыспреув, хуеймэ, гъусэу иIэу, хуеймэ гъусэншэу. КъыстекIуэмэ, си псэр фи щхьэузыхьщ.

Куржы щIалэм и жэуапыр нэхъ пхъашэжт:

– Уэ укъэрабгъэщ, ауэ уIэмалшыщ. Уи шым ущогугъри, пщIантIэм удэкIыу ущIэпхъуэжыну аращ.

Ар жиIэщ, щIалитI къриджэри унафэ яхуищIащ сатыритIу чы хатIэну. И унафэр ягъэзащIэри, езыр къэпсэлъащ:

– Иджы, ХьэтIохъущокъуэу лIыгъэшхуэм къызэгуиуд, мо чыхэр щIыхезгъэтIар къыбгурыIуамэ, уи IэкIуэлъакIуагъыр сыгъэлъагъу, – псалъэр ауаным хуишащ.

– Чы пыдупщIу зедгъэлIалIэу ди лъэпкъ хабзэкъым, фIэкIыпIэ дгъуэту Iэщэ къитхыркъым, псом хуэмыдэу щыкъум урахьэщIэу. ФIэкIыпIэ зыхуэдмыгъуэтым жэуапу игъуэтыр фи пхъум къывжиIащ, - адэкIэ ауаным и жэуапу щIигъужащ: - Мо чы хебгъэтIахэр езым пыбупщIыжыфыну пIэрэ?

Апхуэдэ псалъэм къигъэлыба куржыр уафэхъуэпскIым хуэдэу шыбгым къихутэжащ. ШхуэмылакIэм емыIусэу куэпкъкIэ шыр иунэтIурэ зыч IэщIэмыкIыу пиупщIащ. КIэщIу зыкъигъазэри къэуващ:

– Уэр щхьэкIэ джатэ къисхынукъым, шэрджэс. Мы бжымкIэ уанэгум укъисхынурэ щIым уесIулIынущ. Упсэууэ мы пщIантIэм удэкIынкъым.

– Сыпсэууэ удэкIынкъым жыпIамэ, арат нэхъ захуэр, куржы, – ХьэтIохъущокъуэм и жэуапри кIэщIт.

ПщIантIэшхуэ укъуэдиям дэт цIыху Iувыр зэщIэдымащ.

ХьэтIохъущокъуэр и гъусэ щIалэм къоджэ, и шым уанэ трилъхьэжыну, тешанкIэр щIищIэжыну унафэ хуещI, и щхьэгъусэм и бынхэр зыщIигъуу тешанкIэм итIысхьэжыну жриIащ. Езыр напIэзыпIэм уанэгум къихутащ, шым елъэдэкъауэри утыкушхуэм зыщигъэкIэрэхъуащ. ЗыкъэзыIэта сабэр тIысыжри, къыпэщыта шым тесари, иIыгъа бжыри зэпыупщIауэ къыщIэщыжащ. ХьэтIохъущокъуэр и шым епсыхщ, къаблэмкIэ зигъазэри: «Алыхь лъапIэ, сыкъыболъагъу лъыгъажэ сызэрыхуэмеяр», – жиIащ. ЦIыхухэм захуигъазэри: – «Фэри фыщыхьэтщ къайгъэ сызэрыхуэмеямкIэ, ауэ адыгэлI и фыз трахыркъым», – яжриIащ.

И бынунэр зэрыс тешанкIэр пщIантIэм къыдигъэкIщ, и шыр IумпIэкIэ къыдишыжри, и гупэр пщIантIэмкIэ гъэзауэ шэсыжащ...

Апхуэдэ щIалэхэр зэрахэтарагъэнщ ХьэтIохъущокъуэхэ я цIэр тхыдэм ехьэжьауэ къыщIыхэнар.

Айтэч

# Гуащэхъан

## *Рассказ*

– Евмыгъэлейт иджы. Хъуни ар, – жеIэ Гуащэхъан, и тахътэбаным къоувэхри: – Фыкъэушыт. Фыкъэтэджыт. Дыгъэр къэмыплъ щIыкIэ а тIэкIур дывгъэухыт.

Гуащэхъан хэщэIукIыу, ещIэкъуауэу пырхъуэмкIэ макIуэ, къегъэзэж. Шэнтщхьэгуэр къегъэIэгъуэри, тIыс-тэджурэ, зы хуабэ гуэрхэр и бгым кърешэкI, бостеикIэ гъуабжэ къурэр абы трелъхьэж.

И бгым и закъуэ Гуащэхъан зыхуэсакъыр – и лъакъуэхэми хуэбэлэрыгъыркъым. Мис иджыпстуи бжьэхуц лъэпэд кхъуэщыныфэхэм я щIыIу цы лъэпэд гъуабжэ Iув къытрелъхьэ, мест кIагуэ цIыкIуитI абы трекъуэжри, итIанэщ кIэлошым щиувэр.

– Хъунщ ар, жейм тхъу тевмыхынумэ.

Гуащэхъан зы тэлай хуэдэкIэ щысщ, зыри жимыIэу, зэлъэпагъыу зы пIэм хэлъ и хъыджэбзитIым зыкъыщагъэхъеинум пэплъэу. АрщхьэкIэ тIури жей хуэдэщ...

– Ей, фэри!.. – мащIэу мэдыхьэшх анэр. – СэIимэт, Зэирэт, тIури фыкъызэрыушар фIы дыдэу сощIэ, абыкIэ фэ сэ сыкъэвмыгъапцIэ...

СэIимэт «пIытхъ» жери къодыхьэшх:

– Дауэ укъызэщымыунрэ, апхуэдиз «Iыхьшыхь» зэхэпхыу!

Зэирэти:

– «Iыхьшыхьым» и закъуэ!» «Быркъ-сыркъ», «быркъ-сыркъ», мобыкIэ макIуэ, мыбыкIэ къокIуэж!

Гуащэхъан жери:

– Фэ фи жеигъуэ щхьэкIэ, си хъыджэбз цIыкIухэ, сэ куэд щIауэ жей сиIэж мыгъуэкъым. Сыт фэ абы хэфщIыкIыр! И нэхъ мащIэ сыхьэтищ сыхэлъыжа хъунщ, сыкъэтэджыну сыпIэцIеижу, зызгъэхъеин сышынэу, фэ фыкъэзмыгъэушын щхьэкIэ. Хъунщ иджы, зывмыгъэгувэж. Феужьэрэкlыу зыфтхьэщIи, зидмылъэфыхьу шей девгъафэ. Дыгъэр къэмыплъ щIыкIэ а къэнэжа тIэкIур дывгъэухыж.

СэIимэт къызэфIотIысхьэри зихуапэу щIедзэ. Ауэ Зэирэт, пIэм иджыри гу щимыхуауэ, мэгъумэтIымэ:

– Къэплъ-къэмыплъми, дэракъэ ар нэзыгъэсыжынур...

Гуащэхъан абы зыри пидзыжыркъым. Анэм ещIэ и бынхэм я пIалъэ. СэIимэт сыт щыгъуи нэхъ псалъэмакъыншэщ, анэм пэпсэлъэжи и хабзэкъым. Зэирэт, нэхъыщIэ цIыкIущ жаIэурэ, тIэкIу ягъэгушхуащи, мащIэу зыкъыщритIэ къохъу. АрщхьэкIэ Гуащэхъан ещIэ: Зэирэти зимыгъэгуващэу кIуэнурэ СэIимэт бгъурыувэнущ, абы ищIэр дигъэпсынщIэу. Ауэ щыхъукIэ, хуеймэ, ирегъумэтIымэ.

– Фэ зыфхуапэу, зыфтхьэщIу, шей къэвгъэхьэзырыху сэ зыкъом хэзгъэщIынщ. Зывмыгъэгувэ, – жеIэри Гуащэхъан щIокI. Абы бжэр къызэрыхуищIыжыххэу, Зэирэт пырхъ нэпцIышхуэ зыкъещI.

– Ар нэхъ Iуэхути! – жи СэIимэт. – ПцIы упсыкIэ щумыщIэм деж ибогъэлей, жаIэ.

– НтIэ, пэжым и телъхьэ си шыпхъу дотэ, – Зэирэт и щхьэр пIэм къыхегъэж, – адэкIи-мыдэкIи уемыплъэкIыу жыIэт. УщыанэкIэ...

– Хъуну щытмэ, нэхъ кIэщIу.

– ... дыгъуэпшыхь, кIыфIыбзэ хъухукIэ, пщIэнтIэпсыр къапыжу лэжьа уи сабийхэр...

– «сабийхэр...»

– Сызэпумыуд. ПщIэнтIэпсыр къапыхуу лэжьа уи сабийхэр пщэддджыжь нэхумыщым къыщыпху хъун, ирикъухукIэ умыгъэжейуэ?

– Уэ зимыхъуми жэщым уожей.

– Жэщыр щIыщыIэр ужеину аращ!

– Умыжеифмэ-щэ? ЩIыIэрэ гугъуехьу бгъэвар къыпщIыхьэжарэ уи къупщхьэ зэрытыпIэхэр къозауэу, нэхъ Iеижращи, гупсысэм ухэт зэпыту? Иджыри къэс зыбгъэсабий цIыкIуми, куэд щIаи и чэзу зэрыхъурэ, мамэ...

– СощIэ, сощIэ! – къыхокIиикI Зэирэт. – АдэкIэ жыпIэнур сощIэ. Абы сыщIэдэIу нэхърэ псынщIэ-псынщIэу зысхуэпэнщи нэхъ си фейдэщ.

– Аракъэ езыр губзыгъэ цIыкIу жыхуаIэр! – къыпогуфIыкI СэIимэт. – «ПтхьэщIыжмэ, Хьэмыщэ къыхэкIыжынущ», жыхуаIэм нэхъей... УзыхущыщIэ тIэкIур пхэлъыжмэ, уэ пхуэдэ хъыджэбз!..

ЗэшыпхъуитIым захуапэ, затхьэщI, я пIэхэр Iуах, мафIэ зэщIагъэстри, шей къагъавэ, итIанэ дыгъуэпшыхь тебэм къина кIэртIоф жьэрыкуейр къагъэхуэбэж.

Абы хэту Гуащэхъан бауэбапщэу къыщIохьэжри, шэнт щхьэгуэм тотIысхьэ.

СэIимэт:

– Мыр сыт, мамэ?

Гуащэхъан, щэIуу:

– Къэнэжа щыIэтэкъым. Псори къэстIыжащ. СеувалIэри, зэрыхъуари сымыщIэу...

Зэирэт жери:

– Дэ думыгъэжейуэ дыкъыщыбгъэтэджакIэ...

– Фэри фщIэн къэнащ. Хъарзынэу дыгъэ къопс, жьы тIэкIуи къопщэ. Моуэ зы сыхьэт закъуэ вгъэгъущи, сэ къэстIыжар фэ къызэщIэфкъуэж, дыгъуасэ зэрытщIам хуэдэу, тэмэму зэхэвдзурэ, нэхъ иныр щхьэхуэу, жылапхъэри щхьэхуэу. Сэ...

– Уэ... уэ тIэкIу зыбгъэпсэху хъуну иджы? – жеIэ СэIимэт, и нэщхъыр зэхиукIэ хуэдэу ищIауэ. – Дэ тщIэфынур дыбгъащIэу...

– Сэ зыгъэпсэхупIэ сиIэ мыгъуэ! Моуэ тIэкIунитIэ жьы зыIурызгъэхьэмэ...

– Сыт иджыри къэбгупсысар? – Зэирэти и шыпхъум къыдощI.

– Сэ къэзгупсыса?.. ПщIыхьэпIэу слъэгъуащ. ПщIыхьэпIэу зыкъызигъэлъагъухункIэ сыкIуэу схуэлъэгъуакъым кхъэбгъу дыдэм деж щыс си нысэгъужь закъуэр!

– Езыр иужь дыдэу къыщыкIуар дапщэщ? – и макъым зримыгъэIэтыщэми, анэм жиIэр зэрыдимыIыгъыр ибзыщIыркъым Зэирэт. – Сыцымыуэмэ, Луцэ уэр нэхърэ фIыуэ нэхъыщIэщ.

– НэхъыщIэми, нэхъ узыншэкъым, – жеIэ Гуащэхъан, икIи, псалъэмакъым кIэ зэригъуэтар къигъэлъагъуэу, моуи дещIыгъуж: – Сэ шей тIэкIу сеIубыху, СэIимэт, уэ си IэлъэщIышхуэр къэгъуэти тIэкIу кIэлъыплъ. Уэ, Зэирэт, унэм сыщикIкIэ лъыстIагъэ си кIэлош нэхъыфIыIуэр дэнэ щыIэми сщIэркъыми...

Абы къикIыр зэшыпхъуитIым фIы дыдэу къагуроIуэ: Гуащэхъан зы-

триухуам къыпхутекIынукъым, ауэ щыхъукIэ, Iуэхум ущIыхэпсэлъыхьыжыни щыIэкъым. ИкIи щхьэж хуагъэува къалэным иужь йохьэ.

Дакъикъэ зыбгъупщI нэхъ дэмыкIыу, Гуащэхъан зэрыщIэкIынум хуэдэу хьэзыр хъуащи: и IэлъэщIышхуэр къепхъуэкIащ, и кIэлошитIри къылъоцIуукI. АрщхьэкIэ хъунщIэпсынщIэету зыгуэр зэфIэзыгъэкIхэм ящыщкъым ар. Зэ зыщIыпIэкIэ зегъазэри, абдеж щымылъыпхъэ гуэр щылъу гу лъетэ; зэи нэгъуэщIыпIэкIэ маплъэ, апщIондэху ипхъухэм къалэнышщIэ гуэрхэр яхуегъэув.

ИкIэм-икIэжым, гуIэфIтещIыхьыжу:

– Фи адэр иджыпсту къыдыхьэжтэмэ, сыт къывжиIэнт? Хэт ищIэрэ, зыри къывжимыIэнкIи хъунт: фрибынщ. Ауэ сэ къызжиIэнур фIы дыдэу сощIэж. «Мыр сыт, я нысэ, мы слъагъур? Еууей! Ухуэмыху бзаджэу укъыщIэкIаи: апхуэдэу зытраIэтыкIыурэ, бын ягъэунэхъу хабзэ! ЛIо, сэ IэнатIэ нэхъ тынш сыIут пфIэщIрэ? НтIэ, ар щыпщIэкIэ, сыт ягъэ кIынт... уи унэ уисыжу, уи пщIантIэ удэсыжу... сабийхэр тэмэму бгъасэ хъунтэкъэ?» Аращ, тIасэ цIыкIуу сиIэхэ, фи адэм жиIэнур, моуэ иджыпстуупцIэ куэбжэр къыIуихрэ къыдыхьэжмэ. КъыджиIакъым жывмыIэж, фымыбэлэрыгъ. Пэш кIуэцIи, щыкъуи, пщIантIэри – псори зыхуей хуэвгъазэ.

– Мамэ, – жи Зэирэт, – зауэр зэриухрэ илъэс тIощIым нэблэгъащ...

АрщхьэкIэ Гуащэхъан зэхимых хуэдэщ и пхъум жиIэр:

– Уи цIыху къэту угъуэлъу ужеин жыхуэпIэр... Апхуэдэ зы жэщым гупсысэу узыхидзэр илъэс псокIэ пхузэгъэзэхуэн! Фэ фысабийщ. Фэ сыт мыгъуэр хэфщIыкIрэ а псом... Илъэс тIощI, жи... Абы къикIыр пщыгъупщэжын хуейуэ ара? Хьэуэ, си тIасэ цIыкIухэ, фэ фызэрыбжэмрэ сэ сызэрыбжэмрэ зэтехуэркъым. Нэхъыбэрэ упэплъэмэ, къыщысыжынур нэхъ къэблэгъауэ аращ. Сэ сызэрыбжэр апхуэдэущ.

ЗэшыпхъуитIым ящIэ: иджыпсту анэм зыри пэбдзыж хъунукъым. ИкIи падзыжыркъым. СэIимэтрэ Зэирэтрэ щытщ, я анэм йоплъ, зыри жамыIэу.

Гуащэхъан щIокIри бжэр къыхуещIыж.

– СэIимэт, – къыхокIиикI Зэирэт, и нитIыр, мыIэрысэ нэхъей, хъуреябзэ ищIауэ, – дауэ ар къызэрыбгурыIуэнур! Мамэ и фIэщыпэ хьэмэ дэ дыкъигъапцIэу ара? Дауэ?.. Апхуэдиз дэкIауэ...

– Пэжщ мамэ жиIэр, дэ дызэрыбжэмрэ ар зэрыбжэмрэ зэтехуэркъым. Ди адэр абы игу зэи ихуркъым. Махуэм хуэзэу Iэджэрэ йопсалъэ. ЩепсалъэкIэ, иджыри мэгугъэ... Ар кIыхьщ, а псом иджыпсту сытумыгъэпсэлъыхь.

Пэжт СэIимэт жиIэр. Гуащэхъан щIэмычэу епсалъэрт Зулъкъарней. Епсалъэм и закъуэт – ечэнджэщырт. Iуэху къылъыкъуэкIамэ, ар зыхуэдэм Зулъкъарней щыгъуазэ ищIырти, шэч къызытрихьэ гуэр щыщыIэмэ, цIыхухъум ечэнджэщырт, еупщIырти, абы нэхъ игу ирихьыпхъэу къыфIэщIым триухуэрт.

Иджыпстуи арат. Гуащэхъан, тIэкIуи хэщIэкъукIыу, къуажапщэмкIэ дэкIуейрт, кхъэбгъу дыдэм кIэщIэсу псэу и нысэгъур илъагъуну. ЗдэкIуэми игукIэ Зулъкъарней епсалъэрт. Сэ сыкIэлъымыкIуэмэ, жиIэрт абы, хэт а тхьэмыщкIэм къыкIэлъыкIуэну иIэр? И дыщыр хамэ къуажэщ. Шыпхъу иIэххэкъым. И дэлъхуращи, и щхьэ Iуэхум къыдэхуэу, илъэсым кърииубыдэу зэ къыхуэкIуэни, къыхуэмыкIуэххэни... Нобэ хуэдэ махуэм узижагъуэныр уIыхьлыншэ! Ауэ... Iыхьлы мыгъуэми къыпхуащIэшхуэни щыIэкъым: псори щхьэлажьэу къигъэнащ зауэ угъурсызым. Псори йокъу, щхьэж зэрыхузэфIэкIкIэ. ЗамыгъэлIэну, я бын япIыжыну.

Апхуэдэурэ макIуэ Гуащэхъан лъэс лъагъуэм тету, игукIэ мыхъуу, къыхэпсэлъыкIрэ макъкIэ зыгуэрхэри щыжиIэ къыхэхуэу. Ауэ Гуащэхъан къэзыщIыхухэр, – къуажэм дэс ар къэзымыщIыху! – абы есэжащи, Iеищэуи ягъэщIагъуэркъым, мопхуэдиз зи фэ дэкIа цIыхубз мыщIалэжыр тIэкIу щхьэхуэпсалъэщ, жаIэу. КъагуроIуэ. И щхьэгъусэр «упщIэ пыIэхэм» яхэту дашауэ нобэр къыздэсым хъыбарыншэщ. Абы лъандэрэ сыт и жыл щIа! Зым нэхърэ зыр нэхъ цIыкIуу къэна сабиищым ятеубгъуауэ... ЩIыIэм иригъэсакъым, шхын щхьэкIэ игъэлIакъым. А «тIэкIур» а зэман хьэлъэм пхузэфIэкIын щхьэкIэ, псибгъу пIутми, куэд хъунтэкъым! Пэжщ, абы и закъуэтэкъым а зэман дыджым и бжьы хьэлъэр зытелъар. Зауэ гущIэгъуншэм фызабэу къигъэна псори апхуэдэт.

Гуащэхъан здэкIуэм, зы зэрыгъэкIий гуэр къызэхех. Плъэмэ: мэджэрэзри, зы шыдыгу гъуэгуку дыдэм итщ, зы лIыжь гуэри чыным хуэдэу шыдыгум къыдоджэрэзэкI, зэ шыдыпэм къиилъадэу, зэми гумкIэ зидзу; абдеж дыдэми хьэлъэ зэрызэрашэ зы маршынэ щытщ, маршынэбжэри Iухащ, шоферри мэкIий, маршынэ уэзджынэри мыбэлэрыгъыу егъаджэ.

ЗэрыгъэкIийм къызэхуигъэсахэм ящыщ зы мэIэбэри шыд IумпIэр еубыд, шыдми лъакъуэкIэ зэ фIыуэ хукIэщIоуэри, сытми, шыдыгур шэсейм къытрелъэфыж; лIыжь цIыкIури, икIэм-икIэжым, елъэмбыкъауэу маршынэ зекIуапIэм къытеджэдыжащ.

Шоферым, къызэрылыбар щIимыхъумэу, маршынэбжэр «баргъ» жиIэу иредзылIэж, Iугъуейр къызэринэкIыу, маршынэми занщIэу зреч, къызэхуэсахэри зырыз-тIурытIурэ зэбгрокIыж.

Гуащэхъан абдеж нэсмэ, ФIыцIэ цIыкIу, нэхъри цIыкIу хъуарэ шыдыгум къыкъуэмыщ жыпIэным хуэдэу, и нэпсри и пэпсри къежэхыу, щытщ, шыд Iэпслъэпсым епэщэщ къыпфIэщIу. И Iэпэхэр мэсыс-мэкIэзыз, щыгъыжь тIэкIухэри ныкъуэпсыфщ.

– Мыр сыт, ФIыцIэ, мыпхуэдэу узыгъэпскIар хэт? – щIоупщIэ Гуащэхъан, зи фэр пыкIа лIыжь цIыкIур фIэпсэкIуэду.

– Уэра ар, Гуасэхъан? – и щхьэр лъэныкъуабэ ищIауэ, цIыхубзым къыхудоплъей ФIыцIэ, тIэкIуи нэхъ гъунэгъу зыкъыхуещI, зэрыукIытар кърипщIэу и Iэ гъур цIыкIуитIыр зыр зым щихъуэу. – Уэи-и, зыми симыгъэпскIа мыгъуэт... сэ езым... ей, Гуасэхъан, Гуасэхъан, зыгъэр фIытэмэ, псоми кхъахэ дыхъуасэрэт заIэнтэмэ, уэи-и...

ЛIыжьым дзэуэ къыхуэнэжам нэхърэ имыIэжыр нэхъыбэщи, абы къыхэкIкIэ жиIэри къыбгурыIуащэркъым. Ауэ Гуащэхъан, абы гу лъимытэ хуэдэу зещIри, ФIыцIэ игу фIы хуищIыну хэтщ:

– Хьэуэ, ФIыцIэ, апхуэдэ дыдэу кхъахэ ухъуакъым уэ иджыри...

– Уи Iэр сыпхуэмысэрыуэзкIэ, уи лъэр тэмэму къысыбдэмыбзызкIэ, араIэ-тIэ кхъахэ зыхуаIэзыр... Псы пэгун зытIус фэндырэм къизгъэхъуэху хьэлэкыу зытескIэзас... Ари IуэхутэIым. СытегупсысыкIауэ къысэкIынт... иузкIэ гъуэгур къысызэпызупIсым... си псэр Iуихас... зы марсынэз гъуахъуэу къыззэхэлъадэри...

– ФIыцIэ...

– СощIэ, Гуасэхъан, сощIэ къыззепIэнур. Пэзс. ПцIы лъэпкъ хэлъIым. Зы усыхъуакIэ утIысызыпхъэс. Арас тэмэмри. Ауэ... Абы уэ умыщIэ хэлъIым. Си щIалэсхуисыр, сыри аслъэным хуэдэу, хэслъхьа мыгъуэIэ зауэ угъурсызым... Нысэхэм сакъыбгъэдэнаси, нэхъыз сыхуейм дей сынэхъызс, нэхъыщIэ сыхуэныкъуэм сынэхъыщIэс... Уэи-и, Гуасэхъан, зэскIэ сыкъэусурэ согупсысым, ярэби, мы тхьэмыскIэхэм сэ сагъэсх тIэкIур къатехьэлъэ мыгъуэу пIэрэ, зызоIэри...

Гуащэхъан, жиIэнур къыхуэмыщIэу, ину щэтащ. ФIыцIэ, кхъахэ хъуами, и акъылыр жант. Абы иджыпсту жиIами пцIы къыхэгъуэтэгъуейт.

– Сыт тщIэн, ФIыцIэ, тхузэфIэкIыху декъунщ, къыщыттрилъхьакIэ.

– Ара мыгъуэс, Гуасэхъан, арас укъэзымыгъэпцIэзынури. Си гуапэ хъуас, ярэби, узэрыслъэгъуар, си ныбзэгъузыр слъэгъуа нэхъей...

ФIыцIэ къыщыбгъэдэкIыж дыдэм ирихьэлIэу Гуащэхъан къелъагъу гуфIэжу абы къыхуэкIуэ Iэбисал. Пощтзехьэм и Iэблэ сэмэгум сумкIэшхуэ фIэдзат, и ижьырабгъумкIэ Iэгъуапэ нэщIыр бгырыпхым щыдэгъэнат.

– Ей, си дэлъхужь, иджыри узэрыIэлъэныкъуэ мыгъуэ?

– Гуащэхъан, си шыпхъушхуэ, угушыIэрейщ уэ! Дэнэ мыгъуэм къикIыжын...

– Хьэуэ, хьэуэ, абыкIэ уэ сэ сыкъыумыгъапцIэ. ФIы дыдэу къыбгуроIуэ сэ жыхуэсIэр.

Iэбисал иджы нэгъуэщIщ и гуфIэкIэр. Абы зепIытI-зехуз. Iэнкунщ, езыр щыхуэмей дыдэм ирихьэлIэу егъэджакIуэм къыдиша школакIуэу.

– ЖысIэ пэтми хъыджэбз къелъху, жыхуаIэм нэхъей, сыпкIэрыщIаурэ жьы зыбощI, хуэмыхужь! УкъызэдэIуатэмэ, хьет жебгъэIэу иджы бынунагъуэ ухъужауэ... Мы факъырэ хъуржыныжьри нобэр къыздэсым къыумылъэфэкIыу... Ей, си дэлъхужь, узыIурамылъхьэж мыгъуэщи, аращ уи дагъуэр! Зэманыр уэ къожьэу щытын! Зэманыр макIуэ.

– Пэж дыдэщ, Гуащэхъан, зэманыр макIуэ, – жи Iэбисал, – сэ соуэршэрри сыщытщ, ауэ щыхъукIи цIыхухэр сэ къыспоплъэ, хэт письмо, хэти кIэзет... – пIащIэ-тхъытхъыу и гъуэгу тоувэж.

«КIуауэ бжы а уи зэманыр, тхьэмыщкIэжь, – игукIэ жеIэ Гуащэхъан, абы кIэлъыплъу. – УмыщIыжьщ, узыIурамылъхьэжщ, ахъумэ... Зы медалыжьи пIийуэ пхэлъу мис а къыщыбгъэзэжагъащIэм щыгъуэ... Е иужьыIуэкIэ, зауэри иухыу, фызхэм я нэхъыбэм я гугъэр щыхахыжым... Фыз къэшэкIэми унагъуэ ухуэкIэми ухуэхейщ. Сытыт уи лажьэр! Хэти къыбдэкIуэнут! Ауэ зуплъыхьакъым. Зыгуэрми уеупщIакъым. СыныбдокIуэ жиIэу япэ къыбжезыIар къапшэри... КъэпшакIэ сыт! Махуэ бжыгъэ къыпхущыса фызу узыщыгугъа а щхьэкIерисэр? Уи щIыб къызэрыбгъазэу, уи лэгъунэр нэщIу къигъанэри, щIэпхъуэжащ. Абы и Iуэхури гурыIуэгъуэт, ауэ... уэ уиIащ зэман, бетэмал! ИкIи я щIалэгъуэу, икIи я дахэгъуэу, плъэурэ-плъэурэ, я закъуэу къэнауэ, зы шыр цIыкIу я Iэблэм тесу е зыри темысыххэу, цIыхубз мащIэ ибэ ищIат а зауэжь угъурсызым! Уэ, Тхьэм и шыкуркIэ, уи Iэ лъэныкъуэр къэбгъэнами, уи лъэ узэрихьэу, унагъуэ пIыгъыфину къэбгъэзэжати... Сыт ягъэ кIынт а зи нэпс щIэзыутхыкI тхьэмыщкIэ къомым ящыщ зы зэбубыдылIэрэ и нэкIур хуэбгъэгъущыжатэмэ». Уэри цIыхуфэ къыптеуэжынт. УкIэгъуасэмыщIрэ зигу къыпщIэгъум уигъашхэу укъекIуэкIынтэкъым, джаур таучэлмыщIыжь!..»

Гуащэхъан езыр щIалэжтэкъым, гъащIэ и пIалъи фIыуэ ищIэрт. Я ныбжькIи щIалэу, зэкIэлъыкIуэ дыдэхэу, фызабэ яхужыпIэну уи жьэ къемыкIуэу мащIэ къэнат! Абыхэм яхэтт Iэбисал зытезымыгъэгусэхэри...

А псор иджыпсту зэпилъытыжурэ, Гуащэхъан и фIэщыпэу Iэбисал хуэшхыдэрт, и шхыдэм зыри къызэримыкIыр ищIэрэ пэт. Абдежи щыщигъэтыжынуи къыщIэкIынтэкъым, и пащхьэ дыдэм къиувэу зыгуэрым:

– Ей, Гуащэхъан, бэзэр босын! – жимыIатэмэ.

Еплъмэ – Кацинэт.

– Ей, Кацинэ, удимыхыжкIи! Дауэ ущыт? Сыт уи дуней?

– Ар дуней сытми! – жи Кацинэ. – Дэ дызытетым дуней фIэпщыну тIэкIу гуузым, тхьэ!

– Сыт мыгъуэр пщIэн, си тхьэмыщкIэжь, арат къытхуиухар...

– Ей, – жеIэ Кацинэ, зыкъызэщIепхъуэтри, – дауэ къэбгупсысат а «гузэвэгъуэ куэншыбэр?» Тхьэуэ дыкъэзыгъэщIа, абы щыгъуэ си шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIухэр шхын щхьэкIэ сфIэлIэнтэм, уэр мыхъуатэм!

– IукI, кхъыIэ, мыбы къыдивыжххэр!..

– Ей, Гуащэхъан, Гуащэхъан, сэ сыпсэухукIэ ар сщыгъупщэнукъым. Псори дыцIыхубз защIэу, сэр нэхъыжь тхэмыту. Сэри, махуэ псом сылажьэми, IэнэщIу сыкъэкIуэжрэ, тебэм итлъхьэн димыIэу... Мис ар дыдэм ирихьэлIэу а уи «гузэвэгъуэ куэншыбэр»... Ей, зо, дауэт ар къызэрыбгупсысар?

– УрихулIэмэ, апхуэмыди къэбгупсысыну зыри хуэIуакъым, Кацинэ. НтIэ, уэ зэрыпщIэжщи, абы щыгъуэ нартыхудэч лъэсу дыкIуэрт, лъэсуи дыкъэкIуэжырт. БжьыхьэкIэу, уэсыр «щIыкъ-щIыкъ» жиIэу зэхэдгъэщIыщIэу. КIэчан къыдэтчынур дэщтыхьарэ, екIурабгъурэ езэгъырабгъурэ къытхуэмыгъуэту. ДыкъызэтеувыIэу, ди Iэ дияхэр дгъэхуэбэжыну мыхъуу, ди лъакъуэхэр тфIэтыжыххэу дымыщIэжу пыщтыкIауэ... Къетхьэжьэу абы нэс къитха кIэчан пэгуныр гъуэгум щыттрахыжу!.. Ти, зы жэщ гуэрым, Алыхь, мыр мыхъуну, жысIэри, сыкъэтIысыжщ, сыкъэтэджыжри, иужькIэ «гузэвэгъуэ куэншыбэ» зыфIэфщар здауэ нэху къыстещхьащ.

– Хэплъыхьауэ кIэчан зыхыбл къилъэлъыкI игъэпщкIурт абы! Апхуэдэу тIэу-щэ уIэбэмэ нартыху гъэлъэлъа пэгуныр уи Iэрылъхьэт. Араи дызыкъуэсар. Ауэ сэ сымыщIэжри... Зыгуэрым абы гу лъитэрэ укъиIэбэрэбыхьу щIидзатэмэ, сытыт пщIэжынур?

– Уз игъуэти! Зы цIапIэжь гуэрым зыкъызогъэIэбэрэбыхь, жи! ПщIэжрэ, зы кIэчан ин дыдэ си Iэ ижьым IэщIэлъу къэсхь си хабзэти сэ... Я гуэныхь сыхуейкъым, пэгуныр щызагъэунэщIыжахэми а зы нартыху кIэчан закъуэм зыри къеIусакъым. НэгъуэщI зыри къыщысхуамыгъанэми а зыр къыздэсхьырт. НтIэ, мис иджы бжесIэнщ а кIэчан закъуэр щIэсIыгъыу щытар: дыкъэзыхъунщIэхэм зы укIытэншэ дыдэ гуэр къахэкIрэ си гуфIакIэм нысфIыдэIэбэну хуежьэмэ, абы и нэжьгъым ислъхьэну арат!

– Ей, уэри! – жи Кацинэ. ИтIанэ: – Губзыгъэу къэбгупсысат ар. ИкIи къыпкIэрымыщу.

– НтIэ, пэгуным илъыр птрахыжмэ... КIэчан зытIущ уи гуфIакIэм дэбгъэзэгъамэ, мо къэпIийр къыдэхыт, жаIэу къыщыувхэкIэ, нэгъуэщI зыгуэр къэгупсысын хуейтэкъэ, абы я акъыл хуэмыкIуэну!

– Тхьэ, си Iуэхум уэри ар къыумыгупсысыфамэ! Пкъым къыдекIуэкIрэ, къыпкIэрымыщу...

– Ари хъунщ, Кацинэ, зы зэманти, блэкIащ. Дауэ ущыт иджы? Сыт фи псэукIэ?

– Си шыпхъу цIыкIухэр псори унагъуэ ихьащ... Сэ... сэ сыкъыщIалъхуар ахэр зыхуей хуэзгъэзэну ара хъунти...

– Уэри зы насып гуэр уиIэми пщIэркъыми...

Кацинэ щэху цIыкIуу мэдыхьэш:

– Ы-ы, сэри зы насып гуэр сиIэщ. Мис сэ си насыпыр! – бинт хужь хуэфIеифэмкIэ пха и Iэбэлагъыр и жыпым къретхъуэт Кацинэ. – Си Iэхъуамбищыр гъуауэ ухуейкъэ! Аращ сэ си насыпыр...

– Ей, си тхьэмыщкIэжь мыгъуэ! Ар къызыхэкIа гугъуехьыр сэ си нэгу щIэкIакъэ? Ауэ...

– Сыт «ауэ» абы къэнэжыр, Гуащэхъан?

– Ярэби, зэман дэкIауэ, цIыхури нэхъ тыншу псэу хъуа нэужь, дэ тщыщ зыгуэр псэууэ къэнауэ, нэхъ щIалэхэм яхуиIуэтэжу сощI уэрэ сэрэ ди нэгу щIэкIари, нтIэ, ар зи фIэщ хъун къахэкIыну пIэрэ?

– Хьэуэ, си фIэщ хъункъым, шыпсэу къащыхъунщ.

– Уи фIэщ щIы, Кацинэ, къахэкIынщ апхуэдэ зыгуэри, – жеIэ Гуащэхъан, и ныбжьэгъум игу фIы хуищIыжын хьисэпкIи, моуэ дыщIегъу: – Уа, Кацинэ, кIрушкIэжьыр пщIэжрэ?

– ХьыI, – жери къыщетхъ Кацинэ: – Сыт щIэзмыщIэжыр! Жьэрыкуейр илъыху къызэмыхьэлъэкIыу къесхьэкIат. ИтIанэ, жьэрыкуейр тшха нэужь, кIуэ иджы кIрушкIэжь, унэм кIуэж, зыкIи дыпхуеижкъым, жысIэри, утыкум къизгъэджэгуэгъат! Абы щыгъуэ дэ къэддыхьэшхар! Дауи, апхуэдэ зыгуэр ди Iуэхум къыхыхьэрт: гушыIи, дыхьэшхи, уэрэди. Армыхъуатэмэ, дызэгуэудынти, а дызыIута IэнатIэм дыкъемылу. Арагъэнщ езыр цIыху цIыху щIыжщ щIыжаIари. ДызэрыIыгът, дызэрыщIэрт, зыр зым дыдэIэпыкъурти, арауэ къыщIэкIынщ дыкъезыгъэлари.

– Абы пцIы хэлъкъым, – жи Гуащэхъани, – дэ дызэмыгъусатэмэ, зырызурэ а ди IэнатIэр етхьэкIыну деувэлIатэмэ, дыкъемылынкIи хъунт.

Гуащэхъан ежьэжыну мурад щищI дыдэм, Кацинэ жери:

– Ей, Гуащэхъан, кхъыIэ, мы зыр жызгъэIэж. Сэ ар куэдым яжесIэнукъым. Уэ нобэ Алыхьым укъыщIызитар арамэ пщIэрэ? Iейуэ себгат Хьудэжь мыгъуэм. ИкIи техуащ. Узижагъуэныр яулъагъу сэ ар зэрыслъагъужам хуэдэу! «Хъущт» жиIэу къыдэплъейри, мис, Кацинэ, уигу гъэзагъэ иджы, уи гыбзэр къыстехуащ, жиIэри, махуэ бжыгъэщ зэрыпсэужар. Ялыхь, къысхуэгъэгъу! Себга мыгъуэт. СыщIебгам щхьэусыгъуэ иIэт. Ауэ сытми иIэт! Уэ пхуэдэ лэжьэкIуэжьым укъыщыгурымыIуэжым деж, абы хьэIуцыдз зыкъыщыпхуищIым деж, ар гуауэ дыдэ пщохъу. ПщIэжрэ, къыдэмыупщIыххэу, ди жэмхэр яхурэ, жэмкIэ вэуэ щыщытар... Хьудэ вууэчкIэ ди жэмым и шхуэлыр зэприхулэкIри, и быдзитIыр гъущ, фIэдгъэжыжын хуей хъури... жэм къытхущIэмыкIыжу, цIыхубз быныр дызэщIэгъуагэу, бжэн къэтщэхужри, абы дыкъуэсащ. Мис абы щыгъуэт Хьудэ сыщебгар. Себгынуи къыщIэкIынтэкъым, псалъэ щызгъуэтатэмэ. «Ан-на, Хьудэ, ар дауэ къыдэпщIэфа?» – щыжысIэм, сигъэпсэлъакъым. И нэщхъыр къысхузэхиукIэри: «Сыт мыбы къивхэр! Жэмыр выкъым, пхъэIэщэ екъукIэ ищIэркъым. Дэ жэмкIэ дывэн щыхуейкIэ, сыт къытхуэнэжыр? ДыкIийуэ, дыгуоуэ, дезауэу, ерагъыу едгъэкъуу аращ жэмыр. И шхуэл, жи! ГуфIэ, тIэщIэмыукIэу къэнамэ!» Себга мыгъуэт. Хьудэ зыхьар си гыбзэрамэ, сэри ар гуэныхьу схурикъунщ.

Кацинэ, жиIэнур жиIэри, игу зэгъауэ, IуигъэзыкIыжащ, и Iэ ижьыр и жыпым илъу, Iэ сэмэгур ину щIидзу, хуабжьуи хэбэкъукIыу. Гуащэхъан хэгупсысыхьу заулрэ щытащ, абы кIэлъыплъу. А си тхьэмыщкIэжь мыгъуэ, жеIэ абы игукIэ, цIыхубзу щытауэ пщIэжын ар!

Гъуэжькуий бзаджэм ипхъуатэри, хъуми бзыми езым имыщIэжу, адэ-мыдэкIэ ириудэкIыурэ кърихьэкIащ, къыщIэхужыху, гъуэжькуийр щхьэщыкIами, и Iэужь жагъуэр, хэмыгъуэщэж дыркъуэу, къытенауэ.

Гуащэхъан Луцэ и пщIантIэм щыдыхьам, къулъшыкъушхуэми фIэкIри, шэджагъуэ нэблэгъат.

Луцэ, тхьэщIэ-лъасэу пщIантIэм дэсти, занщIэу къыщылъэтри, и нысэгъум IэплIэешэкIкIэ къыпежьащ:

– Ан-на, хэт жызмыIаи мы цIыхубз дэгъуэшхуэр!

– ЖиIэным, тхьэ! ФIэкIащ ар, Луцэ, дэгъуами-мыдэгъуами, мэхьмэхь, дэнэ щыIэж!

– НакIуэ, накIуэт, нышIыхьэт.

– Хьэуэ, – идэркъым Гуащэхъан. – Мыдэ зы шэнт цIыкIу къысхущIэх, мы жыг жьауэм деж нэхъ къэсщтэнущ. Иджы Iэмал бгъуэтыххэу унэм ущIыхьэ хъурэ: жьыр къабзэщ, дыгъэр къопс, щIыIэри апхуэдэу дзакъэрIым.

Луцэ къыхущIиха шэнтщхьэгуэм IитIэлъитIэу зытрегъэзагъэри, Гуащэхъан и псалъэм пещэ:

– Жьы хъуамрэ мыхъуамрэ зэрызэхэбгъэкIынур сэ бжесIэни. Гъэмахуэм дей «щIыIэ» жиIэмэ, щIымахуэм дей «хуабэ» жиIэмэ, ар, хэту щытми, иджыри щIалэщ. Щыгъэмахуи щыщIымахуи зэи хуабэкIэ иримыкъумэ, ар жьы хъуауэ бжы. Къеплъыт мыдэ, тхьэмахуэ енкIэ нартыхупкъэм хэтауэ танэ плъэгъуагъэххи? Срещхьыркъабзэщ, танэ шхэкъуам хуэдэу сыкъуащ. Зэирэт и фIэщыпэу къысщIонакIэ: «Мамэ, щIымахуэр къэсмэ, сыт мыбы къытепкъуэжынур?» – жи.

– Сэри сыкъызэрыпкIэрыхушхуэ щымыIэ... Къэбыстэм хуэдэу сыкъызэтекIыу... Ауэ нобэ, дыгъэ къопс жысIэри, зыспхъэхат.

– УокIупс мы бостеиплIэ кусэ цIыкIур, – жиIэурэ Гуащэхъан гуапэу толъэщIыхь и нысэгъум.

– Ари жьыщIыжын хуейщ. Нартыхум щIыдодзэ, жаIэрэ къаджэмэ, аращ сызэпхъуэну сиIэр. ТIэкIу дыкъыдэхуати, сызыхунэмысауэ къэнэжа тIэкIухэр, бэдрэжан кIасэ жыпIэн, кIэртIофыжь тIэкIу жыпIэн... къесхьэлIэжу арат.

– Дэри аращ. Махуэ зытIущ хъуауэ дэсщ СэIимэтрэ Зэирэтри, жьы Iурыхьэгъуэ естыркъым. Нартыху жаIэрэ хэлъэдэжмэ, мыдэкIэ, умыщIэххэу, къетIэтIэхыу къыщIидзэмэ, кIэртIоф тIэкIур къыхэнэжауэ бжы. Сытми, дыкъеIэ-дынеIэми, и кIэм нэдгъэсащ. ЩыIэж тIэкIур зэхэстIыхьри, иджы фэ къызэщIэфкъуэж, жысIэри сыкъыдэкIащ. Мыбдей сыкъэмысынкIэ Iэмал иIэтэкъым: Iеищэу сигу укъэкIат.

– Ей, Гуащэхъан, ей, угъурлыжь, упсэуащэрэт уэ!

– Абы нэмыщIыжкIи.... ЗэкIэлъыкIуэу сщIэжыркъым, сытепсэлъыхьыжыну... ауэ сынызэропщIыхьар сощIэж.

– Тхьэ, сэри сигу укъэкIатэм, ныхэкIыпIэ згъуэтыртэкъым ахъумэ.

– ПцIы Iейщ! Уигу сыкъэкIамэ, унэкIуэнт. Мис, сэ сыкъэкIуаи, си лъэр къеслъэфэкI пэтрэ, – жи Гуащэхъан, мащIэуи къыпогуфIыкIри: – Ей, сэ сызыхуэзар пщIэрэ? Кацинэ пщIэжрэ?

– Кацинэ сыт сэ щIэзмыщIэжынур: псыхьэ дыкIуэху дызэхуозэ. И Iэхъуамбищ гъуа мыгъуэщ тхьэмыщкIэжьым.

– Ари къызжиIащ.

ЗаулкIэ щымщ зэнысэгъухэр. Иджыпстуи ахэр тыншыпIэ имыхуами, я нэгу щIэкIам елъытауэ...

– ГушыIэ хэлът Кацинэ, – жеIэ Гуащэхъан, – пщIэжрэ, дигъэдыхьэшхын щхьэкIэ абы Бэлдан къыхуигъуэту щытахэр?

– СощIэж, – жи Луцэ, мащIэу дыхьэшхыу. – Зэгуэрым пщампIэ убэлэца...

– Пэжтэмэ, тхьэ...

– ПэжтэIэ? Ауэ сытми бэлацэт а пщампIэр! Ужейбащхъуэу уIуплъамэ, уигъэшынэнт! НтIэ, Кацинэ жери: «Уа, Бэлдан, мы уи пинжакыр дэнэ щебгъэщIар?» Бэлдан мор зыщIэупщIэр зыхуихьынур ищIэртэкъыми: «Дэнэ мыгъуэм щезгъэщIын! Сытми, къысIэрыхьати, хуабэщ, жысIэри, зыщыскъуащ... Сытыт ущIыщIэупщIэр?» «Ан-на, жи модрейм, пщIэркъэ сыщIыщIэупщIэр! Мы уи пщампIэр бэзэрышхуэм щыбгъэлъагъуэрэ, ей,

жылэ махуэ хъун, мыр хэт зейр, жыпIэрэ ущIэупщIэмэ, сыт жаIэнт?» «Тхьэ, сымыщIэ мыгъуэ, жи Бэлдан, сыт жаIэнт?..» «ИгъащIэм уэ зэ къыпIуплъа гуэр а бэзэрым тету щытмэ», жи Кацинэ гуэрым. ИтIанэщ Бэлдан къыщыгурыIуар: «Тхьэм удимыхыжи уэ, сыт жызмыIаи!» Фыз гупыр: «КIыркIыкI-сыркIыкI!» – апхуэдэ зэхахыу, нэгъуэщI хуейт! Абы нэмыщIкIи... Зэгуэрым, къыскIэщIоуIуэри, лъэныкъуэкIэ сыIуеш. Сэ зыгуэр уэзгъэлъагъунущ, жи. «Еплъыт, жи, мо кIэртIофыжьым, еплъи, жыIэт, хэт ар зэщхьыркъабзэр?» Сеплъмэ, пэж дыдэу, кIэртIофыжьыр Iыхьэлейм икIауэ къуабэбжьабэт. Кацинэ: «КхъыIэ, Бэлдан зыри зэхыумыгъэхыж, и жагъуэ сщIыну сыхуейкъым. Ауэ, ещхьыIуэщи, тIэкIу фызгъэдыхьэшхыну арат». Иджы езы тхьэмыщкIэжь мыгъуэр бгыпэм тетщ, джэгуи гушыIи къыфIэмыIуэхужу.

– Сыт бгыпэм щищIэр?

– Маплъэ. И закъуэпцIийщи, зыгуэр къыхуэкIуэмэ, и насыпу.

– И шыпхъуищыр...

– И шыпхъуищри, дауэ ищIми, иритащ, езыр и закъуэ къэнауэ дэсщ.

– А тхьэмыщкIэжь мыгъуэ! Хьэнэ-унэ жиIэми, и шыпхъу нэхъыщIэхэр лIы иритащ. Езыр сыт... Езым хэт къыхуеижт: пабжьэм хэтурэ, алмэсты хъужат!..

– Иджы къыхуэнэжыр зыщи, и унэри и лъапсэри чэщейщыкъум хуэдэу зэрехьэ. Къыщыдэхуэм бгыпэм макIуэри тетщ, плъэуэ, и шыпхъухэм ящыщ гуэрым къыкIэрыхуа гуэр хьэщIэу къыхуэкIуэмэ, и унэжьыр къибгъауэ...

– А тхьэмыщкIэжь мыгъуэ... щищIалэгъуэм ар зылъэгъуахэм ящIэж, абы нэхъ зэкIэлъыкIуэ бригадэ псом хэтакъым... Дэ ди нэгу щIэкIам...

– Пэжщ, тхьэ.

Гуащэхъан:

– Лацэ слъагъуркъыми. ЩыIэкъэ?

– Ари дыгъуэпшыхь и адэ шыпхъум дей ехат. Къэсыжын хуейщ.

– Зэманыр макIуэ. Ныбэм илъу къэнати, иджы хъыджэбз зи шэгъуэ хъуащ. КIасэнэхужь мыгъуэм ар зэрыхъуар илъэгъуатэмэ...

– Гуащэхъан, уэ зэхыумыхауэ пIэрэ, упщIэ пыIэхэм яхэта гуэр иджы дыдэ къэкIуэжауэ жаIэ?

– Тхьэ, зэхэзмыха. Пэжу пIэрэ?..

– Пэжщ, жаIэ. И Iуэхур шыпIыртIэ хъуауэ къекIуэкIри... ИлъэсипщIри игъэвщ, зы шахтым ирагъэкIым, етIуанэм ягъакIуэурэ... Дауэ хъуми, къытехуэри къытемыхуэри ипшынри, къэкIуэжащ, жаIэ.

– НтIэ, ущIэупщIакъэ: хэт щыщ, дэнэ къуажэ?

– Тхьэ, сыщIэупщIа щхьэкIэ, иджыри сымыкIуэфа. Мо ЗекIуэхьэблэм щыщ фыз гуэрым сэ усшэнщ, жери сыкъигъэгугъащи, ар къыщызэджэнум сожьэ.

– Ей, си шыпхъу цIыкIу, – жеIэ Гуащэхъан, тIэкIу мащIэу мэщатэри, – ЗекIуэхьэблэ а фызыр мыхъуу, сэ усшэнкъэ, моуэ и кIапэ дытегъэхьэ закъуэ! Зейр – зыщыщыр къащIэ. Дызэгъусэу дыкIуэнщ. Хэт ищIэрэ, дыдейхэм ящыщ гуэрым и хъыбар ищIэнкIи хъунщ...

Луцэ ищIэрт: и нысэгъу нэхъыжьыр «си шыпхъу цIыкIукIэ» абы къыщеджэ и хабзэр и гуапэ дыдэ къищIыну щыхуейм дежт.

Заул докIри, Гуащэхъан гуэрым:

– ПщIэнукъым, си шыпхъу цIыкIу. Тхьэм ещIэ...

Луцэ:

– СщIэ мыгъуэркъым. Апхуэдиз дэкIауэ...

– ПщIэнукъым.

Зэнысэгъуит Iыр зэрыхэгъаплъэу зы тэлайкIэ щымщ.

ИтIанэ Гуащэхъан, мащIэу къыпогуфIыкIри, жеIэ:

– СщIэркъым, жьы хъури, делэ хэхъухьыжащ, къысхужыпIэнуми ухуитщ. Ауэ жэщыбгым, дэнэ лъэныкъуэкIэ зысIуантIэми сымыжеифу сыкъыщыхэнэхэм дей, мыпхуэдэу си нэгу къыщыщIыхьи къохъу. Мэршал Вэрэшилуфым сригъэблэгъауэ. ЗикI, кIуэаракъэ, хьэщIэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм сапищIу, Iулыджыгшхуэ къысхуищIу, сеIэт, къызохъуэхъу, къызодэхащIэ. КъакIуэ, жи, умыукIытэ, къыдыхьэ, жи, нэхъ жьантIэмкIэ. ТIэкIу къыдбгъэдэс, жи. ИкIи и закъуэкъым: Вэрэшилуфым и бгъуитIымкIэ лIы фафIэ телъыджитI къыбгъэдэсщ, зым нэхърэ зыр нэхъ бжьыфIэжу. Иджы а тIур хэт сымэ жыпIэмэ, зыр Бидонэрщ, адрейр Жукуфырщ. А тIуми, кIуэаракъэ, зэпеуэу сыкъафыхь, зым IэфIыкIэр къызэлъэлъэх сыхьэныр къысхуегъэкIуатэ, адрейм налкъутналмэсу зэщIэлыдэ Iэгубжьэр къысIэщIегъэувэри, фадэ лIэужьыгъуэу мы дунейм щызекIуэр схузэблех, сыхигъадэу. Езы Вэрэшилуфырщи, къызэрысфIэлIыкIыр белджылыуэ, къыстелъэщIыхьурэ: «Ди шыпхъу дотэ! Ди шыпхъу лъапIэ! Дэ Гилътыр хэдгъэщIамэ, ар зи фIыщIэр уэращ, уэ пхуэдэ адрей ди шыпхъу ахъырзэманхэрщ. Дэ, цIыхухъухэм, фIы дыдэу къыдгуроIуэж: зыри тхузэфIэкIынтэкъым, фэ фхуэдэ шыпхъу ди щIыб къыдэту, дагъэгушхуэу, дэ фронтым дыщыIутым мыдэкIэ къызэднэкIа лIы Iуэхури езым я Iуэхури зэдахьу, зыкъытщIамыгъэкъуатэмэ. ФIыщIэри щытхъури зыхуэфащэр фэрщ, ди шыпхъу лъапIэхэрщ. Дауи, фэ фиязыхэзми къилэжьырт мыбдей къатшэу псалъэ дахэ зэхедгъэхыу, фIыщIэ хуэтщIу, саугъэт лъапIэкIэ дыхуэупсэу, фитонкIэ и унэ едгъэшэжыну. АрщхьэкIэ, нобэ, лэжьэгъуэ махуэм, апхуэдизыр зэуэ къытхуегъэблагъэркъыми, уэ зауэ зэман хьэлъэм гугъу ехьа цIыхубз псоми, ди шыпхъу псоми я цIэкIэ, зумыусэгъуэджэу щытмэ, укъедгъэблэгъауэ аращи, абыхэм псоми яжетIащэрэт, захедгъэхащэрэт жыхуэтIэ псалъэ гуапэр уэ бжетIэмэ, уэ зэходгъэхмэ, тфIэзахуэщ. Дэ дыщыгъуазэщ а уи «гузэвэгъуэ куэншыбэми», а уи нартыху кIэчан зэрамыщIэжми. Мэлэдец! ЛIот-тIэ пщIэнур, апхуэдэ зы хэкIыпIэ гуэр къыумыгупсысу! ИкъусыкъужкIэ тэмэму къэбгупсысат! Апхуэдэ хэлъэт уэ уимыIатэмэ, уцIыхубз закъуэу сабий быныр зыхуей хуэбгъэзэфынт, мафIэм зыри иумыгъэсу е псым иумыгъэхьу, адыгэхэм зэрыжаIэу. Уэ уи сабийхэри упIащ, фронтми удэIэпыкъуащ, жэщ уимыIэу, махуэ уимыIэу, лIым хуэдэу, уи къалэн тIуащIэм ткIийуэ упэщIэту. Щи, Гуащэхъан, иджыпсту мы бжьэр доIэт – уи узыншагъэкIэ! Сэ сохъуахъуэ, мы си ныбжьэгъужьхэми си хъуэхъур къыздаIыгъ: дяпэкIэ нэхъыфIымрэ гуфIэгъуэмрэ ди бэу, нэщIэбжьэу диIэнуми кIэ игъуэтарэ хъуэпсапIэ нэхъ ин дыдэу диIэр – ди къэтхэр къытхуэкIуэжыну аращи, уэри, Гуащэхъан, мыгувэу а хъуэпсапIэм IэкIэ утеIэбэну! Ей, Бидонэ! Ей, Жукууф! Фефэт! Сэ жысIамкIэ фыарэзыуэ щытмэ, зы ткIуэпс тIуми къивнэнукъым! Дэ махуэ къэс тхуэлъагъуркъым мы ди шыпхъу лъапIэр!»

Луцэ, и нэр хъурей хъуауэ, жиIэнур имыщIэу, и нысэгъум йоплъ. Гуащэхъан:

– Ей, куэд мэхъу сэ абы дахэу къызжиIар. Иджыпсту сэ а псор схужыIэжрэI Ауэ сытми зы кIапIэ тIэкIу...

Зы тэлай хуэдэкIэ зэнысэгъуитIыр щымщ.

ИтIанэ Гуащэхъан гуэрым:

– Ей, си шыпхъу цIыкIу, уэ дауэ уеплъырэ, Вэрэшилуфым Iуэху сы-

къищIу сримыгъашэми, апхуэдэ зы телъыджэ гуэр къыпыувэн хуейкъэ сэ алъандэм си нэгу щIэкIам?

... Пэж дыдэу, и дуней тетыкIам ещхьу, телъыджэт Гуащэхъан дунейм зэрытекIыжа щIыкIэри. Ауэ ар телъыджэ зыщIыр Ворошиловыр и Iуэхум къыхэIэбауэ аратэкъым, атIэ хэлъэт иIэу, лIыгъэ хэлъу зэрыпсэуам ещхьу, и иужьрей дакъикъэхэми игъэлъэгъуа хэлъэтымрэ лIыгъэмрэщ.

Къагъэзэжакъым зэнысэгъухэм я щхьэгъусэхэм. Илъэсхэр кIуэурэ, япхъухэри ирагъэшащ. Гуащэхъан и къуэ закъуэми кърагъэшащ. Тхьэм иухати, Гуащэхъан и пхъурылъху цIыкIухэри и къуэрылъху цIыкIухэри илъэгъуащ.

Зэрысабийрэ лажьэу еса Гуащэхъан, нэхъ жьыи нэхъ лъэрымыхьи хъуа пэтми, яхуэмыубыду, и унэ хадэм къыпиха кхъужь, мыIэрысэ сыт хуэдэхэр кIарзинкIэхэм ярыз ищIырти, Тырныауз бэзэрым ишэурэ ищэрт. Абы къыщIих ахъшэмкIэ шей, фошыгъу, мафIэдз, сабын – унагъуэр зыхуеину нэгъуэщI хьэпшып е Iэмэпсымэ гуэрхэр къищэхурти къэкIуэжырт. Нэхъапэм и закъуэу яфIэкIуэу щытамэ, иужькIэ, и къуэрылъху цIыкIу Хьэсэн къыдэкIуэтеяти, ар гъусэ хуамыщIу яутIыпщыртэкъым.

Апхуэдэу, зэгуэрым, пхъэщхьэмыщхьэу яIыгъыр ящэри, унагъуэр зыхуеину гуэрхэр къащэхуауэ, автобусису Тырныауз къикIыжырт Гуащэхъанрэ и ныбжькIэ илъэси 10–11-м итын Хьэсэнрэ.

Автобусыр къакIуэурэ, ХьэтIохъущыкъуеймрэ Ислъэмеймрэ я зэхуакум хуэзэу Бахъсэн телъ лъэмыжым къытолъадэ. Пэжыр жыпIэнумэ, езы лъэмыжри абы щыгъуэ Iисрафт, ремонт щIын зэрыхуейрэ куэд щIауэ. Шоферри IэкIуэлъакIуэ дыдэу къыщIэмыкIамэ... А щхьэусыгъуитIыр зы хъужри... автобусыр, къыздэжэм, лъэмыжым епкIащ.

ЦIыху куэд дыди исатэкъым автобусым, ауэ исауэ хъуар, зы фIэкIа къэмынэу, шоферри яхэту, псым итхьэлат.

Псэууэ къэна а зы закъуэр Гуащэхъан и къуэрылъху цIыкIу Хьэсэнт.

Хьэсэн нобэр къыздэсым къыгурыIуащэркъым ар къызэрела щIыкIэр. Абы IупщI дыдэу ещIэж: маршынэр лъэмыжым щехуэхым, и анэшхуэм дежкIэ зидзащ, есыкIэ ищIэрти, зэ псыр игъуэт закъуэмэ, Гуащэхъани къыхихыу, езыри къыхэкIыну и мураду. Ар ищIэж щхьэкIэ...

Хьэсэн и мурадыр къехъулIэн папщIэ, а тIур, и анэшхуэмрэ езымрэ, псым къыщыхутэн хуейт. Ауэ, бжэри щхьэгъубжэхэри гъэбыдати, маршынэр, «щIыкъыкъыкъыкъ» жиIэу, щIэтIысыкI фIэкIа, цIыхухэр хьэжэпхъажэ пэтми, зыри яхузэфIэкIыртэкъым.

Мыхьэжэпхъажэу, зы напIэдэхьеигъуи имыгъэкIуэду, Iуэхум тэмэму егупсысар Гуащэхъан и закъуэщ. Япэ дыдэ меданым абы къыгурыIуат езым и уахътыр къызэрысар: мо физ хьэлъэшхуэр, щIым щытетми зепщыпщэу фIэкIа земыкIуэжыфыр, а зыхэхуам псэууэ къыхэкIыну – апхуэдэ гугъэ щхьэгъэпцIэж хэтыжакъым ар. НэгъуэщIщ Гуащэхъан зэгупсысар: и къуэрылъхур къызэрыригъэлын. Жьы хъуами, лъэрымыхьми, Гуащэхъан и IитIым, къатехуэри къатемыхуэри зыщIэу куэд лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ и IитIым я къарур иджыри кIуэщIатэкъым. ИкIи, и нэр къиху абы къеплъ Хьэсэн зыри къыгурымыIуэ щIыкIэ, Гуащэхъан, уафэхъуэпскIым хуэдэу, пхъуэщ, щхьэгъубжэр Iуиудщ, сабийр, хъыданжэрумэу зэкIуэцIишыхьри, щхьэгъубжэм къыдиутIыпщыкIащ, и щхьэгъубжэ Iууди, и сабий къэпхъуати, и къыдэутIыпщыкIи зыуэ.

Абдеж нэпкъри жыжьэжтэкъым, нэпкъым къытет жыгхэм я къудамэ къуабэбжьабэхэри псым къыхэщIэрти, Хьэсэн, зэрэ-тIэурэ нэхъ зимыгъэ-

хъейуэ, жыг къудамэ гуэр къыIэрыхьащ. ЗыгъэпскIыпIэри абдежрати, щIалэ цIыкIу къызэхуэжэсахэм ящыщ гуэрхэр къапхъуэри яубыдащ. Игъазэу, «Мамэшхуэ, мамэшхуэ!» – жиIэу кIийуэ псым хэпкIэжыну щыхуежьэми, ягъэкIуакъым. АпщIондэху, а зыIэзыбжьэм, автобусым иса адрей псоми я Iуэхур зэрыхъун хъуащ.

Абы лъандэрэ зэмани дэкIащ. Хьэсэн езым иджы унагъуэ иIэщ. И щIалэ нэхъыжьри илъэси 10–11-хэм иту къыщIэкIынщ. Ауэ нобэр къыздэсым и анэшхуэр игу къыщыкIыжкIэ, и нэпсым къызэпежыхь. Дауи, Хьэсэн ищIэу къыщIэкIынщ абы иIа анэшхуэм хуэдэкIэ Тхьэр куэдым къазэрыхуэмыупсэр.

# Кавказым и гъэр

***Къэхъуа Iуэху***

*Фи пащхьэ итлъхьэ мы тхыгъэр къэзыгъуэтыжар КъБКъУ-м и доцент Абазэ Албэчщ. Урысей Федерацэм и тхыль хъумапIэ нэхъыщхьэм зыми гу лъимытауэ иджыри къэс щIэлъа мы рассказым щыгъуазэ дещI 1834 гъэм ди щIыналъэм ипэжыпIэкIэ къыщыхъуа Iуэхум. Тхыгъэм теткъым ар зи Iэдакъэщ IэкIым и цIэ-унэцIэр, Н. М. жиIэу щIэдза къудейуэ аращ. Абазэр иужь итщ тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIыр, абы къыщыгъэлъэгъуа лIыхъужьхэм я цIэ-унэцIэхэр, ар зытепсэлъыхь Iуэхур къыщыхъуа щIыпIэхэр зэхигъэкIыну.*

*Тхыгъэм укъеджа нэужь, нэрылъагъу мэхъу ар зи IэдакъэщIэкIым бгырысхэр фIыуэ илъагъуу зэрыщымытар, а лъагъумыхъуныгъэри а лъэхъэнэм Кавказым щыIа дзэхэм яхэту ар бгырысхэм къеззэуауэ зэрыщытам къызэрыхэкIар. Ауэ, гъэщIэгъуэныращи, абы насыпыншагъэ псор щильагъур бгырысхэм я дежщ, фIэпсэкIуэдыр, лей зытехьэу къильытэр хамэ хэкур зэрызыпхъуэну къэкIуа дзэм и зауэлIхэрщ.*

*Тхыгъэр адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар Уэрэзей Афликщ.*

* * *

Псыжь адрыщIкIэ щыпсэу шэрджэсхэм дезэуауэ, зекIуэ дыкъикIыжырт.

Бжьыхьэр къэблэгъати, дунейр нэщхъейт. Зэшыгъуэу къугъыурэ, жьым къуакIэхэр къызэхижыхьырт, жыгхэм къапына тхьэмпэ гъуэжь закъуэтIакъуэхэр къапигъэлъэлъыжурэ. Уафэр нэщхъыцэт, дыгъэри нэхъ фагъуэ хъу зэпытт. Псыжь и сэмэгурабгъу Iуфэм верст пщыкIутху хуэдизкIэ пэжыжьэ Куп мэз бгъузэм и лъапэм зыщыдгъэпсэхуну дитIысыкIат. Сэ лъэсырыкIуэдзэ батальоным срагъусэт, икIи фIыуэ слъагъу си лъахэм пэIэщIэу апхуэдиз лъандэрэ сыщызэхэзеуэ Псыжь иужь дыдэу зэрыслъагъужым сыщIэгупсысурэ, узижагъуэнитIу сызэшырт.

Дэ дызэрыкIуэр хуэм дыдэурэт, ди ужьым иту зыгуэрхэр къыткIэлъыкIуэрэ къыткIэлъымыкIуэIарэ къэтщIэн щхьэкIэ, зэзэмызи дыкъэувыIэрт. Язынукъуэхэм деж тлъагъурт шынагъуэу къыткIэлъыкIий, шэ фийхэр къыткIэлъызыутIыпщ шэрджэсхэр. Дэ абы десэжакIэт. Сэ щIэх-щIэхыурэ сызэплъэкIт, Кавказ къуршыжьхэм сэлам есхыжу. А бгыжьхэм губжьауэ

къыткIэлъыплъыфэ ятетт. КъыщIэгубжьын щхьэусыгъуи яIэт абыхэм: ауз дахэ дапщэм, щIыпIэ нэщI тщIыуэ, зеиншафэ къатедгъэуа, жызумейхэм я къудамэ лантIэхэм зызрашыхьэкIа жыгеижьхэр зэрыта мэз дапщэм лъапсэрыхыр къахуэдгъэкIуа, мафIэм илынцIа жыг лъэдий пцIанэхэмрэ къуажэ зэтедгъэсхьахэм къыдих сырымэмрэ фIэкI къахуэдмыгъанэу. А псомкIи бгыжьхэм ягу къагъэкIыж къыщIэкIынт гущIэгъуншэу къахуеблэгъа хьэщIэ жагъуэхэр.

Сыт хуэдэу щытми, гупыкIыгъуейт шынагъуэ мыкIуэщIыжыр зыпкърылъ мы лъахэ гъуэзэджэр, итIани зэшыр хэшыпсыхьыжырт лъэбакъуэ тчыху Урысейм нэхъ гъунэгъу дызэрыхуэхъуж гупсысэм.

Си гупсысэхэмкIэ зыгуэрым сыдэгуэшэну гукъыдэж сиIэт. Псэлъэгъу тэмэм къысхуэхъун къэслъыхъуэу гупыр къыщызэхэсплъыхьым, си нэр техуащ  Кавказым куэд щIауэ щызауэхэм ящыщ поручик Б. Ар, зэрихабзэу, нэщхъейт, ауэ и нэгум зэпIэзэрытыгъэрэ зыри къыфIэмыIуэхуфэрэ къищырт.

Куэд щIауэ сыхуейт абы сыдэуэршэрыну. Ар гъэру зэраIыгъам теухуа хъыбархэр куэду, ауэ зэмыщхьурэ яIуэтэжрейт, абыкIэ сыпкърыупщIыхьыну сыщIэхъуэпсырти, иджыпсту къысхукъуэкIа Iэмалыр блэзмыгъэкIыну мурад сощIри, поручикым сыбгъэдохьэ. Ди псалъэмакъыр зыгуэркIэ ублэн хуейти, и шыр тегъэщIапIэ сщIащ.

– Шы бэлыхьщ уи шыр, – жысIащ сэ, – сеплъкIэ зыщызгъэнщIыркъым. Сыт хуэдэ лъэпкъ?

– Къэбэрдейм кърашащ, – жеIэ Б. – Куэд щIауэ сытесщ; мызэ-мытIэу псэзэпылъхьэпIэ сыкърихащ. Ар мыхъуамэ...

Б., и псалъэр зэпигъэури, хьэлъэу хэщэтыкIащ. ЗэрыпIейтеяр щыслъагъум, нэгъуэщIкIэ семыупщIурэ, щыму докIуэ.

Мы дунейм фIэгъэщIэгъуэни хуэшэчыни темытыжу, псэр  зэшыгъуэ абрагъуэм щызэщIиубыдэ щыIэщ. Зи псэр апхуэдэу хъуам цIыхухэм защедзей икIи тегъэупIэу езым и щхьэмрэ и нэщхъеягъуэмрэ фIэкI къыхуэгъуэтыжыркъым. ЩыIэщ гукъэкIыж хьэлъэхэр къыщыптегуплIэ, абыхэм а гузэвэгъуэ дыдэмкIэ узэщIаIулIэу. Ауэ апхуэдэхэм деж псэр хьэзырщ и гуныкъуэгъуэхэмкIэ нэгъуэщIым дэгуэшэну, и хьэлъэр зыщигъэпсынщIэну. Апхуэдэ щытыкIэт иджыпсту Б. зэрытыр. Сэ зызущэхуащ, зыкъыщищIэжыну пIалъэ мор изгъахуэу. И  гупсысэ нэщхъейхэм зарigъэукъэбзыжу, хьэлъэу хэщэтыкIыу и гур нэхъ хуит къищIыжа нэужь, сэ жысIащ:

– Уи гукъэкIыжхэр къыптехьэлъэмэ, ахэр зыщыгъэгъупщэжи,  нобэрей махуэм гукъыдэж нэхъ къуитыжынущ!

– Си дежкIэ нобэрейм и дэрэжэгъуэ лъэпкъ хэлъкъым. Сэ си гур псоми яхуэщIыIэщ; уеблэмэ си дежкIэ нобэрей махуэ лъэпкъ щымыIэххэ хуэдэщ, сыту жыпIэмэ, зыми сыхуейкъым. СыхуеинкIи хъуну сэ зыгуэр? ЗыгуэркIэ селъэIужыфыну сэ иджыри ди Щхьэщыгу къитым, абы етIуанэ гъащIэр къызитыжа нэужь? Хьэуэ, сэ сызэрыпсэури сыщыпсэури ди блэкIар аращ, ди Щхьэщыгу итым фIыщIэ хуэсщIурэ, цIыхухэм сазэрыщыгугъри сызыдалъхьэжын зы пхъэ бэнрэ си кхъащхьэм хасэжын зы пхъэ жоррэщ.

– Сэ зэхэсхащ узыхэта бэлыхьхэм я хъыбар.  ГъэрыпIэм укъызэрикIыжрэ куэд щIа? – сеупщIащ сэ, си гъусэр гупсысэ мыфэмыцхэм къахэсшыжу нэхъ гурыхь гуэрхэм хэсшэн икIи сызыхуей псалъэмакъым къыбгъэдэсшэн  мурадкIэ.

– Пэжщ, гъэру саубыдыгъащ. Ар къызэрыхъурэ сыт щIа? Ауэ иджыри, си IэпкълъэпкъыМ тIэкIу зигъэпсэхужами, бэлыхь телъхэм псэр къаIэщIэкIыфыркъым.

– СыпфIэтхьэщыхьэмэ, къысхуэгъэгъу. Ауэ а псори къызэрекIуэкIам и пэжыпIэр къысхуэпIуэтэфын?

– Къыстохьэлъэ сэ а гукъэкIыжхэр, ауэ уи лъэIур згъэзэщIэнщ, телъыджэу къыпфIэщIынкIэ хъун зы Iуэхугъуэ закъуэкIэ сыкъэбгъэгугъэмэ: си хъыбарыр щысIуэтэжкIэ укъызэмыплъ. Сыхуейкъым наIуэ къэсщIыну сфIэмыфI си гурыщIэхэр си нэгум къибджыкIыну. Сыхуейкъым схуэмыубыду си нэкIум къытелъэдэну нэпсхэр цIыхухэм ялъагъуну икIи ар езыхэр зэрыхуейуэ яIуэтэжыну.

Иджы къедаIуэ.

Дэ Тэрч псым и Iуфэм быдапIэ щыдухуэгъащ. Абы дэст К. полкым хыхьэ ротэр.

Дэ бгыхэм щыдухуа быдапIэхэр плъэгъуа уэ? ЗэтIолъхуэныкъуэхэм хуэдэу зэщхь защIэщ. Зэщхьыркъабзэщ быдапIэхэм дэсхэм я псэукIэри, цIыхухэмрэ дунеймрэ япэIэщIэрэ, щIытI кьетIэкIахэм я кум ираубыдауэ, гугъуехьымрэ зэшыгъуэмрэ я Iэпэгъу зэпыту. Мис арат дэ ди псэукIэр! Апхуэдэ псэукIэм узэхъуэпсэн гуэри хэлъкъым, ауэ псэр зэмысэж щыIэ! Псэр бэшэчщ, щтаучуи бидэщ, сыту жыпIэмэ, абы сыт щыгъуи гугъапIэм и хъуаскIэхэр хэлъщ.

СызиунафэщI гарнизоным къэзакъищэ хэтт. Шууей телъыджэхэу, зауэлI ахъырзэманхэу! Я хьэлкIэ ахэри бгырысхэм ещхьт.

Апхуэдэ зауэлIхэр си гъусэти, шынэ сщIэртэкъым, гузави къасщтэртэкъым. Мис мы шым сытесу Iэджэрэ бгырыс IэубыдыпIэншэхэм сажьэхэуащ, абыхэм ящыщу къэзакъ сэшхуэ жаным къелыр мащIэт.

Сэ бгырысхэм фIыуэ сыкъацIыхурт, пщыхэр къыщысхуеблагъи щыIэу: языныкъуэхэм деж Iуэху мыхьэнэншэ гуэрхэм щхьэкIэ, языныкъуэхэм дежи гъэркIэ дызэрагъэхъуэжэн мурадкIэ. ГъэщIэгъуэнщ, – зыплъыхьакIуэ къудей къыщыкIуэхэри мащIэтэкъым.

Сэри къуажэ гъунэгъухэу жылэ къаугъэншэкIэ дызэджэхэм себлагъэрт, бгырысхэм хьэщIагъэ къызахырт, махъсымэрэ шыгъупIастэкIэ къыспежьэхэрт.

А зэманым Хьэмырзэ лIы цIэрыIуэм и хъыбархэр дэнэкIи щызэIэпахырт. Ар абрэдж жыхуаIэм хуэдэт, нэгъуэщIу жыпIэмэ, мылъкушхуэ зыбгъэдэмылъ шуухей емынэт, хъунщIэныр IэщIагъэ хуэхъуауэ. Езым ещхьу зы гуп цIыкIу зэригъэпэщауэ, Хьэмырзэ и псэупIэр бгыхэрт, Тэрч зэпрыкIрэ хъунщIакIуэ кIуэуэ. Бгырыс псоми хуэдэу плIабгъуэ лIы зэкIуж лъагэм и пэбгым щызэхэкIэж набдзэ фIыцIэ Iувхэм хьэкIэкхъуэкIэ плъэкIэу къащIэлыдыкI нитIым узыпхалыгъукIырт; и нэгу ткIиймрэ и нэкIум щIэгъэлъэда гъуаплъафэмрэ абы къытрагъауэ фэм езы Мефистофель дыдэр ягъэшынэныр зыхуэIуа щыIэтэкъым.

ХъумакIуэ ящIымыгъуу Хьэмырзэ гъуэгум щыIууэмэ, нэгъуей сондэджэр щхьэпсхэм я унэхъугъуэт! Асыхьэтым къыщыщIэдзауэ нэгъуейм я мылъкур Хьэмырзэ ей, я гъащIэр абы и джэгупIэ хъурт.

Сакъыныгъэр зыфIэкIуэд къэзакъ станицэхэми зыгъэунэн къапэплъэртэкъым. Жэщ кIыфIу зыхуагъазэрти, Хьэмырзэрэ и гъусэхэмрэ станицэм щэхуу, блэм ещхьу, епщылIэрт, зэдэууэ заIэтырти теуэрт, мо щхьэмыгъазэхэм я сэшхуэм къыпэщIэхуэ псори лъэрыщIыкI хъурт, хъунщIэпсынщIэету я Iуэхур зэфIагъэкIт, къуентхъышхуэ зыIэрагъэхьэрти, уафэхъуэпскIыу бзэхыжхэрт.

Иджыпсту ныбжесIэнур умыгъэщIагъуэ. Си гарнизоным хэт зауэлIхэр лIыхъужь защIэ пэтми, быдэ и анэ гъыркъым жыхуаIэращи, сэ икъукIэ сысакът. Къэрэгъулхэр жэщым тIуащIэу згъэувырт. Пшапэр зэхэуа нэ-

ужь, быдапIэм, сыт хуэдэ IуэхукIэ къэкIуами, зы бгырыс къыдэдгъэхьэртэкъым.

Псори зэрыщыгъуазэщи, Екатеринодар щыщIэдзауэ Владикавказ нэсыху, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Куржым узэрыкIуэ бгы щхьэдэхыпIэм нэсыху, гъуэгурыкIуэхэр зауэлIхэм яхъумэ. ХъумакIуэхэр а гъуэгум пэгъунэгъу быдапIэхэм дэс зауэлIхэм къыхашырт. Апхуэдэ быдапIэхэм ящыщт сысейри икIи гъуэгурыкIуэхэм зэзэмызэ дыкъагъэбэдзэуэжырт, арщхьэкIэ, тIэкIу дэкIырти, щIытIхэмрэ къуршхэмрэ я зэхуакум дэлъ щымагъ зэшыгъуэм аргуэру дыхилъэфэжырт.

ЩIымахуэр къэсат, уэсыр мыIувыщэу къытрипхъат, къуршыпс псынщIэм и Iуфэхэр къэзыIулIыхьа мыл пIащIэр псым къызэщIигъачэрти, толъкъунхэр нэхъри нэхъ псынщIэжу зэрехьэхырт. Зыгуэрым IэщIэкIыну пIащIэ хуэдэ, жыг къудамэхэм иджыри пыкIэзызыхь тхьэмпэ гъуэжь закъуэтIакъуэхэри жэп зэщIэлыдэхэм, зи хуэлэжыгъуэр къэса цIыхубзым пщIэхэлъ налкъутым хуэдэу, ягъэщIэращIэрт. Псэм зэшыгъуэр къыщIигъэгъуалъхьэу къуакIэхэм жьыр щыкъугъырт. Жьым фийуэ быдапIэм и хъуреягъыр къижыхьурэ, къэрэгъул сакъхэр игъэпIейтейрт. Гъэмахуэм и нэщэнэ телъыджэ псори кIуэдыжати, Казбек и закъуэт и дахагъэ мыкIуэщIыжым къыхэплъыжыр. Абы и мылылъэ щыгур, дыгъэ бзий щIыIэхэм къахэплъэрэ ядэджэгуу, жыжьэу къыщылыдырт. Ар, зи уэлиигъуэр къэсам хуэдэу гуфIэу, зи мылылъэ лъахэшхуэр къызэхэзыплъыхьым ещхьт.

Сэ а бгы абрагъуэр схуэIуэтэщIыртэкъым икIи я нэхъыбэм деж мы щIыпIэ нэщIым зэштегъэу щысхуэхъуфыр абы и закъуэт. Джэдыгу хуабэхэм закIуэцIытшыхьыжауэ хьэкум зеткъузылIэу унэ щIыIэм дыщыщIэсхэм деж быдапIэм зэманыр щыгъэкIуэгъуейт. ЩIыIэм хужьыбзэу игъэщта бжэеIулIхэм яфIэлъ бжэри зэшыгъуэу кIыргъырт, уаем зэхитхыхьа щхьэгъубжэ абджынэ къэчахэм жьыр къыдэфиикIырт.

Апхуэдэ пщыхьэщхьэхэм ящыщ зым си ныбжьэгъу У. сэрэ хьэку гъэплъам дыбгъэдэсу ди Кавказ псэукIэм, Урысейм къэдгъэна ди ныбжьэгъухэм, ди гугъапIэхэм датепсэлъыхьырт...

МафIэ бзий щIыхухэр хьэкум илъ дэпхэм ящхьэщэнауэкIырти, а бзийхэм, язынықъуэхэм деж телъыджэу заIуантIэурэ, я нэхухэмкIэ ди гукъыдэжыр къыщIаIэтэжырт, арщхьэкIэ, ди гугъапIэхэм хуэдабзэу, аргуэру еупIэхыжырт.

Дыхуей-дыхуэмейми, гупсысэ мыфэмыцхэр щхьэм къизэрыуэрт, пIалъэ-пIалъэкIэрэ тIури дызэщIаубыдэрти, дэтхэнэ зыри езым и гупсысэм хилъэфэжауэ дыщыст.

Абы щыгъуэ нэхъ си щIалэгъуэт, си делэгъуэт; си щхьэм илъыр нэгъуэщI гупсысэхэт, си псэр къезыхуэкIри нэгъуэщI зыгуэрт. Сыхуейтэкъым гъэмахуэм сыкъыхэкIыну, сыту жыпIэмэ Кавказым гъэмахуэр зауэлIым щиIутIыжыгъуэ лъэхъэнэщ, гъэмахуэр зэриухыу щIымахуэм и джэбын щIыIэм укIуэцIодиихь.

Уэ ущыгъуазэкъэ зауэм къыпхузэщIиIэтэ гурыщIэхэм, биишэм ихьа уи ныбжьэгъухэм я хьэдэхэр щыплъагъукIэ, гурыщIэр зымыгъэпсэху лъыщIэжым узэригъэпIейтейм?

Уэри бгъэунэхуагъэнщ шы зэщIэплъам утесу бийм уащыхэлъадэкIэ, сэшхуэр щыбгъэдалъэкIэ, уи кIэрахъуэм ажалышэхэр щифиикIкIэ, «Маржэ!» макъ жьгъырум псэр зэригъэпIейтейр, гур къызэрызэщIигъаплъэр... Аращ гъащIэм и пшыналъэ нэс хъужыр, сыту жыпIэмэ, апхуэдэхэм деж уи гъащIэм утемышыныхьыжу, нэгъуэщI шынагъуэ мыIуэтэщI, адрей псори лъэныкъуэ езыгъэз гурыщIэшхуэ гуэрым узэщIеубыдэ. Пэжыр жыпIэ-

мэ, гузэвэгъуэм дежкъэ дэ гъащIэр нэхъ гуащIэу щызыхэтщIэр, псэууэ дунейм дызэрытетым гу щылъыттэжыр?.. Мис апхуэдэ меданхэрщ дэ гъащIэр зищIысым дыщегупсысыр, тыншыгъуэм дыхэсыну къыщытхуихуэ зэзэмызэхэм деж дэ ар дигу къэкIыххэркъым. Апхуэдэщ цIыхум и зэхэлъыкIэр!

УмыгъэщIагъуэ, ауэ унэжь цIыкIум щIэт хьэкум дыздыбгъэдэсым, зэм-зэмкIэри дыхэгупсысыхьурэ, дыщымт. А зы гъуэгум У. япэу къэпсэлъащ.

– Сыт апхуэдизу ущIыхэплъэр? – къызэупщIащ ар. – Сэ зэрысщIэмкIэ, уэ гушыIэн уи жагъуэкъым. Уи гушыIэхэм уафэгъуагъуэ уэшхым щIэту кърикIутэх уэм хуэдэу къызэрылъэлъ я хабзэщ. Нобэ апхуэдизу узыгъэнэщхъейр сыт?

– Дунейр къызэIыхьэным и пэ къихуэу, зи щыгухэр пшэхэм япхыплъыкIыж Iуащхьэмахуи зызэхеуфэ.

– Сыт-тIэ уэ къохьэлIауэ къызэIыхьэнур? Тутыныр уримыкъуу ара? Хьэмэрэ уи гушыIэ хъуэрхэр зыхущIэплъыкIын умыгъуэтыжрэ?

– Сэ сызэресар си сэшхуэр шэрджэсхэм яхущIэслъыкIыущ.

– Уи бзэгур дэ тхущIолъыкI, ара?

– Си бзэгур нэхъ зыхущIэслъыкIыр лы гъэжьа Iыхьэрщ.

– СощIэ, ныбжьэгъу, тхылъым ещхьыркъабзэу, а ерыскъы IэфIри узэримыжагъуэр. ТIумкIи зыбгъэнщIыркъым. Сэ сыкъапщтэмэ, си щхьэр, си ныбэр абыхэмкIэ скудэн сфIэфIкъым.

– Солъагъу, лулэм тутын иубэныр нэхъ пфIэигъуэщ, уи щхьэр пкудэным нэхърэ.

– Сыт хуэдэуи жыIэ, ауэ ар нэхъ шынагъуэншэщ: тутыныр лулэм исыкIыжынущ, Iугъуэри зэбгрихужынущ, лулэм тутыныр ибгъэщэщыжу бгъэкъэбзэж мэхъу, щхьэр апхуэдэу пхуэгъэкъэбзэжынукъым! Тхылъ еджэн щIэбдзэмэ, кIэгъуасэ мышыухэм апхуэдизкIэ щхьэ куцIыр якудэри, ахэр жыхапхъэ гуэркIи къыпхуипхъэнкIыкIыжынукъым.

– Зи щIыхьыр ин! Зы шу гуэр быдапIэ куэбжэм къыIухьащи, уи деж къэдгъэкIуэну мэлъаIуэ, – къыжраIэ си ныбжьэгъум.

– Хэт хъуну езыр?

– Иджыблагъэ дэкIыжа нэгъуейхэм ящыщ хуэдэу фэ тетщ, зи щIыхьыр ин.

– Хэт и нэгъуей? – къыхэкIиикIащ си ныбжьэгъур.

– Мыбы зыгуэр щыщыIэщ, – жесIащ сэ абы. – НакIуэ, дыплъэнщ.

СэшхуэхэР къатщтэри, быдапIэ куэбжэмкIэ дунэтIащ.

Пшапэр зэхэуа нэужь, хэту щытми, хамэ лъэпкъ быдапIэм къыдэдмыгъэхьэ пэтми, мыр къызэрыгуэкI Iуэхухэм зэремыщхьым къыхэкIыу, дэ дгъэувыжа хабзэм дыкъытекIын хуей хъуащ. Шум зэризакъуэр хьэкъ щытщыхъум, ар къыдагъэхьэну унафэ сщIыри, къызэрыдыхьэу къэсцIыхужащ нышэдибэрей нэгъуейхэм зэращыщыр. Ахэр, шы табын зытIущ ящэри, ахъшэфI къаугъуеяуэ, я унэ кIуэжырт. А зэманым Хьэмырзэ Iэгъуэблагъэхэм щызэхэзеуэу хъыбар къэIуати, сэ пщэдджыжьым нэгъуейхэр хъумакIуэ ящIымыгъуу гъуэгу тезмыгъэхьэжыну сыхэтат, ауэ сондэджэрхэр фIыуэ IэщэкIэ зэщIэузэдати, я щхьэ шэсыпIэ щыхуиувэжым, хъумакIуэншэу сутIыпщынхэу сыкъытрагъэхьащ. Абыхэм къащыщIаращ-тIэ.

Ежьэжхэри, верстипщI хуэдизкIэ быдапIэм пэIэщIэ хъуахэу, къуажэ мамыркIэ дызэджэхэм ящыщ зым пэмыжыжьэу загъэпсэхуну зэтеувыIахэщ: мафIэ ящIщ, къетIысэкIхэри я ахъшэр, хэхъуэу къаIэрыхьар зыхуэдизыр ябжу щIадзащ; абы ирихьэлIэу зы шэрджэс къабгъэдыхьэщ,

сэлам къарихри, лулэр зэрыхигъэнэн мафIэ щхьэкIэ къайлъэIуащ, зищIысхэмкIэ, къыздикI, здэкIуэхэмкIэ къапкърыупщIыхьщ, шэсыжри и гъуэгу теувэжащ.

Нэгъуей сондэджэрхэм верститху нэхъыбэ зэпачатэкъым, я ужьымкIэ къыщыIу шы лъэмакъхэр къыщызыхахам, абыхэм шэрджэсипщI хуэдиз къалъэщIыхьэрт.

Нэгъуейхэм ящIыгъу ермэлым занщIэу и гъусэхэм яжриIащ сакъын зэрыхуейр, къалъэщIыхьэ мо шэрджэсхэм дзыхь яхуэпщIыщэ зэрымыхъунур, икIи я фочхэр къагъэхьэзырмэ зэрынэхъыфIыр.

Сондэджэрхэр ермэлым и чэнджэщым арэзы техъуэри, я фочхэр къагъэхьэзырурэ, нэхъ сакъыу я гъуэгум пащащ.

Куэд дэмыкIыу шэрджэсхэр нэгъуей гупым къалъэщIыхьащ икIи абыхэм яхэту къалъэгъуащ зыщагъэпсэхум тутын зыхупагъэна шур. Сондэджэрхэм я гур нэхъ къызэрыгъуэтыжащ, сыту жыпIэмэ, ахэр шэрджэс къаугъэншэхэм ящыщу къалъытащ. Шум абыхэм къадэуэршэру щIидзэри, ермэлым къищынэмыщIауэ, сакъын зэрыхуейр псынщIэ дыдэу псоми ящыгъупщэжащ, я фочхэри фочылъэхэм иралъхьэжри я гъуэгум пащэжащ, шыхэм, сэшхуэхэм, мы щIыпIэхэм пэмыжыжьэу щызэхэзеуэ Хьэмырзэ тепсэлъыхьхэурэ. Ар зэрыгъунэгъум шэрджэсхэри щыхьэт техъуэрт икIи абы зэрызыщахъумэным ехьэлIа чэнджэщ гуэрхэри кърататырт. Арати, гъуэгурыкIуэхэм, къыхэмыщтыкIыу, я гъуэгум пащэрт, зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ, езыхэр куэд зэрыхъумрэ къаугъэншэхэм ящыщу закъезыгъэлъэгъуа шэрджэсхэр къадэIэпыкъунымрэ щыгугъыу. Нэгъуейхэм нэхъапэIуэкIэ нэIуасэ къахуэхъуа шур зэуэзэпсэу гупым яхэжщ, сэшхуэр кърипхъуэтри, сондэджэр къэуIэбжьахэм кIийуэ къапэуващ. Абы зэрищIа дыдэм хуэдэу ящIащ адрей и гъусэхэми. Нэгъуей шынахэр уанэгум кърaудри, напIэзыпIэм зэщIахъунщIащ. ЩIэпхъуэжыну хунэсар ди деж хъыбарегъащIэ нэжа нэгъуейм и закъуэщ. Адрейхэр мо гуп цIыкIум пэувынуи хунэсыххакъым. Ермэлы закъуэрщ фочымкIэ яхэуэну икIи зы уIэгъэ ищIыну хунэсар, ауэ ермэлыри асыхьэтыпцIэм кърагъэпсыхащ. А псоми я ужькIэщ нэгъуейхэм къыщащIар цIыхугъэ къахуэхъуа шэрджэс къаугъэншэр езы Хьэмырзэ дыдэр зэрыарар.

А хъыбарым сызэрыщIэдэIуу, зы къэзакъ гуп хъунщIакIуэхэм пхъэру якIэлъызутIыпщащ. Ауэ, ахэр сыт хуэдизкIэ псынщIэу жами, Хьэмырзэм лъэщIыхьэну я нэхъуейр къикIми, абрэджыр бзэхащ. Къэзакъхэм ягъуэтыжар яхъунщIауэ, я пэр къыпылэлу быдапIэмкIэ къаунэтIыжауэ къэкIуэж нэгъуей сондэджэрхэрщ.

Махуэ зыбжанэ дэкIащ. Япэхэми хуэдэу, зэзэмызэ уэс къесырт, дыгъэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ къыщыкъуэплъым деж, зраубыда гъущI хъарым кърaутIыпщыкIа бзу цIыкIухэм хуэдэу дыкъыщIэжырти, абы и бзий къарууншэхэм зедгъэурт, арщхьэкIэ дыгъэ бзийхэм епIэщIэкIыу загъэпщкIужырт, напIэдэхьеигъуэкIэ къыдата дэрэжэгъуэ тIэкIур тIэщIахыжу загъэпщкIужыну пIащIэхэ нэхъей!

Мартым и пэщIэдзэ махуэхэм ящыщ зым и пщэдджыжьым быдапIэм къекIуэкI щIытIхэм дытету дыздэплъэм, къэтлъэгъуащ Куржы лъэныкъуэмкIэ кIуэ гъуэгум тету зы гуп, абы ирихьэлIэуи къызэхэтхащ быдапIэм дэIукI гуфIэгъуэ кIий макъхэр, «дыдейхэр, дыдейхэр», жаIэрт кIийхэм. ЩIэх дыдэу наIуэ къэхъуащ ар Урысейм кIуэ поштым щIыгъу хъумакIуэхэр зэрыарар. Сэ къэзакъхэм унафэ яхуэсщIащ поштыр зыхъумэхэр яхъуэжу, езыхэр адэкIэ поштым щIыгъуну. Ди тIасхъэщIэххэм хъыбар къытIэрагъэхьат Хьэмырзэ мы Iэшэлъашэм щызэхэзеуэуи, хъумакIуэхэр нэхъ згъэлъэщри, сэ сщIыгъуу къэнар Дон къэзакъхэм ящыщу зыб-

гъупщIрэ лъэсрыкIуэдзэм щыщу зы цIыхуищэ хуэдизрэщ.

Пощтымрэ абы щIыгъухэмрэ замыгъэгувэу я гъуэгу теувэжри, ди быдапIэр аргуэру зэщIэщымэжащ.

Пощтыр ежьэжа нэужь, етIуанэ махуэм и пщэдджыжьым жьыуэ сэ ди гъунэгъу быдапIэм сыкIуэн хуей хъуащ. ШыгуитIрэ фочкIэ зэщIэузэдауэ цIыху тIощI хуэдизрэ зыщIызгъури гъуэгу сытехьащ. Си Iуэхухэр зэфIэзгъэкIри, пщыхьэщхьэм ди быдапIэм дыкъэкIуэжыну дыкъежьэжащ.

Дыгъэр бгыхэм щхьэдэхыжати, Казбек закъуэт пщыхьэщхьэм дыхьэрэн плъыфэу къыхэлыдэр – абы идз ныбжь абрагъуэхэр ауз лъащIэ куухэм щызэбгрипхъырт. Ди шыгу шэрхъхэм уэсыр щIэпсэлъыкIырт, шыхэр пырхъырт. Дэри нэхъ псынщIэу, кIыфI дыдэ мыхъупэ щIыкIэ, унэм дызэрынэсыжыным дыхуэпабгъэрт. КъищынэмыщIауэ, къухьэпIэмкIэ пшэ фIыцIэ хьэлъэхэм зыкъыщызэщIащIэу хуежьати, жьыбгъэшхуэ къыкъуэуэуныр зыхуэIуа щыIэтэкъым.

Псы цIыкIу дызэпрыкIри, Iуащхьэ гуэрым дыдэкIыу щIэддзащ. Мы лъахэм и дэнэ щIыпIэми хуэдэу, мы Iуащхьэ цIыкIуми кхъащхьэжь Iэджэ теплъагъуэрт...

Iуащхьэ щыгум дызэрытехьэу, си хъумакIуэхэм ящыщ зым шынауэ зыкъысхуигъэзащ: «Зи щIыхьыр ин, шэрджэсхэр! Шэрджэсхэр! Куэд Iей мэхъу! КхъыIэ, плъэт, Iуащхьэ цIыкIу къэсыху зыщыплIым я щхьэ къыкъуопIиикI!» Сэ зысплъыхьыну сыкъызэфIэува къудейуэ, фочауэ макъ къэIури, си гъунэгъуу щыт сэлэтхэм ящыщ зым шэр фийуэ блэлъэтащ. «Iэщэр къэвгъэхьэзыр!» – сахэкIиящ хъумакIуэхэм икIи, зы напIэзыпIэм гум дыкъелъэри, мывэ къуагъхэм закъуэдгъэпщкIуащ. Зэхэуэр дублащ. Къытпэувахэр, кIуэарамэ, плIыкIэ нэхъыбэнт. Шэр уэм хуэдэу къыттелъалъэрт: уэри ущыгъуазэщ абыхэм я шэрыуагъым! Ар дэри хьэкъыу тпхыкIащ, икIи, куэд дыдэ дэмыкIыу, дэ тщыщу псэууэ къэнар хы къудейт. Дэ ажалым дегупсысыххэртэкъым, дызыщышынэр гъэр дащIыныр арат; си сэлэтхэр лIыгъэ зыхэлъ защIэти, сэ иджыри сыгугъэрт дыкъелыну, фочауэ макъхэр быдапIэм дэсхэм зэхахыу, дэIэпыкъуэгъу къытхуэкIуэну.

Ар гугъапIэ нэпцIт! Шэр къытIэщIэухэу хуежьащ, шэрджэсхэр нэхъри ерыщ екIуэрт; аргуэру щы тхаукIыкIащ, итIанэ ахэр сэшхуэ къихакIэ къытхэлъэдащ, езы Хьэмырзэ я пашэу.

Дыкъаухъуреихьами, зэрытлъэкIкIэ зытхъумэжырт, иужьрей шэ къытхуэнэжахэм ящыщ зыбжанэ шэрджэсхэм ялъэIэсащ, абы ахэр нэхъри къигъэIэлащ, зэрыгъэкIийуэ къашыргъэм хуэдэу зыкъыдадзри, я лъэбжьанэхэм я жанагъыр зыхуэдэри къэтщIащ. Дишхэр псынщIэу щIатIыкIащ, сэри хъумакIуэхэм ящыщу нэгъуэщI щыи дызэкIуэцIапхэри, шыхэм дытралъхьэжащ. ТекIуэныгъэ къахьам иригуфIэу зэрыгъэкIийуэрэ, бгырысхэм драхужьащ.

Си лъыр къызэщIэплъауэ къэкъуалъэрт. Сызэгуэпауэ сызэщIэкIэзызэрт, хьэщхьэрыIуэм ещхь сыхъуати, Iэпхлъэпхыу сыщымытамэ, си IэкIэ зызэпкърыстхъыжыну сыхьэзырт. Шыр псынщIэу жэрти, абыи бауэкIэщI сыкъищIырт. Асыхьэтым сызэщхьыр зи нэпкъитIым дэубыдэжарэ, къыдэкIыпIэ имыгъуэту, зи толъкъунхэр губжьауэ еукIуриех Тэрчт. И нэпкъхэр нэхъ зэвыху, псыр нэхъри нэхъ мэныкъуакъуэ, ауэ, ар зэщIэзыIулIэ нэпкъхэр икъукIэ быдэщи, зэрыпэлъэщын Iэмал щыIэкъым.

Ауэрэ пшапэр зэхэуапэри, кIыфI хъуащ; уафэр пшэ фIыцIэхэм зэщIакудащ, зыщIигъэхуабжьэурэ, жьыр къуакIэ жыжьэхэм щыфийрт.

Уэс мащIэ кърипхъыхыу щIидзащ; дунейм зыкъызэщIищIэрт. Куэд

дэмыкIыу жьыбгъэм зызэщIигъэхуэбжьащ. Борэнышхуэ къызэрыкъуэхам уэсыр пкъом хуэдэу щIым къытриIэтыкIырти, хьэуа диям щигъэкIэрахъуэрт, лъэныкъуэ псомкIи къыттрипхъэу; жьым жыжьэу къыщигъэIу къугъ дэгур ди хъуреягъкIэ щыIу фий макъхэм яхэзэрыхьыжырт, а псоми кIыфI пхыплъыпIэншэр къахыхьэжырти, шынагъуэм нэхъри нэхъ шынагъуэфэ къытрагъауэрт. Шы гужьеяхэми апщIондэху нэхъри псынщIэ защIырт.

Тэрч Iуфэ дынэсащ, абы и нэпкъ задэхэм уехыну, псы уэрым узэпрыкIыну икъукIэ гугъущ, ауэ бгырысхэм апхуэдэ лъэпощхьэпохэр къафIэIуэхукъым; шэрджэсхэр ину зэрыкIияр псым зэпрыкIыну зэрыхыхьэнум и щыхьэтт; шы къэшынахэр нэпкъым елъэри, псым гъуэгур хуит къытхуищI хуэдэу хъуащ, арщхьэкIэ Тэрч Iэлыжьыр, зыгуэркIэ мыарэзы хуэдэ, губжьауэ къикъуэлъыкIащ... Си щхьэр къэкIэрэхъуащ икIи абы удын гуащIэ къызэрытехуар зыхэсщIащ, адэкIэ зыри сщIэжыркъым...

ЗыкъыщысщIэжам дэ иджыри дыкIуэрт, ауэ лъэбакъуэкIэ. Шэрджэсхэр епсыхати, я шы еша пщIэнтIахэр хуэмурэ бакъуэхэрт, пщIэнтIэпсым и гъуэзыр къащхьэщыту. Сэ гъэр дызыщIахэм ящыщ зым симыгъэджалэу сиIыгът, зыкъызэзыгъэщIэжари арагъэнущ, щIэх-щIэхыурэ къызэIунщIурэ.

Борэныр зэтебэяуащ, уафэми пшэкIэплъ къыщищIу хуежьащ. Сэ зыкъэсщIэжа нэужь, хьэлъэу сыхэщэтыкIащ, абы сэ сщIыгъу сызыхъумэр щыгуфIыкIауэ къысфIэщIащ; ар щыкIийм, и ныбжьэгъухэр псынщIэу къызэхуэжэсри, сэ, лIауэ ялъытар, сызэрыпсэум зэрыщыгуфIыкIхэр къагъэнаIуэу, сыкъаухъуреихьащ.

Аргуэру зы сыхьэт плIанэ хуэдэкIэ лъэбакъуэкIэ дыкIуэри, апщIондэху шыхэми тIэкIу загъэпсэхуати, шэрджэсхэр шэсыжри, ди гъуэгум лъэхъу-лъэущкIэ пытщащ.

ИкIэм-икIэжым зы ауз зэв куу гуэрымкIэ дэтIуантIэри, пшэ фIыцIэ хьэлъэхэр зэрылъ уэгушхуэр къызыщхьэщылъ къыр фIыцIэ лъагэхэм къаухъуреихьа, щIыпIэ-щIыпIэхэмкIэ шэрджэсхэм я унэ цIыкIухэр къызыхэплъ мэз Iувым и лъапэм дыкъыщыхутащ. ЛъащIэмкIэ къуршыпс цIыкIур щыIэуэлъауэрт, тхьэмпэхэр зыпылъэлъыжа жыгей мэзыр къыщынаIуэрт. ИхъуреягъкIэ даущыншагъэр щытепщэт; мыр Хьэмырзэ и хэщIапIэр арат.

Къуажэ цIыкIум дынэсу, хьэ куэдыкIейхэм я банэ макъ зэщIэжьууэхэмкIэ къызэрытIущIэу, хьэ банэ макъым унэм къыщIиша цIыхубз гупышхуэ, сабий цIыкIухэмрэ шэрджэс ныбжьыщIэхэмрэ я гъусэу къытпежьащ, «Джаур! Джаур! Джаур!» - жаIэурэ зэрыгъэкIийхэу. Я хабзэри яIэщIэгъупщыкIауэ, цIыхубзхэр щхьэпцIэу къыщIэжат; щIалэ цIыкIухэм, ди цей кIапэхэм къекъуурэ, зэрыгъэкIийуэ ди нэкIухэм уэсрэ ятIэрэ къраупцIэрт.

ИкIэм-икIэжым, ахэр нэгу зегъэужьынкIэ щрикъум, унэм дыщIашэри, си ныбжьэгъумрэ сэрэ IэхъулъэхъукIэ дызэщIапхащ.

Адрей гъэрхэр шэрджэсхэм яхуэIуэхутхьэбзэщIэну акъылэгъу хъуащ. АрщхьэкIэ куэдыщэри Iуэхутхьэбзэщ Iахэкъым; щIэпхъуэжыну Iэмал зэрагъуэтыххэу, щIэпхъуэжхэри, гъэрыпIэм и бжьы хьэлъэр зыщхьэщахащ.

ДызыщIэсыр ятIагъуэкIэ, е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ятIагъуэрэ вэнвейрэ зэхэлъу зэщIэя чы-бжэгъу унэ кхъахэ цIыкIу гуэрт, ятIэ лъэгурэ щхьэгъубжи хэмылъу, унащхьэри дахэ-дахэу гъэбыдатэкъым; пэш кIуэцIым жьэгу ныкъуэщI хэтт, тетIысхьэпIэ зытIу щIэтт, блынхэм фIэдзапIэ зыбжанэ хэукIат, блынхэри лъэгури фIей дыдэт! АтIэ, иджы уи нэгу къыщIэгъэхьэт

апхуэдэ пэш цIыкIум и кум пкъоитI хэтIарэ абыхэм офицеритI епхыжауэ, лъэгум щикъухьа хьэуазэм теубгъуа сэлэт цейхэм телъу. Уэлбанэ жэщ щIыIэм зэпытча гъуэгуанэшхуэм игъэдия ди Iэпкълъэпкъхэр цейхэм зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми къахуэгъэхуэбэжыртэкъым!

Апхуэдэуи къызыщыгъэхъут а офицеритIым япэмыжыжьэу мафIэм зрагъэууэ, текIуэныгъэ къахьам иригуфIэжу зэхэс хъунщIакIуэ гупыр. А псоми жэщ фагъуэ кIыфIыр хэлъхьэжи, гъэр ящIахэм я щытыкIар зыхуэдэр къыбгурыIуэнщ.

Ауэ уэ ар нэсу къыбгурыIуэну пIэрэ, а Iуэхум хэта цIыхухэм я псэм щыщIар зищIысыр зыхыумыщIауэ?

Гъэрым игу лъащIэ дыдэм нэс иплъи, къэплъагъунщ гухэлъ гуауэхэм, гъэрыпIэм зэрымыщIэкIэ къызэрихутам и гупсысэ хьэлъэхэм, щхьэхуитыныгъэм ехьэлIа и гукъэкIыжхэм абы и гущIэм щрагъэкIуэкI ныкъуакъуэ дэрэжэгъуэншэр. Иплъэ гъэр дызыщIа хъунщIакIуэхэм ягу лъащIэм: абы щыплъагъунщ гуфIэгъуэ, лъым гужьгъэжь, дэ дгъэв бэлыхьхэм кърат дэрэжэгъуэ... Узижагъуэнщ!

Сызыхэхуар куэдрэ си фIэщ хъуакъым. А псори пщIыхьэпIэ хьэлъэу къысфIэщIырт; арщхьэкIэ, сыкъэушмэ, слъагъур гъущI IэхъулъэхъукIэ зэщIэкъуза нахуапIэ гущIэгъуншэрт, гъущI пщэхъур си пщэм илъу екIуэкI зэман хьэлъэрт. Зы жэщрэ махуэрэ дэкIа нэужь, мэжалIэр къыттегуплIэу хуежьащ. Ди IуэхутхьэбзащIэ пэлъытэу ягъэува гъэр урыс щIалэ цIыкIум пщыхьэщхьэм ирихьэлIэу щIакхъуэрэ псырэ къытхуихьащ. А тIэкIуми къызэрымыкIуэу дыщыгуфIыкIащ; а псым нэхърэ нэхъ IэфI мы дунейм ирафу тетым хэмыту къытщыхъуащ, щIакхъуэ пэлъытэу къытхуахьа чыржынри ди дежкIэ ерыскъыуэ щыIэм я нэхъ IэфIт. Шэджагъуашхэуи пщыхьэщхьэшхэуи зэхэлъа а ерыскъы мащIэмкIэ дызэIурыущ, ди сэлэт цейхэр зэтшыхьэкIыжри, лъэгум щикъухьа хьэуазэ мащIэм дыхэгъуэлъхьащ. АпхуэдизкIэ дешат, гугъу дехьати, псэгъэтынш жейм псынщIэ дыдэу дыхилъэфащ.

Си пщIыхьэпIэхэр гужьеигъуэ защIэт; зэм щыхупIэм сехуэх хуэдэт: удын хьэлъэ гуэрхэр къыстехуэ къысфIэщIурэ сыкъызэщыумэ, си хъуреягъкIэ щыслъагъур кIыфIыгъэ пхыплъыпIэншэт. ДызыщIэс лъэхъуэщым и унащхьэ кхъахэм зэзэмызэ къыпхыплъырт уафэ лъащIэ куум щылыд вагъуэр, абы си гугъапIэхэри гу лъащIэм мащIэ дыдэу къыщигъэушыжырт. Лъэхъуэщ кIуэцIым и даущыншэ Iувым щызэхэсхыр гъущI лъэхъухэм я кIыргъ макъымрэ си ныбжьэгъум и гыз хьэлъэхэмрэт...

Схуэмыгъэхъейуэ ешат си Iэхэри, си лъакъуэхэри, нэхъ хьэлъэжу ешат си псэр. ГурыщIэ ешахэр аргуэру чэфыжьыпкъэм хуэдэу къыстехьэлъэжырти, жейм сыхилъэфэжырт.

Махуэ къэс шэрджэсхэр пщэдджыжь нэхулъэм къызэщIэушэрт, я Iэщэр ялъэщIырт, зызэщIаузадэрт, хъумакIуэ къыдбгъэданэрти, ежьэхэрт. ИужькIэ махуэ псом къуажэдэсхэм я Iуэху нэхъыщхьэр дэрат. ЯфIэгъэщIэгъуэну къызэхуэсхэрт, урысхэм еплъыну, къытщыдыхьэшхыну, зэштегъэупIэ дащIыну. Жэщым щIыIэр зыхуэдгъэшэчмэ, махуэм мэжэщIалIагъэмрэ къуажэдэсхэм я ауанымрэ къыттегуплIэрт: а псори щыму ди фэм дэдгъэхуэн хуейт.

Махуэхэр зэщхьыркъабзэу екIуэкIырт. Си ныбжьэгъум и гур иухыжыпати, зиукIыжын гурылъ щIыIэр къыщыхуэкIуи щыIэт, ауэ сэ зэтесIыгъэрт, ди Щхьэщыгу къитым и гущIэгъумрэ псори тэмэм зэрыхъужынумкIэ гугъапIэр хуэзгъэбыдэурэ.

ИкIэм-икIэжым сэ хуит сащIащ быдапIэм дэс си ныбжьэгъухэм яхуэ-

стхыну. Абы папщIэ тхылъымпIэ чэтхъахуэ гуэрхэмрэ шакъэ папщIэу псыкIэ зэхэщIа шэпхърэ къызатащ; перо папщIэу баш псыгъуэ пыупсыкIа къэсщтащ. ИтIанэ шэрджэс тIасхъэщIэххэм (апхуэдэхэр абыхэм я куэдщ) ящыщ зы пощтзехьэ пэлъытэ схуэхъуащ. Сэ сытым хуэдэу си гур хэхъуэрэт мыгувэу сащэхужыну сыкъагъэгугъэу си ныбжьэгъухэм къысхуатхыжам сыкъыщеджэм!

Дауи, сэ къызгурыIуэрт щхьэщэхужыныр куэдым зэрелъытар, итIани угугъэныр сытым щыгъуи гуапэщи, сабийм зэрыджэгу хьэпшыпыр зэригъэщIэращIэм хуэдэу, гугъапIэхэри дгъэщIэращIэурэ, а гугъапIэхэр гъащIэм къызэтригъэщэхэжыху, гугъэ нэпцIхэмкIэ ди щхьэр къэдгъэпцIэжыну сытым щыгъуи дыхьэзырщ. ИтIани, къызэтещэхэжа нэужьи, аргуэру абы и къутахуэхэмкIэ доджэгу. ИкIи аргуэрыжьу абыхэм насыпыфIэ дащIохъукIыж.

Тхьэмахуэ хьэлъищым ди гъащIэм, насыпыншагъэ къызэрытлъыкъуэкIрэ щымысхьыжу кIуэщI ди гъащIэм, икъукIэ куэд дыдэ хагъэщIащ. Чыржынрэ псыуэ фIэкIа зэхэмылъ ди ерыскъыр апхуэдизкIэ къысIэщIэужэгъуати, абыхэм саIуплъэжыфыртэкъым; икIи махуищкIэ си джийм зыри езгъэхатэкъыми, къаруушащэ сыхъуат икIи сызэкIуэцIыгъуэжат. Хьэмырзэ абы гу лъитэри, махуэ гуэрым и ныбжьэгъухэм ящыщ зым щепсалъэм, сэ къызгурыIуащ си гугъу зэращIыр: «Мы урысыр ерыпIынэщ, зыри ишхыркъым, шхын щхьэкIэ лIэнущ, абы зы мэл хуэукIын хуейуэ къыщIэкIынущ». ЗэрыжаIам хуэдэуи, етIуанэ махуэм лы къытхуахьащ, арщхьэкIэ апхуэдэу куэдрэ ди IутIыжакъым.

ЖыIэн хуейщ шэрджэсхэм куэд зэрамышхыр, зэрымыныбаблэр. Нэхъыбэу яшхыр гъэшхэкI, пхъэщхьэмыщхьэ хуэдэхэрщ, чыржынщ, мэлылыр абы я дей щылъапIэщ, щашхри зэзэмызэххэщ. Дэ тхуаукIа мэлым зэрыунагъуэу хэшхыкIырти, ар псынщIэу къаIэщIэухэри, аргуэрыжьти, мэжэлIэн щIэддзэжащ.

Ауэрэ Хьэмырзэ Iуэхуншэныр IэщIэужагъуэри, и сэшхуэр зекIуэм хузэщIилъыкIыу, фочыр игъэкъабзэу хуежьащ.

Пщэдджыжь гуэрым къуажэм дэт Iэуэлъауэшхуэм сыкъигъэушащ, дэ къызэхэтхащ шы лъэмакъ Iэджэхэмрэ шэрджэсхэм я зэрыгъэкIиймрэ: а Iэуэлъауэ псори тIэкIу-тIэкIуурэ тпэIэщIэ хъууэрэ, жыжьэу аузым и щIыпIэ пхыдза гуэрым щызэтебэяуэжыпащ; ар Хьэмырзэ зекIуэ ирагъэжьауэ арат.

ХъунщIакIуэ гупым я Iэтащхьэр щыщымыIа махуэхэм си псэм игъэвамрэ си фэм дэкIамрэ къэсIуэтэжыну сыхуеиххэкъым. А зы гурыщIэ дыдэр зэмыфэгъу защIэурэ си нэгум щIэкIырт, ауэ плъыфэ псори зэщхьу нэщхъеягъуэ защIэт, жэщ кIыфIым хуэдэу япхыплъыгъуейуэ. Жэщ кIыфIыр щIым къыщхьэщыгъуэлъхьэным и пэ къихуэу пщыхьэщхьэ пшэплъыр зэрыкIуэщIым ещхьу, си гъащIэри кIуэщIырт.

IуэхутхьэбзащIэу къытхуагъэкIуа щIалэ цIыкIум зэзэмызэ сепсэлъылIэну Iэмал згъуэтырти, ар гъэр зэрыхъуа щIыкIэмкIэ сыпкърыупщIыхьырт. ТхьэмыщкIэ цIыкIум ищIэж щIагъуэ щыIэтэкъым.

Мазэ дэкIащ. Хьэмырзэ къэкIуэжыртэкъым. Ар зэи апхуэдизрэ къэгувэ хабзэтэкъыми, къуажэм гузавэ къащтащ. СщIэркъым, ауэ сэри сыгузавэрт, къысфIэщIырт си гъащIэр абы куэдкIэ елъытауи, сэри ар къэсыжыным сыпэплъэрт. Хэт ищIэн, кууэ сигу лъащIэм гугъапIэ гуэрхэр щыпIэжьажьэу къыщIэкIынт дыдейхэм теухуауэ хъыбар къысIэрыхьэнкIэ; е си ныбжьэгъухэм ящыщ гуэр згъэв бэлыхьхэм хуэдэ игъэвыну гъусэ къысхуэхъун

гугъапIэ гущIэгъунши сиIэныр зыхуэIуа щыIэтэкъым. Бэлыхь щытелъым деж цIыхур гущIэгъуншэщ.

ИкIэм-икIэжым, махуэ гуэрым къуажэм зы шэрджэс шу къыдэлъэдащ. Псоми къацIыхужащ Хьэмырзэ щIыгъуу ежьа и ныбжьэгъухэм ящыщыр. ЛIым къихьа хъыбарыр зыхуэдэр къащIэным хуэпIащIэу цIыхухэм ар къаухъуреихьырт. Шэрджэсым къызэхуэсахэр нэщхъейуэ къызэхиплъыхьри, Хьэмырзэ и къуэш нэхъыщIэр къыщилъагъум, абы и Iэблэр иубыдри лъэныкъуэкIэ Iуишащ. Сэ псори сфIэгъэщIэгъуэну бжэ дамэдазэм сыдэплъырт, гузавэ къэзыщта си гур Iэджэм жэрт. Шэрджэс цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ гупышхуэу лъэныкъуэкIэ къыщытт, адэкIэ къэхъунум, Iуэхур зэриухыну щIыкIэм шынауэ пэплъэхэу.

Сэ слъагъурт лIы къэкIуам жиIэхэм едаIуэурэ Хьэмырзэ и къуэшыр фагъуэ зэрыхъур, и нэхэр къызэрылыдыр, и дзэ зэтрикъузэхэр зэрызэрышхыр. Иужьым ар къыхэкIиикIри, джэлащ.

ЗекIуэ ежьа нэужь, Тэрч адрыщI тафэхэмрэ аузхэмрэ зыщигъэпщкIуурэ, Хьэмырзэ куэдрэ зэхэзеуащ, къихъунщIэн лъыхъуэу. ИкIэмикIэжым ар тегушхуащ урыс станицэхэм ящыщ зым теуэну. Куэд щIат и сэшхуэм урысылъ зэримыгъажэрэ.

Гъатхэр зэщIэгъэгъакIэт; щхъуантIагъэ Iувыр алэрыбгъу пэлъытэу тафэм тегъуэлъхьат; зэзэмызи уэшх кърикIыхырт, жьы щIыIэр къуршыщхьэхэм къежэхыурэ, жьы къабзэкIэ тафэр игъэбауэрт. Мис апхуэдэ уэшхрилэ жэщ щIыIэ жьапщэхэм ящыщ зым Тэрч пэгъунэгъу Н. станицэм дэс къэзакъхэм куэбжэхэр къагъэбыдэщ, я унэм щIыхьэжхэри, унагъуэ Iуэху кърахуэкIыу щIэтIысхьэжахэщ. Пшапэр зэхэуэри, Урысей жыжьэм зищIысыр ямыщIэ икIи ямыцIыху кIыфI пхыплъыпIэншэ шынагъуэр щIым къыщхьэщыгъуэлъхьащ; сыт хуэдизкIэ уи нэр жанми, лъэбакъуиплщIкIэ упэжыжьэр къэплъагъуфынкIэ Iэмал иIэтэкъым, уеблэмэ хужьыгъэ къэлыдри апхуэдэ кIыфIым егъэпщкIури, ари къыпхуэлъагъунукъым. Апхуэдэт а жэщри. Языныкъуэ къэзакъ унэхэм щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ нэху мащIэ къыщIидзырт, къэзакъхэм я дзапэ уэрэд къыщIэIукIхэм щхьэгъубжэ абджхэм тещащэ уэшхышхуэм и зэрылъэлъ макъыр, къэзакъ цIыхубзхэм ягъэджэрэз цыкIуэкIхэм я зэпIэзэрыт ву макъ зэшыгъуэр, тафэм щыкъугъ жьым и фийр дежьурт. Линейнэ къэзакъхэр фIы дыдэу мэпсэу; зауэмрэ унагъуэ Iуэхухэмрэ сыт щыгъуи я Iэпэгъущ икIи я ныбжьэгъущ. Я IэщIагъэ куэдым абыхэм Iэмал кърат зыхуей ягъуэтрэ зыми щымыщIэу, занщIэу жыпIэмэ, тхъэжу псэуну. Мы къэзакъхэм я нэхъыбэр ипщэ щIыналъэмкIэ щыIэ губерниехэм къиIэпхъукIащи, я хьэлым зауэлI гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ куэд хилъхьами, абыхэм иджыри, жыжьэу пшагъуэм къыхэнэхукIым хуэдэу, урыс хьэлри я псэукIэм къыщонаIуэ.

ИкIэм-икIэжым уэшхым щигъэтащ, ауэ жьым иджыри кIыфI пхыплъыпIэншэм къыщиущыхьырт. Абдежым зэуэ, пшэплъ лъы плъыжьыфэ, унащхьэ хъуреишхуэ жылэм къыщхьэщыгъуэлъхьам ещхьу, къуажэкIэмкIэ дыхьэрэн абрагъуэм зыкъыщиIэташ. Унэхэм ящыщ зым и хьэуазащхьэм къыщIэна мафIэр жьым псынщIэ дыдэу зэбгрихырт. Жьым мафIэ пкъохэр иIэтурэ игъэджэрэзырт, хьэуар мафIэсымэм зэщIищтат. МафIэсыр ягъэункIыфIыну къызэхуэжэсахэм, унэ къауэхэм я зэщIэчэ макъхэм, мафIэм исхэм я гызхэм къахэIуащ станицэм и адрей лъэныкъуэмкIэ къиIукI, гущIэ лъапсэр зыгъэдий кIий макъышхуэхэр; мафIэсыр зыгъэункIыфIхэм къащыхъуат ар мафIэм ис унэхэм къыщIэжа цIыхубз шынахэм я зэрыгъэкIий макъыу; арщхьэкIэ псынщIэ дыдэу цIыхубз гуп къызэхуэжэсри, кIийуэ щIадзащ: «Шэрджэсхэр, шэрджэсхэр!»

ЯщIэнур ямыщIэу зы меданкIэ псори зэщIэдиящ, ящIэртэкъым япэ щIыкIэ мафIэсыр ягъэункIыфIынрэ хъунщIакIуэхэр зытеуа унагъуэхэр кърагъэлыну кIуэнрэ. Ауэ къэзакъ нэхъ хахуэхэм, куэдрэ мыгупсысэу, къуажэкIэмкIэ яунэтIащ. АбыкIэ Хьэмырзэрэ и хъунщIакIуэ гупымрэ щыIэт. Арщхьэкlэ, къэзакъхэр къыкIэрыхуауэ къыщIэкIащ: къахуэхъунщIэр къахъунщIэщ, Iэщу къаIэрыхьэр ирахужьэри, шэрджэсхэр лъэужьыншэу бзэхыжат.

Къэзакъ насыпыншэхэм я гуауэр апхуэдизкIэ инти, езыхэми ягъэщIэгъуэжу, хъунщIакIуэхэм псынщIэу якIэлъыпхъэращ. Жэщрэ махуэкIэ жащ къэзакъхэр. ЕтIуанэ махуэм и нэхущыр аращ ахэр бгым щихьар икIи, уафэмрэ щIымрэ къуэкIыпIэмкIэ нэху мащIэм щызэпигъэщхьэхукIа къудейуэ, гу лъатащ пшэкIэплъыфэ гуэр жыжьэу къызэрыхэнэIукIым; икIи а щIыпIэм нэхъ пэгъунэгъу хъуху, нэхъ IупщI къэхъуу хуежьащ абдеж зыгуэрхэм хэщIапIэ зэращIар.

Пэж дыдэуи, гъуэгуанэ кIыхьымрэ дыгъуасэрей хъунщIэмрэ ирагъэшахэм мэзым зыщагъэпсэхуну зэтеувыIат. МафIэ ящIауэ, я текIуэныгъэм иригуфIэу зэхэст. МафIэм пэгъунэгъуу щыубгъуа щIакIуэхэм телът мо шэрджэс шынагъуэхэр; хъыбархэр ину къэзыIуэтэж макъхэмрэ мафIэм и пIэнкI макъымрэ зэхэзэрыхьыжу. Язынықъуэхэм шыхэр ялъахъэрт, адрейхэм мэл къадыгъуахэр фIагъэжырт, языныкъуэхэми я сэшхуэхэр ягъэкъэбзэжурэ, къахъунщIахэр ягуэшырт. АдэIуэкIэ, мэз лъапэм деж, къэрэгъулхэр щытти, ахэри зэпымыууэ къеплъэкIырт къахъунщIахэр зыгуэшыжхэм ягъажьэ лым и мэ IэфIыр къыздрихымкIэ.

Къэрэгъулхэм куэдрэ зыхуагъэшэчыфакъым икIи, зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыу, ахэри ефэ-ешхэхэм къахэтIысхьэжащ. Ауэ щыхъукIи а зэманым абыхэм я щхьэщыгум щыуфэразэрт лъы щIэжыным хуэпабгъэхэм я губжьым къытришэ пшэ фIыцIэхэр. Къэзакъхэм шэч зытращIар зэрыпэжыр хьэкъ зэращыхъужыххэу, епсыххэри, ефэ-ешхэр щызэхэс лъэныкъуэмкIэ сакъыпэурэ яунэтIащ. Ахэр щысхь лъэпкъ ямыщIэу я лъыщIэж губжьыр занщIэу мобыхэм трагъэпщэхэну хуейт. Ауэ, я насыпти, я унафэщIым и унафэкIэ мащIэу нэхъ щIэужьыхэжхэри, гуп цIыкIур щэхуурэ къаухъуреихьащ. ИужькIэ «маржэшхуэ» макъым щIэту зрачри, я фочхэр яунэщIурэ, шэрджэсхэм ятеуащ.

Сакъыныгъэр зыфIэкIуэда гупым занщIэу зыкъыхуэщIэжакъым икIи, я Iэщэхэр къапхъуэтэну хунэмыс щIыкIэ, я нэхъыбапIэр укIыгъэу иукIуриикIащ. КъапэщIэувэкIэ мыхьэнэ къызэримыкIынур къызыгурыIуа Хьэмырзэ щIэпхъуэжын гугъэкIэ, шым дежкIэ зидзащ, шыр зэрылъэхъа шхуэмылакIэр сэшхуэмкIэ зэпиупщIын мурад иIэу, арщхьэкIэ, сэшхуэпэр шхуэмылакIэм темыхуэу шым и лъакъуэм щыхуэзэм, шы къэщтам зрисащ, зыщрисэм Хьэмырзэ къыжьэхэуэри къыхыфIихуащ. Хьэмырзэ къэтэджыжыну къеIат, ауэ и бгъэгум къытехуа фочышэм щIым триIулIэжащ.

Абдежым къэзакъхэм нэхъри еруууэ адрей шэрджэсхэм зрадзащ икIи псэууэ яIэщIэкIыфар зы закъуэщ. Арат хъыбар гуауэр къуажэм къэзыхьари.

Хьэмырзэ зэраукIам и хъыбарыр щыIум, къуажэм цIыхухъууи цIыхубзуи дэсым зэщIэгъуагэу щIадзащ. Зэрызехьэхэрт, зы унэм къыщIэжрэ адрейм щIэлъадэу. Гуауэр апхуэдизкIэ гущIыхьэ ящыхъуати, мызэ-мытIэуи хуежьащ сэ саукIыну; Хьэмырзэ зэраукIамкIэ ягъэкъуаншэр сэрат.

«Мы джаурым я деж письмо итхащ. Аращ и ныбжьэгъухэм хъыбар езыгъэщIар Хьэмырзэ зекIуэ зэрежьэмкIэ, укIын хуейщ, укIын!» – кIийхэрт ахэр. АрщхьэкIэ, мы Iуэхум си къуаншагъэ лъэпкъ хэлътэкъым.

ИтIани цIыхухэр си дежкIэ къызэрехьэжьэ зэпытт, ауэ Хьэмырзэ и къуэшым ахэр зэтриIыгъэрти, сэ абы хэлъ гущIэгъулыныгъэр згъэщIагъуэрт. Ауэ мыгувэу хьэкъ сщыхъуащ сызэрыщыуэр.

Си Iуэхутхьэбзащlэ щIалэ цIыкIум абыхэм я бзэр фIыуэ къыгурыIуэрти, шэрджэсхэм я псалъэмакъхэри зэзэмызэ къысхуиIуэтэжырт. Сэри я бзэр мащIэу къызгурыIуэу хуежьати, абыхэм сэ стеухуауэ яIэ гуращэр мыгувэу къэсщIащ.

ТхьэмахуитI дэкIмэ, нэщI мазэр къихьэрти, абы и ужькIэ Къурмэныр къэсынут. Къурмэн махуэхэм абыхэм я лIахэр, ящыщу яукIахэр ягу къагъэкIыж. Зыгуэрхэр яукI, иджы мы Къурмэн къэблагъэм сэ сыхаукIэн мурад яIэу арат. АрщхьэкIэ ахэр хуейт иджыри зыкъомрэ бэлыхь страгъэлъыну, сыту жыпIэмэ, я Iэтащхьэр зэраукIамкIэ ягъэкъуаншэр сэрат.

УзижагъуэнитIым и махуэт сэ къыспэплъэр. Къыспэплъэм и гугъу умыщIыххэми, си нобэрей щытыкIэми нэхъ Iеиж уигъэлъыхъуэнт. Хьэмырзэ зэраукIам и хъыбарыр къаIэрыхьа нэужь, дэ нэхъри ткIийуэ къыткIэлъыплъу щIадзат, псом хуэмыдэжу сэ; жэщкIэрэ ди пщэхэм гъущI церпышхуэхэр къралъхьэрти IункIыбзэ иратыжырт, ахэр апхуэдизкIэ хьэлъэти, къыпхуэIэтыртэкъым. Пщыхьэщхьэм ди пщэм церпыр щралъхьэм дызэрыщыта дыдэм хуэдэу нэху дгъэщырт, церп хьэлъэжьым зыдгъэзэну Iэмал къыдиттэкъым; махуэкIэрэ хъунщIакIуэхэм я нэIэ дыщIэт зэпытт, ахэм я псалъэм етIуанэр фIэгъэжын, гъэсын, я лъыр гъэжэн, бэлыхь ятелъхьэн псалъэхэр арат. Дызэрагъашхэр нэхъри нэхъ Iеиж хъуащ: зэкIуэкIыу щIэзыдза кIуэцIфэцI цIынэкIэ дыщагъашхэр нэхъыбэт.

Уи нэгум къыщIэбгъэхьэфынукъым дэ абы щыгъуэ зэщхь дыхъуар: сэ си ныбжьэгъум сеплъыну сышынэрт. Хьэдэм хуэдэу фагъуэт, пхъэ ласкIэу зэкIуэцIыгъуат, и жьакIэр кIыхьышхуэу къекIыхарэ и щхьэц зэщIэкIар зэхэзэрыхьыжауэ, а щхьэц кIырхэм къащIэплъ нэ утхъуаитIыр ерагъкIэ хэплъагъукI къудейт. Ч. тхьэмыщкIэр ерагъкIэ псэлъэф къудейт, и лъэхэр зэблимыхыжыфыххэным нэсат. Сэри абы срещхьыркъабзэт, ауэ нэхъ сыIэчлъэчти, абы нэхърэ нэхъыбэ схуэгъэвырт.

ИкIэм-икIэжым, сэри си гур сухащ: зызукIыжыным сыщегупсыс къэхъурт, ауэ апхуэдэ гупсысэм сызэриIыгъыр зы напIэдэхьеигъуэт, иужькIэ Iичрам къэсхьыжырти, сыхьэт бжыгъэкIэрэ тхьэ селъэIурт!

Тхьэ уелъэIуа нэужь, псэм сыт хуэдэу тыншыгъуэ игъуэтыжрэ!

ТхьэлъэIу нэужьым нэхур уи псэ лъащIэ дыдэм нэс хуэдэщ. ГугъапIэ зэхэмыщIыкIыгъуэр пщIыхь нэбэнэушэм ещхьщ.

УнэIут щIалэ цIыкIум махуэ къэс хъыбар гущIыхьэхэр къысхуихьырт: абы нэщхъейуэ къызжиIэрт си бэлыхьхэр мыгувэу иухыну, укIыкIейуэ саукIыну.

Япэ щIыкIэ си псэр къэскIат, ауэ Тхьэм и гущIэгъум сызэрыщыгугъым Iэмал къызитырт къыспэплъэ шынагъуэм нэхъ сыкъэмыланджэу сежьэну. А псоми къадэкIуэу, сыкъелынкIэ сигъэгугъэу, зы макъ гуэри псэм къыхэIукIырт. Уи фIэщ зэрыхъун!.. Сэ куэдрэ сыпэплъэрт си лъэхъуэщым зыгуэр къакIуэу сыкъригъэлыным. Пушкиным и «Кавказ гъэрым» щитхыжа теплъэгъуэхэр, жыжьэу акъылым хэтIысхьа гугъапIэмрэ гущIэгъулыныгъэмрэ я бзийхэмкIэ зэщIэблауэ си нэгу щIэкIырт. Мис апхуэдэщ поэзие нэсым и къарур!.. Сэ къэхъункIэ мыхъунур къэхъуну си фIэщ хъурт. Си фIэщ хъурт а поэзием къыхэкIыну зыгуэрыр Iэмал имыIэу къысхуэкIуэну.

Зэгуэрым зы гупсысэ гъэщIэгъуэн сигу къэкIащ. Сэ Iуэхутхьэбзэ къысхуэзыщIэ щIалэ цIыкIум селъэIуу щIэздзащ, жэщкIэрэ ди пщэм къралъхьэ

церпхэм ират IункIыбзэм и IункIыбзэIухыр Хьэмырзэ и къуэшым къыфIидыгъуну, IункIыбзэIухыр сыт щыгъуи абы и пIэщхьагъым щIэлът. Сэ си мурадт ныкъуэлIэ пэлъытэ хъуа Ч. зэрепха церпым къыIэщIэзгъэкIыу, ди гъусэу жейуэ унэм щIэлъ шэрджэсхэр фIэдгъэжу дыщIэпхъуэжыну.

Абы щыгъуэ апхуэдэ мурадыр сэ акъылыншагъэу къысфIэщIыртэкъым. АтIэми, апхуэдэщ цIыхур: гъащIэр зэи хуэмыдэжу абы IэфI къыщыIэщIэхъуэр а гъащIэр нэгъуэщIым трихыну яужь къыщихьэм дежщ. Сыпэплъэрт щIалэ цIыкIум IункIыбзэIухыр къысхуихьыным, арщхьэкIэ къиихьыртэкъым. Пшапэр зэхэуащ, ауэ щIалэ цIыкIур къыкъуэкIыртэкъым.

Ежьэн зэпытым сригъэшащ. Псэм пыIэпIэ зэримыгъуэтым сыщIигъалIэри, схуэмыхьыжу жей IэфIым сыхилъэфащ.

ЩIалэ цIыкIур пщэдджыжьми къыкъуэкIакъым икIи сэ ар афIэкIа слъагъужакъым. КъызэрысфIэщIымкIэ, сэ къыспыщIауэ шэч хуащIамэ, шынэри щIэпхъуэжауэ арат. Апхуэдэущ а Iуэхур иужькIэ къызэрысхуаIуэтэжари.

Къуажэм махуэ къэс къурIэнаджэ гуэрхэр щащIырт. Пщэдджыжь къэс шэрджэсхэр дэ дыщаIыгъ унэм къыщызэхуэсырти, я унафэщI яукIам тхьэ хуелъэIухэрт. Молэр и кум иувэрти, хуэмурэ КъурIэным къеджэрт, мыдрейхэм ар къаухъуреихьауэ щытт, молэр къызэджэр ину жаIэжурэ. Тхьэ щелъэIум деж, зыгуэрхэр жаIэу къыхэкIиикIыурэ, ахэр зэзэмызэ си дежкIэ къаплъэрт; абыхэм жаIэр къызгурыIуэртэкъым, ауэ я нэгум къиIуатэмкIэ зыхэсщIэрт гыбзафэ шынагъуэхэр зэрысхуагъэшыр.

А зэман дыдэм ирихьэлIэу Хьэмырзэ и Iыхьлы, благъэ цIыхубзхэр абы и фызым деж щызэхуэсырти, гум имыхуж я Iэтащхьэр ягъейрт. Абыхэм я гуауэр гъуэгышхуэрэ кIий макъ инхэмкIэ къагъэнаIуэрт. А зэрыгъэкIий, зэщIэгъуагэ куэдым си тхьэкIумэри си псэри яужьыгури ягъэундэрэбжьат. НэгъуэщIым и гуауэр и гуфIэгъуэм нэхърэ нэхъ псынщIэу зыхыдощIэ дэ. НэгъуэщIхэм ягъэв бэлыхьым уэ бгъэвахэри гум къегъэкIыж, къыппэщылъхэри нэгум къыщIегъэувэри, псэ лъащIэм нэщхъеягъуэ хьэлъэр къыщIегъэгъуалъхьэ. Сэ тIуащIэу згъэвырт а бэлыхьыр, махуэ къэс тIэу а тхьэлъэIухэр щащIкIэ икIи, зызумысыжынщи, ахэр си дежкIэ бэлыхь мыкIуэщIыжт.

Тхьэмахуэ дэкIащ. Хъыбар къэIуащ урысхэр сэ сыкърагъэлыну къакIуэ хуэдэу. Псори зэрыгъэпIейтеящ, зэрыкъуажэу зэрыIэтри, аузым дэту ежьащ. ШэрджэсылIхэр шухэт. Я физхэмрэ сабийхэмрэ выгухэмрэ шызакъуэгухэмрэ ист. Си ныбжьэгъумрэ сэрэ аргуэру шыхэм дыкIэрапхащ. Сэ иджыри гъусэ къысхуащIар гъэр сыщащIам къыскIэлъыплъу сщIыгъуа шэрджэсырт. Абы зэреджэр Икъэт.

Ауз зэв гъуэгу гугъухэмрэ бгы щхьэдэхыпIэ хьэлъэхэмрэ драгъэшауэ, пщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу Шэшэным дынэсащ. Шэшэнхэр бгырысхэм ящыщу нэхъ къанлы, гущIэгъуншэ дыдэщ. Дэ щIыунэ гуэрым дыщIадзэри, аргуэру церпкIэ дызэкIуэцIапхащ, аргуэру цIыхубзхэм я зэрыгъэкIий макъыу ди щхьэр щIыдэзыгъэхьэу зыкъызэредгъэлыну щIыкIэр къытхуэмыщIэм къыщIидзэжащ, псэхупIэ къыдимыту. ДымэжэлIэщауэ ди кIуэцIыр кърьиIуэнтIыкIырт. Сэ ерагъпсэрагъкIэ сызэфIэтт, сызэрыпсалъэри ерагъмыгъуейт, сылIэу къысщыхъужырт, ауэ си фIэщи хъурт иджыри мы дунейм сыщыпсэуну.

– Пщэдейрей махуэм зыхуэгъэхьэзыр, урыс, – ткIийуэ къызжиIащ Икъэ, пщыхьэщхьэ гуэрым гъущI церпыр си пщэм кърaлъхьэну щIыунэм ныщIыхьауэ.

– Зыгъэхьэзыр! – къытригъэзэжащ абы и псалъэм псэм къиIукIа гуфIэгъуэ макъкIэ.

Ди щIыунэм хэлъ бжэ цIыкIу зэIухамкIэ сыщIэплъри, уафэгум сиплъащ; ар бзыгъэт, вагъуэхэр блэрт; гукIэ тхьэ селъэIури, церпыр спщIэхэхужа къыпщыхъуну, си псэм нэхъ тыншыгъуэ игъуэтащ, щхьэхуит сыхъужыпам хуэдэу.

Хьэмырзэ и къуэшым си пщэм къришыхьэкIа церпым IункIыбзэ иритыжу церп кIапэр си пащхьэм къыщридзэжым, макъ шынагъуэ ищIу, ар лъэгум ихуащ. Бжэр щыхуащIыжам гъащIэм, дунейм пэIэщIэ дыдэ дащIа пэлъытэу къытщыхъужащ. Си щIыфэр зэщIэтхытхэри, шынагъуэм сызэщIиубыдащ. Асыхьэтым ди щIыунэм гъы макъ щызэхэсхащ; ар си ныбжьэгъур гъыуэ арат. Ауэ сэ къысщыхъуащ ар сэр щхьэкIэ тхьэ елъэIу хуэдэу. Сэри тхьэлъэIукIэ уафэмкIэ зызгъэзащ. Си псэри нэхъ тесабыращ. ИтIанэ сэ нэхърэ IэджэкIэ нэхъ Iейуэ зи гур зыухыжа си ныбжьэгъур згъэудэIуу щIэздзащ. Сэ абы, уэсят пэлъытэу, селъэIуащ икIи тхьэ езгъэIуащ си кхъащхьэм жор щыхисэну.

КIыфI хъуат. Къуажэр зэгъэжат. Си жеин къакIуэрти, псынщIэу сыхилъэфащ. Куэдрэ сыжея – мащIэрэ сыжея – сщIэжыркъым; сщIэжыркъым ажалыр Iэгъуэ къызыхуэхъуа си щхьэм щызэблэкIа пщIыхь псори: сщIэжыр ахэр икъукIэ шынагъуэу зэрыщытамрэ зы цIыхубз щIалэ гуэрым, гущIэгъу къысхуищIу къызэплъам, зи Iэхэр къысхуэзышиям и ныбжьыр къызэрысхуэкIуарщ. Сэ сыгуфIэу абы къиишия Iэр къэспхъуэтат, ауэ си IэмыщIэм къихутар лъыр къызыпыж цIыхубзыщхьэ къыпаупщIарщ. Сэ а щхьэ дахэм ба хуэсщIу щIэздзащ. Абы и Iупэ дыхьэрэнхэр зэтекIри, и дзэ хужьыбзэхэр къыIупсащ, и нэгум гуфIэ нэхур къыщызэщIэблэри, щхьэр къэпсэлъащ! «Узыншэу! Узыншэу!» – жиIащ абы, и Iупэхэр си тхьэкIумэм кърихьэлIэри. Сэ ар си бгъэм ескъузылIэри, гущIыхьэу сыгъыу щIэздзащ. Асыхьэтым сыкъэушыну сыхуейт, ауэ жей хьэлъэм сыкъыIэщIэкIыну схузэфIэкIыртэкъым. Сэ къысщыхъурт си бгъэм зы хьэлъэ шынагъуэ гуэр къытегуплIарэ сызэхипIытIэнкIэ сигъэшынэу: ар а щхьэ дыдэрат; абы джэгупIэ сыкъищIам хуэдэт, зэм дыхьэшхырт, зэм губжьырт, лъы нэпс къыщIэжу дыхьэшхырт. ИкIэм-икIэжым, абы ба къысхуищIащ, ипэжыпIэкIэ жыпIэнумэ, къызэдзэкъащ.

ЗанщIэу сыкъэушащ.

МафIэ лыгъэ щIадзам хуэдэу, си натIэр плъыржьэрт, си Iупэхэр гъущIат, си бзэгур си жьэ кIуэцIым кIэрыпщIэжат. ПщIыхьэпIэ шынагъуэм къыщысхуащIа ба пщтырыр иджыри зыхэсщIэ хуэдэт. Тхьэм ищIэнщ а пщIыхь шынагъуэр къызыхэкIар, – си плъыржьэрыгъэр е церпым щикъузыкIа си пщэм и зэранкIэ си щхьэм лъы куэдыIуэ зэрыдэуеяр арауэ къыщIэкIынт. ИтIанэ сэ псынщIэ дыдэу къызгурыIуащ псори къызыхэкIар щIыIэр зэрыарар. УзижагъуэнитIу сыпIыщIат. Ди щIыунэ кIуэцIым хьэуар щыпсыIэт, жэщри гъэм и мыпхуэдэ зэманым и нэхъ щIыIэхэм ящыщт. Си цеижь тIэкIум, Iэмал зэриIэкIэ, нэхъыфIыIуэу зыкIуэцIысшыхьыжыну сыхуейт. ЕрагъмыгъуейкIэ сыкъызэфIэтIысхьэри, сыIэбэрабэурэ цей къуакIэр къэслъыхъуэу щIэздзащ, ар зытезубгъуэн мурадкIэ: абдежым зы быдэ гуэр къысIэрыхьащ. Сопэщэщ, къэсIэтрэ сеплъмэ, къызоцIыхуж... Ди Тхьэ!.. къызоцIыхуж IункIыбзэIухыр! Си церпым ират IункIыбзэм и IункIыбзэIухыр!..

СызэщIокIэзызэ. Си фIэщ схуэщIыжыркъым. ПщIыхьэпIэм щыслъэгъуа?.. А щхьэр?.. А цIыхубзыр?.. Си гупсысэхэр зэхэзэрыхьыжащ. Делэ сыхъуам хуэдэт.

– Ныбжьэгъу! Си къуэш!.. дэ ажалым дыкъол. Мис IункIыбзэIухыр! Зыри жумыIэу зыущэху!

Аращ схузэфIэкIари жесIэну си псалъэхэр телъыджэлажьэ зыщыхъуа Ч. Абы и фIэщ сыхъуртэкъым, си акъылым сикIа къыфIэщIауэ, сигъэудэIуну хэтт. Ауэ церпыр зыпщIэхэзгъэхужу IункIыбзэIухыр сIыгъыу и пащхьэм сыщиувэм, Ч. насыпыншэм и щхьэр кIэрахъуэри къэджэлащ – гуфIэгъуэшхуэ къыттезэрыгуар хуэхьакъым! АпщIондэху сэ абы и церпым и IункIыбзэри Iусхщ, церпыр лъэныкъуэкIэ хыфIэздзэри, фалъэм къинэжа псы тIэкIур щытезутхэм, абы зыкърригъэщIэжащ. ЗыкъищIэжу, и хьэуазэпIэм къыхэтэджыкIыу къыщызэфIэувэм, IэплIэ зэхуэтщIащ! ГуфIэгъуэ нэпсхэр къытфIыщIикIутыкIырт!

ЗыпIэжьэ хъунутэкъым. Иджы дэ дыкъелыныр зэлъытыжар дэрат. Лъэхъуэщым псынщIэу икIын хуейт. ЗанщIэу къыттезэрыгуа гуфIэгъуэр мащIэу зэрыщIэупщIыIуэу, Iуэхум иужь дихьащ. Ди щIыунэр, Iэпхъуэшапхъуэу псэухэм я адрей ухуэныгъэхэми хуэдэу, кхъахэ гуэрт. Сыт хуэдизкIэ ди къарур тщIэкIами, дыуэдыкъуами, бжэр хэттхъыфри, зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыу хуит дыхъуащ.

Хуит дыхъуащ, ди Щхьэщыгу итым и фIыгъэкIэ, уафэшхуэ щIагъым щхьэхуиту дыкъыщIэхутэжащ. Сыт хуэдиз гуфIэгъуэ зэрихьэрэт псэм! ЩIым зыхэздзэри, си Iупэхэр щIылъэм тескъузауэ сыгъырт икIи сыхуейт псори мамыррэ зэкъуэшхэу зэдэпсэуну, къуэкIыпIэм къыщыщIэдзауэ къухьэпIэм нэс псори си бгъэгум щIэскъузэну!

Лъэхъуэщым и хьэуа хьэлъэм къыхэкIыу мо жьы къабзэ гуакIуэм къыхэхутахэм ар гум щызу зыжьэдэтшэрт, хьэуа къабзэ дызыщыужам апхуэдизкIэ ди щхьэр игъэунэзати, ди лъэхэр ерагъыу зэблэтхыф къудейт; ауэ зы Iэ нэрымылъагъу гуэрым и къарум дызэщIиубыдэрти дишэрт Тхьэ IэмыркIэ икIи къаруи къытхилъхьэжырт. Зы дакъикъэ хуэдэкIэ зызмыщIэжу сыщылъауэ, сыкъызэщыужри, лъэхъуэщым сыщашэм щыгъуэ сигу изубыда лъагъуэм сытету сежьащ. Ч.-и си ужьым ниуващ. Сэ къэсцIыхуат ахъшэ щхьэкIэ сытри пхуэзыщIэфыну шэшэнхэм я хьэлыр, абы къыхэкIыуи мурад сщIащ къуажэ нэхъ гъунэгъу дыдэм нэс дыкIуэу, дыкърагъэлмэ, ахъшэфIкIэ къэзгъэгугъэну.

Пхъэр къызэрыткIэлъежьэнум шэч къыщIытепхьэн щыIэтэкъым, абы къыхэкIыуи мэз Iувым и къуэ кIыфI гуэрым нэхъ псынщIэу дызэрынэсыным дыхущIэкъурт, зэман гуэркIэ зыщыдгъэпщкIун папщIэ. Уеблэмэ нэхущым ирихьэлIэу къуажэ гуэрым ди нэсыкIа хъунуми сегупсысырт.

Япэ щIыкIэ си ныбжьэгъумрэ сэрэ зэгъусэурэ дыкIуащ, ауэ пщэдджыжь уэсэпсым игъэтхьэхуа удзым ди лъэужьхэр IупщIыщэу къызэрытещым гу лъыттэжщ, жыжьаплъэу къыхэныбжькIыкI чыцэ мэзым дыщызэхуэзэжыну дызэгурыIуэри, щхьэхуэ-щхьэхуэу ди гъуэгум пытщащ.

Апхуэдэурэ зы къуэкIий цIыкIу гуэрым сынэсащ, ауэ абы фIыуэ сигъэпщкIуфынутэкъыми, адэкIи сымыкIуэу хъунутэкъым. АрщхьэкIэ къарур къысIэщIэухат.

МащIэу сыбэуэну сыкъэувыIащ. СыкъызэплъэкIри, Ч. къысхуэлъагъужакъым, абы пабжьэм зыхигъэпщкIуат, арщхьэкIэ сэ си лъэужьыр IупщIыIуэу къыхэнэхукIырти, абы шынагъуэу къысхуихьыр зыхуэдизыр зэпэслъытащ.

Гъуэгум пысщэну, Iэмал зэриIэкIи си лъэужьыр хэзгъэзэрыхьыну мурад сщIащ: зэм гъурц гъущэхэм сатеувэрт, зэм пабжьэхэм хъурейуэ къапэскIухьырт. Зэми жыг уахэм сатетурэ сыкIуэрт. ИкIэм-икIэжым псыежэх цIыкIу сыхуэзэри, зыкъомрэ псым сыхэту сыкIуащ, итIанэ псы

Iуфэм Iулъ мывэхэм сатеувэурэ гъуэгум хэзгъэщIу щIэздзащ. Сэ а псори хъарзынэу къызэхъулIащ икIи си лъэужьыр, псы Iуфэм къэмыс щIыкIэ, гъурцхэмрэ пабжьэхэмрэ хэкIуэдэжырт.

Ауэрэ сэри къарууншэ дыдэ сыхъуащ; си лъакъуэ зэхэубэрэжьахэр уIэгъэ защIэт, атIэми я гъэрхэр къыхуагъанэ щымыIэу зыхъунщIэ шэрджэсхэм си вакъэхэри страхауэ сылъапцIэт; сыпIыщIэурэ сыдыкъауэ сыкIэзызырт: нэхъ псынщIагъуэ сыхъун щхьэкIэ, си цей тIэкIури лъэхъуэщым къыщIэзнауэ зы джанэ закъуэрэ джанэ щIагъщIэлърэ фIэкI сщыгътэкъым. Уеблэмэ пыIи сщхьэрыгътэкъым.

Лъэбакъуэ къэс си къарур жэщIырти, иджы си лъэхэр ерагъмыгъуейуэт зэрызэблэсхыр. Абдежым, сыпэмыплъэххауэ, Iэуэлъауэ шынагъуэ къызэхэсхащ. Шэрджэсхэм, абыхэм я фызхэм, я сабийхэм я  зэрыгъэкIий макъымрэ сэ сыкъалъыхъуэн папщIэ мэзым къыщIаутIыпщхьа хьэхэм я банэ макъхэмрэ уагъэгужьейуэ зэхэзэрыхьыжырт. Апхуэдэ Iэмалыр шэрджэсхэм куэдрэ къагъэсэбэп бийм и хэщIапIэр къащIэн, я къуажэхэм зэрымыщIэкIэ бийр къытемыуэн папщIэ. Бгы зэхуакухэм дащIыхьа ди языныкъуэ быдапIэхэми хьэхэр къыщагъэсэбэп. Ахэр куэдыжьу яIэщи, жэщкIэрэ быдапIэм къыдаутIыпщыкI.  А къэрэгъул Iэзэхэм быдапIэ щIытIхэр къызэхахыхьурэ, зыгуэр гъунэгъу къыхуэхъуамэ, банэ макъкIэ хъыбар уагъащIэри, уащхъуэдэмыщхъуэу къыптеуэн бгырысхэм яхузэфIэкIыжыркъым.

Мэзым къыщIэIукI зэрыгъэкIий макъхэм къызгурагъэIуащ пхъэрхэр си лъэужьым къызэрытеувар икIи зэхэсхырт ахэр кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къызэрысхуэхъур.

Сэ иджыри псы Iуфэм сыIутт икIи адэкIэ сыкIуэну къару сиIэжтэкъым, си лъэр къарууншагъэмрэ бий кIэрыуфIыцIхэм саубыдынкIэ щыIэ шынагъуэмрэ нэхъри щIагъащIэрт. Пхъэ дакъэжь ныкъуэс гуэрым и гъунэгъуу сыукIуриияуэ сыщылъти, мыбдеж си натIэм къритхам сыщыпэплъэн нэмыщI, нэгъуэщI гугъапIэ сиIэтэкъым; зыслъытэжырт сыкъелын папщIэ схузэфIэкIыну псор сщIауэ, ауэ Тхьэм зэрынэхъ фIэIэмырыр мырауэ къыщIэкIынт. АтIэми, сыщысынуи къызэхьэлъэкIырти, сыгъуэлъыну сыхуежьэрт, арщхьэкIэ къуацэ-чыцэхэм ятет банэхэр къысхэуэрт. Спэмыжыжьэу хуей цIыкIум жыгитI къэуауэ илъу къэслъагъури, абы нэс сыпщу къысхуиухам абдежым сыщыпэплъэну мурад сщIащ.

Къысхуэнэжа къару тIэкIур зэхуэсхьэсыжри, а жыгхэм нэс сыпщащ икIи гу лъыстащ а тIум я зэхуакум щIы щабэм утелъу удэлъыну зэрынэхъ тыншым. ЖыгитIым я зым сыщхьэдэпщыхри, я кум сыдэгъуэлъхьащ, зыми сыкъимылъагъун хуэдэу. Сэ а псори, къызгурымыIуэжу, псэм зыхищIэм къысхуищI унафэм сытетурэ зэфIэзгъэкIащ; сыту жыпIэмэ сыкъызэрелын нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэтэкъым. КъищынэмыщIауи, сэ апхуэдэ гупсысэм иджы къытезгъэзэжыртэкъым.

 Пхъэр гупым, мыгувэу псым къызэпрыкIри, адрыщI IуфэмкIэ мэзым зыщракъухьащ.

Шэрджэс цIыхубз ешахэм, сэ зи яку сыдэлъ жыг къэуахэм хуэдэ дыдэхэм деж щетIысэхырти, загъэпсэхурт, жьы Iурыхьэгъуэ ягъуэтыху. Хьэ яутIыпщахэм, зэщIэбанэурэ, дэнэкIи къызэхажыхьырт, ауэ абыхэм ящыщу зыри сэ сыздэщылъымкIэ къэкIуакъым, шэрджэс цIыхубзхэр уэршэрт, зэрыхуэбгъэфэщэнумкIэ, зытепсэлъыхьыр сэрат.

Апхуэдэурэ сыхьэт плIанэ хуэдиз дэкIащ. ЦIыхубз пIыщIахэм хуей цIыкIум деж мафIэ щащIу щIадзащ, тIэкIу загъэхуэбэжыну. Ахэр мафIэм къетIысэкIащ, апщIондэху цIыхухъухэр Iэгъуэблагъэхэм щызэбгрыкIри,

я псалъэмакъхэри спэIэщIэ хъуууэ хуежьащ. ИтIанэ цIыхубзхэри абыхэм якIэлъежьащ.

ЩIалэ цIыкIу зыщIыгъу зы цIыхубз закъуэщ къэнар. ЩIалэ цIыкIум пхъэ гъур къыщыпурэ мафIэм пэридзэрт. А цIыкIур сэ сызыкъуэлъ жыгхэм щIэх-щIэхыурэ къежалIэрти, къудамэ гъуахэр къыгуищIыкIыну хуежьэрт, уеблэмэ зэ  и пыIэ плъыжь цIыкIур зэрымыщIэкIэ къыщхьэрыхури си нэкIум къыхуащ. Ар къыщтэжыну зыкъыщригъэзыхым, сэ сыкъилъэгъуащ!.. Къэшынэри, кIийуэ щIидзащ: «Капитан! Капитан!» Арат сэ къуажэм къызэрыщызэджэр.

ЦIыхубзри, щIалэ цIыкIум и гъусэу, щIэпхъуащ, и тхьэ къызэрихькIэ «Капитан! Капитан!» жиIэу кIийуэрэ.

ХэкIыпIэншагъэм сэ аргуэру къысхилъхьащ си зыгъэпщкIупIэм сыкъикIыу щIыбкIэ сижурэ пабжьэ Iувым сызэрыхэлъэдэн къару; ижьырабгъумкIэ тесIуантIэщ, аргуэру тIэкIурэ сыжэри, гъурцкIэ щIэхъума мащэм сихуащ. Абдежым къарур къысIэщIэухапэри, къэтэджыжын Iуэху къесхуэкIыжакъым.

Гъэр щIэпхъуэжар зэралъэгъуар  зэхэзыха шэрджэсхэр сыздэщылъа гъэпщкIупIэм деж гупыфIу щызэхуэсащ. АрщхьэкIэ, сыщамыгъуэтым, аргуэру ипэкIэ щIэпхъуахэщ, абыкIэ сыкIуауэ нэхъ хуагъэфащэу.

Шэрджэсхэр жыжьэ зэрыIукIам и щыхьэту, абыхэм я макъхэр спэIэщIэ хъуху, мащэм силъщ, сыкъэтэджыжщ, сэмэгурабгъумкIэ згъэшри, зи щIыбагъымкIэ мэз Iувыр къыщылъ хуейм сызэпрыжыну сыщIэпхъуащ. Сэ сщIэжырт а мэзым пэмыжыжьащэу шэшэнхэм я къуажэ зэрыщысыр. Арат сэ сыздэкIуэну си мурадри. Пшапэр зэхэуэху мэзым зыщызгъэпсэхури, верститI хуэдизкIэ спэжыжьэу къэлъагъуэ къуажэмкIэ сунэтIащ.

Къаруушэ дыдэ сыхъуат: сызэрешари, си лъакъуэ зэхэуIухьахэри, мэжэщIалIагъэри, щIыIэри зэхыхьэжри апхуэдизкIэ сагъэжэщIати, къуажэм сынэсыным лъэбакъуэ щитI нэхъ имыIэжу, сыджалэри, къэнэжар зэм сыкъызэфIэувэм, аргуэру сыджэлэжым, ныбафэкIэ сыпщурэ, сытми, шэшэн къуажэм си псэр нэслъэфэсащ. Иджы егупсысын хуейт дэтхэнэ унэм сыщIыхьэнуми. Арат псори зэлъытыжар. СщIэрт хэгъэрейм хьэщIэ иIэу сыIууэмэ, аргуэру гъэр сызэрыхъужынур, аргуэру Хьэмырзэ и къуэшым и IэмыщIэ сызэрихуэжынур, сыту жыпIэмэ хэгъэрейм и хьэщIэр абы къефыгъуэжынурэ, сигъэпщкIуну Iэмал иритынутэкъым. Апхуэдэуи сщIэрт къуэ балигъ е Iыхьлы балигъхэр зиIэ бысым къэслъыхъуэн зэрыхуейр, сыту жыпIэмэ абы щыгъуэм хэгъэрейр сэ къызбгъэдэнэу и къуэ е и Iыхьлы балигъыр ар къыщIэзгъэгугъэну ахъшэр къихьыну игъэкIуэн хуейт; е ахэм сакъыхуигъэнэнти, езыр кIуэнт. Унэ куэд слъагъурти, абыхэм ящыщ зым нэхъ унэщIэ хуэдэу фэ есплъри, нэхъ уеблагъэ хъунуи къысщыхъуащ икIи, сытегушхуэри, абыкIэ сунэтIащ. Бжэ зэIухамкIэ сыщIыхьэри, бжэщхьэIум себэкъуа къудейуэ, сэмэгурабгъумкIэ къыщыслъэгъуащ лулэхэр яIыгъыу жьэгум пэрыс шэрджэсхэр. Абыхэм я нэкIу дыгъэрысхэр, я сэшхуэ къыихахэм я дзэхэм телыдыкI мафIэ бзий плъыжьхэу, я нэ фIыцIэхэм лыду щIэджэгухьхэм къагъэнэхурт. Ахэр я сэшхуэхэм щытхъужу зэхэсыфэ ятетт. Къызэрыгъэжанауэ ину уэршэр а гуп цIыкIум и хъуреягъкIэ псори кIыфIт. Сэ абыхэм сабгъэдыхьэн сышынащ.

Абы ирихьэлIэу нэгъуэщI зы бжэ ижьырабгъумкIэ къыщызэIукIри, зи ныбжьыр хэкIуэта шэрджэс лIы щхьэпэлъагэ зэкIуж къэслъэгъуащ. Ар сэ псынщIэу  къыщызэплъым, щхьэщэ сщIыуэ зызгъэщхъащ, абы занщIэу гу лъитагъэнущ Iуэхур зытетым.

ЛIыжьым, си Iэр иубыдри, езыр къызыщIэкIа пэшым сакъыурэ сыщIи-

шащ: Іэпэтэрмэшми, бзэм хэсщІыкІ тІэкІур къэзгъэсэбэпми, сэ сызыхуейр абы къыгурызгъэІуэфащ. ЛІыжьыр – ар езы хэгъэрейр арат – си лъэІум арэзы техъуащ, щхьэщэхужыпщІэу пыІэ из дыжьын, – шэрджэс псори зыщІэлъэІу хабзэр къысхуигъэуври. Акъылэгъу сыхъури, дызэгурыІуащ. Асыхьэтуи бжэ къуагъым сыкъуагъэпщкІуащ.

Шэрджэс цІыхубзхэм ящыщ зым, си щытыкІэр щилъагъум, игу къысщІэгъури кхъуей Іыхьэрэ хъунщІэпсынщІэу гъэжьа щІакхъуэрэ къысхуихьащ. Сыт хуэдизкІэ сымэжалІэми, апхуэдэ щІакхъуэ къущыр схуегъэхыртэкъым. Зы сыхьэт дэкІри, къысхуахьащ апхуэдэ щІакхъуэ дыдэ, ауэ иджы нэхъ егъэхыгъуафІэу гъэжьауэ. Сэ ар сыгужьеяуэ сшхыри, си мэжалІэр тІэкІу текІащ. Абдежым гу лъыстащ дэ апхуэдизу дыкъэзылъагъу мыхъу, гущІэгъуншэу къытхущыт шэрджэс цІыхубзхэм гущІэгъу зэрахэлъым. Шхын къысхуэзыхьам и нэ лыдхэм къащІихырт апхуэдизу зэхэукІа, хьэдэм хуэдэу фагъуэу, хьэлъэу бауэу и пащхьэ ит, зи фэм бэлыхь мыкІуэщІыр дэкІа сэ къысхуищІ гущІэгъур. Си натІэм къритхар сыт хуэдизу хьэлъэми, Тхьэм фІыщІэ хуэсщІырт си къэкІуэнум теухуауэ фІыкІэ сызыгъэгугъэ зы гугъапІэ гуэр зэрызгъуэтыжамкІэ.

ПлІанэпэ хуабэм хуиту зэрызыщызгъэпсэхуамрэ си хэкум и теплъэгъуэ дахэхэр хэту пщІыхьыфІ слъагъуу сызэрыжеямрэ мащІэу псэ къысхалъхьэжащ.

КъыкІэлъыкІуэ пщэдджыжьым сэ сызэрыІущІар гъэрыпІэм къикІыу къыщІэпхъуэжа тхьэмыщкІэ зэхэзехуэнукъым, атІэ тыншыгъуэ игъуэтыжар иджыри нэсу къызыгурымыІуэф цІыху насыпыфІэущ. Ауэ хъуэпсапІэ нэхухэм сыдахьэхауэ сащІэгупсысурэ, аргуэру насыпыншагъэм и лъэбжьанэ шынагъуэм сыфІэхуэжыным иІэжар зымащІэщ.

ЕтІуанэ махуэм къыспкърыупщІыхьу щІадзащ сэ сыхэтми, сысэлэтрэ сыофицеррэ къащІэн папщІэ. Зызумысыжмэ, щхьэщэхужыпщІэр куэдыІуэу къыспаубыдынкІэ сышынэри, сысэлэту яжесІащ; арщхьэкІэ я фІэщ сыхъуакъым, хэгъэрейм и къуитІым я псалъэмакъымкІэ сэ къызгурыІуащ а тІум я зыр си цІыхугъэ Икъэ къилъыхъуэну зэрыкІуар. Ар къашэу сэ сызищІысымкІэ еупщІынхэу, сыту жыпІэмэ, Икъэ урыс псори ицІыхурт.

Шынагъуэ къызэрыскІэщІэзэрыхьыр зыхэсщІэрт; Икъэ мыбыхэм къапиубыдынкІэ хъунут езыри, мыхэм ещхьыркъабзэу, сэ къысхуиту, апхуэдэу хъумэ, си кІуэдыпІэр къэсауэ арати, къысхуэнэжыр зыт: аргуэру щІэпхъуэжын! Ауэ иджы, апхуэдизкІэ сакъыу къыскІэлъыплъхэрти, гу къыслъамытэу лъэбакъуитІи схуэчынутэкъым. СыщІэпхъуэжынкІэ Іэмал лъэпкъ щыІэтэкъым.

Си насыпти, хэгъэрейм и къуэр гъуэгум здытетым зыщІэгупсысыжри, си гугъу нэгъуэщІ гуэрхэм яхуищІыным фІы хэмылъу къилъытащ, сыту жыпІэмэ, нэгъуэщІхэм къащІэмэ, сэ къысщІахыну уасэм хэкІыжыпэнкІэ зыхуэІуа щыІэтэкъым. Абы къыхэкІыуи, здежьам нэмысу, къигъэзэжри, Икъэ унэм дэсу имыгъуэтауэ къажриІащ. Ауэ сэ, шэрджэс хьилэшым и бзаджагъэр къызгурыІуэри, си гур нэхъ зэгъэжащ икІи сызэрыофицерымкІэ зызумысыжакъым.

Си хэгъэрейм, тхылъымпІэ пытхъахуэ гуэррэ фІамыщІрэ къызитри, унафэ къысхуищІащ бydапІэм письмо стхыну. Письмор къащтэри щІалитІыр ежьащ, я адэр сэ къыскІэлъыплъыну къагъанэри.

Зы махуэ дэкІри, зэкъуэшитІым я зым щхьэщэхужыпщІэм и нықъуэр къихьщ, и къуэшыр шэсыпІэу бydапІэм къыдинэри, къигъэзэжащ. А пщыхьэщхьэ дыдэм сэ дыдейхэм сакъыхэхутэжащ.

Абы и ужькIэ зыкъом дэкIауэ сэ къэсщIащ си ныбжьэгъу насыпыншэр дыкъыщыщIэпхъуэжа махуэ дыдэм зэраубыдыжар, ауэ абы зэи зыщIыпIи письмо итхатэкъым, шэчи ящIыртэкъым апхуэдэ письмо зэритхыу щхьэщэхужыпщIэ къызэрыщIатынумкIэ икIи зэман гуэр дэкIри, ари и щIыналъэм къыщыхутэжащ.

Абдежым Б., и хъыбарыр зэпигъэури, щымащ. Сэри сыщымт, хъыбар гуузыр си гум щIыхьауэ. Гупсысэхэм сызэщIаубыдэжауэ сыздэкIуэм, зыгуэрым си пщIыхьыр зэпиуду сыкъигъэуша хуэдэ, сыкъызэщыужри, гу лъыстащ Псыжь Iуфэ дыкъызэрысам, ди шэтырхэр зэригъэувыкIам икIи иджы Урысейм сыпэзыгъэIэщIэжыр псы уэр цIыкIум телъ лъэмыж закъуэр арауэ зэрыщытым. КъигуфIыкIыу си гур къеуэрт, си псэм щызэхэзэрыхьыжырт си ныбжьэгъум игъэва бэлыхьхэм щхьэкIэ сфIэгуэныхь зэрыхъумрэ си хэку сызэрыкIуэжым папщIэ ди Щхьэщыгу къитым хуэсщI фIыщIэмрэ къагъэуш гурыщIэхэр.

Абдежым Б. сэрэ дыщызэбгъэдэкIыжащ икIи Тхьэ закъуэрщ зыщIэр абырэ сэрэ иджыри зэгуэр дызэхуэзэжынрэ дызэхуэмызэжынрэ.

***Н. М.***

# Пщыналъэ

## АФIЭУНЭ Лиуан



### Iуащхьэмахуэ

Си нэ-си псэу
Iуащхьэмахуэ,
Iуащхьэ
Дуней нэху!
Си гум куэд зэрегъэзахуэ
Сэ уэ сыпIуплъэху:
Зэм къысфIощI
Мэкъу Iэтэ ящIу
УэскIэ уабгъэжа,
Зэми сфIощI
Сосрыкъуэ сымэ
Мылу уагъэжа.
ЕкIи фIыкIи уэ
Нэ дапщэ,
Дапщэ къыпIуплъа?
Ауэ хамэ утщищIыну
Зым къемыхъулIа.
Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэну
Зи пщIэр лъытэгъуей,
Ттелъщ и щIыхуэ узитыгъэм,
Тхуэпшыныж къудейм.
Апхуэдизу
ГурыфIыгъуэу
Узэрыинын!
Апхуэдизрэ
УщIэщыгъуэу
Узэрыпсэун!
Ер зигу илъу
КъопщэфыIэм
Йожыр
И гурыгъ.
... АдыгэлIхэм
Уэ жыр тажу
СфIощIыр
Уащхьэрыгъ!..

### Ди зауэ-банэ къэткъым, маржэ!

ЩокIуэкI зыщIыпIэ
Зауэ-банэ,
Зэш-зэрыбынхэр
Зозэуэж.
ЦIыху хейхэрщ
Дэни щыхэкIуадэр,
Ахэр сыт щыгъуи
МэгуIэж...
Щыуэгъуэщ зыщIыпIи
Тхьэр зэуауэ,
КъэкIыгъэр дыгъэм
ЕлыпщIыж.

Уэ щох зыщIыпIэ,
Щыблэр мауэ.
Абыи зауэм
ЗыпещIыж...
Псы укъубейхэр
ЗыщIэлъадэм,
Хъийм икIыпауэ
ЩIыр щыхъейм
Мин бжыгъэу цIыхур
ЩыхокIуадэ –
Ар фыфIэмащIэ? –
Дывгъэгъей.
Ди зауэ-банэ
Къэткъым, маржэ!
Тхуэмыгуэшыжуи
ДиIэр сыт?
ДыцIыхукъэ псори –
Ди куэбжэпэ
Ер зи нэрыгъыр
Iуремыт!
... ЩIыху гузэвэгъуэр
СфIэпэрытщи,
Лъысыху зыгуэрым,
Си гур хощI.
Мы дунеишхуэм
Лъэпкъыу тетыр
Ди къуажэгъу защIэу
Сэ къысфIощI.

## Адыгэ лъэпкъ

Зэтелъ зэпыту
И шы-уанэ,
ЩIэмыгъущхьэжу
И пщIэнтIэпс,
Адыгэм екIур
И гъуэгуанэ,
Къытепсэу
ЛIыгъэм
И дыгъэпс!
Адыгэм иIэщ
Уафэ къащхъуэ,
Нур пщIыпщIу
Мазэ,
Вагъуэбын.
Къеущиену
Нэхъыжь щхьэпэ,
НэхъыщIэу
И пщIэр зыIыгъын.
Бгъэдэлъщ
Адыгэм
Хабзи бзыпхъи,
ЩымыIэу
ЩIыбкIэ
ЩIикIуэтын...
Бгъэдэлъщ
Хахуагъи,
ФIыщIи,
Щытхъуи –
Хуей хъумэ,
И щхьэр
ЩIиIэтын.

## Си лъэпкъ

Къуатакъым зэи
ЗыузэщIыпIэ.
Гугъуехь зи натIэу
Си лъэпкъыжь.
Ущикъухьаи
Хамэ щIыпIэ,
Щхьэхуитыныгъэм
И лIыхъужь!
Сыхэтщ уи гуауэ-гузэвэгъуэм,
Жейм сыщыхэткIи
СыроIуэщхъу.
Бжьыбжьыжу ноби
Птелъ уIэгъэр
Къызэрозауэр
Си фIэщ мэхъу.
Зи лъапсэр

Сахуэм къыхэнауэ
Лейм и леижыр
Зылъыса,
Ем щхьэусыгъуэ
Къигъуэтауэ,
ЗэщIегъэстыжри
Нобэ гуэрым
Зэгуэр — уэ мафIэ
Узысар.

Хырелъ лIыгъищи
Зы къуэпсщIэжым,
Нэхъ лъэщым
Дауэ пэлъэщын?..
Адыгэ тIэкIур
ХэкIуэдэжмэ,
КъысфIощI
Дунейри
Къутэжын.

## Си бзэм сыхуоусэ

Си бзэр насыпышхуэщ,
Ижь-ижьыж бзэщIэжщ.
Хэкущ, жьэгу пащхьэщ, хышхуэщ,
Хабзэ зэтещIэжщ.
Ар си адэ-анэщ,
Си къэрэгъул бжыхьщ.
Тхыдэщ, гъуэгущ, гъуэгуанэщ,
Си насыпырыхьщ.
Си бзэр ущиякIуэщ,
Лъэпкъым и уэчылщ.

Ар ди узэщIакIуэщ,
Ди хьэл-щэнщ, акъылщ.
Прозэщ ар, поэзиещ,
Лъэпкъ мыгъэкIуэдыжщ,
Ем фIыр щызыхъумэу
Зи IэфI щымысхьыжщ.
Си бзэр псэущ, псэунущ,
ПлъапIэм Тхьэр итыху!
Зы адыги псэкIэ
Бауэу щIым тетыху!..

## СощIэж си адэр

СощIэж
Си адэр —
Сщыгъупщакъым.
ЗэуапIэм
Ди лъи
ЩищIэжащ.
И Хэку,
И быным
Къахуэпабгъэу,
Берлин къищтауэ
КъэкIуэжащ.
Псэуакъым махуэ

Дзы зыфIащу,
И гуащIэ
КъихькIэ
Псэужащ.
Гугъуехь зи натIэм
ПщIэ къыхуащIу,
И гъащIэр
Лъэпкъым
Тыгъэ хуищIри,
Фэеплъу
И псэр
ЩIитыжащ.

## Си адэжь и унэ

Сянэм и быдзышэ
Зи деж щысIухуа,
Си псэу си бзэ тIэкIури
Зи деж щыпсэлъа,

Зауэм и Iугъуэми
Зи деж щысщыуа,
Дядэри, дыпыхьэу,
Зи деж щедгъэжьа,

ТекIуэныгъи къихьу
Зи деж къэкIуэжа!
Си адэжь и унэ,
ПсэкIэ бауэу нобэ
Зыри зыщIэмыс.
Ущищэхэжынур
Пщэдей,
ПщэдеймыщкIэ?
СыпкIэлъыIэбэну
Сэ сыхунэмыс.
Ущытщ унэщхъейуэ,
УзэщIокIэзызэ,
Уи бжьыхьэкIапэжьи
Бзу щымыгъуэлъхьэж.
Си щхьэр схуэмыIэту
Сыноплъ сигу пщIэузу,
Си насыпт сыхъуамэ
Сэ уи псэхэлъхьэж!
Си адэжь и унэ,
Сыту утхьэмыщкIэ!
Дыгъи,
Мази,
Вагъуи уи нэ къимыхьыж.
Ущищэхэжынур
Пщэдей,
ПщэдеймыщкIэ?
Узытет щIы кIапэр
Фэеплъ тхурехъуж...

## Си унэ

Укъыздогуфlэ
СыщыгуфIэм,
ГущапIэу
Си псэр зыщыпсэху!
ЗыщIыпIэ Iуэхукlэ
Сыщыгувэм,
Ущытщ нэщхъейуэ –
Къысхуэгъэгъу.
Къемыхыу зэи
Уи нэбдзыпэ,
Уэ къэрэгъулу
Усщхьэщытщ.
УзипщIэнтIэпсщи –
Птетщ си нэIэ,
ПкIэрыслъхьэ тIэкIури
УзогъэкIу.
ПщхьэрыстIэгъэфкъым
Дыщэ пыIи,
УмыщI уи жагъуэ –
СынолъэIу.
Си сабиигъуэм
И фэ зэсплъу,
Си бын щытэджу
Щыгъуэлъыж,
Уэращ къэнэнур
Си фэеплъу,
Щыреблэ мафIэр
Уи жьэгужь.

## Си гъащIэ

Сыкъуэсщ зэманым
И кIэ къуагъым,
И Iейми си щхьэр
Хуемыгух.
Сопсэу си гуащIэ
КъызэрихькIэ,
Гугъуехь зи натIэм
Сащыщ цIыхущ.

## Зы мыгъуагъэ

Сыт хуэдизи
КъэдгъэгъащIэ,
Дыхъукъым арэзы...
Псэ зыIуту
Дунейм тетым
Ди мыгъуагъэр зыщ...

## Къызэроплъщ

УщыӀуэхуншэм —
Ущыпыпхэщ,
Ущыбзэдыджым —
Ущыфочщ.

Ӏуэхуфӏ щыблэжьым —
Ущыкъупхъэщ,
Ущыбзэӏэфӏым —
Ущыфощ.

## УкӀытэ

Ӏэмалыншагъэм
ИрихулӀэу,
ЛъаӀуэм и гупэр
ЗэрыукӀытэр
ӀуэхутхьэбзэмыщӀэм

Имылъагъу.
ЛъэӀуам и лъэӀур
КъемыхъулӀэм,
ӀуокӀыж, укӀытэу
И щӀыбагъ.

## ТхьэмыщкӀэ

ТхьэмыщкӀэм ещӀэ
Жьы къыщепщэр,
И куэдщи гущӀэм
Щигъэвын.

МылъкукӀэ къытекӀуэр
Мэхъу и тепщэ,
Ар ирехамэ —
Иребын...

## СфӀощӀри-сфӀощӀ...

Мы дуней нэхум
Зы цӀыху къытехьэхукӀэ,
Дунейм хэхъуауэ
СфӀощӀыр нитӀ ялъагъу.

Мы дуней нэхум
Зы цӀыху ехыжыхукӀи,
Дунейм хэщӀауэ
СфӀощӀыр нитӀ ялъагъу.

## СщӀэрэ сымыщӀэрэ

Си дыгъэр сщӀэркъым
Щыкъухьэнур,
ЗгъэщӀэнуи сщӀэркъым
Къысхуэнар.
Ауэ зы сощӀэ

Сэ фӀы дыдэу:
Сэ хьэдрыхэ
Здэсхьынур
Си нэгу щӀэмыкӀыу
КъыщӀэнарщ.

## ЖьантIэ



# Адыгэ щэнхабзэм жыджэру хуэлэжьа

*Хьэхъупащlэ Хьэжбэчыр къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*

Ди лъэпкъ щэнхабзэм, гъуазджэм жыджэру икIи куэдрэ хуэлэжьахэм ящыщ зыщ Хьэхъупащlэ Хьэжбэчыр. ЛIэщIыгъуэ кIуам и плIыщI-тхущI гъэхэм ди республикэм къыщыдэкIыу щыта газетхэм я напэкIуэцIхэр къызэбгъэдзэкIыжу щIэбдзэмэ, абыхэм Iэджэрэ уащрохьэлIэ Хьэжбэчыр и тхыгъэхэм. Ахэр ятеухуат мэкъумэшым, промышленностым, щIэныгъэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэ пашэхэм, Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызезыхьахэм.

Хьэхъупащlэм щIалэ дыдэу щIидзэри радиом, «Къэбэрдей пэж» газетым щылэжьащ. Зауэр щекIуэкIа, абы и ужь илъэсхэрауэ жыпIэ хъунущ Хьэжбэчыр усэ тхыным къыщыхуэушар. Зарисовкэхэм, очеркхэм къадэкIуэу, абы и япэ усэхэри газетхэм, «Къэбэрдей» альманахым къытехуэу хуожьэ. Ауэ щIалэщIэм къыгуроIуэ утхэн, уи зэфIэкIым зебгъэузэщIын папщIэ уеджэн, щIэныгъэ куу зэбгъэгъуэтын зэрыхуейр. А хъуэпсапIэр абы къохъулIэ 1947 гъэм. ГъащIэм и лъэныкъуэ псоми набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыф, тхэнми щэнхабзэми хъарзынэу хэзагъэ Хьэхъупащlэм лъэпкъым хуэщхьэпэн цIыху къызэрыхэкIынур къалъытэри, ар хагъахуэ Римский-Корсаковым и цIэкIэ Ленинград дэт

консерваторэ цIэрыIуэм къыщызэрагъэпэща Адыгэ студием щеджэну ягъакIуэ ди щIалэгъуалэ гупышхуэм.



***Хьэжбэчыр** (сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ ещанэу щысщ) **консерваторэм щезыгъэджахэмрэ къыдеджахэмрэ я гъусэщ.1947 гъэ***

Арати, 1926 гъэм январым и 21-м Къуэшыркъуей (Кэнжэ) къыщалъхуа, иужькIэ IэнатIэ зыбжанэм щылэжьа щIалэщIэр Ленинград къыщохутэ. Журналистикэм хуэIэкIуэлъакIуэ хъуауэ еджакIуэ кIуа ХьэхъупащIэм зригъэгъуэтауэ щыта лэжьэкIэр къыхуощхьэпэж: зэреджэм хуэдэурэ, и къалэмри егъэлажьэ. Зыхуеджэ музыкэ IэщIагъэм, артистхэм, тхакIуэхэм ятеухуа и тхыгъэхэм къапэкIуэмкIэ и щхьэр ирипIыж къудейкъым – а материалхэр щызэхуихьэскIэ ар куэдым хогъуазэ. И щIэныгъэ къэухьым, и Iэзагъым хохъуэ. Дауи, а псори къыхуэщхьэпэжащ абы и усэхэр щызэхуэхьэса и япэ тхылъ «Насып вагъуэ» зыфIищауэ 1950 гъэм къыдэкIар щигъэхьэзырым щыгъуэ.



*СэмэгурабгъумкIэ къыщыщIэдзауэ: ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр, Щомахуэ Амырхъан, Отаров Керим, Макитов Сэфар, Елгъэр Кашиф. 1967 гъэ. Черкесск къ.*

Консерваторэр ехъулIэныгъэкIэ къэзыухыу 1952 гъэм Налшык къэзыгъэзэжа щIалэ Iэзэр яхуэмыгъуэтым хуэдэ IэщIагъэлIти, лэжьапIэ щхьэкIэ гугъу ехьыркъым – ар а гъэ дыдэм ягъэув ди филармонием и художественнэ унафэщIу, тIэкIу докIри – директору. Илъэс щэщIым щIигъукIэ щылэжьащ ар филармонием.

И къулыкъухэр дэгъуэу зэрызэрихьэм папщIэ, ХьэхъупащIэм пщIэшхуэ къыхуащIырт. Хьэжбэчыр къыхуэарэзыт Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэри езыр зи унафэщIхэри. Аращ абы 1957 гъэм къыщIыфIащар «РСФСР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

Пасэ дыдэу къилэжьа а пщIэшхуэм хэхъуэ зэпыту екIуэкIыурэ, ХьэхъупащIэм къыфIащащ Кавказ Ищхъэрэм хиубыдэ республикэхэми я цIэ лъапIэхэр. Ар хэтащ Урысейм и ТхакIуэхэми Композиторхэми я союзхэм. Ди республикэм и Композиторхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэу илъэс куэдкIэ лэжьащ, Урысей Федерацэм и Композиторхэм я союзым и правленэми и секретаруи мызэ-мытIэу хахащ. Ди къэралми Къэбэрдей-Балъкъэрми я дамыгъэ лъапIэхэр, Щытхъу, ЩIыхь тхылъхэр куэдрэ къыхуагъэфэщащ. ЩIыпIэ Советхэм я цIыхубэ депутату куэдрэ хахащ.

Апхуэдиз къалэныр зи пщэрылъ ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр ди лъэпкъ художественнэ литературэми жыджэру, ехъулIэныгъи иIэу хуэлажьэрт. УсэкIэ къезыгъэжьэу зи Iэзагъэм зезыгъэузэщIа ХьэхъупащIэм и рассказхэр щIэх-щIэхыурэ къытехуэ мэхъу Налшыки Мэзкууи къыщыдэкI сборникхэм. ИтIанэ дунейм къытехьэу хуожьэ и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр. Абыхэм гуапэу яIуощIэ критикхэри тхылъеджэхэри. Псом я дежкIи гурыIуэгъуэт: адыгэ литературэм къыхыхьат зи рассказхэмкIэ, повестхэмкIэ, романхэмкIэ узыгъэгуфIэ, нэхъыбэжрэ нэхъыфIыжкIи узыщыгугъ хъун тхакIуэ Iэзэ. Ар икIи къыщIэкIащ псори къызэрыщыгугъауэ. Абы и щыхьэтщ Хьэжбэчыр и тхыгъэ, тхылъ купщIафIэхэмкIэ къилэжьа пщIэшхуэхэр: абы къыфIащауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр, апхуэдэу къыхуагъэфэщат ди республикэм и Къэрал саугъэтри. А щIыхьышхуэхэр тхакIуэм къызэрилэжьа повестхэм, романхэм я нэхъыбэр псом япэ тхылъеджэхэм я пащхьэ изылъхьар ди «Iуащхьэмахуэ» журналыращ. Дэ нэхъ жыджэр дыдэу къытхуэтхэу, зи статьяхэр, гукъэкIыжхэр, художественнэ тхыгъэхэр нэхъыбэрэ къытхуэзыхьхэм ящыщт ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр.

2000 гъэм декабрым и 11-м дунейм ехыжа, литературэми музыкэ щэнхабзэми жыджэру хуэлажьэу зи гъащIэр къезыхьэкIа ХьэхъупащIэм и лъэужьыфI къыхэнащ ди лъэпкъым и художественнэ литературэмрэ гъуазджэмрэ. Ахэращ абы и цIэр ноби щIащымыгъупщэр.

ХЬЭХЪУПАЩIЭ Хьэжбэчыр

# Иужьрей удж

## *Рассказ*

МахуитIкIэ къуажэм щыIа нэужь, Сэхьид пщыхьэщхьэ жэм шыгъуэм пщыIэм къытехьэжащ, и щхьэм дзапэ уэрэд хужиIэу. ПщыIэтесхэм пIащIэу сэлам ярех, кIэпхын хужьыр зыIуелъхьэри, пэгуныр и Iэблэм фIидзауэ жэмыш щIокI. Дзапэ уэрэдыр зэрыжиIэм хуэдэурэ, жэмыр къеш, иужькIэ пщыIэм щIохьэжри пщафIэм доIэпыкъу, щIокIри пхъэ екъутэ. ПщыIэтесхэм гу лъатэ Сэхьид зэрынэжэгужэм.

Сэхьид лIы гъур хэщIыхьащ, и нэ фIыцIитIыр сыт щыгъуи гуапэу къоплъ, уеблэмэ гуфIэ бзийхэр къыщIихыу, и макъ щабэр щIалэщIэ макъыу мэIу. Сэхьид и ныбжьыр гъатхэ кIуам илъэс блыщIым ебэкъуащ, куэд щIат тIысыжыну зэрыхуэфащэрэ, ауэ колхоз зэрызэхыхьэрэ зыпэрыт Iэщыр хухыфIэдзэркъым.

Илъэс тIощIрэ пщIым щIигъуащи, Сэхьид Iэщым бгъэдэтщ. Пэжщ, зауэшхуэ блэкIам ар илъэсиплI енкIэ фронтым щыIащ, зауэр зэфIэкIыу къызэригъэзэжыххэу лъаIуэри япэм зыIута IэнатIэм игъэзэжащ.

Сэхьид бгъэдэлъ жыджэрагъымрэ и ныбжьымрэ ущызэхуеплъкIэ, уогъэщIагъуэ абы хэлъ щIалагъэр, ар гъащIэм хуэнэпсейуэ зэрылажьэр. ГушыIэу щыжиIэ къохъу: «Хэт жьы щIэтми, жьыгъэр хэзагъэркъым».

Зэи хуэмыдэу, ныщхьэбэ Сэхьид нэжэгужэщ. И нитIыр къолыдыкI, и Iупэм гуфIэр текIыркъым. Зэпимыгъэуууэ дзапэ уэрэд жеIэ, здынэсри ищIэри фIэмащIэщ. ПщыIэтесхэм долъагъу абы и гур гуфIэгъуэ гуэрым зэриIэтыр, зыри жыдмыIэу дыкIэлъоплъ дгъэщIагъуэу: «Сыту пIэрэ мы ди Сэхьид тхьэмадэр зезыхьэ гуфIэгъуэ дамэр?» – жытIэу.

Жэмхэр къэтшу псори я пIэ идгъэзэгъэжу Iэнэм дыпэрытIысхьэху, Сэхьид и Iэр зы дакъикъи увыIакъым. Мис иджыпстуи, ди жэм фермэм щылажьэ цIыхуибгъур дошхэри Iэнэм дыпэрысщ, гъуэрыгъуэурэ Сэхьид дежкIэ доплъэкI. Ар зэрынэщхъыфIэщ, и нэгур адэ кууэ и гущIэм къыщыхъей IэфIыгъэ гуэрым къегъэнэху. Щэхуу дызэрыхукъуэплъыр къелъагъури, тIэкIу мащIэу Iэнкун къохъу. Дызэрыхукъуэплъым, зыгуэрым дызэрыпэплъэм гу лъетэ, бжэмышхыр Iэнэм трелъхьэри:

– Сыт фэ къомыр апхуэдизу фыкъыщIызэплъыр, зыгуэркIэ фыкъыспэплъэ хуэдэ? Сыт вжесIэну фызыхуейр? – къыдоупщI.

Зыжьэу жыдоIэ:

– Дэ зыми дыпэплъэркъым, Сэхьид, къуажэм укъикIыжу пщыIэм укъызэрытехьэжрэ гуфIэгъуэ гуэрым щIым утримыгъэувэу узэрехьэри, сыту пIэрэ къэхъуар жыдоIэ. Уи щытыкIэмкIэ, Iуэху къэхъуар фIыщ, абы папщIэ дынохъуэхъунути, дыщIынохъуэхъунур тщIэркъым.

– Сэ сызрихьэлIа гуфIэгъуэу иджы сызезыхьэр къызэрыстехъуэрэ куэд щIащ – илъэс щэ никъуэм щIигъуащ, илъэс щэ никъуэм щIигъуащ, – тIэуней къытригъэзэжурэ а псалъэхэр жеIэ. – Си ныбжь здынэсам, си щхьэ тхъуам къекIунукъым, армыхъу сэ хъыбар, – сыт хъыбар, – си щхьэм къытехъуа, си щIалэгъуэм къысщыщIа хъыбар фезгъэдэIуэнут, ауэ сщIэркъым, ар дауэ къыщIэздзэнуми, дауэ сIуэтэнуми, абы къищынэмыщIауэ, дэ щIалэщIэхэри къытхэтщ, – ар IэнэкIэмкIэ щыс щIалитIым дежкIэ маплъэ, иужькIи къыпещэ: – Ягъэ кIынкъым, ахэри щIредэIу, хэт ищIэн, къащхьэпэн гуэр къыхэкIынкIи хъунщ.

АтIэ... Мы хъыбар вжесIэнур къыщыхъуа лъэхъэнэм зэманыр зэман зэхэзэрыхьат, зэм ди къуажэр кIэдетхэм яубыдырт, зэм, ахэр дахужырти, большевикхэм къагъэзэжырт. Апхуэдэурэ илъэсищ нэблагъэ екIуэкIащ. Дунейр зэрызехьэу щыт пэтми, гъащIэр гъащIэу къонэ. Зэманыр гугъуу щыт пэтми, яшэхэри къэзышэхэри, гуфIэгъуэ-тхьэлъэIу зэхыхьэхэри, щIэпщакIуэхэри, япэми хуэдэу, щыIэщ, пэжщ, ахэр нэхъ мащIэ хъуащ.

Арати, си ныбжьэгъу щIалэ гуэр симыгъэпсэууэ къызолъэIури, гуфIэгъуэ тхьэлъэIу иIэу Щхьэлыкъуэ дэс езым я благъэм деж лъэсу щIымахуэ пщыхьэщхьэ щIыIэм дегъакIуэ. А лъэхъэнэм дэ тIури илъэс пщыкIуийм дыхыхьауэ аркъудейт. ЩIалэ танитIым щIыIэр зыхэдмыщIэу, пшагъуэри къыдэмыхьэлъэкIыу, хэщхьэжыгъуэм фIэкIауэ ди гуэншэрыкъ зэщIэщтхьахэр къатырым хуэдэу псалъэу дыздэкIуа унагъуэм я зонтIычым дыкъытохутэ.

«Хьэбасрэ Сэхьидрэ къэкIуащ», – жери ину къытщыгуфIыкIыу дыздэкIуам я щIалэ нэхъыжь Къербэч къытпожьэ. Къербэч Хьэбасхэ деж къакIуэурэ сцIыхуати, си гуапэ мэхъу абы япэу дызэрыIущIар.

Куэд дэмыкIыу хьэщIапIэ дыздэкIуам я унэм цIыхухэр куэд щызэ-

рогъэхъу, дызыщIэс пэшым къыбгъурыт унэм мыгувэуи пшынэ макъыр къыщIоIукI.

Дыхэщхьэжа нэужь, зы тэлай нэхъ дэмыкIыу, Къербэч къыщIохьэри джэгу зэхаублар щекIуэкI пэшым дешэ. Сэ, Хьэбас япэ изогъэщри, бжэ къуагъым сыкъуоувэ, унэм щIэт щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ сахэплъэу. «УитI, хьэщIэ, бжэ къуагъым къыкъуэкIи моуэ цубэрейуэ зэ къытехутэт», – жаIэри сыкъыдадз. СыукIытэу, сыкъыздэфэ хъыджэбзым дэрэ лъакъуэр тхузэмыгъэкIуу, сыкъофэри бжэ къуагъым сыкъуоувэж. Iэгу сыздеуэм си сэмэгурабгъумкIэ иувыкIауэ зэхэт цIыхубзхэм ящыщ зым – зи нэкIум анэл хэсым си нэр тохуэ. Ари гъэпщкIуауэ къызэрызэплъыр нэкIэ къызоубыд. Абы нэкIэ къызжиIэу къысфIощI: «Сыкъыдэши, сыкъэгъафэ».

Хъыджэбз лъагэкъым. МащIэу хуэпэтIинэщ, и набдзэр Iувщ. Щыдыхьэшхк Iэ и дзэ хужьхэр мэлыд. Дахэщ жыпIэну апхуэдэу дахэкъым – гуакIуэщ. И щIыкIэм узыIэпешэ. Уджыр зэхаублэху, къэзгъэфэну къызэхъулIакъым, ауэ уджыр зэраублэххэу зи деж хьэщIапIэ дыкIуа Къербэч ар къыдешри:

– Мэ, хьэщIэ, мы хъыджэбзыр къэгъэудж, – жеIэри Iэпэгъу къысхуещI.

ТIури дыукIытауэ дызоплъ, апхуэдэурэ щэрэ-плIэрэ уджыр хъурейуэ къэткIухьащ, зыри жыдмыIэу, иужькIэ абы и ныбжьэгъу хъыджэбзыр здэщытым деж дызэрынэсу, жреIэ: «Мы Къербэч Iэпэгъу къысхуищIа щIалэр бзагуэ си гугъэщ».

А псалъэхэр зэрызэхэсхыу, нэхъри плъыжь сыкъохъу, къызыхэсхари сымыщIэу жызоIэ:

– Бзагуэ уэзгъэлъагъунщ, иджыпсту ущIэсхрэ уесхьэжьэмэ.

Ар мэдыхьэшх:

– Апхуэдэ лIыгъэ зиIэ щIалэ Щхьэлыкъуэ къыщалъхуауэ дэскъым.

– Сэ Цубэрей сыщыщщ, зэхэпха: Къуэшыркъуей, – жызоIэ.

– Абы щыгъуэм пщIэнуIамэ, щIэ, армыхъумэ, мес, Хъанхэ я гур зэщIэщIауэ щытщ, – жеIэри и макъ щабэмкIэ мэдыхьэшх.

Абы и ужькIэ нэхъ дымыукIытэу дызэпсэлъэн щIэддза къудейуэ:

– Мы хъыджэбз хьэщIэр уи закъуэкъым къэзыгъэуджыну щIэхъуэпсыр, – жеIэри, зы щIалэ Iув гуэрым сIех. Сэ уджым сыкъыхокIыж.

Удж нэужьым аргуэру къафэм щIадзэж, арщхьэкIэ мыгувэу аргуэру уджыр зэхаублэж. Сыкъызыдэуджа хъыджэбзыр зыгуэрым сяпэ уджым хишэн сфIэщIрэ сыпIащIэу абы дежкIэ соунэтI.

Гу къытлъатами сщIэркъым, ауэ сэ абы дапщэрэ сыкъыдэуджами зыгуэр къызбгъэдыхьэу ар сIэпихакъым къигъэуджыну. Дуней гуфIэгъуэр си гущIэм щохъей, абы щэхуу къызжиIэ псалъэ гушыIэхэр си гум кууэ хопщIэ. Сурэтт хъыджэбзым и цIэр.

Куэд зэжетIащ а пщыхьэщхьэм. Дуней сызытетыр нэгъуэщI хъуащи, сэркIэ псори фIыщ. Ди нэхэр зэхуэзэу, зыхуэсхьынур сымыщIэу, си гур нэхъри къолыд. Уеблэмэ си нэгум къыщIызогъэхьэ Сурэт щхьэгъусэ схуэхъуа хуэдэуи, согуфIэ. Сэ сызэрыгуфIэр илъэгъуауэ, абы жеIэ: «Сэри сыздэгъэгуфIэт, уи закъуэ умыгуфIэу. Сыт къэхъуар?»

– Сэ щхьэгъусэ згъуэта хуэдэу зыфIэзгъэщIауэ арт иджыпсту, – жызоIэ.

– ЗыфIумыгъэщIу, фIыуэ плъагъу уиIэмэ, лъыхъуи къашэ.

– Хэт уи гугъэрэ сэ щхьэгъусэ схуэхъуауэ зыфIэзгъэщIар?

– Хэт?

– Уэращ, – жызоIэ.

– УмыгушыIэ апхуэдэу, уэ... – адэкIэ и псалъэр печ.

– Сыт гушыIэ, сыгушыIэркъым.

– Сэ шыпхъу нэхъыжь сиIэщ, уэ жыхуэпIэм сэ иджыри щIэх сыхэтыну къыщIэкIынкъым.

Сэ чэф псынщIэ зиIэм сыхуэдэщ, слъагъури зэхэсхри Сурэтрэ и макъымрэщ. Сэ абы къызжеIэ гушыIафэ зытригъауэу: «Укъыспэплъэмэ, уи псэгъу сыхъуми здэнт», – жиIэу. Сэ а псалъэхэм сатхьэкъу, сыпэмыплъауэ, къызэмыупщIауэ, япэ лъагъуныгъэм и къуэпсыр си гум къожалIэ.

Нэхущ уджым дыздытетым, фоч уэ макъ зэхыдох, цIыхухэр зэхэзожэ.

– Сурэт, Сурэт! – жиIэу фыз лъахъшэ цIыкIу унэм къыщIолъадэ. Хъыджэбзыр а фызым сIэпех. Дэ зыри зэжетIэну дыхунэмысу, фызым Сурэт щIешыж. ЖысIэнур сымыщIэу утыкум сыкъонэ. Псори зэрызохьэ.

– КIэдетхэр къуажэм къыдыхьащ, псынщIэу фызэбгрыкI, – лIы афIэ пащIэшхуэ къыщIохьэ унэм.

Хьэбас къызбгъэдолъадэ:

– ДыкIуэжрэ хьэмэрэ дыкъанэрэ!

– ДымыкIуэжмэ, ди дежхэр гузэвэнущ. Сэ сыкIуэжынущ, уэ, ухуеймэ, къанэ.

ПщIантIэм дыкъыдокIыжри, Къуэшыркъуей доунэтIыж.

– Дунейр зытекъутэн кIэдетхэм джэгур къыттракъутащ, – мэшхыдэ Хьэбас.

Жэщыр кIыфIщи, ерагъыущ лъагъуэ цIыкIур къызэрыдгъуэтыжар. Къуажэм фоч уэ макъ къыдоIукI. Сэ зыри жысIэркъым, сызэгуоп къэзгъэщIа мащIэм и кIуэцIкIэ нэхъ сыхьэт нэхуу сиIар къызэрыстеункIыфIэжам щхьэкIэ. Нэхъри сызэгуоп Сурэт и унэцIэкIэ, зыщыщ къуажэкIэ сызэремыупщIар сигу къыщыкIкIэ. Сызэрынэщхъейм гу лъитауэ, Хьэбас жеIэ:

– Уэлэхьи, Сэхьид, ныжэбэ уи Iуэхур мыIея. Хэтхэ я хъыджэбз апхуэдизу узытхьэкъуар!

– А хъыджэбзырагъэнущ сэ си насып зыхэлъын хуейр, си натIэ хъун хуейр. Дыгъэгъэзэж.

– Делэ ухъуа? Къуажэм кIэдетхэр къыдыхьащ, абы даубыдмэ, уи Сурэтыр къыпщIагъэныжынщ. Си гъусэу укъэсшащи, фи деж усшэжынщи, итIанэ сыт ухуейми щIэ, – жеIэ, си Iэблэр еубыдри сыкърешэжьэж.

Хьэбас жиIэхэм семыдаIуэу, гъуэгу дызытетыр зыхуэдэр сымылъагъуу, сэ чэф зиIэм хуэдэу унэм сыкъокIуэж: «Нэху зэрыщу Щхьэлыкъуэ сыкIуэнщи, Сурэт сыхуэзэнщ...».

Пщэдджыжьым жьыуэ кIэдетхэр ди къуажэми къыдохьэ. Ди адэм, къуажэм къыдэнэ хъунутэкъыми, зыкъысхуегъазэ:

– Уэри зыгъэхьэзыр, си щIалэ, си гъусэу унежьэнщ, уэ жылэм укъыдэнэ хъунукъым.

ЗызэщIыдокъуэри гъуэгу дытохьэ. Си анэм: «Щхьэ фежьэжрэ, си закъуэу щхьэ сыкъэвгъанэрэ?» – жиIэу зы псалъэ къыхигъэкIакъым. И нэпсыр къыщIэжу, къыджиIаращ: «Тхьэм узыншэу фыкъихьыж...».

Мэз цIыкIум дыхыхьэху, си анэр ди хадэм итащ къыткIэлъыплъу.

Си анэр афIэкIа слъагъужакъым, ди адэри абы IущIэжакъым. КIэдетхэр къызэрыдыхьэу ди пщIантIэм къэкIуащ, си анэр ди унэм Iут зонтIыч лъагэм кърадзыхащ, удын хьэлъэ традзащ, абы и ужькIэ ар тхьэмахуэ фIэкI псэужакъым.

Мазих нызэрыхьэскIэ адэм сригъусэу Шэшэным иса дзэ плъыжьым дыхэтащ. Нэзран жылэшхуэр дзэ хужьхэм къащыIэщIэдгъэкIыжым, си адэр хэкIуэдащ, сэри, уIэгъэ хьэлъэ сыхъури, Тэрчкъалэ сымаджэщым мазиплI нэскIэ сыщIэлъащ.

Илъэс нэблагъэкIэ сыкъэтауэ, къуажэм къызогъэзэж, жьэгу пащхьэншэу, сыуIэгъэу. Шэшэныбгым дыщисами, уIэгъэ сыщыхъуами, сыт хуэдэ гуауэ къыстехъуами, зэикI сигу ихуакъым Сурэт, си нэгу щIэкIакъым.

Хьэбасхэ деж сокIуэ, ауэ си ныбжьэгъур кIэдетхэм жылэм дашри лъэужьыншэу, хъыбарыншэу кIуэдащ.

Сэ сыкъызэфIэувэжа нэужь, Хьэбасхэ я благъэр зыщыпсэу Щхьэлыкъуэ сыкIуащ, Сурэт и лъэужь гуэр сытеувэну пIэрэ жысIэу, ауэ зы лъэужьи сытеувакъым.

«Уи къэшэгъуэ блэкIащ, абы фIэкIмэ, укъыдонэж, щIалэ къыдэнэжа нэхърэ нэхъ емыкIу щыIэкъым», – жиIэу си адэ шыпхъум къызеудэкI. «Щхьэгъусэ пхуэхъунщ», – жиIэу хъыджэбзу ди жылэ дэсыр къысхуегъэлъагъуэ.

ИлъэситI дэкIащ. Си адэ шыпхъум нэхъри къыстрекъуэзэ: Уи ныбжьэгъухэм къашэри лъапсэ яухуэу тIысыжащ, уэ узылъахъэр сэ сщIэркъым», – жиIэу. Си Iуэху зыIут, си мурадыр ди адэ шыпхъум сыщымыукIытэу жесIа нэужь, пIалъэу къысхуегъэув: «ФIыуэ зыгуэр плъагъуу нэгъуэщI къэпшэныр фIыкъым, ауэ апхуэдэ Iуэхуми кIэ гуэр иIэн хуейщ. Иджыри зы илъэскIэ сыппэплъэнщ, адэкIэ афIэкI сынодэIуэжынукъым». Абы къигъэува пIалъэр къызощтэ. Сыт сщIэми, сыт злэжьми, дэнэ сыкIуэми си нэгу Сурэт щIэкIыркъым, ауэ сыт сщIэн – и лъэужьым сытехьэркъым.

Адэ шыпхъум къигъэува пIалъэр къос, ди гъунэгъум хьэщIэу къэкIуа хъыджэбзым сылъыхъун хуейуэ къегъэув. Сэ занщIэу зисчу абы сылъыхъуакъым, атIэ ар ди гъунэгъум щIымахуэ мазэм щыщыIам сыкIэлъыплъащ, ар джэгухэм щыслъэгъуащ, сыкъыдэфащ, ауэ сэ ар къэзгъэуджакъым: Сурэт и ужькIэ сэ зыми сыкъыдэмыуджыжыну тхьэ сIуауэ щытащ. ПцIы щIэзупсынур сыт, Думэсарэ, – ди гъунэгъум я хъыджэбз хьэщIэ сызылъыхъунум и цIэр арт, – сыдихьэхащ. Хуэм-хуэмурэ Сурэт сIэщIэгъупщыкIыжу хуежьащ, ущIалэмэ, апхуэдэр къыпщощI, абы къищынэмыщIауи, Сурэт си гугъэр хэсхыжын хуейуэ зэманым къигъэуващ – сыт пщIэн-тIэ апхуэдэм деж? Думэсарэ гъатхэ вакIуэ дэкIыгъуэм къызошэ. Мыгувэу щIалэ догъуэт. Мис ар лIы хъури, абы и къуэращ вэсэжащ къызэдгъэшар.

Къытезмыгъэзэжын папщIэ, вжесIэнщ: Думэсарэ дунейм ехыжыху тыншу дыздэпсэуащ, ауэ адэ куууэ гъэпщкIуауэ увыIэгъуэ имыIэу зыкъызигъащIэу Сурэт деж япэу щыуша IэфIыгъэр зэи мыужьыхыжу спкърылъащ. Апхуэдэу кууэ гъэпщкIуауэ си гущIэм хэлъ лъагъуныгъэм и гугъу сэ зыми хуэсIуэтакъым, сыту жыпIэмэ, ар си гъащIэм гуэпх мыхъуну хэпщIауэ щытти. Сэ зэи Думэсарэ сыхуэщIыIакъым, езыми фIыуэ сыкъилъэгъуащ, ауэ си япэ лъагъуныгъэм хэлъу гуапагъэ псори абы естыфакъым...

Сэхьид щэтащ, ауэ абы и нэгум ита нэщхъыфIагъыр икIакъым, и нэм къыщIих хуабагъэри ужьыхакъым.

– АтIэ, сыт апхуэдизу ущIэнэщхъыфIэр? – доупщI.

– Фэ фщIэрэ, илъэс щэ ныкъуэ япэкIэ си Сурэт дэзмыухауэ щыта уджыр вэсэпшыхь си къуэрылъхум и фызышэм зэрыщызухар?

– Ар дауэ?

– Дауэ хэлъкъым. Си къуэрылъхум и хьэгъуэлIыгъуэм къэкIуахэм яхэту илъэс щэ ныкъуэкIэ си гум игъафIэу щыта Сурэт срихьэлIащ.

Дэ тщыщ зыгуэрым жеIэ:

– Дауи, Сурэт жьы хъуагъэнщ?

– Зэманым жьы имыщI щыIэкъым, ауэ Сурэт си дежкIэ япэу зэрыслъэгъуам хуэдэу къэнащ... НетIэ зэрыжысIащи, вэсэмахуэ къуажэм сехыжауэ Нарткъалэ щылажьэ си щIалэ нэхъыжьым хъыбар къызегъащIэ: «НысащIэм и благъэхэр ныщхьэбэ къыткIэлъокIуэ», – жеIэри.

Зысхуапэри сежьащ. Пщыхьэщхьэр фIыуэ хэкIуэтауэ, си къуэ нэхъыжьым и унэм сыщIыхьащ, хьэщIэхэм сэлам есхащ, си къуэрылъхум къиша нысащIэр зыщIэс пэшым и бжэр дамэдазэ сщIыри сыкъуэплъащ, нысащIэ цIыкIум сызэрыIуплъэу сыкъэуIэбжьащ: «Ар дауэ, дэнэ мыр къыздикIар, мы сэ слъагъур Сурэт, къыпача фIэкI умыщIэну, ещхьыркъабзэщ». Сэ лIыжь плъагъур, къэхъуар сымыщIэу, сыкъэжанащ, нэхъыжьхэр зыщIэс пэшымкIэ нэшхуэгушхуэу сыщIыхьащ, итIанэ. «Фи благъэхэр зэгъэлъагъу», – жари абы сыкъыщIашри пщIантIэм щхьэхуэу дэт унэ цIыкIум сыщIашащ. СыздыщIыхьам цIыхубзищ щIэсщ, тIур нэхъ щIалэщ, зыр нэхъыжьщ. Нэхъыжьым сэлам щесхым, си тхьэкIумэм къоIуэ сэ игъащIэ псокIэ си гум имыхуу си тхьэкIумэм ита макъыр. Сэ слъагъу нитIыр а зэрыщытщ, и нэкIу зэлъари зэмылъауэ къысфIощI. Си пащхьэм итщ илъэс щэ ныкъуэ хъуауэ слъагъуну сызыщIэбэг цIыхубзыр. Си бзэр иубыдащи, зыри схужымыIэу, и нэгум соплъэ, и Iэри сутIыпщыркъым. Езыри къызоплъ. Солъагъу и нэм нэпс къытелъэдауэ, сэри зысхуэмыубыдынкIэ сошынэри жызоIэ:

– Мы сэ слъагъур уэра, Сурэт?

– Сэращ, – жеIэ къызэрызэплъым хуэдэу. – Унэм укъызэрыщIыхьэу укъэсцIыхужащ. ЗыкIи зыпхъуэжакъым, Сэхьид, узэрыщытащ, уи щхьэр тIэкIу тхъуа фIэкI...

– Уэри, Сурэт, зыпхъуэжакъым, – жызоIэ, си макъыр ехуэхауэ.

Зыр зым дыжьэхэплъэу, къыдолъыхъуэ зыгуэр; дауи, къэтлъыхъуэр, ди щIалэгъуэ блэкIарагъэнт, а дакъикъэм тIуми ди ныбжьыр димыIэу къытщыхъут, адэ зыщIыпIэ деж щызэпыча къуэпс гуэр зэпытщIэжыным дыпэплъэ хуэдэт. Ди закъуэу пэшым дыкъыщIонэ, абы и гъуса цIыхубзитIыр зыгуэрым щIешри.

– ТIыс, – жызоIэ.

– Уэри етIысэх, Сэхьид, уэращ хьэщIэр.

– Дауэ сыхьэщIэн, уэрагъэнщ хьэщIэр, – жызоIэж.

– Сэ си пхъурылъхур мыбы нысэу къашати, хабзэ сыт жыхуаIэм семыплъу, «Си анэшхуэр къафшэ», – жиIэри къэзышахэм елъэIуати, сыкърагъэблэгъащ.

– АтIэ, сэри си къуэрылъхум сыкъыкIэлъыкIуауэ арщ.

– АтIэ, уэрэ сэрэ къыдэмыхъулIар ди къуэрылъхумрэ ди пхъурылъхумрэ къехъулIащ, ар икъукIэ фIыщ. Хэт ищIэрэ, услъагъуну сыпщIэбэгыу зэрыщытар езы Алыхьталэм деж нэсагъэнщ, – жызоIэ гушыIафэ зытезгъэуэну сыхэту. – Абыхэм я хьэтыркIэ уэрэ сэрэ, апхуэдиз илъэс дэкIа нэужь, дызэIущIэжащ, сэ ар си гуапэ зэрыхъур къызэрысIуэтэфын псалъэ згъуэтынукъым. Сэ куэд щIауэ мы махуэм сыпэплъащ...

– Сэри апхуэдэу схьащ, – жеIэ Сурэт.

Зи ныбжь хэкIуэта лIыжьымрэ фызыжьымрэ а дакъикъэм зэжетIар зыгуэрым зэхихатэмэ, и фIэщ хъунтэкъым, «Мы жьыщхьэжьитIыр я акъыл икIауэ пIэрэ?» – жиIэнт.

СыхьэтитI нэблагъэ дыщысащ ди закъуэ, блэкIам дытепсэлъыхьыжу. Япэу дыщызэрылъэгъуам ди гум хидзауэ щыта IэфIыгъэр тхъумащ тIуми, тхъумащ къытпэплъэр дымыщIа пэтми. Псори ди гум къэкIыжащ. Фи фIэщ хъун, ди ныбжьыр абы нэсарэ пэт, гум щIалэгъуэм и IэфIыгъэр щыужьыхакъым.

Сурэт къызжеIэ:

– ПщIэжрэ уджыр къызэрыттракъутауэ щытар, пщIэжрэ уэ къызжепIауэ щытар а пщыхьэщхьэм: «Сэр фIэкI зыми укъыдэмыудж». Зы джэгуи зы хьэгъуэлIыгъуэми зэи сыкъыщыуджакъым уи псалъэм и хьэтыркIэ, си гум уимыхуу уизгъэлъын папщIэ. Си щхьэгъусэ дунейм ехыжар къыщыслъыхъуу щытам щыгъуи сыкъыдэуджакъым.

Сурэт и псалъэхэм, абы хэлъа пэжагъым си гур къауIауэ, сэри жэуап изотыж.

– Сэри, Сурэт, а пщыхьэщхьэм и ужькIэ нобэр къыздэсам удж сытехьакъым.

– Дэнэ щыIэ а зэманыр?.. – ар мэщатэ, гуапэу къызоплъри.

Куэд дэмыкIыу нэхъыжьхэм папщIэ джэгу зэхаублэ. ЩIалэгъуалэр Iэгу йоуэ: нэхъыжьхэм, утыкур хуит тхуащIащи, зыдоудынышщIэ, си лъакъуэр тепыIэркъым, кIуэаращ, схуэмыубыдыжу сызэрехьэ. Сурэт къыдызошри къызогъафэ. Дэ доджэрэз, чынтIопщыкъукIэ кърахуэкI чын фIэкI умыщIэну. СогъэщIагъуэ: дэнэ къыздитхыр апхуэдэ къарурэ псынщIагърэ. А дакъикъэм щIалэри къытщIэхьэнтэкъым дэ.

Къафэр зыкъомрэ екIуэкIа нэужь, нэхъыжьхэм, дыгушыIэу, удж зэхыдоублэ. ДыгушыIэ жысIэ щхьэкIэ, сэ а уджыр зэхэублэнымкIэ пашэ сохъу.

– АтIэ, накIуэ, Сурэт, ди удж нықъуэухыу Щхьэлыкъуэ къыщыдгъэнауэ щытам пыдгъэщэж, – жызоIэри, ар къыдызош, абы и Iэ пхъашэ зэлъахэр си Iэгум изолъхьэ, ауэ фи фIэщ зэрыхъун – сэ Сурэт и Iэхэр къысщохъу япэ щызубыдауэ щытам хуэдабзэу иджыри щабэу. Сэ абы и Iэр си Iэгум щызогъафIэ, Сурэт зыри жиIэркъым. Сэ си щхьэ хужызоIэ: «Тобэ, мы гъащIэр сыту гъэщIэгъуэну зэхэлъ, сыту узыпэмыплъа, узэмыжьагъэххэ Iуэхухэр уи пащхьэм кърилъхьэрэ»...

– АтIэ, си щIалэхэ, сэ вэсэпшыхь иужьрейуэ сыкъэуджыжащ, щIалэгъуэм и сыхьэт IэфIхэри си нэгу къыщIыхьэжащ. ФIылъагъуныгъэр ныбжькIэ упщIэркъым, ар къабзэу щыт нэужь, – жеIэри Сэхьид и псалъэр еух. Ар нэщхъыфIэу япэми хуэдэу, и Iупэм гуфIэр телъэту, щысщ, хъыбарым едаIуэхэм къызэрытщыхъуар зригъащIэмэ фIэфIу.

Дэ псори дигъэгупсысауэ къыщIэкIынщ Сэхьид и псалъэм; зыри жытIэркъым, ауэ нэкIэ дызэрощIэ: «Мис ар лъагъуныгъэ нэсщ», – жыхуэтIэу.



# Куэдым хуэIэкIуэлъакIуэ адыгэлI

*Шэрджэс Алий Инус и къуэр 1936 гъэм январым и 15-м Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь абы дзэм къулыкъу щищIащ. 1958-63 гъэхэм зоотехник IэщIагъэм щыхуеджащ Ставрополь дэт мэкъумэш институтым, пенсэм кIуэхукIи фIы дыдэу зыхищIыкI а IэщIагъэм ирилэжьащ, IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэрыту. Апхуэдэу щытми, Шэрджэсыр нэхъ цIэрыIуэ зэрыхъуар адыгэ хъыбарыжьхэм, уэрэдхэм фIы дыдэу зэрыхищIыкIымрэ ахэр удихьэхыу зэрыжиIэмрэщ. Ар ящыщщ «Iэдииху» цIыхубэ ансамбль цIэрыIуэр къызэзыгъэпэщахэм. Абы хэту Алий ехъулIэныгъэкIэ зыкъыщигъэлъэгъуащ ди къэралми нэгъуэщI хэкухэми щекIуэкIа еплъыныгъэ куэдым.*

*Тхылъеджэхэр фIыуэ щыгъуазэщ Шэрджэс Алий и художественнэ тхыгъэхэми. Зи япэ усэр «Шэрджэс плъыжь» газетым илъэс 60 япэкIэ къытрадзауэ щыта тхакIуэм и къалэмыпэр нobи жанщ. Тхэныр и IэщIагъэ нэхъыщхьэу щымытми, Шэрджэсым и Iэдакъэ къыщIэкIауэ дунейм къытехьащ «Ди лъахэм и хъыбархэр», «Адэм и мэIуху», «АдыгэцIэхэр», «Яхуэмыфащэу лъэныкъуэ едгъэза псалъэхэр» тхылъхэр. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лъэIукIэ, Хьэкъун Мухьэмэд щIыгъуу абы игъэхьэзырри зэреджэн тхылъ папщIэу къыдигъэкIащ «Адыгэ Хабзэ» лэжьыгъэшхуэр. Апхуэдэу Алий къыдэкIыным хуигъэхьэзыращ адыгэ хъыбарыжьхэр щызэхуэхьэса тхылъ, «Гуищым я лъагъуэ» романыр, «ХьэвитI зыщIадза фыз» повестыр, хьэкIэкхъуэкIэхэм ятеухуа хъыбархэр зэрыт тхылъ, нэгъуэщIхэри.*

*Шэрджэсым и лэжьыгъэ псоми къыхэбгъэщхьэхукIыу и гугъу пщIы хъунущ абы илъэс плIыщIым щIигъуауэ адыгэ псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ зэрызэхуихьэсыжыр. ЦIыху куэдым ящыгъупщэжа е*

*зыщымыгъуазэ лэжьыгъэ щхьэпэр ди журналым къытеддзэну ди мурадщ мы къыдэкIыгъуэм щегъэжьауэ. Псалъэжьхэм пэублэ худощI и лэжьыгъэм теухуауэ Алий къытхуигъэхьа тхыгъэ кIэщIри. Ауэ абы и пэ къихуэу Iуэху куэдым хуэIэкIуэлъакIуэ, адыгэлI гумызагъэ, тхакIуэ набдзэгубдзаплъэ Шэрджэс Алий дехъуэхъуну дыхуейщ и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъумкIэ. Ди гуапэщ а зэрыжану иджыри илъэс куэд къигъэщIэну, Iуэху щхьэпэ куэдми дяпэкIи пэлъэщыну!*

# ЦIыхубэ Iущыгъэ

Мы ди ЩIыхъурейм тепсэуохь цIыхухэм зыри яхэткъым лъэпкъым и Iущыгъэ къыхэкъуэзыкIар къэзыгъэлъагъуэ псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр имыIэу. А псалъэжьхэм я куэдагъыр елъытакъым лъэпкъым и инагъым. Ауэ цIыху гъащIэм и зы лъэныкъуи къэнакъым псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ зи гугъу ямыщI, ахэм я нурым къимыгъэнэху. Ар апхуэдэу щыщыткIэ, псалъэжьхэр къэплъытэ хъунущ дэтхэнэ лъэпкъми и тхыдэр, къикIуа гъуэгу кIыхьыр, а гъуэгуанэм щигъуэта зэхэщIыкIыр, къэзыухъуреихь дунейм хуиIэ щытыкIэр къызэрыщ гъуджэу.

Псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ дэтхэнэ лъэпкъыбзэми и дыщэ пхъуантэщ, цIыхубэ IуэрыIуатэм щIыпIэ нэхъыбэ дыдэ щызыубыд Iыхьэшхуэщ, цIыху гъащIэм и лъэныкъуэ куэд къозыхьэлIэ чэнджэщщ, чэнджэщ къудейм къыщымынэу, зэрыщытыпхъэр, къэбгъэхъу мыхъунухэр къэзыгъэув адэжь уэсятхэщ.

Зыщыпсэу щIыпIэхэм я зэпэжыжьагъым емылъытауэ, лъэпкъхэм я псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ я гъэпсыкIэкIи, я ухуэкIэкIи, я купщIэкIи куэдрэ зэтохуэ. Ар елъытагъэнщ лъэпкъхэм я къекIуэкIыкIар, къакIуа гъащIэ гъуэгур зыкъомкIэ зэщхьу зэрыщытым, цIыхухэр ижь-ижьыж лъандэрэ зэхыхьэ-зэхэкIыу, сату зэдащIу, уеблэмэ зэзауэу къызэрекIуэкIым. Пэжу, дэтхэнэ лъэпкъми и псэукIэм, къэзыухъуреихь дунейм, лъэпкъ хабзэхэм елъытауэ, езым ей дыдэ, нэгъуэщIхэм ямыIэ псалъэжьхэри и куэдщ. Ар апхуэдэу щымытамэ, дунейпсо гъащIэри, къэралхэм я зэхущытыкIэхэри, я зэблэкIыкIэхэри куэдкIэ нэхъ тхьэмыщкIэ, нэхъ щIэщыгъуэншэ хъунт.

Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я псалъэжьхэр къапщтэрэ зэбгъапщэмэ, гу лъыботэ абыхэм я нэхъыбэр зэрызэпэгъунэгъу дыдэм е зэрызэтехуапэм. БзэкIэ, хабзэкIэ нэхъ зэгъунэгъу адыгэ, абазэ, абхъаз лъэпкъхэм я псалъэжьхэм ящыщу зэтемыхуэу къанэр IэджэкIэ нэхъ мащIэщ, зэтехуэхэм нэхърэ. Ар и щыхьэтщ а лъэпкъхэр я псэукIэкIи, я гупсысэкIэкIи, я гъащIэ IэщIагъэхэмкIи зэгъунэгъу дыдэу зэрыщытым.

Псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ къакIуа гъуэгуанэ кIыхьым къыпхыкIын ялъэкIащ къызэрежьа дыдэм хуэдэу, абы къыхэкIыуи ахэм яхэтщ ди нобэм къемыкIуж Iэджи, ауэ ахэр и щыхьэтщ лъэпкъым къызэринэкIа гъащIэм, тхыдэ пэжым, цIыхухэм яфIэигъуэу, яфIэигъуэджэу щытахэм, зэхущытыкIэу яIахэм. Ахэм уащыгъуэзэнымкIэ псалъэжьхэм хуэдэу пэж жызыIэ нэгъуэщI щыхьэт гъуэтыгъуейщ.

1961 гъэм Москва къыщыдэкIа «КъуэкIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм я псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ» тхылъышхуэм и пэублэ псалъэм Аникин В. П. мыпхуэдэу щетх: «… Тхыдэтххэр псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ щолъыхъуэ блэкIа жыжьэм къыщыхъуахэм я щыхьэтхэм.

Юристым дежкIэ ахэр лъапIэщ цIыхубэ гъащIэм и хабзэ мытхауэ зэрыщытымкIэ. Этнографым цIыхубэм я жыIэгъуэ шэрыуэхэм хелъагъуэ блэкIагъэххэ лъэхъэнэхэм щыIа хабзэхэмрэ зэхэтыкIэхэмрэ. Философыр пылъщ псалъэжьхэмкIэ цIыхубэм и гупсысэкIэр къиихутэну. Бзэр зыджым псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ хелъагъуэ бзэм и зэхэлъыкIэмрэ абы и зыхъуэжыкIэмрэ я хабзэхэр. ТхакIуэхэм, усакIуэхэм псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ яфIэгъэщIэгъуэнщ хуэIэзэ дыдэу езы лъэпкъым ахэр усэбзэм зэрыригъэувэр, сыт хуэдэ къэхъукъащIэми псалъэжьхэр кIэщIу, гуащIэу зэрыпэджэжыр. Псом хуэмыдэжу ахэр фIыуэ зылъагъур езы цIыхубэращ: ахэр Iущщ, шэрыуэщ, бзэр ягъэдахэу, я гъащIэм къыпхугуэмыхыну махуэ къэс ящIыгъущ. Псалъэжьыр – гъащIэм и лъэныкъуэ псори къызэщIэзыубыдэ цIыхубэ гупсысэщ, усыгъэ кIэщIым и къупхъэм итрэ зытепсэлъыхьыр и кIэм нэгъэсауэ…» Гугъущ абы зыгуэр щIыбгъужыну!

Зэман блэкIахэр къапщтэмэ, адыгэ псалъэжьхэр зэхуэхьэсын щIадзауэ щытащ ди лъэпкъым япэу къыхэжаныкIа адыгэ щIэныгъэлIхэм. Псалъэм папщIэ, ди лъэпкъ узэщIакIуэ цIэрыIуэ Тамбий Пагуэ итхыжа адыгэ псалъэжьхэу, псалъэ шэрыуэхэу, къуажэхьхэу, псынщIэрыжыIэхэу 900-м нэс академик Лопатинский Л. къыдигъэкIауэ щытащ «Сборник материалов для описания местностей и племён Кавказа» жыхуиIэ сборникым иту. Ауэ мы Iуэхушхуэм зэрыхуэфащэкIэ ди щIэныгъэлIхэр яужь щихьэфар Октябрь революцэм и ужькIэщ. АрщхьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ я щIэныгъэхутэ институтхэм щэщI гъэхэм зэхуахьэса псалъэжьыбэр къахудэмыгъэкIыурэ Хэку зауэшхуэм щIидзэри, зэхуахьэсахэри кIуэдыжащ. Зауэ нэужьым ахэр щIэрыщIэу зэхуахьэсыжри, Елбэрд Хьэсэн къыдигъэкIауэ щытащ адыгэ псалъэжьхэу 250-м щIигъу зэрыт тхылъ. Нэхъ иужьыIуэкIэ Шортэн Аскэрбий, Елбэрд Хьэсэн, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сымэ къыдагъэкIа «Адыгэ уэрэдыжьхэмрэ псалъэжьхэмрэ» тхылъым псалъэжь миным нэс итт.

Зауэ нэужь илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэхутэ институтыр нэхъ тегъэчынауэ иужь ихьащ псалъэжьхэр зэхуэхьэсыным. Зэхадзыжщ, зыхуей хуагъазэри, ГъукIэмыхъу Iэбубэчыррэ КъардэнгъущI Зырамыкурэ 1965, 1967 гъэхэм тхылъитIу къыдагъэкIащ. Ахэр зы тхылъу къыдэкIыжащ 1994 гъэм. Абы ихуащ псалъэжь 5000-м нэс. А тхылъращ псалъэжь нэхъыбэ дыдэ иту нобэкIэ ди хэгъуэгухэм къыщыдэкIар.

1990 гъэм Черкесск къыщыдэкIащ «Къэрэшей-Шэрджэсым ис лъэпкъхэм я псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ» тхылъыр, Мыжей Мышэ игъэхьэзырауэ. Абы итщ адыгэ псалъэжь 1200-м нэс. Къэгъэлъэгъуапхъэщ 1972 гъэм Мейкъуапи псалъэжьхэр щызэхуэхьэса тхылъ къызэрыщыдэкIар.

Сэ псалъэжьхэр зэхуэхьэсын щIэздзащ 1963 гъэм. Абы лъандэрэ сымыувыIэу а лэжьыгъэм пызощэ. Нобэ ирихьэлIэу абыхэм я бжыгъэр мин 11-м щIигъуащ. Пэжу, абыхэм яхэтщ тIэу стха хъуахэри, нэхъапэу къыдэкIа тхылъхэм ихуахэри. Ауэ илъэс 40-м нэблагъэм кърииубыдэу сэ зэхуэсхьэсыжахэр цIыхухэм жаIэу зэрызэхэсхам хуэдэу стхыжа защIэщ.

ИпэкIэ къыдэкIа тхылъхэм псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ зэрыщыгуэшар гупи 6-7-уэщ. Ар сфIэмащIэIуэ хъури, сэ зэхуэсхьэсахэр гуп 33-уэ згуэшащ. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, щэ ныкъуэу бгуэшми хъуну щытащ, апхуэдизкIэ цIыху гъащIэм и лъэныкъуэ куэд псалъэжьхэм къаубыдри.

Ищхьэкlи къызэрыщызгъэлъэгъуащи, адыгэ псалъэжьхэр тхылъ щхьэхуэурэ мызэ-мытlэу къыдэкlащ. Ауэ абыхэмкlи, мы си лэжьыгъэмкlи зэфlэкlауэ къэплъытэ хъунукъым лъэпкъым и беягъ мыкlуэщlыр зэхуэхьэсыжыныр. Сыту жыпlэмэ, адыгэу дунейм тетыр нэхъыбэу здэщыlэ хамэ къэралхэм мы lуэхум иджыри гъунэ щралъакъым. Ар иджыри къытпэщылъщ. Дыщыгугъынщ мы lуэхушхуэм пызыщэн щlэныгъэлl ныбжьыщlэхэр ди лъэпкъым дяпэкlи къыхэкlыну.

***ШЭРДЖЭС Алий,***
*УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт,*
*КъШР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ*

# Хэкум, щхьэхуитыныгъэм, пэжыгъэм яхуэгъэзахэр

Адыгагъэр кlуэдмэ, лъэпкъри кlуэдащ.
Адыгэм гухэ и хабзэкъым.
Адыгэлl и зекlуэ лlыщlыгъуэ и уасэщ.
Адыгэм адыгэ нэхъ лъапlэ иlэкъым.
Адыгэм зигъэгусэркъым, – мэгубжь.
Адыгэм и щхьэм къежэх лъыр и нэм щlэлъэдэху ар илъагъукъым.
Адыгэр гукlэ маплъэ, псэкlэ мэдаlуэ.
Адыгэр пхуэмыгъэшынэурэ пхуэгъэукlытэнущ.
Адыгэр уэщщ, урысыр пхъэпсщ.
Адыгэр хьэщпакъым къыщlэгъэхьи, жэнэтым пфlихьэнщ.
Бэрэжьейр мэщхьэлъэри, щхьэж и лъэпкъ йокlуэж.
Бзу пэтрэ и хэку щытепщэщ.
Выгум ис пэжыр шыгум ис пцlым дожэф.
Дунеижьым и щытыкlам щымыгъуазэр дунеищlэми щыгъуэзэгъуей мэхъу.
Дунеижьыр зэрыкlуэр адэжьхэм я гъуэгущ.
Дунеижьыр лlэужь дэгъазэщ.
Дунеижьыр шэрхъщ, и чэзум уэри къыптокlэрахъуэ.
Дунейм нэ мин иlэщ.
Дуней тетыкlэ зыщlэр мэтынш.
Дунейм цlыхуфl щытемыт зэман къэхъукъым.
Дунейр бгъэкlэ пхуэхьынукъым.
Дунейр зейр щlалэгъуэращ.
Дунейр зыми здихьакъым.
Дунейр игущ, Хэкур и псэщ.
Дунейр кхъуэщыныжь хъуакъым (лъэлъэжыну).
Дунейри хьэхущ, хуэмыхури куэдщ.
Дунейр чэзущ.
Дунейр шэрхъщи, мэкlэрахъуэ.
Дунейр щалъху псоми я зэхуэдэкъым.
Дунейр lэгупэ-lэщlыбщ.
Дунейр lэджэми къелащ.

Дунейр Iэрыхьэ-IэрыкIщ.
Дыщэпс здэплъэгъуакIэ уи къуажэ умыхъуэж.
Жьыгъэм нэкIур зэрегъалъэри, хамэщIым псэр зэрегъалъэ.
Захуагъэм бэлыхь пэщылъкъым.
Захуагъэр мафIэми искъым, псыми ихькъым.
Захуэ жыIэныр нэ ищIыным хуэдэщ.
Захуэм хабзэр и телъхьэщ.
Зэ лъэпэрапэм щэ ирегъэкъу.
Зэманым декIур лIыфIщ.
Зэманым зэщыщхъу имыщIыж щыIэкъым.
Зэманым  пэлъэща щыIэкъым.
Зэманым  къыдекIу къегъэщIыж.
Зэманым нэхъ щхьэщыжэгъуфI щыIэкъым.
Зэманым уэ зыдумыгъэхъумэ, езым зыкъыбдигъэхъунукъым.
Зэманыр бажэмэ, уэ хьэджафэу кIэлъыжэ.
Зэманыр къожьэркъым.
Зэманыр псоми я тепщэщ.
Зэманыр пфIэзыхьым ейщ.
Зэманыр техьэ-текIщ.
Зэманыр уэчылыфIщ, хэт пэжми зэхегъэкI.
Зэманыр цIыху гъащIэм ироджэгу.
Зи дахэ пэIэщIэр илъэскIэ магъри, зи хэку пэIэщIэм и гъащIэ псор хьэдагъэщ.
Зи лъэпкъ хыфIэзыдзэм и дзэр къыIуауд.
Зи лъэпкъ хыфIэзыдзэр биидзэм зрешалIэ.
Зи пэжыпIэ умыщIэм унафэ тумыщIыхь.
Зи хэку щхьэщымыжым и насыпыр йож.
ЗищI имысыр убзалэщ.
Зы лIым утекIуэми, цIыхубэм уатекIуэнукъым.
Зы пэжым пцIищэ къыпэщытщ.
Зы цIыху къобгмэ, уи бгым ишэчынщ, цIыхубэр къобгмэ, бгыр къыптеуэнщ.
ИндылыжькIэ зэджэр зы псынащхьэщ.
И пIэ иуджыхьыр йокIэрэхъуэхри, бжьиз нэхъ мыхъуми зыкIур мэкIуатэ.
Истамбылыжьым имыкIыр щIолIэ, икIар йолIыхь. (Уэкъуоу джэгуа-кIуэшхуэм и псалъэхэщ).
И хэкум пэIэщIэр насыпыншэщ.
Къарур къыщыщIыхьэм пэжыр щIэкIащ.
Къэралыгъуэм бзыпхъэ трах.
КъыщомыдэIум пэжыр щокIуэд.
Къуажэ-къуажэ нэхърэ си къуажэжь.
Къуажэр зыгъэкъуажэр цIыхуращ.
Лъахэр анэ-адэпсэщи, псэм щIапIыкI бынхэм я щIылъэ бынжэщ.
Лъахэр щыгулэзым уарзэр гулъэмыжщ.
Лъэпкъ пагэм и  щIыхьыр хамэми и щIасэщ.
Лъэпкъыр ещIэмэ, щIакIэр къонэ.
Лъэпкъыр зыхъумэр и Хэкурщ.

Лъэхъу уралъхьэнуми, пэжыр жыIэ, пцIы жыпIэу лъэхъум укъикI нэхърэ.
ЛIым и хэку щыгъупщэркъым.
ЛIыщIыгъуэр илъэсищэракъым – Iуэхуищэращ.
Мазэм и пIэкIэ дыгъэр къыкъуэкIкъым.
Мазэр Iэгукlэ пхущIэхъумэнукъым.
Мазэхэр гъэуэ зэхохьэ, гъэхэм лIыщIыгъуэ къагъэщI.
Мэзыр жыг зырызу зэхэтщ.
Мы дунейр шэрхъыщи, гудзэ и лъэувыгъуэщ.
Мывэри зэманым пэщIэтыфкъым.
Мы дунеижьыр гъапцIэпэрышэщ.
Мыунэфрэ удэфарэ Истамбыл мэкIуэж.
НэгъуэщIым и унэ уис нэхърэ, уи бжэщхьэIу утесжми нэхъыфIщ.
Пэжагъ зимыIэм цIыхугъи иIэкъым.
Пэжагъыр зыщызытIагъэм хуэфIщ.
Пэж жыIэнрэ нэ ищIынрэ.
Пэж щыжыпIэкIэ, уи шыр хьэзыру Iыгъ.
Пэжым езым и гъуэгу хешыж.
Пэжми мафIэми ириджэгукъым.
Пэжым и гъуэгур бгъуэщ.
Пэжым и куэщI лIэужь лъэщ щапсыхь.
Пэжым и псалъэр хабзэм и щIасэщ.
Пэжым нэхъ жэр щыIэкъым.
Пэжымрэ насыпымрэ зэпэщIэщIащ.
Пэжымрэ насыпымрэ зэгуэшэгъущ.
Пэжымрэ нэпцIымрэ яку дэлъыр Iэбжьищщ.
Пэжым уригушыIэнри, мафIэм уриджэгунри зэхуэдэщ.
Пэжым утетмэ, жыжьэ уехь.
Пэжыр акъылым щыщщ.
Пэжыр гъуджэщ, сыт пкIэрылъми къощ.
Пэжыр дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ.
Пэжыр джатэми, пиупщIкъым.
Пэжыр жызыIэм фIэфIми, зыжраIэм и жагъуэщ.
Пэжыр жыпIэну гугъущ, пцIым уедэIуэну тыншщ.
Пэжым гъущIри пхыреуд.
Пэжыр зи гъуазэм насыпыр и гъуэгущ.
Пэжыр зи жагъуэм пцIыр лъапэкIэ кърехуэкI.
Пэжыр зыущэхур хейм и бийщ.
Пэжыр зыфIэкIуэдым и гъащIэм куэд хеуд.
Пэжыр, ипщIыкIа щыпфIэщIми, къыпфIотэджыж.
Пэжыр къаруушхуэщ.
Пэжыр, къебэ-небэми, мэув, пцIыр, бгъэувами, мэджэлэж.
Пэжыр къыумыщIэу унафэ умыщI.
Пэжыр макъкIэ къахькъым.
Пэж мыфэмыц нэхърэ – пцIы быдэфI.
Пэжыр нэ жанщ.

Пэжыр пкъощи, пцIыр цIэнтхъуэрыгъуэщ.
Пэжыр пшагъуэми щыгъуащэкъым.
Пэжыр уи жьэ къыжьэдэзышыр мэгубжьыж.
Пэжыр хущхъуэщи, пцIыр щхъухьщ.
Пэжыр шы лъашэм тесщ.
Пэжыр, шы щIакъуэм тесми, зэгуэр къос.
Пэж щыжиIэр пцIы щимыгъуэтыжырщ.
Пэжыр Iэгъуапэм щагъэпщкIукъым.
Псэр IэфIми, Хэкур нэхъ лъапIэщ.
ПцIищэ нэхърэ – зы пэж.
Тхыдэм лей игъэгъукъым.
ТхьэщIагъ мэзышхуэр зы мыщхьэщ.
Уафэм къехуэхауэ зыкъызыщыхъужи щыIэщ.
Уардэ унэжь бгъэжь увыпIэщ.
Уэгум щызеуэ бгъэшхуэр зы джэдыкIэщ.
Узыщалъхуам нэхъ хэкуфIрэ, уи анэм нэхъ ныбжьэгъуфIрэ щыIэкъым.
Уи лъэпкъ хуэлажьэ, уи Хэкужь хуэзауэ.
Уи тхыдэр мыпэжмэ, уи гъуэгури пхэнжщ.
Уи укIыр хэлъми, пэжыр умыбзыщI.
УифI уи  къуажэм думыгъэш.
Уи хэку и мывэри дыщэщ.
Уи хэкур лъэщмэ, урогушхуэ.
Уи хэкур уи анэщи, хамэщIыр анэнэпIэсщ.
Уи хэкурэ уи къуажэжьрэ нэхъыфI щыIэкъым.
Унагъуэ умыхъуу къуажэ ухъунукъым.
Урысрэ Бахъсэнрэ зымыбгынэр хэкум жылагъуэу къинэжынщ.
Ухэхэсмэ, псэр махэщ.
ФIымрэ пэжымрэ щытхъу хуэныкъуэкъым.
ФIыуэ плъагъу щIыпIэм укIуэжыныр жыжьэкъым.
ХамэщIым насып щыIэкъым.
Хамэ дыщэ унэ нэхърэ – уи унэжь.
Хамэ фоупс нэхърэ – си хэку псы къабзэ.
Хамэ хэкур анэнэпIэсщ.
Хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ – си хэкужь сыщылIэ.
Хамэ хэку щытхъэ и хэкуи щылIэкъым.
Хамэ щIыналъэм уи лъэр щызагъэкъым.
ХамэщI гъэмахуэрэ хэкужь щIымахуэрэ я хуабагъ зыщ.
ХамэщI дыщэ кIанэ нэхърэ – хэкужь дэп.
ХамэщI исыр убзалэщ.
ХамэщIым цIыхур щыпудщи, хьэпшыпыр щылъапIэщ.
ХамэщIым щIыри щыхьэхущи, псыри щыдыджщ.
Хэку бгынэрэ фыз бгынэрэ зэхуэдэщ.
Хэкужь джэду гъуащэркъым.
Хэкужь езым и бзэ иIэжщ.
Хэкужь и дыгъэри нэхъ гуапэщ.

Хэкужь нэщӀрэ жьэгу яжьэ щӀыӀэрэ.
Хэкужь хуэдэгум хамэщӀри и джэгуэнщ.
Хэкужь хуэдэу хэкупӀэ щыӀэкъым.
Хэкужьыхьэ лъэщщ.
Хэкужь щызынэм и анэри игъэпэжынкъым, и адэри игъэунэнкъым.
Хэку зимыӀэжым дунейр къощӀыӀэкӀ.
Хэку зимыӀэм псори щӀыӀэ къыщохъу.
Хэкум емыкӀур къылъысмэ, псэр умылъытэу къыщыж.
Хэкум епцӀыжыр и анэми йопцӀыж.
Хэкум игъэгушхуэр хахуэ мэхъу.
Хэкум и щӀыб насып щыӀэкъым.
Хэкум и щӀыгу ӀэмыщӀэр нэхъ лъапӀэщ хамэщӀ и дыщэбг нэхърэ.
Хэкум хамэ къефыгъуэмэ, гъунэгъуейр къуентхъым зэдоблэ.
Хэкуншэр насыпыншэщ.
Хэкуншэ цӀыхум зыщыдзей.
Хэкур дыщэ гущэщ.
Хэкумрэ уи анэмрэ гурыщхъуэ яхуумыщӀ.
Хэкур жэнэтщи, хамэщӀыр жыхьэрмэщ.
Хэкур лъэпкъым и псэщи, лъэпкъыр псэм и псынэщ.
Хэкур лъэпкъыншэу, лъэпкъыр хэкуншэу къэнэным нэхъ Ӏей щыӀэкъым.
Хэкур лъэщмэ, урогушхуэ.
Хэкур псэкӀэ зэрахьэ.
Хэкур псэ пылъхьэщ, псэр шэпэӀудз зыхуащӀщ.
Хэти и хэку нэхъыфӀу елъагъуж.
Хэти иӀэр зы хэкурэ зы анэрэщ.
Хэхэсыр хьэфизщ.
Хэхэсыр псэ махэщ.
Хэхэс фӀыгъуэ щыӀэкъым.
Хыв фӀыцӀэр хужьу щыпфӀагъэуви къохъу.
Хьэ пэтрэ и къуажэжь ибгынэкъым.
ЦӀыхубэм и жьэр зыми хуэубыдынукъым.
ЦӀыху нэхъ лъапӀэ щыӀэкъым.
Шэр нэхъапэ зытехуэр пэж лъыхъуэхэращ.
ШылъэгумкӀэ шэдри жэнэтщ.
ЩумыщӀэжым деж пэжыр умыбзыщӀ.
Щхьэж и къуажэ и гупсэщи, щхьэж къыщалъхуам и псэр хэлъщ.
Щхьэж фӀэзахуэр еукъуэдий.
ӀэштӀымкӀэ пэжыр зэхагъэкӀкъым.

### ***КъыкӀэлъыкӀуэнущ***



# Куэшхьэблэ щыщ тхакIуэ гумащIэ

***Журналист, тхакIуэ, усакIуэ Къантемыр Тыркубий и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу***

Къантемыр Тыркубий Хьэбэз районым щыщ Куэшхьэблэ къуажэм къыщыхъуащ. ЗанщIэу къыхэзгъэщынщи, Тыркубий хуэдэу зи къуажэр фIыуэ зылъагъур зырызщ. Зыхуэфащэу къилъытэу абы я жылэжьым цIыху къыдинакъым темытхыхьауэ, езы къуажэм хуиуса уэрэдыр мыпхуэдэу иухыжащ:

*Си гъащIэм ущыщщи,*
*IэщIыб узмыщIын,*
*Сэ гуащIэу схэлъ псори*
*Уэ тыгъэ пхуэсщIынщ.*

Къуажэ еджапIэ нэужьым, Тыркубий къиухащ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутыр. ЗанщIэуи, 1965 гъэм, «Ленин нур» газетым щылэжьэн щIидзащ. Абы нэгъуэщI зэхъуэкIыныгъи къыкIэлъыкIуакъым. Щытхъу пылъу газетым щылажьэурэ, и ныбжьыр илъэс 70 ирикъуащ. А илъэсхэм Къантемырым хузэфIэкIа, зэфIихыфа Iуэхухэр мащIэкъым. Зи адыгагъэмрэ зи цIыхугъэмрэ гунэс сщыхъу Тыркубий сэри мыпхуэдэ усэ сатырхэмкIэ зыхуэзгъэзэну сыхуейт:

*ШынэхъыщIэу*
*Ди Тыркубий,*
*Тхьэм уи гъащIэр*
*Иукъуэдий!*
*Илъэс 70-р*
*ЩитI ирехъу –*
*Нур къапихыу,*
*ПхужаIэу хъуэхъу!*

Газетым и редакцэм щиIэ ехъулIэныгъэфIхэр къалъытэри, Къантемырым куэд дэмыкIыу пщэрылъ щащI письмохэмкIэ отделым и унафэщIу щытыну. ИужькIэ абы хуагъэфащэ щэнхабзэмкIэ отделым и редакторыныр. А Iуэхушхуэри зэрыхуэфащэкIэ игъэкIуатэурэ, журналист гуащIафIэр жэуап зыхь секретару ягъэув икIи илъэс бжыгъэфIкIэ а къалэныр гъэщыпкъэным яужь итщ.

Тыркубий и щэныр, цIыху щIыкIэр аращи, ар сыт щыгъуи хущIокъу япэкIэ плъэным, япэкIэ кIуэтэным. Ар къалъытэри, абы къыхуагъэфащэ редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ къалэныр. А пщэрылъри илъэс зыхыблкIэ ирихьэкIащ и къару емыблэжу.

«Ленин нур» газетым къыдэкIын зэрыщIидзэрэ илъэс 60 зэрырикъуар щагъэлъэпIам, абы щылажьэхэм я фIыщIагъэри къаIэтащ, пщIэи хуащIащ. Абдеж Тыркубии къратащ «Печатым и отличник» бгъэхэIур, «КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэри къыфIащащ, 2006 гъэм Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ящIащ.

Хабзэ хьэлэмэт зэрытхуэхъуащи, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я журналистхэм яку дэлъ хъуащ къуэшыгъэ зэпыщIэныгъэфIхэр. А республикэхэм я деж ди журналист-



*Адыгэ газетищым я лэжьакIуэхэр хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ Дер Станислав иригъэблэгъащ. 2003 гъэ.*

хэри цIэрыIуэ щыхъуащ. Къапщтэмэ, «Адыгей Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр ди деж щыщу япэ дыдэ зыфIащар Къантемыр Тыркубийщ.

1970 гъэм къыщыщIэдзауэ Тыркубий хэтщ Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым, 1999 гъэм ар хагъэхьащ УФ-м и ТхакIуэхэм я союзми. Апхуэдэ щIыхьхэр си шынэхъыщIэфIым ауэ сытми къыхуагъэфэщакъым.

Газетым и редакцэм илъэс куэд щIауэ щылажьэ Къантемырыр гъащIэм гъэщIэгъуэну, дахагъэу хэлъхэм къыщымынэу, абы дызыгъэгузавэу хэтлъагъуэ мыхъумыщIагъэхэми фIыуэ щыгъуазэщ. Ар тхакIуэм къыхуэмыщхьэпэу къанэркъым.

Зыпэрыува пщэрылъ мытыншхэр зэригуэщIыфым и щыхьэтщ Тыркубий и къалэмыпэм къыщIэкI художественнэ тхыгъэ хъарзынэхэр. Ахэм тхакIуэм «ящетIэгъэф» литературэм и жанр зэхуэмыдэхэм къайзэгъ фащэ екIухэр.

«Абыхэм я гъащIэр» жыхуиIэ и тхылъым журналист набдзэгуб-

дзаплъэм щигъэлъэпIащ, щигъэбжьыфIащ ди республикэм щыпсэу лэжьакIуэфI куэдым я IуэхущIафэ дахэхэр.

Щытхъу зыхуэфащэщ Къантемыр Тыркубий «ЦIыкIухэм жаIэ…» зыфIища тхылъым ит гушыIэхэр. Ди сабийхэм Iущыгъэ яхэлъу, гъэщIэгъуэну къапсэлъхэр зэхуэпхьэсын, птхыжын папщIэ абыхэм я бзэри езыхэри уи гум нэсу упсэун хуейщ. Дыкъоджэ ахэм, дыкъеджэху къэси ди гур къогуфIыкI.

ИщхьэIуэкIэ къыхэзгъэщащ Тыркубий литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэр зэригъэIурыщIэфыр. А жанрхэм ящыщ зыщ гушыIэхэмрэ ауанхэмрэ иту къыдигъэкIа «Кулизар «мэIэзэр» тхылъыр. Зэшыр тщхьэщызыхущ «СыгушыIэуи си фIэщуи» зыфIища гушыIэ тхылъри.

ГъащIэм фIыуэ щыгъуазэ, гъэщIэгъуэнри мыгъэщIэгъуэнри тэмэму зэхэзыгъэкIыф, къэзыгъэлъэгъуэф тхакIуэращ жанр зыбжанэ и творчествэм къыщызыгъэIэрыхуэфыр. Ди гуапэщ икIи дрогушхуэ Къантемыр Тыркубий апхуэдэ тхакIуэу къызэрытхэтым.

Къуэш республикэхэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм традзэ зэпытщ Тыркубий и тхыгъэхэр, ахэр ихуащ щIэблэр зэрырагъаджэ тхылъхэми.

Тыркубий фIыуэ къехъулIэ жанрхэм ящыщщ уэрэдхэри. Ди Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Къэбэрдейм я композиторхэм уэрэд цIэрыIуэ зыкъом ятхащ абы и псалъэхэр щIэлъу. Апхуэдэхэщ «Адыгэ хэку», «Си Куэшхьэблэ», «Уралейщ уэ псоми», «Адыгэ пщащэ», «АдыгэщI», нэгъуэщIхэри. Ахэр цIыхубэм яхэIуэри, езым яйм хуэдэ хъуащ. Абы и щыхьэтщ Тыркубий и уэрэдхэм пщIэшхуэ къызэрыхуащIар. Абыхэм папщIэ 2010 гъэм усакIуэм къыхуагъэфэщащ Дунейпсо Арт комитетым и Дыщэ микрофоныр.

Си тхыгъэм и кIэухым щIызгъужынщ: сэ срогуфIэ Къантемыр Тыркубий зэрыдиIэм. Ар зыпIа, цIыхуфIу гъащIэ гъуэгу захуэм тезыгъэхьа и анэ-адэм щытхъуу яхуэмыфащэ щыIэкъым. Тыркубий иджыри пщIэрэ къолъэнщ зыхужаIэм хуэдэщ. ТхыгъэфI куэдкIэ дяпэкIи дигъэгуфIэну дыщогугъри, узыншагъэ мыкIуэщIрэ творческэ ехъулIэныгъэ инрэ адэкIи иIэну ди гуапэщ!

***ХЬЭНФЭН Алим,***
*Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ.*

*КЪАНТЕМЫР Тыркубий*

## АНЭБЗЭР МЫIУЖМЭ…

**Бзэгум хэлъкъым къупщхьэ,**
**Арщ щIыжиIэр куэд,**
**Ухуимытмэ уи щхьэ,**
**Уи пщIэри мэкIуэд.**

**Дапщэ диIэр гъащIэу,**
**Щхьэ дымыхъурэ Iущ?**
**Шэч хэмылъу сощIэ:**
**Фыгъуэр цIыхугъэпудщ.**

**Псынэр щыхъур къабзэ**
**IIэмэщ тепIэн,**
**Тхъумэжыну ди бзэр,**
**Ди псэм и къалэнщ.**

**Уи бзэр уимыIэжмэ,**
**Лъэпкъыр кIуэдыжащ,**
**Ар дымыхъумэжмэ,**
**ЩIым дытекIыжащ.**

**Маржэ, си адыгэ!**
**Дызэрывгъэубыд,**
**Хъунущ ди пщIэр лъагэ,**
**ЗыдмыщIыжмэ пуд.**

## АДЭ

Ныбжьэгъухэр зэхуэсмэ, псори къызэхъуэхъут,
АпщIондэху зыхэсщIэу сэ нэхъ ини сыхъут,
УзиIэну ену адэ сэ къысщыхъут,
Зэгуэр субгынэну зэи си фIэщ мыхъут.

Къуажэм сынэкIуэжмэ, си лъэр жану щIэкIт,
Адэ сэлам гуапэм си гур къыдэхъуэпскIт,
Си дунейр бгъэдахэт, гуфIэм сыхэмыкIт,
Сежьэжын хуей щыхъукIэ, си гум упымыкIт.

ГъащIэр къэмыувыIэу иджыри йокIуэкI,
Жьыгъэр къызыщIыхьэр мащIэ-мащIэу IуокI,
Зауэм хэта цIыхухэр япэм хыщIым блэкIт,
Иджы къуажэм дэскъым зы лIыжь закъуэ фIэкI…

Адэр псэухункIэ, жьауэу къыпщхьэщытщ,
Ар ущимыIэжым, уибэ пэлъытщ…
Куэбжэм укъыдэкIмэ, тетIысхьэпIэр нэщIщ,
Ауэ сэ итIани укъыспэплъэу сфIощI.

## СИ КЪУЭРЫЛЪХУ

СиIэ хъуащи сэ къуэрылъху,
Мы дунейр сысейщ,
Щырехъу гъащIэм ар нарт щылъху —
Нэгъуэщ I сыхуэмейщ.

ЩIэ фIэщыным дыщынэсым,
Къыхэтхар Эмирщ,
Къыдэтэджмэ лъэпкъ нэмысым —
Ди гъащIэ Iэмырщ.

«Къуэр къудамэщ, лъэпкъгъэбагъуэщ» —
Псалъэжьу къокIуэкI,
Пасэрей жыIэгъуэ щIагъуэм
Ноби Iэджэ къокI.

Къудамэншэм, жыгыр мэгъур,
Мэгъури, ар къоуэж,
Ди адыгэм и къэкIуэнур
Щызолъагъу уи деж.

Гур зыхуеIэм лъэр лъоIэсыр,
Тхьэм ар наIуэ тхуищI.
Зиукъуэдийурэ уи къуэпсым,
Жыжьэ нырырес!

## Культурэм и лъахэм

ЕЛГЪЭР Кашиф



# Сызэрыхъу пэтауэ сызэрымыхъуахэр

***Гукъэкlыжхэм щыщщ***

Ди адэ къуэшым и къуэ Бетыгъуэн а зэрыныкъуэдыкъуэт. Ар зыхэунэхъуари, къыгуэхыпlэ имыlэу, пыщlат и адэр зыхэкlуэда зауэм. Арщхьэкlэ хуэфащэ пенс къэрамыту, щlыlэ узым къыхэкlа фэбжь бзаджэм и бэлыхьыр игъэврэ, къуэщlийм хуэдэу, и лъэнкlапlэми и lэблэми къупщхьэ щахэр къыхэкlыу, уэтэпсри къикl зэпыту, итlани, лlыгъэ хэлъти, зылl ныбжьи къигъэщlауэ, ауэ а зэрыныкъуэдыкъуэу, тхьэмыщкlэр дунейм ехыжащ…

Дохутырхэми lэзэхэми зыри къызыхуамыщlэф и къуэм ишэч хьэзабыр псэкlэ зыгъэв анэр гузэсэжу щытхьэусыхэкlэ, уи псэри дэгуlэрт. Здэмыкlуи здэмыжи къигъанэртэкъым.

Тхьэм ещlэ, а къыздикlухьхэм зэрызэхихар, и тхьэкlумэм къоцырхъэ Кубанскlэ лъэныкъуэмкlэ (Псыжь адрыщlым арат зэреджэхэр) лlы lэзэ бэлыхь къыщыунэхуауэ, абы lэщlэкl узыфи щымыlэу. «Ауэ, – жи, – абы нэс сызэрыкlуэн ахъши lэзапщlи дэнэ мыгъуэм къисхын? Дакlэрыщlауэ жэмыжь закъуэр тфlыдамыхуамэ, ар сщэжынти… Арщхьэкlэ зи кlуэцlыр къифыкlын хьэ кlуэцlхэм ари якlуэцlыкlуэдащ…», – кърагъэгъыхырт анэ тхьэмыщкlэм.

– Апlэ, къэп фиlэ? – къызжьэдоху махуэ гуэрым. А упщlэкlэ делэр зыхуихьыныр имыщlэу, мор къызоплъ. Ауэ, тхьэусыхафэхэм седаlуэу сыздэщысым, ар къызыхэсхар сэ сщlэжырт: сыщыплъыр жэщхэм амбарым дашу слъагъухэми нэгъуэщl lэджэми сегупсысауэ арат. Мохэр (амбартетымрэ абы игъашхэхэмрэ) гукlэ, маршынэкlэ дыгъуэ щыхъукlэ, сэ зы гуэдз къэп къэздыгъу щlэмыхъунур сыт? Атlэми, сэ сыщlэдыгъуэнур…

– Къэп фиlэ, зо? – мобы и къызэплъыкlэри, саубыдмэ къысщыщlынури схузэхыхьэжауэ, си макъым зызогъэlэт.

– Сыт къэп, тlасэ, узыщlэупщlэр?

– Гъавэ зэрызэрахьэ, зэрызэрашэ!..

– Хэт мыгъуэ иджы къэпкlэ гъавэ зезыхьэжри зезышэжри?

– Зезышэхэр хэтми сэ сощlэ! Фиlэ къэп?

– Диlа мыгъуэтэм, Алыхь… Зышхын зымыгъуэтыжыр цlыхум я за-

---

*Кlэухыр. Пэщlэдзэр нэгъабэрей 6-нэ номерым итщ.

къуэкъым – дзыгъуэм яшхауэ пкIэунэм телъщ. Сытыт, тIасэ, къэпкIэ пщIэнур?

– Къэп гъуэжьышхуэ сыхуейщ, – апхуэдэу жыхуэтIэр путих зэрыхуэхэрат (тэмэмыр жыпIэмэ, абыхэм килограмми 100 ярыхуэрт).

Сэ къэп гъуэжьыжьым сыкъыщIытеувыIарат: псым уитхьэлэн хуей щыхъуам деж, псыIэрышэм уитхьэлэ нэхърэ, псышхуэм ущIилъафэмэ нэхъыфIщ. КъыфIэбгъэкIмэ, – лъэныкъуитIкIэ: ауани укъамыщIу, нэхъ яфIэгъуэныхьи ухъуу… СыщыдыгъуэкIэ саубыдмэ, къэп цIыкIуми къэпышхуэми сыщытекIуэдэнукIэ… Алыхьым дыкъихъумэрэ – мо унагъуэм гуэдз къэпышхуэр нэхъ къахуэщхьэпэнущ: иныкъуэр гъуэгупщIэмрэ Iэзапщiэмрэ трагъэкIуадэми, къахудэхуэр зыкъомрэ яшхынщ…

Си мурадыр къысхуимыгъэдахэу (къыстегузэвыхьырти арат) АпIэ куэдрэ сызригъэныкъуэкъуащ:

– Апхуэдэ мыл дытемылъадэмэ нэхъыфI мыгъуэщ. Ди ныбэ нэщI ди Iэ телъыжу, ди мыгъуагъыр, Алыхьым къыттрилъхьащи, тшэчыжынщ. А жыхуэпIэхэм текIуэдэнкIэ хъунур уэрэ дэрэ ди закъуэкъым, тIасэ – псом япэ япхъуэтэнур Синэхущ (апхуэдэут ар и пщыкъуэм зэреджэр). Ари тщхьэщачмэ, щIалэ ныкъуэдыкъуэми унагъуитIми ди унэхъугъуэр къэсауэ бжы…

Сытми, селъэIумэ-сеныкъуэкъуурэ, АпIэ къытызогъэхьэ. Пэж дыдэу, сэри, ди адэри, езыхэри дытекIуэдэн хуейуэ Тхьэм иухми, Iуэхум демыпIэщIэкIыу хъунутэкъым: бжьыхьэкIэ нэсати, гуэдзыр лъэныкъуэ бэкхъым щIахыжурэ амбархэм щIакIутэжырт. Ар нэхъ мащIэ хъухукIэ, ухэIэбэнуи нэхъ дзыхьщIыгъуэджэт. ЕпIэщIэкIын хуейти…

Кладовэмрэ дэрэ, зэрыжысIащи, лъэбакъуэ щитI-щищ ди зэхуакуу арагъэнт. УнагъуитIри зы пщIантIэм дыдэсти, дыгъуэпшыхь дызэрызэпсэлъам тету, аргуэру дызэгуроIуэ: пщыхьэщхьэ, жэщыр фIыуэ хэкIуатэмэ, сэр нэхърэ тIэкIукIэ нэхъыжь Муридрэ абы къыкIэлъыкIуэ Лалэрэ гу цIыкIукIэ нокIуалIэ дэ нэхъ тпэгъунэгъу ипщэрабгъу лъэныкъуэ бжыхьым. Къэзгъэхьэзыра гуэдз къэпыр сэ къыдызох, мобыхэм яIэрызогъэхьэри… Алыхьым гущIэгъу къытхуищIынщи, дыкъихъумэнщ. Арат ди гугъапIэр.

ИкIи къытхуищIат. КъытхуищIа къудейтэкъым – килограммищэ зэрыхуэ а къэп гъуэжьыжьыр къысхуэIэту си дамащхьэм зэрытеслъхьэфам (дауи, абыи Алыхь Iэмыр хэлът) сыпелуан дыдэу зыкъысщигъэхъужри…

Сигури си нэри ипщэрабгъу бжыхьымкIэ щыIэти, аитIумкIи зэхызох мохэр къызэрысар. Гуэдзыр къэзгъэхьэзырагъэххэти, зэрыхъунуми къызэрысIэтынуми семыгупсысауэ, сызэкIэщIэзызэу къэп гъуэжьыжьым сыбгъэдохьэ. СоIэри… Зи къарур ин Алыхь! Сэри мо унагъуэми къыддэIэпыкъуащ. Армыхъу шынагъуэрэ хьэлъэкIэ гъэнщIа а къэпым сыпэлъэщынтэкъым. ДыщызэгурыIуа щIыпIэм сынэсмэ, къэпым си щхьэр щIигуати, занщIэу сымылъэгъуа щхьэкIэ, щыри дыздэIэпыкъуурэ, хьэлъэр гум идгъэзагъэмэ, соплъри, къэкIуар зэкъуэшитIратэкъым – АпIэрэ щIалэ нэхъыщIэмрэт. Апхуэдэу щIащIам и щхьэусыгъуэр зэхэдгъэкIыу абдеж дыщыт хъунутэкъыми, мохэр йожьэж. Сэри сыбауэ-сыбапщэу, сызэплъэкIыурэ сыдолъэдэж. Сыжэурэ сынос ди дежкIэ щыт бжыхьым. Соплъэ. СодаIуэ. Зыри слъагъуркъым икIи зэхэсхыркъым, Алыхьым шыкур хуэсщIурэ, сокIуэри гуэдз самэм сыхотIысхьэж. Мис иджыщ хуиту сыщыбэуэжри, гупсысэхэм зыщаукъуэдиижри…

Сабийхэм я анэр езыр нышIэкIуарат. Мурид балигъыпIэм нэблэгъати:

«Зыгуэрклэ яубыдрэ… ягъэтІысмэ, жысІэ мыгъуэри…» «Уэ уаубыдауэ щытамэ-щэ, АпІэ?» «Абы щыгъуи сыт мыгъуэр сщІэнт? Сабийр ягъэунэхъу нэхърэ, шыгъу зышхар псы ефэжынти… Лалэ къещхьэфэуэнхэти… щІалэжь цІыкІум сыт къращІэнт, къаутІыпщыжынт. Сэ Алыхьым къыстрилъхьар сшэчынт…»

Абы кІыхьу дытепсэлъыхьыжат, ауэ, гъэщІэгъуэнракъэ, анэр зытегужьеикІа Мурид нэхърэ сызэрынэхъыщІэшхуэ щымыІэ пэтми, тхьэмыщкІэ, ахэр яубыдамэ, сэ къызащІэнкІэ хъуну щытам теухуауэ зы псалъэ къыхигъэщатэкъым и тхьэусыхафэм. Сэри абы и Іуэхуклэ зыри жысІатэкъым… МафІэм и гъунэгъу лыр мажьэ, жи.

НтІэ, арати, Іуэхур бэІутІэІуншэу зэфІэкІа, нервхэри тІысыжа нэужьщ, сымыщІэж щхьэкІэ, сыпелуан дыдэу зыкъыщыслъытэжар. Арати, спортым сыхохьэ. ДагъэщІэшхуэ, дызэрагъэсэшхуэ щымыІэми, спортым ехьэлІауэ школым зыгуэрхэр щалэжьырт. Сэр нэхърэ нэхъыжь Яхътэныдж СультІан (иужькІэ атлетикэ псынщІэмкІэ спортсмен цІэрыІуэ хъуауэ щытащ), ХьутІэ Володэ, ди Хьэжидэ сымэ спорт зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зэхьэзэхуэхэм кІуэрейхэт. Сэ, зэрыжысІащи, сыдомбей вылщІэти, Яхътэныджым и атлетикэ псынщІэм щысщІэн щыІэтэкъым. Сызыдэплъеин хуейр мо зи цІэ къисІуахэм нэхъри нэхъыжьыж, утыкушхуэхэм щыбанэурэ текІуэныгъэхэр къэзыхьу щІэзыдза ди къуажэгъу Щэнбей Мышэт (иужькІэ бэнакІуэ цІэрыІуи зи цІэр Михаили хъуарат).

АтІэми, путихым щІигъу зэрылъ гуэдз къэпыр къэсІэту си дамащхьэм щытеслъхьэфакІэ… ПцІым сыткІэ дыхуей? ЗэрыжысІащи, мыри Іуэхум хэлъагъэнщ: текІуэныгъэшхуэхэр къэсхьмэ, си цІэр згъэІуурэ, я нэр ирезгъэщІыжынщ си усэхэр къыпезыгъэхахэми, сэ езыр сыкъыпезыгъэха хъыджэбзыжь цІыкІу зыкъызыфІэщІыжами… АрщхьэкІэ губжьым къыхэкІыу узытехьа гъуэгум жыжьэ унихьэсынт?..

Сытми, спортым зыщызгъэунэхужыну мурад сощІ. Штангэм щхьэкІэ гугъуехь лъэпкъ сыхэтакъым – абы и пІэкІэ къэсІэтыну хьэлъэхэр, гъущІ гулъэмыжыжьхэр дэнэ дежи щыгъунэжт. Ахэр пфІэпсынщІэмэ, абыхэм я кІапитІым фІэбдзэн, фІэпщІэн жыпІэнущи, ди гъунэгъу чырбышкхъуэщын заводым гъущІ шэрхъыжьрэ гъущІыкІэжьу щумыгъуэтын щыІэтэкъыми, сызыхуейуэ хъуам хуэдизкІэ зыкъызэзгъэпэщащ. Нэхъ гугъур путитІ гырэхэр къэгъуэтынрат. СыбукІами, къыздисхар сщІэжыркъым, ауэ апхуэдэ гыритІи къызэзгъэпэщат. Хьэжидэхэ къызатауэ къыщІэкІынт. Абы и къуэш нэхъыжитІ Адэлбийрэ Сэфарбийрэ дохутырхэу щеджэхэм щыгъуэ жыгитІ зэхуакум фІадзэ гъущІ пхъэшыкъухэм зыкъыщрахыу, зыщыдрахьейуэ, зыкъагъэш-зынагъэшыжу, ІэпщитІкІэ къакІухьу, хьэлъэ гуэрхэр къаІэту – Іэджэ дагъэлъагъуырт. Ахэрагъэнт гырэхэри зеяр е я адэ Хьэмызэ мыгъуэм къыщІэнат? Ар зауэр къэмыхъей щІыкІи, нэмыцэхэм даубыдыным и пэкІи завхоз, амбартет хуэдэурэ колхозым щылэжьат. Я унагъуэр хуэщІауэ псэурт: а лъэхъэнэхэм къулеигъэ нэщэнэу ябжу щыта абджыпс унэ зэгуэтышхуэ япэ дыдэ зыщІахэм ящыщт. Кладовэм щыдэткІэ, джэдкъазым ирагъэшхын Іус ягъуэтынтэкъэ? Езыхэм я гъэшри, игъэлажьэ шэщІэху маршынэри зезыхьэ ГуащэцІыкІу (сэ сыкъыщалъхум си бынжэр пызыупщІауэ щытар арауэ жиІэжырт ди Хьэчим) гуэгушхэри, къазхэри, джэдри и хъушэт. Унагъуэ хуэщІам я бынхэри зыхуей хуагъазэрт: ирагъаджэрт. ЕкІуу яхуапэрт. Хьэжидэ районхэри, къалэ жыжьэхэри гъунэгъухэри зэригъэкІэсу, батэр хуэмыгъэшыщэми, сыт хуэдэ лІэужьыгъуэмкІи зигъэспортсменышхуэт. ЖыпІэнурамэ,

сызыдэплъеин, щапхъэ къызытесхын сиIэти, зэрызызгъэсэнухэмкIи къызэгъэпэща сыщыхъум…

Зыщызгъасэр ди Iуэ кIуэцIымрэ бэкхъымрэт. Си цIэрыIуагъыр къыщежьар абдежт – си ныбжьэгъу-еджэгъухэр «си спорт залым» къыщызэхуэсрей хъуат. Хьэблэ сабийри си плъакIуэт. Си лъэщагъыр зэрагъэщIэгъуэн ямыщIэу, ахэри си ныбжьэгъу-еджэгъухэри си хъыбарыфIгъэIу радиот, кIэзетт. Арати, Iуэм сыкърашри, школым щагъасэ спортсменхэм ящыщ сохъу. Абы штангэ дыди гырэхэри яIэти… Еуэ, зыгъасэ. ПлъэкI къыумыгъанэ! Ауэ си пелуаныгъэр нэхъыбэу къыщызгъэлъэгъуэфыр ди Iуэрат. Пэжщ, абы пэщIэщIэгъу щызиIэтэкъым – сэ къыспеуэну хуежьэн яхэттэкъыми а «спорт залым» къекIуалIэхэм. Ахэр плъакIуэу, бжакIуэу, судьяхэу арат. ЩIызэдауэхэу гугъу езыгъэхьыр гырэхэр къызэрысIэтыф бжыгъэр зыхуэдизыр къэщIэнрат. ПутитI гырэхэм я къэIэтыкIэхэри зэщхьэщагъэкIыркъэ-тIэ? УмыгъэтIылъыжу, хуэмурэ зы гырэр, Iэ зырызымкIэ пIыгъ гыритIыр хуэмурэ Iэтын, ахэр псынщIэу дэдзеин. Зы гырэр Iэ лъэныкъуэкIэ зэрыплъэкI бжыгъэм хуэдизкIэ къэпIэтурэ дэдзеин… Мис а иужьрейрат тэмэму яхуэмыбжурэ куэдрэ щызыгъауэхэр, зэныкъуэкъу, зэщыхьэ къэзыхэкIыр. ЗэрыгъэкIийзэрыгъэгуо си «судьяхэм» къыщIрагъэдза бжыгъэхэр щызэтемыхуэхэм деж: «ЩIэрыщIэу къыщIэдзэжи аргуэру дыгъэбжыж», – жызыIэу къыспэзыубыдхэри къахэкIырт.

Мыбдеж ар зэщхь хъур базкIэ зэувэлIа зэщIасэгъуитIым я Iуэхурат: щIасэлIым и лIыгъэр къигъэлъэгъуэху къэскIэ, гъуэлъыпIэр зыбгъэдэт блыным зы баш цIыкIу иритхъэрт, цIыхубзми арат ищIэр. «Баз дызэрызэпихьа бжыгъэр згъэзэщIащ», – жиIэу лIыгъэ зезыхьа щIалэр гъуэлъыпIэм къыщеувэхыжым, зэрызэпихьа базыр зэрыфIахьым къигъэдзыха е нэгъуэщI зыгуэрым (п.п., а джэгукIэр, и щIасэр игу зэрырихьам) къыхэкIа, цIыхубзым зыкъретIэ: сэ къистхъа баш бжыгъэр уэ къыщIебгъэдзам хуэдиз хъуркъым жи. Зи къарум къигъэгугъэ, пцIыупсыфэ кърапльуи къызыщыхъуа щIалэжь къэгубжьам: «Абы щыгъуэ тIуми къиттхъа баш бжыгъэхэр тыдогъэкIыжри, щIэрыщIэу къыщIыдодзэж!» – жеIэри, и щIасэ нэпсейм игу фIы хуещI...

Ауэ, мо щIалэ бланэжьым сещхьтэкъыми, сэ сыкъигъэгугъэртэкъым, асыхьэту къытезгъэзэжу япэм хуэдизрэ гырэр аргуэру схудэдзеижыну.

Арати, си ныбжьэгъухэр зэщыхьэжарэ щызэмыпсэлъэжи къэхъуу щызэбгрыкIыжхэ щыIэт. А Iуэхур убзыхуным псом япэ тэмэму егупсысар тпэмыжыжьэу псэу, IыхьлыгъэкIи къызгухьэ Иуан Зурабщ. Ари зы Iэчлъэч гуэрт. Хьэлъэхэм еIэнри и жагъуэтэкъым. Ауэ ари, еджэнми зэрыхэзагъэшхуэ щыIэтэкъыми, ди ныбжьэгъу Къашыргъэ Музэчыр, си адэ къуэшым и къуэ Мухьэб сымэ я гъусэу къэфакIуэхэм яхохьэ. Си къуэшитIым я Iуэхур абыи щIагъуэу къыщимыкIами, Музэчыр, «Кабардинка»-м хэту, дуней псор къызэрифыхьам, цIэ лъапIи, нэгъуэщI лъапIэныгъэхэри къызэрыхуагъэфэщам щыгъуазэр си закъуэкъым. Ауэ мобы щыгъуэ ари си «судьяхэм» ящыщу арат.

ДяпэкIэ бжьынэр зэрымынэн е ар тыншу зэрыбгъэкIыжын папщIэ Зураб цIыкIу (ар щIалэ хэщIыхьат, лъахъшэт) къигупсысаращ-тIэ. Абы и адэ ХьэтIэхъу хуэщIауэ псэурт, сытым щыгъуи мэлыфI и куэдт. Зураб и жыпым изу нартыху гъэлъэлъа е мэлкIэвей гъур иIыгъыу «спорт залым» къакIуэу щIедзэри, си «судья» къомым я Iэбжьыгухэм ирекIутэ – сэ гырэр къэсIэтурэ зэ дэздзеиху къэс яIыгъым щыщ зырыз щхьэж и пыIэм

иридзэн хуейуэ арат. Ар бжэкIэ хъарзынэт. Арщхьэкlэ щхьэж и хьэдзэхэр е мэлкIэвейхэр къыщабжыжкIэ аргуэру зэныкъуэкъу къыщыхэкI щыIэт: си къэIэтыкIэхэм еплъыным дихьэххэрти, щыбжэкIэ щыуэхэрт. Зэрыщыуэхэрат: я жьэр ущIауэ къызэплъхэурэ, нартыху хьэдзэр е мэлкIэвейр, пыIэм ирамыдзэу, къащыIэщIэнэ е Iэбжьыбкlэ щракIутэ къэхъурт… Щытехьэулеикlыпэхэр, си кIэтIийр кърригъэлъэдэным хуэдэу, ерагъыу (иужьрейхэр) къыщысlэтыжкlэ къыщыстегузэвыхьхэрат.

Апхуэдэхэм деж схузэфIэкIыр къызэралъытэр нэхъыбэм я пыIэм кърахыжам (абы сэ жысIэ бжыгъэри хэту) тещIыхьауэт. Си щхьэр сыт щхьэкIэ къэзгъэпцIэжын хуейт? Сэ къызэрызбжми, нэхъыбэм я пыIэм илъахэм тещIыхьауи, псоми дызэхуеплъыжа нэужь, къыщыщIидз щыIэт зы гырэр 29–30–31-кIэ къэсIэтурэ дэздзеяуэ. Ауэ зэпымыууэ апхуэдэ лIыгъэ къыщызгъэлъагъуэр ди Iуэрат. Школми сыщыхуэмыхутэкъым. Щхьэлыкъуэ сыдэкIыу нэхъ жыжьэ сыхъуху: Шэджэм – Налшык – Дохъушыкъуей станцым – КъалэкIыхьым сыкъыщыхутэмэ, си къарум хэщI нэхъей, къысхуэIэтыр нэхъ мащIэ хъурт. Армыхъу иужь дыдэу апхуэдэ зэпеуэм сыщыхэтыжам КъалэкIыхьым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм ди республикэм япэ увыпIэр щызыубыдам (хьэлъагъкIэ сэ сызыхиубыдэ гупым хэтхэм) гырэр къаIэтурэ 24-рэ нэхъыбэкIэ дэзыдзеифын къахэкIатэкъым. Сэ браныч гъущэу сагъэшха къомымрэ абы трызагъэфыхьыжа псы литрищымрэ (ди гъэсакIуэхэм си хьэлъагъыр нэхъыбэж ящIу, си хьэрхуэрэгъунухэр щынэхъ мащIэ, щынэхъ лъэрымыхьу къащыхъу гуп сыхрагъэубыдэн папщIэ) псыхэкIуадэ хъуат: зы гырэр къэсIэтурэ зэрысхуэдэдзея бжыгъэр пщыкIуийм схуфIэгъэкIакъым. Абы узэрагъэпэжэн увыпIэ лъэпкъ къиубыдыртэкъым. Си «судьяхэр» си гъусэу, си «спорт зал» ди бэкхъым къыщызгъэлъэгъуэф зэфIэкIым къызэрытезмыгъэзэжыфым сризэгуэпырт, сыкъигъэгубжьурэ си лыр сшхыжырт, тэмакъкIэщI сыхъуауэ, си цIэр сэзэгъыжыртэкъым. ЖыпIэнурамэ, сызэрыщымытаи, нэхъ уэди, «тху» защIэкIэ семыджэжыфи сыщыхъум – дэсудани, спорт!..

Ауэ спортсмен сыщIэмыхъуам нэгъуэщI щхьэусыгъуи хэлъагъэнщ: сыт хуэдиз си къаруагъми, си Iэхэр кIыхьыIуэт. Ахэр нэхъыфIу къыщыпхуэщхьэпэнур хьэлъэ къэIэтынратэкъым – боксрат. Сэ, дыгъуэным къыхэкIыу, сыпелуану зыкъэслъытэжами, сызыгъасэхэм къагурыIуэн хуеягъэнщ боксым нэхъ сызэрыхэзэгъэнур: сызэрыкъарури си Iэблэхэм я кIыхьагъри къалъытамэ… АрщхьэкIэ… Пэжыр жыпIэмэ, боксерхэр зыхуэмеинкIэ Iэмалыншэ, псом япэрауэ, Iэлъэхэр ди школым иIэтэкъым. Боксым ухуезыгъэсэни абыхэм щыгъуэ Щхьэлыкъуэ дэнэ къыщипхынт?..

Къуаншэу зызыбжыжу щэм зы къахэпшми арагъэнщ, укIытэ гуэр пхэлъыххэмэ, а зыр сэращ жыпIэу дауэ уи жьэм къебгъэкIуэн? Спортсмен сыщIэмыхъуами си къуаншагъи хэлъащ: ерыщагъыр схурикъуакъым. ТэмакъкIэщIагъри нэгъуэщI зыгуэрхэри къыстекIуэри…

## 3. ШОФЕР СЫЗЭРЫМЫХЪУАР

Дохутыри спортсмени къысхэмыкIами, дунейр къутэжаи! Абыхэм нэмыщI, узэрыхъу хъун нэгъуэщI щыIэкъэ? Гъунэжщ!.. Мис а гъунэжхэм ящыщу къызобж шофер IэщIагъэр. Абы сыхуеджэну мурад щIэсщIар щхьэусыгъуитI-щым къыхэкIат.

Мызэ-мытIэу зэрыжысIащи, язынықъуэ си классэгъухэм си ныб-

жьымкӀэ фӀыуэ сащхьэпрыкӀауэ седжэрт. ЕпщӀанэр къызагъэухынкӀэ сигурэ си щхьэрэ зэтелътэкъым. А шынагъуэр лъэныкъуитӀкӀэ къыщыспэплъэу сфӀэщӀырт: дыдейхэм школым сыкъыщӀашыжу аргуэру лэжьыгъэм сыхахуэжынкӀэ хъунут. Апхуэдэу ящӀмэ, езыхэми сэри зыкӀи ди сэбэп хэмылъу, занщӀэу сапхъуатэу дзэм сашэныр бетэмалт. Арат къащыщӀар ныбжькӀэ сэ нэхъ къыздэхъуу щыта щӀалэшхуэжь куэдым. Пэжщ, зи адэ-анэхэри зыщхьэщыт, хуэщӀахэуи псэу си къуэш Мухьэб, Зураб сымэ ирамыгъаджэу къыщӀашыжауэ аратэкъым – яхуеджэхэртэкъыми, егъэджакӀуэхэр къешхыдэ зэпытт. Я быныр ирагъэджэну лъаӀуэу, тхьэусыхэу ахэр мобыхэм я адэ-анэхэм я деж кӀуэрейт. А псори ягу темыхуэу, лӀы хъуауэ зызыбжыж, къэшэныгуи хъуа мо щӀалэ пагэхэм загъэгусэщ, школым я щӀыб хуагъазэри…

Ахэр зэщхь хъуар драматург Фонвизин Денис и Митрофанушкэрат: седжэну сыхуейкъым – фыз къэсшэну сыхуейщ, – жызыӀэу щытауэ зи псэлъафэ цӀэрыӀуэр дэри зэпэддзыжу тӀурылърат. Ауэ, къэшэнми хунамыгъэсу, зэрыжаӀэу, дыгъэ трамыгъапсэу, дапхъуэтри дзэ къулыкъум ираджат си къуэшхэр.

Сэ абыхэм сащымыщ пэтми, зэрыжысӀащи, школыр къызамыгъэухынкӀэ шынагъуэ сиӀэт. Мыри щхьэ бзыщӀын хуей? Дзэм къулыкъу щыщӀэнми си нэр къыхуикӀыщэртэкъым. А сэкъаур зыщӀэкӀыу къэзыгъэзэжахэм къаӀуэтэжхэми кинохэм щыслъагъухэми гуфӀэгъуэ лъэпкъ хэслъагъуэртэкъым – командир щхьэзыфӀэфӀхэм, щӀэныгъи гущӀэгъуи зыбгъэдэмылъхэм узэрагъасэ щӀыкӀэу зэхэсххэмрэ слъагъухэмрэ сигу схутегъэхуэну сыкъигъэгугъэртэкъым. Дзэ къулыкъум псом хуэмыдэу сигу щызыгъэкӀар Куприн Александр и «ЩӀакӀуэ кӀапэ» повестымрэ абы ещхь тхылъхэмрэт.

КъимыдэкӀэ, шоферхэр адрей колхозхэтхэм куэдкӀэ ефӀэкӀыу псэурт: абыхэм Ӏуэхутхьэбзэ Ӏэджэ кърагъащӀэрт. Дауи, а псоми зыгуэр къапэкӀуэрт. Езыхэри я маршынэм зыгуэр имылъу къыщыдыхьэжыр зэзэмызэт. Бэзэр, мэз, пщӀантӀэм дэт Ӏэщым, джэдкъазым яшхын жыпӀэми – маршынэм укъуэлӀыкӀынутэкъым. Еджэныр къызэмыхъулӀэми, дзэм сраджэ хъужыкъуэми, иужькӀэ колхозым сыкъыхэнэжми, шофер ӀэщӀагъэр сытым дежи къысхуэщхьэпэну къысщыхъурти, япэкӀэ сыплъат. Псори тэмэму зэпэслъытауи къысфӀэжырти, еянэр къыщызуха 1953 гъэм и гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм, нэгъабэ мэкъуауэ, мэкъу Ӏэнащтэ сызыхущыӀа колхоз унафэщӀхэри си анэнэпӀэсри къыскӀэрыщӀауэ, сафӀыщӀотӀысхьэ шоферхэр щагъэхьэзыр мазищ курсхэм.

АнэнэпӀэсым жиӀэри къыпхуищӀэри гунэс пщымыхъу пэтми, сызэримыутӀыпщынум щхьэкӀэ ари бгъэкъуэншащэ хъунутэкъым – пэшитӀ фӀэкӀа мыхъу ди унэ цӀыкӀур къызэрыдэмэщӀэкӀым шэч хэлътэкъым. ЗэрырагъэджамкӀэ, зэрагъэсамкӀэ къытехуа щӀыхуэр Тырныаузым щызыпшыныжа Хьэчим хуит къащӀыжати, кӀуэркъэкӀуэжу Налшык щырабочэт. Абырэ и щхьэгъусэ Къэрэжанрэ (ари ди заводым щылажьэрт) лэгъунэ щхьэхуэ яӀэн хуейтэкъэ? Сэри «сыщыдомбей выщӀэжькӀэ» (ди район къулыкъущӀэхэм къызадза а хъуэныр бдзэжьей къупщхьэу си тэмакъым тенат) егъэзыпӀэ гуэр сиӀэн хуей хъуат. Си къуэш Музэчыр някъуэдыкъуэри сабий цӀыкӀужткъым. КӀэщӀу жыпӀэмэ, ди унэр нэхъ иныӀуэкӀэ зэдмыхъуэкӀыу мыхъуну дрихулӀат.

Уэгъу бзаджэхэми дакъелат, заемхэмрэ налогхэмрэ дамытхьэлапэу ахэри нэхъ шэчыгъуафӀэу тхуэхь дыхъуати… ЖыпӀэнурамэ, тӀэкӀуи зыкъэдужьыжамэ, ахъшэрылажьэу цӀыхуитӀи диӀэмэ… Сэри а псори

къэслъытат мыгъэрей гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр си щхьэм къыхуэзгъэсэбэпыну мурад щысщIам. Си анэнэпIэс ХьэкIунэ IэщIэкIыгъуафIэ зэрымыхъунум сыщегупсысми сыщыуатэкъым: «Илъэс псом, шкIуол жыпIэрэ, ухьэулеймэ; шофер жыпIэрэ, иджы нэгъуэщI хьэулеипIэ къэбгъуэтауэ уежьэжмэ, уи анэ лIар къэтэджыжу лэгъунэ пхуищIыну ущыгугъмэ, ар умылъагъуурэ, уи гурыгъыр ижынщ», – жиIэу си анэ лIар къыщыщIилъэфыжым, псалъэ пэзмыдзыжыфу, фи лэгъуни сыти сыхуей мыгъуэтэкъым жысIэу, си гур къызэфIонэри, си щхьэр Iузох. БампIэр стеужу си гур тIэкIу къызэрыгъуэтыжа нэужь, дыдейхэм псалъэ бына язот: еджэным щхьэкIэ къэзмыгъанэу, унэ щIынми си Iыхьэр хэсщIыхьынщ.

ИкIи згъэпэжащ а псалъэр: къалэм сыкъикIыжа нэужь, псыти, ятIэти, пшахъуэти, мывэти жысIэу жэщыбг пщIондэ сылажьэрт. Нэхущхэм сыкъэтэджырти – аргуэрыжьт. Си ежьэгъуэр къэблэгъамэ, ди куэбжэпэм блэж псыIэрышэм зыщызгъэкъэбзэжырт, шейдефэр къасщтэрти, сыдэжырт. СыщыкIуэкIи сыкъыщыкIуэжкIи а зы лъагъуэрат сызытемыкIыр: заводыбгъур – Щхьэлыкъуэшхуэ – КъуэшыркъуеищIыр – Шыхъуэ-фэпс – Затишье – Пощт уэрам (нобэ Нэгумэм и цIэр зезыхьэращ) – Коммунистическэ уэрам. А иужьреймрэ Къэбэрдей уэрамымрэ я плIанэпэм щытт сыздэкIуэр. Шэщыжь нэхъей, зы унэшхуэжь гуэрт дызыщеджэр. СыкъещхьэукъуэхмИ, егъэджакIуэхэм сыкъыщIамылъагъур жыжьэу сызэрыщысрат. Шэджагъуэ шхэгъуэ-зыгъэпсэхугъуэщ жаIэу жьы Iурыхьэгъуэ тIэкIу дгъуэтамэ, япэрауэ, сызэрышхэн ахъши гъуэмыли сIыгътэкъым. Дэ унэм нэхъыбэу ди шэджагъуашхэр шхурэ мырамысэрэт е нартыху пIастэрэ кIэртIоф шыпсрэт. Ахэр здэпхьынт? Арати, си шэджагъуашхэр, къыстехьэлъэ жейм сыIэщIэкIын папщIэ, тIэкIу сыщхьэукъуэнрат. Сабийхэм я джэгупIэ-нэгузыужьыпIэу Къэбэрдей уэрамым тет хадэ цIыкIур тпэжыжьэтэкъыми, абы сихьэрт. Нэхъ цIыхуншэ плIанэпэ гуэр сыдэтIысхьэрти, сыщыхэжае щыIэу, си «шэджагъуашхэр» абыкIэ зэфIэкIырт. А хадэ цIыкIум къысхуищIахэр си гум IэфIу хуилъщи, и щIыхуэ къыстехуар спшыныж щIыкIэу, ноби си жьыщхьэ сыхуэгумащIэщ: сыкъоувыIэри абдеж тIэкIурэ сыщытщ е сыхуеплъэкIыурэ сыблокI…

Си жып ахъшэм и анэр си плъырыныр зэрызухам дэлIат: унэ щIынымрэ шоферу еджэнымрэ я кум жэщкIэ ухъумакIуэнри къыпхудэгъэкIынутэкъым… КъимыдэкIэ, иджы кладовэр тпэжыжьэ хъуат: псы адрыщIым щыIэт. ИтIанэ, ди адэр нэхъыфI хъужати, Тхьэм и шыкуркIэ, ар си дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэжтэкъым.

Минрэ си анэ къилъхуами, зыгуэр къыскъуэдзэ жысIэу Хьэчим селъэIуфынутэкъым. Еджэным и нэр къыхуикI пэтми, зауэри, анэнэпIэсри, колхозри щэлъахъэ къыхуэхъури, езым еханэ класс фIэкIа кърагъэухатэкъым. Ар еджэхэмрэ зы классым къыдыщIэсауэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтахэмрэ ехъуапсэ зэпытт. ИкIи иринэщхъейрт. «Уэ уемыджамэ, си Iуэхукъым. ЗэрыплъагъуЩи, сэ школми сыщоджэ, шоферхэр щагъэхьэзыр курсхэми сокIуэ. ГъуэгупщIэкIи сынолъэIуркъым (ар езыри кIуэркъэкIуэжут зэрылажьэр), ауэ шэджагъуэм сызэрышхэн тIэкIу къызэт», – жысIэу селъэIун си напэ схутегъахуэртэкъым. Си Iуэхур зэщхьыр Iэжьэ цIыкIукIэ къэбжыхьыну пфIэфIмэ, ар къепшэкIынри зумыусыгъуэджэ жыхуаIэрат. АтIэми, сэ къызэрызжыхьыну си гугъэр Iэжьэ цIыкIукIэтэкъым – ди къуажэ хъыджэбзхэм яхузэрымыгъуэту щIызэрыукI щIалэ къекIу, зи «ГАЗ-51» маршынэ щIэрыпсри екIуу зезыхьэ Хьэщыкъуей Къубэ зэрысым хуэдэкIэт. Пэжщ, апхуэдэ насыпыр сэ еджапIэм

къызэрыщыслъысыр ар къесхуэкIынымкIэтэкъым – пщIэнтIэпсыр къожэхыу маршынэр гъэнщIын, унэщIын лэжьыгъэм ехьэлIа Iуэхухэмк1эт. Зыми уримыхулIэу, къыфIэбгъэкIмэ, «хьэулеипIэу» ар къыщыбгъуэтакIэ, еуэ – уи плIэм иплъхьа хьэлъэр хьы. Гуэдз килограммищэ зэрылъ къэпыр къэсIэту си дамэм щытеслъхьэжыфакIэ сыпелуанщ жыпIэу ужакъуэри, зы цIыхум ухимыгъэзыхьауэ, гъущIыжьхэр зеплъафэу, къэпIэту утыку уилъэдати… КъэIэт мис иджы мывэхэр. Пшахъуэхэр. ЯтIэхэр... Зыгъэпелуан иджы! Сышэджагъуэшхэнщ! СомэжалIэ, жи! Уи шофер кIуэдат?! Уи лэгъуни къызыхагъэкIын я гугъэ унэр зыщIхэм махуэкIэ уахэту, жэщкIэ ужэщ плъыру уи пIэ уисыжамэ… Уи ныби мыныкъуэу, уи жыпми зыгуэр къихъуэу, зы иваныжьи пщIэншэу ухуэмыпщылIу… – си щхьэ сыхуэшхыдэжу, хадэ цIыкIум сыщискIэ сыIурихырти… ТIэкIуи зызгъэпсэхуауэ, жейри сщхьэщыужауэ сыкъызэщыужырти, ущIалэмэ, хъарзынэкъэ, кладовэхэхъуэм къыхэзгъэкIа си «чырбыш» сыхьэт цIыкIум зэрыжиIэмкIэ, шэджагъуашхэ-зыгъэпсэхугъуэр иухатэкъым, сыкъыкIэрыхуртэкъыми, сигу згъэфIу еджапIэм згъэзэжырт. Си щхьэр згъэзэхуэжу щIэздзэрт: арыншами си хъер къыдэкIыжынутэкъым мыр къыздисхам, – жысIэурэ сеплъырт дыдейхэм езмыгъэлъагъуу гъэпщкIуауэ зесхьэ цIыхубз сыхьэт плIимэ цIыкIум. Сыт щхьэкIэ?

Зи щхьэкIэрат. НэхъапэкIи къызэрыхэзгъэщащи, гъэунэхуныгъэ егъэкIуэкIынымкIэ зызымыгъэнщI ди къэралзехьэу зи щхьэр шкIумпIхэм аргуэру къахуэгупсысаращ. Колхозхэм я Iуэхум зыужьыныгъэ зэримыгъуэтыжым и щхьэусыгъуэр къащIауэ залъытэжри, илъэс зыхыбл япэкIэ ящIа щыуагъэр зэрагъэзэхуэж. Дауэ? Ди къуажэм щызэхэта зы колхозыр жыгъей-жыгъейуэрэ щыуэ зэпаудауэ щытати, апхуэдэу зэращIар зыгуэрхэм къахуэщхьэпамэ, а зэхъуэкIыныгъэхэм зи кIэн къыдикIар хуэдищкIэ нэхъыбэ ящIа колхоз унафэщIхэмрэ абыхэм ягъашхэ нэхъыщхьэжхэмрэт. Псалъэм папщIэ, зы колхозышхуэу дыщызэхэтам председателу зы фIэкIа ямыгъашхэу щытамэ, ари абы и пыхъуэпышэ кIэрыщIэнхэри щырыщ хъуат. Япэм щыгъуэ район унафэщIхэми зы къигъэхъуапIэ фIэкIа ди къуажэм щамыIамэ, иджы лIо, ар щыкIэ нэхъыбэ хъуащи, хэIэбэ зикI! Зы мэкъу Iэтэм и зэхуэдитIым нэхърэ нэхъыбэ хэбгъэщIмэ, нэрылъагъуIуэ хъунущ. А зым нэгъуэщI IэтитIи къыщыбгъэдэувакIэ, дэтхэнэ зыми Iыхьэ щанэ зырыз хэбгъэщIкIэ, унэпсеищэу уамыбжынкIэ, укъамыщIэнкIэ мэхъу. Зым нэхърэ, къатемыхьэлъэу, щым нэхъ тыншу уагъэшхэфынущ. ИкIи ягъэшхащ. ИкIи шхахэщ!..

«НартыхугъэкI» зыфIаща Хрущев щхьэри лъакъуэри къыIэрыхьа нэужь, езыри яхэту, къэрал унафэщIхэм къаIэщIэщIа щыуагъэр игъэзэкIуэжын мурад ещI. Ауэ ари егупсысатэкъым (абы щхьэкIэ акъыл ухуейт) колхозхэр щIэмыхъум и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр гъэзэкIуэжын зэрыхуейм: мэкъумэшыщIэхэр гъэру убж зэрымыхъунум, пщIэншэ уадэр зэрыIэтыгъуейм, налогрэ заемкIэ птхьэлэ лэжьакIуэр, езыми и бынунагъуэми яшхын ямыIэмэ, Iэмалыншагъэм ирихулIэу зэрыдыгъуэнум. РеволюцэмкIэ едгъэкIуэкIа гъэунэхуныгъэм и кIэм къерикIуа тхьэмыщкIагъэр, дэ тхуэдэу хэкIыпIэ инхэр зиIэхэм заужьу куэдкIэ зэрытщхьэщыкIар щхьэ ямылъагъурэт? Капитализм зэхэтыкIэм «итхьэлэ» Америкэм дефIэкIыу социализмым дигъатхъэмэ, мо къэрал «тхьэмыщкIэм» дылъэщIыхьэным икIи дыщхьэпрыкIыжыным дыкъыщIыхуебджэнури лIот? ТхьэмыщкIагъэкIэт а «тхьэмыщкIэхэм» дазэрылъэщIыхьэнури дазэрыщхьэпрыкIыжынури? ЕмыкIутэкъэ, делагъэтэкъэ апхуэдэ къыхуеджэныгъэхэр?! Ауэ гупсысэкIи псэукIи зымыщIэ унафэщIхэм сыт

къапыпхынт? Езыхэр Iэхъуэу, дэ дыбылым пэлъытэу дабжырти, Iэхъуэ башым зыдэдгъэшурэ коммунизмым и нэхум дыхуэкIуэрт. Абы дынэсын папщIэ къытхуэнэжауэ жыхуаIэр илъэс тIощI къудейт. Нобэрей ди цIыхухэм я щIэблэр коммунизм зэхэтыкIэм щыпсэунущ жиIэу къэрал унафэщI Хрущев утыкушхуэхэм къыщипсэлъ делагъэхэр Iэгуауэ инкIэ даIыгъырт. ПцIы умыупс! Щхьэр умыгъэуз! А дызылъэщIыхьэн, дызыщхьэпрыкIыжын хуей къэрал «тхьэмыщкIэм» и цIыхухэм ещхьу дыгъэпсэу, – жызыIэн къахэкIыртэкъым гуащIэрыпсэухэм я лIыкIуэ, я Iуэхутхьэбзащlэ зыфIащауэ а зэIущIэшхуэхэм щIэсхэм. Ахэр зи лIыкIуэ, зи Iуэхутхьэбзащlэ дэрщи – дыкъуэгъэнапIэ фочауэт. Пщым и щIыб джатэр щыдгъэдалъэрт... Пэжыр жыпIэмэ, нэгъуэщI тхуэщIэнутэкъым. ПщIэну ухуежьамэ, къэрал унафэщIхэм къыплъагъэсынур новочеркасскдэсхэм «зэрахуэупса» Iэщэхэм я къарур зыхуэдизыр уи нэгу щIагъэкIынрат…

Мы къезгъэкIуэкIхэмкIэ си мыIуэху куэдыIуэ зесхуэу хьэмэрэ адрейхэм ямыщIэхэм сэ сыщыгъуазэ хуэдэу зыкъэзгъэлъэгъуэну сыпылъу къызыщыхъунухэр щоуэ. Сызыхуейр лIо? Сэ сызыщыгъуазэхэр, абыхэм сазэрыхущытыр къэсIуэтэжу аращ… Арати, зыщышынэн зымылъагъу… кхъуэпIащэр бгым докI, жи. Зы щакIуи и шэ зылъэмыIэсыну… Хрущев а бгыщхьэр къылъысати, абы къоубжьытхэхри… Iупсыр уэру къызыщIэуа колхоз жьгъейхэр, псыхьэлъахуэм хуэдэу, ирехьэжьэри, и-ин-нышхуэурэ зэхуетхъусыж. Ди къуажэми аращ къыщыщIар: зы колхозу зэхагъэхьэжащ. КъулыкъущIэхэри IуэхущIапIэхэри щэрданхьэблэм къыдэхутэжащ. Колхоз къэс ящIауэ, яухуауэ щыта псэуалъэ къомыр-щэ? Зэхакъутэжащ! Зэхадыгъуэжащ! КультурэмкIэ унэщ жаIэри, ди кладовэм деж уардэунэшхуэ щащIауэ щытати, япэ щIыкIэ гъавэщу къыщIрагъэдзыжащ. ИтIанэ, щIалъхьи-щIакIути щымыIэжу къыщынэм, бжэхэри щхьэгъубжэхэри хатхъащ… Арати, хьэблэ мэлымрэ шыдхэмрэ я «кIультIурнэ» гъудэбадзэуапIэ хъуащ. Ауэрэ и щхьэри и блынхэри зэбграхыжри… Сэ сызижэщ плъыру щыта кладовэшхуэми, абы дащIыхьа амбархэмрэ духэмри КультурэмкIэ унэм и махуэр къахуэкIуащ. А псори, нэгъуэщI Iэджи щаухуэм текIуэдахэр зыхуэдизыр къэзыбжар уэ къащIэ. Къэрал факъырэр (щIэфакъырэр а делагъэ зэхэтыкIэрат: зы Iэм ищIу, етIуанэм икъутэжу) коммунизмым дыхуэзышэ Хрущеврэ абы и блыгущIэтхэмрэ я дежкIэ ахэр мыхьэнэншэт. Ауэ а «мыхьэнэншэхэми» цIыхум я лъэр щIих, лэжьыгъэм ягу хэмыхьэ, дыгъуасэрей пщIэнтIэпсым и Iэужьыр нобэ зэхадыгъуэж ищIырт…

Мис апхуэдэут, сэри сахэту, коммунизмым дызэрыхуэкIуэр. Абы дыхуэзыхь жьы борэным ирихьэжьэщ, Щхьэлыкъуэ ЦIыкIу зэприхри, ди адэри къыдэхутащ псы бжьэпэ дыдэм тет, ди школым и гъунэгъубзэу щыт кладовэм.

Сыт къыдащIэми зытезагъэу ирагъэса дэ лIыгъэншэхэм пщIэрэ щхьэрэ дэнэ къытхуикIынт? УнафэщIу, къэралзехьэу тхуагъэувам культурэм, искусствэм, гъащIэм и хабзэхэм, къыфIэбгъэкIмэ политикэм щай фIыцIэжь и уасэ химыщIыкIми, абы и Iуэху еплъыкIэ мышыухэр, делагъэ зыхэлъ и псалъэхэр IэгуауэшхуэкIэ, шэч лъэпкъ къызытепхьэ мыхъун арэзыныгъэкIэ дэтIыгъын хуейуэ ди фарзт. Мы къезгъэкIуэкIхэр лъабжьэ зимыIэ псалъэ гъущэхэу къащымыхъун папщIэ щапхъэ гуэрхэр тегъэщIапIэу къэсхьынт.

Дунейпсо утыкум иувэу ди къэрал напэр тезыхауэ щыта «вождышхуэ» (ари фIащауэ щытащ абы) Хрущев ищIэгъахэр, къибжыгъахэр зыщыгъупщэжахэр е зымыщIэхэр щыIэнкIэ мэхъу. Ар фигу къэз-

гъэкIыжыну сыщIыхуейм и щхьэусыгъуэращ: цIывыр пашэ пщIымэ, вэнвейм ухешэ, жи. И революцэхэмкIэ, и зауэхэмкIэ дуней псор къэзыгъэутхъуауэ, Урысейр зыгъэжэкъуауэ щыта Лениным жиIэгъа псалъэ «Iущхэм» тету: дэтхэнэ зы цIыхубз пщафIэ цIыкIуми къэралыр хузехьэнущ жыпIэу пашэ пщIыуэ щытмэ, дэ къытщыщIахэращ уи натIэ хъунур. Губзыгъэхэр, псэукIэ зыщIэхэр ягъэкIуэдщ, затраукIэщ, упщIэ бгырыпх, кIэрэхъ бынхэр пашэ тхуащIри, вэнвейм дыхашати, абы дыкъыхэмыкIыжыфу допсэу нобэр къыздэсым. Вождышхуэм и псалъэхэм тету, къэралзехьэ пщIы хъуну пщафIэ цIыкIухэм щIагъуэкIэ къащхьэщымыкI унафэщIу диIа Iэджэхэм ящыщ зыт Хрущеви.

Абы ищIэфу щытахэм я щапхъэ жыфIа? Капиталистхэм ятехъуэщIыхьу дунейпсо утыкум здитым, пщIэнтIэпсымэм щIигъэна и вакъэр зылъехри абыкIэ тоуэ зи дамэпкъитIыр иIыгъыу зэрыт псэлъапIэм – мохэр игъэшынэну арат. Апхуэдэ унафэщIми ар зи унафэщI къэрал тхьэмыщкIэми дауэт пщIэ къызэрыхуащIынур? Ахэр гъэшынэн хуейуэ арати, зыщымысхьхэр Iэщэ щIынрат… ИкIи ящIырт дунейм темыхуэжу… Хьэмэрэ нэгъуэщI утыкушхуэ гуэрми къоувэр: «Дэ абыхэм (капиталистхэм) едгъэлъагъунщ я анэр зэрыхуа… зэрыхуа… – зэрыхуагъагъыр жытIэнщи къэтхьынщ, армыхъумэ дэри емыкIу дауэ ди жьэм къедгъэкIуэн? АпхуэдизкIэ дытхьэмыщкIэт, дышынэу драгъэсати арат, армырамэ, мор акъыл кIагуэми: «Никитэ Сергеевич, уэ коммунистхэм я партышхуэм урикъру пашэщ, Советскэ Союз къэралыгъуэшхуэм уриунафэщIщ, псалъэ гуемыIухэр, хъуанэцIанэхэр къыбжьэдэкIыу дуней псом зэхебгъэхыну емыкIущ. Напэтехщ…» – жыпIэу бгъэIущ, уеущий хъунутэкъэ? АрщхьэкIэ – щыгугът! Апхуэдэ лIыгъэ зиIэ къалъхуат, жи. АтIэми, ди партыр къэзылъхужа, Хрущев сымэ зи гъукIэгъэсэн езы вождышхуэ Лениным, тхьэпэлъытэу ябжу щытам, и хьэрэмтэкъым псалъэ гуемыIухэр, зэрыжаIэу, ущымышырыкъущIэкIэ, къыбжьэдэкIыну емыкIухэр. Щапхъэ жыпIа? Адыгэбзэм и напэр тезмыхыу, езым и бзэкIэ къэсхьынщ вождышхуэм куэдрэ утыкухэм кърилъхьэу щыта «говно» псэлъафэр. А псалъэ фIейр зриупцIхэм яхэтт урысей интеллигенцэм и напэу ябж цIыху цIэрыIуэхэри. Ауэ щыхъукIэ, Хрущев зыгъэсахэм заригъэщхьу арат...

ЖиIэмрэ ищIэмрэ къыщыщIэкIуэм деж цIыху щхьэзыфIэфIыр мэудафэ. ЩокIри, къэувыIэжыкIэ имыщIэу щIехьэ. Армыхъу лъэпкъ политикэм дауэт къызэребгъэзэгъынур Хрущев зэхищIыхьу щыта делагъэхэр? АдыгэбзэкIэ дыкъызэджэ ди кIэзет закъуэр тхьэмахуэм щэ (3) фIэкIа къыдэмыкIыж ящIат. Ари щIэдгъэхуат ди тэмакъым. Абы и закъуэ? Ди адыгэ усакIуэхэм, тхакIуэхэм я анэдэлъхубзэр хьэрэм тщIыуэ урысыбзэкIэ дытхэным дыкъыхураджэрт. Щапхъи?..

Хрущев щихьэмтетыгъуэ илъэсхэм Къэшэж Иннэ Мэзкуу къикIри… къикIыжри схужыIэнукъым, – абы езым урыс усакIуэу зибжыжу щытащ, – Налшык къэкIуат. Абырэ щIэджыкIакIуэхэмрэ я зэIущIэ щекIуэкIынут Ленинымрэ Головкорэ я уэрамхэм я плIанэпэм тет унэ номер 29-м хэт тхылъ щапIэ тыкуэным. ЗэIущIэр зэрекIуэкIым деплъыну, жаIэхэм дедэIуэну докIуэ Гъубжокъуэ Лиуанрэ сэрэ. Къызэхуэсахэм яхэтащ нэгъуэщI тхакIуэхэри. ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIыр сэ фIы дыдэу слъагъу, пщIэшхуи зыхуэсщI ди тхакIуэ цIэрыIуэт. Дерс къызыхэпхын губзыгъагъэ куэд жиIащ абы. Ауэ Лиуан сэрэ дыкъэзыгъэнэщхъеяр, дигурэ ди щхьэрэ щIызэбгъэжар мобы и псалъэхэр зэриухарат: «Дэ усакIуэу, тхакIуэу

дызыхуейр мис мы Къэшэж Иннэ ещхьу, урысыбзэкӀэ тхэхэращ…» Ар адыгэбзэкӀэ тхэфынутэкъым.

Абы и ужькӀэ уигу фӀы щыщӀэнт? ДэитӀум ди щхьэр къыфӀэхуащ: зэхыдагъэхам къикӀыр дэ лей дыхъуауэ, зыри къытхуэмеижу арат, сыту жыпӀэмэ, а дыкъызыхураджэр тӀуми тхузэфӀэмыкӀынт… УрысыбзэкӀэ дытхэфынутэкъым…

Гуэныхь къэсхьынт, политикэм зихъуэжа, мыдэ дыкъэса нэужь, мо ди нэхъыжьыфӀым, Ӏичрам къихьыжу, анэдэлъхубзэм и ӀэфӀагъымрэ и щхьэпагъымрэ теухуауэ усэ хъарзынэхэр зэритхар жызмыӀэжамэ… Къэзыгъэзэжыр Алыхьым ещтэ, жи…

А политикэ дыдэм и къуэпсхэм щыщу аргуэру зы щапхъэ.

Уи культурэри уи искусствэри бжэгъукӀэ къраудмэ зымыщӀэ «нартыхугъэкӀ» Хрущев и гуащӀэгъуэу зэхуешэс СССР-м и набдзэу ябж тхакӀуэ, сурэтыщӀ, артист, композитор цӀэрыӀуэхэр. Зэрылэжьэн хуейм теухуауэ ахэр игъэӀущу, игъасэу лекцэ къыздеджэм, урыс усакӀуэ цӀэрыӀуэ Евтушенкэ Евгений деж носри, а и псэлъэкӀэжьым хуэдэу, мобы техъущӀыхьурэ жеӀэ: «Ныбжьэгъу Евтушенкэ, удубэрэжьынущ уэ, урысхэм адыгэхэр зэрызэтраукӀауэ щытам хуэдэу…»

Угубзыгъэу, лъэпкъ политикэм зыгуэр хэзыщӀыкӀ къэрал унафэщӀу зубжыжмэ, апхуэдэ делагъэ апхуэдэ утыкум къыщыбв хъунт? Партымрэ къэралымрэ я унафэщӀыр акъылыншэми, лъэпкъ политикэ Ӏуэхухэм зыгуэр хэзыщӀыкӀхэр мобы йохъуцацэ: «Никитэ Сергеевич, мы къызэхуэсахэм адыги яхэтщ…» «Пэжуи? Хэт ар? Мыдэ къысхуэфшэт ар!» – жи зэры… зэры… зэрыщӀэуар зэтриуӀэфӀэжын хьисэпкӀэ.

Къыхуашэ. Къыхуагъэс урысхэм зэтраукӀа адыгэхэм я къуэпсым къыдэжыжу жыгышхуэ хъуа КӀыщокъуэ Алим. Къэрал пащтыхьым и акъылыншагъэр ирыщӀауфэжыну къахуэгупсысарат: ди КӀыщокъуэ Алимрэ Хрущеврэ, ӀэплӀэешэкӀкӀэ жыхуаӀэм хуэдэу, зэщыгуфӀыкӀыу зэбгъэдэту сурэт трахри… Къэралым кӀэзет нэхъыщхьэрэ журналу къыщыдэкӀым (ди «Ӏуащхьэмахуэри» яхэту) традзауэ щытащ а тхыдэ напэтех сурэт цӀэрыӀуэр. Мы жысӀэхэр зи фӀэщ мыхъун щыӀэмэ, а сурэтыр къэгъуэтыгъуейкъым.

Хрущев щӀэзыгъэуа «Урысхэм адыгэхэр зэрызэтраукӀар» («Как русские били кабардинцев») тхылъыжь цӀыкӀур зы мыхьэнэншэ гуэрщ. Абы теухуа псалъэхэм сэ япэ дыдэ сыщрихьэлӀар Максим Горькэм и сабиигъуэр къыщиӀуэтэж тхыгъэращ: «щэхуу сыкъызэджэхэм ящыщт «Как русские били кабардинцев» тхылъри…»

Зы бэлыхьлажьэ си гугъэу, куэдрэ сылъыхъуащ абы. Зи щхьэр сымылъагъу щӀыкӀэ зи цӀэр зэхэсхыгъа мо тхылъыжь цӀыкӀур къэзгъуэтрэ сыкъеджэмэ, ар щапхъэу къэзыхьа къэрал унафэщӀым нэхърэ нэхъ гущыкӀыгъуэжу къысщыхъуат…

«НэгъуэщӀ хьэулеипӀэ къэзгъуэтауэ» жызыӀа ХьэкӀунэ щыуат: дыщеджэ махуэхэм деж ныбэ гузэвэгъуэм нэхърэ, къытызогъэзэжри, жейр нэхъ къыстехьэлъэу дыщӀэст блыныщхьэ зимыӀэ, зи унащхьэр дыгъэм къигъэплъ мо шэщ хуабэшхуэм. Нэхъ гугъуехьыжыр абы дыщыщӀэмысу маршынэр къехуэкӀыным дыщыхурагъасэхэм дежт. Абы «дыхуезыгъаджэр» зы нэпсей гуэрт. ЩӀалэ гъумыщӀиплӀ дригъукӀэгъэсэнти, рулым дыбгъэдэсыну, маршынэр къетхуэкӀыну къызэрытлъысыр мащӀэ дыдэрэт – щӀалиплӀыр махуэ псом дигъэлӀыщӀэрт: а зэманхэм «новэ планкӀэ» дызэджэу щыта хьэблэшхуэхэр ди къалэм къетӀысэкӀырт. Ахэр псэуалъапхъэу зыхуэмей щыӀэтэкъым: мывэ, пшахъуэ, ятӀэ… Бел-

хэр, белхьэкхъуафэхэр, уадэшхуэхэр тIыгъыу Къэбэрдейм псыхъуэу иIэр зэщIэдгъэхьэрт. Мо къезбжэкIахэр къэтшэну IэнэщIу дыщыкIуэрат щIалиплIым чэзууэрэ маршынэ рулыр къыщытлъысыр. Мохэр къэтIыным, зэхуэхьэсыным, маршынэм къилъхьэн-къикIутэным зэманрэ ди пщIэнтIэпсу текIуадэр ди фейдэуэ къэдгъэзэжырти… ХьэлъафIэ хъуа маршынэм и рулыр дзыхь къытхуимыщIу, езы «егъэджакIуэм» – дызипщылIым жьыр къытщIихуу дыкъишэжырт. Гъуэгум дыщытет тIэкIурат зыгъэпсэхупIэу диIэр. Дыкъэсыжми – аргуэрыжьт: пщIэнтIэпсыр еткъуэкIрэ дыпIащIэ-дытхъытхъыу дунэщIыжырт къэтшар. НетIэ БахъсэнкIэ, ШэджэмкIэ дыкъикIыжамэ, иджы ШэрэджкIэ дгъазэрти… Гъэмахуэ махуэ кIыхьым апхуэдэут маршынэ къехуэкIыным «дызэрыхуеджэр». «Дезыгъаджэр», пэж дыдэу, зы нэпсей гуэрт, армыхъумэ, махуэ псом дыщыхуэлIыщIэкIэ, щхьэ тIэкIу димыгъашхэрэт е сом къытхуимыший-рэт? Ди Iуэхум апхуэдэ лъэпкъ хэлътэкъым. Дримыгъаджэу, пщIэншэу дегъэлажьэ жытIэу, дэри ди жьэ тхузэщIэхыртэкъым – дышынэрт. А псори еджапIэм хабзэу къыщекIуэкIыу, дезыгъаджэхэмрэ абыхэм я унафэщIхэмрэ зэрыщIэу, зэрыIыгъыу, утхьэусыхэми, зыри къимыкIыну жаIэрти, дэри «хабзэкъутэ» дыхъуну дыпылътэкъым. ЗыщIэдущэхум нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIэт: курсхэм мазищкIэ щеджэн хуейт. Сэ схуэдэ школакIуэхэм мазищ псо дэнэ кърахынт? Июныр ибг иуауэт школым укъыщаутIыпщыр. Сентябрым еджэным щIэбдзэжмэ… Арати, мобыхэм уахуэмыжыIэщIэмэ, запэщIэпсэмэ, сыт ищIыскIи уагъэлъэпэрэпэфынут. УнафэщIхэм къытралъхьэр шынагъэкIэ яхьу ирагъэсат цIыхур. Сталинри мыпсэуж, Бериещи… шоферу сыщеджэ а лъэхъэнэ дыдэм ирагъэсыкIа пэтми.

Драгъаджэу дыздыщIэсым, махуэ гуэрым ди шэщышхуэм лIитI-щы ныщIохьэ. Къэхъуар дымыщIэу, дыкъагъэтэджри дыкъыщIагъэкI. БжэIупэм дыздыIутым, долъагъу: еджапIэм пкIэлъей кIыхьышхуэ щIалъафэ! ЯщIэнур лIо? Дыкъуэплъыну дыхуежьэмэ, бжэм драгъэкIуалIэркъым. ПкIэлъейри къыщIалъэфыжу хьэщIэхэри къыщIэкIыжа нэужь, дыщIагъэхьэжри, зыри къэмыхъуа хуэдэу, еджэным пыдощэж. Зыгуэр къытхуэт зэрыхъуам псом япэу гу лъызытар Шэджэм щыщ, ауэ къалэдэс хъуа Батыр Борисщ. Дэ дэлъытауэ, ар зы хьэкIэпыч гуэрт: и урысыбзэмкIи, зэрызигъэлIхэмкIи абы дылъэщIыхьэнутэкъым. Ди егъэджакIуэхэм зыгуэркIэ яхуэупсэн, «яхуэщIыхьэхун» хуей хъуами, дэлэлыр арат – мобыхэм япыщIат. Дэ къытлъымыс, тхузэрымыгъэгъуэт маршынэ рулри абы зэрыхуейм хуэдизкIэ ирагъэIыгъырт. Ар икIи ди старостэти, дызригъэубзэрт. «Шоферхэм ди командиру, дыкъэзыгъалъэу щытар сыт ухуэдэ?» – жысIэрэ сыдэгушыIамэ: «Уэли, абы щыгъуэ нэхъыфIтэм», – жиIэрти къыпыгуфIыкIырт телевиденэм сыщыщылэжьа илъэсхэм шоферу абы щыIа Борис. «Ахьей уэркIэ нэхъыфIынт, дэ егъэджакIуэхэм дахуэпщылIу, уэ абыхэм ураныбжьэгъурэ уадефэ-уадешхэу…» «Ари пхузэфIэкIын хуейщ. Фэ шынэкъэрабгъэу фыщытамэ, сэ си Iуэхут? Ди блыным фIэлъа Берие къелъэу зэрыщIэпхъуэжар щывжесIам, фышынэу стIол щIагъым зыщIэвгъэпщкIуауэ зэрыщытар пщIэжрэ? А нывжесIэм фи щхьэфэцыр дэтэджри фыкъызэжауэ… Псом хуэмыдэу хъийм икIар уэрат: школым зыщыбгъэкомсомол секретару, ди Шэджэм райкомхэм укIуэрейуэ зэрыщытым щхьэкIэ, зыбгъэполитикышхуэти… Сэ лIо? ЕплIанэ классыр ерагъыу къэзуха къудейрэ пэткIэ, икIи фыкъэзгъалъэрт, икIи нэхъ лIыгъи схэлъти, Берие зигъэпщкIуу зэрыщIэпхъуэжар фяпэ къэслъэгъуат. Пэжкъэ?..»

Пэжт ар. Ауэ зи сурэтыр щэхуу къыфIахыжа Берие щIэпхъуэжу жыжьэ нэсатэкъым – кърапэса лейм щхьэкIэ зигъэгусауэ ара нэхъей, и щIыбыр къытхуигъэзарэ и нэгум дримыгъаплъэу блынитI плIанэпэм дэтт. Ар жыжьэ щIынамыгъэсауэ щытагъэнур, хэт ищIэрэ, зыгуэрхэр зыгуэркIэ щыуауэ къыщIэкIрэ, Лаврентий Павлович къигъэзэж хъужыкъуэмэ, ди анэхэр тхуимыгъагъын папщIэ, занщIэу тIэтыжу лъагапIэр едгъэубыдыжын хуэдэу жыхуаIэу шынэхэу къыщIэкIынти…

Ауэ абы къигъэзэжауэ дымылъагъуурэ, еджэныр къэдухри, сызэрышоферым щыхьэт техъуэ тхылъыр къызата пэтми, сэ лъэсу школым згъэзэжри… А сызэрылъэсуи сыкъэнэжащ. Шоферу сылэжьэну къыщIысхуимыхуам и Iуэхур нэгъуэщIщи, абы и гугъу мыбдеж щысщIынкъым.

## 4. АРТИСТ СЫЗЭРЫХЪУ ПЭТАР

КIуащ БетIалрэ Къардэн Бубэрэ я жэрдэмкIэ, я фIыщIагъэкIэ Мэзкуу еджакIуэ сыщыкIуа 1955 гъэм сэ сызыщIэтIысхьа Литературэ институтымрэ абы къегъэщIылIа Курс нэхъыщхьэхэмрэ щеджэрт Мысачэ Петррэ тхакIуэ цIэрыIуэ хъуакIэ Теунэ Хьэчимрэ. Япэ илъэсым аитIум срагъусати, мохэр псэлъэгъуи чэнджэщэгъуи къысхуэхъурт. Дыдейхэм сакъызэрыхуэзэшри си Iуэхур зэрымыпщIэгъуалэри нэхъ псынщIэ къысщащIырт. Сытрагъэурт. АрщхьэкIэ аитIуми я еджэныр етIанэгъэм къаух. Сэ адыгэбзэкIэ сызэпсэлъэни чэнджэщэгъуи симыIэжу сыкъыщынэм, зэманыр къыстехьэлъэ, гукъыдэжыншэ сохъу. Зымыгъэунэхуам ищIэнукъым ар, ауэ уи анэдэлъхубзэр зэхыумыхыжу укъэнэныр тхьэмыщкIагъэшхуэщ. АтIэми, сэркIэ а тхьэмыщкIагъэр тIуащIэт: абы сримыпсалъэу, ар си тхьэкIумэм къимыIуэу, си гумрэ си псэмрэ хэмылъу игъащIэм зы сыхьэт, зы махуэ сымыхьауэ… Ди гъащIэм и нэхъыбэр щыдгъэкIуа мэзхэми бэзэрхэми къуалэбзухэри, нэгъуэщI лъэпкъхэри ди деж зэрыщыпсалъэр къызгурыIуэу щытауэ къысфIэщIырт, ауэ мыбы щызэхэсхыр ди бзухэм, «ди» урысхэм я бзэм емыщхьу къысщыхъурт… ТранспортхэмкIэ къыщыскIухьkIи зыщIыпIэхэм деж сыщыщыскIи, цIыхухэм сакIэщIэдэIухьырт – адыгэбзэ зэхэсхынкIэ сыгугъэу арат.

М. Ломоносовым и цIэкIэ щыIэ МГУ-м зэIущIэшхуэ гуэр щекIуэкIыу драгъэблэгъат. Адыгафэ есплъауэ, ауэ сеупщIын къысхуемыгъэкIуу, си щIыбагъымкIэ моуэ къысхуеплъых щIыкIэу, щIалитI къыдэсти, сщIарат: тхылъымпIэ напэм инышхуэу, мобыхэм ялъагъун хуэдэу, зэрыбкIэ тызотхэ: «Фыадыгэ фэ?» АрщхьэкIэ си кIэныр къикIатэкъым. ХэкIыпIэ гуэр къэгъуэтын хуейти… Къысхуэгъуэтаращ: ди гъунэгъу къуажэ Шэджэм Езанэм щыщ щIалитI Мэзкуу зэрыщеджэр сигу къокIыж.

Сэ абы сыкIуэным илъэс и пэкIэ Шэджэм хьэмым гуэдз шэчакIуэу сыщылэжьат. Абы нытхуеблэгъауэ щытат Мэзкуу артистыгъэм щыхуеджэ, иджы зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуэжа Щоджэн Хьэбасрэ Къущхьэ Къанщобийрэ. Гуэдз зыкIыщтэу хьэмым щылажьэ хъыджэбз цIыкIухэр «артистышхуэу еджэ» щIалэ къекIуитIым хузэблэж зэрыхъугъар, сызэхъуэпса мо «москвичхэм» сахузэгуэпауи зэрыщытар сигу къокIыжри, ахэр зыщеджэ ГИТИС–р тпэжыжьэтэкъым, си зекIуапIэ «Арбат» метроми пэгъунэгъубзэти… Адыгэ щIалэ гупышхуэр къызогъуэтри – соIуэтэж!

ЕджэнымтIэкIу сыкъызэрыдэхуэу, адыгэбзэм сыхуэзэш зэрыхъуу щIалэ гуп дыгъэлым я деж сыкIуэу щIызодзэри… Къалъыхъуэу яхуэмыгъуэтым хуэдэт ахэр. Мэзкуу и хьэрискхъуэрисхэм, абы узэрыщыпсэ-

упхъэм фIыуэ щыгъуазэ хъуа мо щIалэ Iэзэ нэжэгужэхэм дыгъуасэрей къуажэдэс щIалэжь цIыкIуфэ къызамыплъу, сигурэ си щхьэрэ зрамыгъэбгъэжу, атIэ езыхэм сызыпащIрэ сагъэгушхуэу, къыфIэбгъэкIмэ, сызэрыусакIуэм щхьэкIэ, къызэхъуапсэхэ хуэдэу фэ зытрагъэауэу…

КъызэрыщIэкIымкIэ, абыхэм къаIэрыхьэрт Налшык къыщыдэкI тхылъхэри, кIэзетхэри, «Къэбэрдей» альманахри. Ахэр щыгъуазэт си усэ тIэкIу къытрадзахэм. Ар дэнэ къэна, Мысостышхуэ Пщызэбий гукIэ зригъэщIакIэт си цIэр фIыкIэ зыгъэIуауэ щыта си япэ усэхэу «Лу шыдыгум икIуэдащ», «Пакъ колхозым хуэмеиж» зыфIэсщахэр (ахэр Пщызэбий и репертуарым сыт щыгъуи зэрыхэтам щыгъуазэр си закъуэкъым). Ныбжьэгъу къысхуэхъуа щIалэхэр псом хуэмыдэу къыщIысщыгуфIыкIыпар «Щхьэлыкъуэ» усэр «Комсомольская правда» кIэзетым а лъэхъэнэ дыдэхэм деж (1956 гъэм октябрым и 6-м) къызэрытехуарат…

КIэщIу жыпIэмэ, а артистышхуэхэр (*арат абыхэм ехьэлIауэ 1954 гъэм и июлым Шэджэм щызэхэсхар)* Мэзкуу къызэрыщызгъуэтам сыхущIегъуэжыртэкъым. Япэрауэ (щытхъу хэт зи жагъуэр?), мобыхэм си цIэр фIыкIэ жаIэурэ сагъэгуфIэрт. Сагъэгушхуэрт. Мыдрейуэ, абыхэми яхэтт усэ зытххэри: Къуэдзокъуэ Хьэсэн, Щоджэн Хьэбас, Къущхьэ Къанщобий. Ахэри (псом хуэмыдэу Хьэсэнрэ Хьэбасрэ) адыгэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа щIалэхэм ящыщ хъуауэ зэрыщытар куэдым ящIэ. КъимыдэкIэ, абы къыщызгъуэтыжа си «ныбжьэгъужьхэм» яхэтт Теувэж Уэсмэни. А псоми ящыщу арат сэ япэ дыдэ къэсцIыхуауэ щытар. Пэжщ, езым сыкъицIыхужатэкъым е сыкъридзэххэу щытагъэнтэкъым «зэспортсменэгъуу» зэхьэзэхуэхэм дыщыхэтам щыгъуэ. Сэ сэлъытауэ, ар «спортсменыжьт»: атлетикэ псынщIэмкIи хьэлъэ къэIэтынхэмкIи зыкъигъэлъагъуэу, хузэфIэкIышхуэ щымыIэми, утыкухэм зэритрэ куэд щIат. Дызэспортсменэгъуу зэрыщытар игу къэзгъэкIыжыну сызэрыхуежьэр, тIуми спортсменыгъэкIэ къызэрытхуэмыхьаIар, сыгушыIэурэ, хэIущIыIу зэрысщIыр и гуапэ хъуртэкъым, атIэми, къадеджэ хъыджэбз цIыкIухэми зэхахыу «сыкъыщывэхэм» деж.

Искусствэм, театрхэм сэр нэхърэ куэдкIэ нэхъыфIу хэзыщIыкIыу, ахэр зищIысым кууэ щыгъуазэ зыхуэзыщIауэ щыта а щIалэ ахъырзэманхэм я сэбэп къызэкIырт: дыгъуасэ я къуажэхэм кърахa я адыгэбзэ къабзэм, я гушыIэ дахэхэм, я чэнджэщ щхьэпэхэм сыщIэдэIун сфIэфIт, къызэрысхуэгуапэхэм, ядэслъагъу зэныбжьэгъугъэ пэжым сыщыгуфIыкIырт. Ин срихъурт. Япэ силъадэу къыжысIэнщи, Къаздэхъу СулътIан, Сэчрэч Мухьэдин, Мысостышхуэ Пщызэбий сымэ хуэдэ артист цIэрыIуэ псори зэрымыхъуамкIэ къуаншэр езыхэракъым – зымыгъэхъуахэращ. 1958 гъэм ГИТИС-р къэзыухыу къэзыгъэзэжа щIалэгъуалэр къызрихьэлIэжауэ щытар лIо? ЗыщIэсын ямыIэу, я щхьэ зэрагъэпсэужын къахуэмылэжьу. Езыхэм я псэугъуэ-я къэшэгъуэ дахэу, арщхьэкIэ… Я щIыб театрым хуагъазэмэ, зэрыпсэун Iуэху зэрахуэурэ, абыхэм ящыщ куэд зэрызэбгрыжыжар зягъэр ахэрауэ жыпIэмэ, гуэныхь къэпхьынт. ЕгъэзыпIэншэхэрэ я щхьэ зэрагъэпсэужын къащыхуэмылэжь IэнатIэм Iуувахэм къахэкIащ гъуэгу пхэнж теувахэр, фадэр зи нэрыгъ хъуахэр. Армыхъу усэхэри хъарзынэу зытх, зи япэ тхылъри 1959 гъэм къыдэкIа Къущхьэ Къанщобий сытым хуэдэу ТIыхъужь АлиифI цIыкIу къыхэкIыну щытат?! «ЦIыкIу» щIыжысIэр, щхьэпэлъагэшхуэ Алий хуэмыдэу, Къанщобий щIалэ къуэгъу лъахъшэти аращ. Нобэрей артистхэм ябгъэдэлъ хуитыныгъэм хуэдэ иIамэ, шэч хэлътэкъым, ар «Зы артистым и театр» жыхуаIэм хуэдэ джэгуакIуэ цIэрыIуэ хъуну зэрыщытам. АрщхьэкIэ абыхэм

щыгъуэ уи щхьэ ухуэпсэужу, уартист щхьэхуиту, къэблэжьыр ууейуэ улэжьэныр къыпхуадэнутэкъым. Къущхьэр бзаджагъэхэм хуекIуэрт: ди деж зэхэзехуэн щащIмэ, Псыжь адрыщI адыгэхэм яхыхьэрти, къэралым хуэлажьэ артист хуэдэу, Iэгуауэшхуэхэр къытракъутэу, зыкъыщигъэлъагъуэрт. ЗэрыжаIэжхэмкIэ, ахъшэфIи къилэжьырт. Ауэ а щIыпIэхэми щыIэр зызыфIигъэпщкIуурэ къикIухь совет властым и кIэлъыплъакIуэхэрати, абыхэм уаIэщIэкIыу дэнэ укIуэнт?..

И артистыгъэмкIэ и щхьэр игъэпсэужыныр къыхуамыдэу, Iуэхушхуэ иращIэкI щыхъум, Къанщобий утыкухэм икIыжри… Сэ зэрызэхэсхыжамкIэ, Iэхъуэу лажьэурэ дунейм ехыжащ…

СыкъызыхэбэкъукIа илъэсхэмкIэ згъэзэжынщи, сэ къызэрыщIэздзэу сызэрыхъу пэтар Къущхьэ Къанщобий ещхь артистышхуэтэкъым – кинофильмхэм къыпришкIэныпришкIэу щыджэгухэм хуэдэт. Ауэ, хэтыт зыщIэр, апхуэдэу къыщIэздзэу урыс артист цIэрыIуэ Андреев Борис (абы игъэзащIэ ролхэрат сэ нэхъ сыдэзыхьэхыр) ещхь сыхъункIэ хъуну щытами!..

Арати-тIэ, Трифоновскэ уэрамым тет общежитым кIуэрей сыхъуат жысIакъэ? АтIэми, си Iуэхухэм хъарзынэу зыкъызэрагъэдзэкIат: си усэхэр Налшыки Мэзкууи щIэх-щIэхыурэ къыщытрадзэрт. Си щхьэр зэрызгъэпсэужын дэнэ къэна, дыдейхэми сакъыпэIэбэфу гулъытэ къазэрыхуэсщIын къэзлэжьыфырт. Си ныбжьэгъу щIалэхэм я нэхъыбэр зэрыпсэур я стипендиемрэ я дежхэм ныхурагъэхьхэмрэкIэт. Си курсэгъу щIалэ гушыIэрей Анциферов Николай зэрыжиIэу щытащи… «на этом не разгуляешься». Сэ ди щIалэхэм IэнэщIу сахуэкIуэртэкъыми, тIэкIуи «разгуляться» тщIырт. Апхуэдэ зы махуэ гуэрым дыщысурэ, ди Iэнэр нэщI щыхъум, абдеж гупым ди нэхъыжьыр Сэчрэч Мухьэдинти, и пыIэр зыщхьэрех, абы ахъшэ гуэр иредзэри:

– ХьэщIэ диIэщ. Удын зэхэдзэ нэхърэ – Iыхьэ зэхэдзэ, жи. Фи жып нэщIхэм фиудыныхьи…

– Зэхэдзэ лъэпкъ фыхэмыхьэ. Налшык къикIри, сэ нобэ ахъшэфI къысIэрыхьащ, – жысIа щхьэкIэ:

– Алыхьыр зи фIэщ хъухэм къагуроIуэ: щIыхуэр ахърэтым нэхърэ, дунеягъэм нэхъ щыпшыныжыгъуафIэщ, – жаIэу мэгушыIэхэри, къызэмыдаIуэхэу, Iыхьэ зэхэдзэ щащIым:

– АбыкIэ фи къуаншагъэр фхуэгъэзэкIуэжынкъым. ИужькIэ ехьэжьауэ сывмыгъэфIэжу фхуэздэнкъым, – жысIэу сэри IыхьэкIэ сащыхэувэм, си псалъэхэм къикIыр къызыгурыIуа щIалэхэм я щхьэр ирахьэх. Ахэр укIытэгъуэ зэризгъэхуам сыхущIегъуэжауэ: – Артистыгъэ щхьэкIэ солIэ Iейуэ! «Си бжэныхъуи-си бжэныхъуэ» жызыIа Джэримэс ещхьу, си усакIуи-си усакIуэ! Сэ фхуэстхыну ролхэр фхузэрымыгъэгъуэту, тхакIуэшхуэ сыхъумэ, сыкъэфщIэнщ… Еуэ, Толэ, нэхъыщIэр уэращи, згъэхь тыкуэным. Аргуэру тебгъэзэжыну ухуэмеймэ, къэзыгъэзэжыр къыумыхьыжу, нэхъыфIыIуэу щахуэ, – жысIэу ШэрыIужьым сыщогуфIыкI.

– Уэсмэн, уи болоныр щызгъэтIагъэ, – жи Толэ.

– Сыарэзым, уэли. ЩытIагъэ, – жи Теувэжым. ЖиIэ къудейкъым – къэтэджауэ щыгъыныр къыщритым, щхьэгъубжэм дэплъмэ – уэшх къошх. – Си болонье щIэрыпсыр щозгъэтIагъэу псыф уэзмыгъэщIын, уэли! – жери йокIуэтыж Уэсмэн. Абдеж удыхьэшхынумэ – къеблагъэ! Уэшх къешхыу щымытамэ, жьыи псыи зыпхымыкI, щыхуабэми щыщIыIэми узыкIуэцIисхьэ болоным сыткIэ хуейт ШэрыIужьыр? Арати, зи щыгъын щIэрыпсым щысхьар дыхьэшхрэ ауанкIэ щIыдогъанэ. Тезыруи

тыдогъахуэри, езыр тыкуэным догъакIуэ – и болон щIэрыпсыр щыгъыу. Ар щыщIэкIым:

– Си щэхуэкIэм хуэдэу щахуэ! – жери Сэчрэчыр кIэлъогуо.

ЗыкъомыфIкIэ узэIэбэкIыжмэ, Мухьэдин зэрыщэхуарат. НэхъыщIэхэр пщафIэрт. ЗызыгъэусакIуиплI сэ, Хьэсэн, Хьэбас, Къанщобий уэхуэхькIэ ди усэхэм дыкъызэхуеджэрт. Дызэдауэрт. ДызэрыгъэкIийрти, къытхэIэбэнхэу къыдакуртэкъым. ПщафIэхэри я IэнатIэм пэрыкI хъунутэкъыми, тыкуэным кIуэныр Мухьэдин тохуэ. Къылышбийхьэблэдэсхэр игъащIэми гушыIэрейкъэ?

– Насып фиIэщи, фэ фэщхьу, сэри сыуцIынкI… сыуцIырхъакIуэкъым, армыхъу апхуэдэу фыкъызэдауэурэ сыкъэвгъэгубжьмэ, плIыри щхьэгъубжэм фыдэздзат, – жи. Пэж дыдэу, ари хузэфIэкIыну, дэ дэлъытауэ, щIалэ домбейт Мухьэдин. – Урысым я нэхъыжьыр я пщафIэщ, жи. Фэ хабзэмыщIэхэм сыт къыфпысхын? – жери щIэкIат ар.

– Сэ узоцIыхуж уэ: ахъшэ нэхъыбэ уэттмэ, къыщIэкIыу хъуар къэпщэхунущ. Сэ пщэдейрей зачетым сыхуэхьэзырыщэкъым. БжьитI къэхьи дрикъунщ, – жи Къаздэхъум. Абы Сэчрэчым нэхърэ нэхъ зигъэнэхъыжьыжт.

Iэнэр хьэзыр хъуами, ди зэдэуэным кIэ игъуэтатэкъыми, Мухьэдин къызэрыгувэр ди жагъуэтэкъым. АрщхьэкIэ ари зы гъэ-зы зэман къосыж.

– А фыщIызэдауэ фи усэ мышыухэр щайщ, фэ пьяницэжьхэр сэ фызэрезгъэхъулIам елъытауэ, – жери, бжьитIым и пIэкIэ, щы къытрегъэувэри, дызэрегъэплъыж: ещанэр дэнэ кърихa?

А махуэм абы и щэхуэкIарат.

– Фадэ щапIэхэр сыт щыгъуи зэрыочрэшхуэр фымыщIэ нэхъей, фыкIий-фыгуоуэ фыкъызэмыжэн щхьэкIэ, мы бжьэ ещанэр фи жьэм жьэдэзукIэу фызгъэсабырыну Алыхьым къызитащ… Къызэрызитари?

Очрэм сыздыхэтым, зы назэ гуэр къызбгъэдохьэ. Уи чэзур нэсащи, уэ занщIэу къыплъысынущ. Сэ сыхьэткIэ сыхэтын хуей хъунущ. КхъыIэ, сэри зы къысхуздэщэху. ТIэкIу уздезгъэфэнщ. Хьэуэ жыпIэрэ, къэзыгъэзэжыр къыпIысхыжынкъым… – къызоIущащэ. Мор зыхуейр къагурыIуащи, си ужь итхэр зэрогъэкIий. Фызэпьяницэгъухэщ! – жаIэ. ТIэкIу сыздригъафэу е къэзыгъэзэж жыгъеймкIэ къысхуэупсэу, «сызыгъэунэну» мурад зыщIами фэ Iей къызэзыплъахэми сыкъагъэгубжьауэ дыздэкIуатэм, мо назэр, хьэкIэзэпхым хуэдэщи, скIэрыкIыркъым. Абыи мыдрейхэми сыкъызэрагъэпудам сризэгуэп пэтми, си «пьяницэгъум» ахъшэр си IэмыщIэм кърезгъэкуэныр нэхъыбэу къызыхэкIар «фщIэнур Тхьэм фигъащIэ. Фи нэхейкIэ къыхуэсщэхунщ. ЗыфхъунщIэу фыкъыспэрыуэну феплъи, фызэмыфа щIыкIэ фадэм фриуда нэхъей, физгъэгъуэлъыкIынщ», – сигукIэ жысIэурэ зыкъызэщIэзгъэплъэжащ.

А зауэ-банэ щэхум сыхэтурэ, псоми ди хъуэпсапIэм дынос. Бжьищыр къеIысхарэ мохэр къыскIэлъышхыдэу къыIузгъэзыкIыжмэ, си назэу плъагъу «си пьяницэгъур» – мэхь-мэхь. Аргуэру зыгуэрхэр къыщыхьэнкIэ зэрыхъуным иришынэри зигъэпщкIуати, абы сызэрылъыхъуам нэхъри сыкъигъэгубжьауэ къэзгъуэтыжмэ, къуаргъхэм яхудэплъей гуэгуш анэу, бгъунжырыплъэ фIэкIа, сэ дэнэ къыщызэплъынт? Сэри, сыхуеплъыхыурэ, и хъуреягъыр тIэу-щэ къэзуфэрэзыхьащ. АрщхьэкIэ – щыгугъ! Щайуэ сыкъридзэркъым. Къызэплъыркъым. ДонэцIейри щытщ! УлIкъым уэ! Фади пхуэфащэкъым жысIэри…

– Укъекъури укъежьэжащ…

– Уэли, арам-тIэ. Ар зыдэплъей уафэм Алыхьым къысхуридзыхам дауэ селъэпэуэнт? АтIэми, фэ Iей кърызигъэплъауэ, сигъэпудауэ, апхуэдизри къысхущIригъэтхъуауэ…

– Хьэуэ, апхуэдэу къытхуэпхьа фадэр хьэлэл тхуэхъуну?

– Фхуэмыхъунумэ, фемыфэ! Къэзылэжьар сэращи, фыкъызэхъуапсэу, мобы къытесха гуэныхьым фыфейри щIыгъуу, сэ сефэжынщ, – щыжиIэм, ныбжьэгъу сиIащэрэт щIыжаIэрати, дыгушыIэм-дыдыхьэшхыурэ, абы и гуэныхьыр псоми дэдгъэпсынщIат…

Мухьэдин зэрыщэхуам емыщхьу, зи Iуэхур зэфIэзыгъэкIыу къэзыгъэзэжа Уэсмэн къиихьа фадэм тIэкIу дыкъигъэжэнауэ дыздэщысым:

– Догуэ-тIэ, сурэтхэмрэ сызэрывгъэхьэулеямрэ си фейдэуэ, си артистыгъэм кIэ игъуэтауэ ара? Фыкъызэфыгъуэжу апхуэдэу къыщызэфщIэжынум, фыкъызэныкъуэкъуурэ щхьэ сыкъытевгъэхьат? Ролыр къызатри текстыр гукIэ зэзгъэщIауэ, сценариеми Iэджэрэ сыкъеджауэ, фащэр схуадауэ… А къызэфщIам иужькIэ дяпэкIэ дауэ ди уэрамымкIэ фызэрыблэзгъэкIынур? Си ролыр стезыхам зыкъэвумысыж иджы. Хьэмэрэ щыуэу зи мыхабзэу жыхуаIа режиссер Крепс зэрыщыуар къищIэжу «сигъэбракыжауэ» ара? – изогулI си ныбжьэгъу артистхэр. Зыми зыри щыжимыIэм:

– Уа, щхьэ укъытщыхьа? Крепси дэри лажьэ диIэкъым. Гъуэгу техьэ пэта уи гум и шэрхъхэм я гудзэхэм бжэгъу дэзыгъэлъадэу къэзыгъэувыIар дэракъым икIи режиссер Крепскъым – абы и дэIэпыкъуэгъухэм ящыщ зыгуэрщ, – къопсалъэ сэри сызыхэтын хуея кинофильмым щыджэгуну ящтакIэ зы щIалэ. Ауэ а «зыгуэрыр» хэтми къыщIызжамыIар бзэгузехьэфэ кърамыплъын щхьэкIэт е а «зыгуэрым» фIэлIыкIахэт? Сытми, къысщабзыщIат.

Сэри пщыкъуэцIэу збзыщIми ярей мы Iуэхур къызэрыщIидзарат. Дэ гъубж махуэхэм деджэртэкъым – ди усэхэр зэпкърытхыжурэ дызэзэуэжыным дыщынэс щыIэт, ауэ ди семинарым и унафэщI усакIуэ цIэрыIуэ Смирнов Сергей Iэжьэгъу хъурти, дызэримыгъэзэуэжыпэу дызэIэпишыжырт. Шэджагъуэнэужьхэм деж щхьэж и унэ бжэн лъакъуэу дызэбгрыкIыжырт е зыщIыпIэхэмкIэ зыщIедгъэхьэурэ дызэкIуж ди хабзэт. А махуэм апхуэдэ зэкIужыкIэхэми дыхэмытауэ, экзаменхэм зыхуэгъэхьэзырын хуейти, си гъуэгу сытехьэжу общежитым сыкIуэжыну, ди пщIантIэм сыкъыщыдэкIыж дыдэм, шокъущ жоуэ сахуозэ, «ди уэрамымкIэ щызезмыгъэкIуэжыну» ныбжьэгъухэм. Я Трифоновскэм къикIыурэ еджапIэм транспорттедзэкIэ кIуэ щIалэхэм я «гъущIыш» зэблэхъупIэр ди куэбжэбгъу дыдэрат.

Сэлам-чэлам нэужьым:

– НакIуэ ди гъусэу, – жаIэ.

– Дэнэ?

– ЛIыр щIэупщIэркъым.

– ЩIэмыупщIэмэ, щIэмыупщIэ! ФынакIуэ! – жызоIэ. Сэри лIыуэ зыкъэслъытэжа е уэрэдым зи гугъу ищI бзылъхугъэм «сэ сыхъыджэбз щIалэти, сыгъэделэгъуафIэт» жыхуиIэм ещхь сыхъуа?

Мо дыпсалъэ, дыгушыIэурэ дыздэкIуэм, мохэр щикIын хуей къэувыIэпIэм дыфIэкIащи:

– Уа, фи еджапIэми фыфIэкIауэ сыздэфшэр дэнэ?

– УзэрыусакIуэм нэмыщI, зыкъытхубогъэартистри, артист дыдэ утщIыну «Мосфильм» киностудием удошэ.

– Сыфшэми, фэр нэхърэ нэхъыкIэ сыхъункъым, – садогушыIэж

мобыхэм. Ауэ тӀэкӀуи зызгъэартистри пэжт. Школым и художественнэ самодеятельностым жыджэру сыхэту спектаклхэм Ӏэджэрэ зыкъыщызгъэлъэгъуат. Ахэр мыӀейуэ къыдэхъулӀэу къыщӀэкӀынти, район утыкуми дынос. Абыи япэ увыпӀэр къыщыдохьри, Налшык щекӀуэкӀ зэпеуэхэми дыхэтыну къытхуагъэфащэ.

ХьэтӀохъущокъуэхэ я хадэ ихьэпӀэм деж щытащ Пионерхэм я унэ дэгъуэкӀей. Абы и утыкум мызэ-мытӀэу ситащ уэрэдхэр жысӀэу, спектаклхэм ролхэр щызгъэзащӀэу, Ӏэгуауэхэр, Щытхъу тхылъхэр къыщыслъагъэсу. Псом хуэмыдэу сыдэзыхьэхыр, мыбзаджэуи къызэхъулӀэр Николай Гоголым и «КъэпщытакӀуэ» («Ревизор») пьесэм хэт Городничэм и ролрат. ГуфӀэгъуэ Ӏэджэ къысхудэкӀуэрт абы. Арат нобэрей техникэми цӀыхуми я къарухэр ирахьэлӀауэ а унэм лъапсэрыхыр къызэрыхуагъакӀуэр щыслъагъукӀэ, си щӀалэгъуэ фэеплъым кӀэ иратыжыпэу къысщыхъуу, си жьыщхьэ сыгъыным хуэдэу сеплъэкӀыурэ, абы сыщӀыблэкӀыр. Ауэ гъыи пэт… Пэжщ, ноби сэ а щӀыпӀэм ислъагъуэр абдеж иращӀыхьа унэ зыкъизыхракъым – гуфӀэгъуэкӀэ къысхуэупсэу, си артистыгъэр щызгъэлъагъуэу щыта Унэшхуэращ…

Ауэ мо махуэм щӀалэхэр мыгушыӀауэ къыщӀокӀ: ахэр артисту ябжырти, «Мосфильм» студием яшэрт, КӀыщокъуэ Алим и «Бгы къыгуэуа» сценариемкӀэ трахыну кинор ягъэхьэзыру щӀадзати, абы щагъэджэгу хъун хуэдэу ягу нэхъ ирихьынхэр къахэкӀынумэ еплъынхэу арат.

Ӏуэхур зыӀутыр къэсщӀа нэужь, зысхъунщӀэу сыхуежьа щхьэкӀэ, щӀалэхэм сыкъаутӀыпщыжыркъым.

Студием дыщӀашэ. Мобыхэм сурэт трахыурэ, си дежи къыщысхэм:

– Сэ абыхэм сащыщкъым, – жызоӀэри сыӀуокӀуэт.

– Щхьэр умыгъэузу уи жьэр зэщӀэкъуэ! Ущысхьрэ? Сурэт птрахмэ, къуатыжынщи, нобэрей махуэм и фэеплъу зепхьэнщ. Ныпхурагъэхьыжынщ е дэ ныпхуэтхьыжынщ, – жаӀэу къызожэри сагъадэ: сэри сурэт зытрызогъэх. Псоми я хэщӀапӀэхэр ятхырти, сурэтыр нысхурагъэхьыжынщ жыхуэсӀэу, сэри изогъэтх.

Куэд дэкӀа – мащӀэ дэкӀа? «Мосфильм»-м къикӀыу письмо къысӀэрохьэ, ауэ, сурэтым и пӀэкӀэ, абы дэлърат: ттраха сурэтхэм хэплъэу киному щагъэджэгуну къыхахахэм ящыщ сыхъуауэ къыщӀокӀ! Мыпхуэдэ махуэм, сыхьэтым укъэкӀуэну дынолъэӀу, – къысхуатх. Содыхьэш. Ауан зызощӀыж…

«Мосфильм»-м сыкӀуэным и пэкӀэ, си ныбжьэгъухэр зыщеджэ институтым (ар тпэжыжьэтэкъым) сожэ.

– УехъулӀащ! УгуфӀэн хуейщ! Дэ псоми тщыщу зыщыплӀ дыкъыхахауэ аращ, – жаӀэри Сэчрэч Мухьэдин, Мысостышхуэ Пщызэбий сымэ сагъэпсалъэркъым.

Сытми, зэхэзылъхьам зэхихыжынщ, жызоӀэри, «Мосфильм» студием сокӀуэ. Пэжыр жыпӀэмэ, нэхъыбэу сызытекӀухьар Ӏуэхур зыӀутыр, сэ сызэрымыартистыр ягурызгъэӀуэнщи, си ужь изгъэкӀыжынхэщ жыхуэсӀэу арат:

– Уи сурэтымкӀэ режиссер Крепс игу урихьащ. Ролри къыпхухихащ. Щыгъын пхуадынущи, бзыпхъэ птредгъэхыну, уи текстри сценариери уэттыну аращ укъыщӀедджар…

– Уа, сэ сыартисткъым. Литературэ институтым сыщоджэ… Усэ стхыуэ аращ…

– Трихыну кином щигъэджэгунухэр къыщыхихкӀэ, ди Крепс щыуэ

хабзэкъым. Умыартистмэ, артисти ухъунщ… УтщIынщ. Уси птхынщ. Мес, Андрей Вознесенскэр зыхуеджар архитекторыгъэрати, усакIуэуи къыщIидзыжащ. Уэри артист ухъумэ… ИкIи… ущыстуденткIэ, дэ уэттыну ахъшэри зэран къыпхуэхъункъым… Уи насыпым кърихьэкIарэ пэткIэ, «хьэуэ» къыхэбгъэкIыу!..

Сытми, сыкъагъэIулэ. Согупсысри, пэж дыдэу, игъащIэкIэ артист сымыхъуми *(икIи сыхъуакъым, ауэ ар зягъэр сэракъым),* япэрауэ, гъэщIэгъуэнщ. Апхуэдэм куэд щIохъуэпс. КъимыдэкIэ, къэзлэжьыну ахъшэми си Iупэр Iуиудынукъым. «Мосфильм» студием зэ срагъэблагъэу абдеж зыгуэр щыстрахыху къэскIэ тумэнибл къызатынущ. Кином и нэхъыбэр ди республикэм щытрахынущи, си гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм хуозэри – хъарзынэщ. Абы щыгъуэ си махуэ лэжьапщIэр хуэдитIкIэ нэхъыбэ ящIынурэ, тумэн пщыкIуплI хъунущи… Сэ езым абдеж мазэ стипендиеу къызатыр тумэн тIощIрэ зытхухрэт…

Арати, фащэри схуадащ, зэрыжысIащи, зи ролыр згъэзэщIэнум и текстри гукIэ зэзгъэщIащ. Езы сценариеми быдэу щыгъуазэ зысщIащ. Ауэ къаджи-наджи щыIэжкъым. Сэри сыщIэупщIэркъым – экзаменхэр сотри, сыпIащIэркъым.

Ауэрэ, зи гугъу сщIа пщыхьэщхьэ гуэрым, ди адыгэ щIалэхэм я деж сыкIуауэ арати, зыри къызэрысщIэмыупщIэжым и щхьэусыгъуэмкIэ сащеупщIым, зэплъыжхэри, мобыхэм я щхьэр ирахьэхат.

– Уэ бгъэзэщIэн хуея ролыр нэгъуэщI зыгуэрым иратыжащ, – щыжаIэм, ар уи гуапэ хъунт?

– НтIэ, щхьэр вгъэузу сыкъыщIефлъэфэкIар, сыщIэвгъэхьэулеяр лIо? – вым лъэмыIэсыр гуфэм йоуэ жи, сыкъитIэтIри…

Iуэхур зэрыхъуар къэсIуэтэжакIэщ. Пэжщ, мобы щыгъуэ щIалэхэр хэзгъэзыхьатэкъым си ролыр стезыхыжа «зыгуэрым» и цIэр къызжаIэну.

Iэджэ дэкIа нэужь къызэрыщIэщыжамкIэ, а «зыгуэрыр» ди театрым и адыгэ режиссерхэм ящыщ гуэрт. Абы къызищIэгъар си жагъуэ хъуауэ екIуэкIырт. Ауэ щIэх-щIэхыурэ сызыхуэзэ хабзэ а режиссерым зыкIи зыкъезгъащIэртэкъым. ИтIанэ, аргуэру Iэджэ дэкIауэ, абы и юбилей гуэр къэсати, ар ди журналми щыдгъэлъэпIэн мурадкIэ зыхузогъазэ «зи фIыгъэ къызэкIауэ» щытам: «УзыщIэупщIэ сурэтхэри уэстынщ. Нэхъ гупсэхууи дызэпсэлъэнщ», – жери фIыщIи къысхуещI, я уни сешэ. Куэдым я щхьэфэ диIэбэу, IэджэкIи сыпкърыупщIыхьу шыгъупIастэ Iэнэм дыздыбгъэдэсым, адыгэ искусствэм хуилэжьахэм тепсэлъыхьурэ, мафIэм къуацэкIэ хоуэ: ищIа IуэхуфIхэм щыщу къыхегъэщ Крепс «Бгы къыгуэуар» щытрихым щыгъуэ режиссерым и дэIэпыкъуэгъууи зэрыщытар. Лы IэфIым мастэ къыхиIуауэ къысщохъури, укъысхуэза си выр зыдыгъуар жыхуэсIэу, къыдовеиж илъэс куэдкIэ згъэва гукъанэжьыр.

– ПцIы къысхуаупсамэ, къызжезыIахэм я гуэныхьыжщ. Ауэ пщIэжрэ, зи гугъу пщIы а фильмым сэри сыхэтын зэрыхуеяр? Си ролыр зэрыстрахыжыгъам хэлIыфIыхьауэ щытар уэрауэ жаIэу зэхэсхыжати... Пэж ар?

– Сыт жыпIэр?! ПцIы къыпхуаупсащ… Ар щхьэ уи фIэщ пщIагъэххэ? – укIытэгъуэ изгъэхуа мо лIы бжьыфIэшхуэр плъыжь мэхъу, хужь мэхъуж. Си жьэм сызэрыхуимытыжым сыхущIогъуэж сэ. Къэсхьа гуэныхьыр тIуащIэу спшыныжын мурадкIэ, си тхыгъэр нэхъ ини сощI, ар радиокIи къызогъэт. ИтIанэ, сурэтхэри щIыгъуу, ди журналми трезгъэдзэжауэ щытащ…

Ауэ сэри сызыхэтын хуея (ар апхуэдэу хъуамэ, адэкlэ си lуэхур зэрыхъуну щытар Тхьэм ещlэт) фильмыр тезыхыну Налшык къакlуэ гупыр зэрыс мафlэгум, къыфlэбгъэкlмэ, вагон дыдэм сихуауэ 1957 гъэм и гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм Мэзкуу сыкъыщикlыжым, пцlы щхьэ упсын хуей, си гум фlы щыщlакъым: зи щlалэгъуэ дахэ Василий Лановой япэ дыдэ гъунэгъуу щыслъэгъуар абдежти, фи гупым сыхэту, сэри уэ сыпщlыгъун хуеят… Хуеят, ауэ… Сигу къэмыкlыххэу икlи зысхъунщlэурэ къысlэщlагуа ролыр страмыхыжамэ… Итlанэ сэ а lуэхум зэуэ сыдихьэхати!.. Селlэлlапэуи зи псалъэхэр зэзгъэщlа, си гум къыдыхьэу си псэри зыкlэрыпщlа ролыр сытым хуэдэу фlыуэ згъэзэщlэнут сэ!..

Дызытет гъуэгуанэ кlыхьыр къэткlужыхукlэ, си гупсысэхэм нэхъ кlыхьыжу заукъуэдийуэрэ, си гущыщlэхэр щымыулъэпхъэщар укlуэдыж. Гъэщlэгъуэныракъэ, а фильмыр слъагъуху къэскlэ, а гупсысэ хьэлъэхэр къызэрыдэвеижурэ сагъэбампlэрт, къызэхъулlэ пэта зы фlыгъуэшхуэ гуэрым сыхэкlыжа нэхъей, сыкъэнэщхъейрт… Икlэм-икlэжым си гур зэрызгъэпыlэжаращ: «Уэ къомыхъулlэ щхьэкlэ, дунейм фlыгъуэ lэджи тетщ… Си анэр лlэри сыхэкlыжащ… Зы ролыжь цlыкlу страхыжауэ щытамэ, бэлыхьышхуэ хъуаи…»

Си щхьэр къызэрызгъэпцlэж а «философиешхуэр» щlэзгъэбыдэж пэлъытэу икlи, лlышхуэр згъэукlытэу (пэжыр жысlэнщи, мыхэр къыщlэсlуэтэжыр силъ сщlэжын щхьэкlэкъым; атlэми, мор дунейм ехыжащ. И ахърэтыр нэху Тхьэм ищl. Сызыхуейр лlо-тlэ? Жьуджалэрэ пэткlэ мэхашэ, жи; узыхущlегъуэжын, укlытэгъуэ ущlихуэжын, иужькlэ цlыху къыщlыпхуэшхыдэжын умылэжь) гуэныхь къэсхьауэ зэрыщытам сыхущlегъуэжауэ, ар зыгуэркlэ спшыныжащэрэт жысlэу екlуэкlыурэ, си очеркыр зытет ди журналыр къыдокl. Ар зытеухуам и юбилейри къэблэгъэпати… Щхьэусыгъуэу къэзгъуэтаращ: сурэт къызитахэр сымыгъэкlуэдыну къызэлъэlуати, ахэри тхыгъэр зытет журналри къызощтэри, я унэм сопсалъэ. lуэхур сызыхуей дыдэм хуэдэу хъуауэ къыщlокl – зэрызгъэхуауэ щыта щытыкlэм и ужькlэ, я унагъуэ сихьэну къысхуегъэкlущэртэкъыми, дэгъуэ хъуащ: мор санаторэм щыlэт.

Арыншами, курорт кlуахэм лъагъунлъагъу якlэлъыкlуэ хабзэщ, атlэми, сэ сыщlыхуэкlуэн щхьэусыгъуэ силэщ: и сурэтхэри хуэсхьыжынщ. Щытхъупсыр къезгъэжэхыу хуэстхамкlи згъэгуфlэнщ. И юбилейр ехьэжьауэ щыхудахкlэ, сэ абы сригъэблэгъэни-сримыгъэблэгъэни, япэ зизгъэщынщи, сехъуэхъунщ, жысlэу тыкуэным сыщlохьэри…

Сытми, нэгъуэщlхэр згъэlущын сфlэщlми, сэри сызыхущlегъуэжын зэрызлэжьар щlэсхъумэж щlыкlэу, Долинск сокlуэри… Ар езыр игъащlэми хуэщlауэ псэу адыгэлlт, лэжьакlуэшхуэт, режиссерыфlти, пщlэрэ щхьэрэ зиlэ цlыху цlэрыlуэт. А здэкlуа санаторэми, зыхуэныкъуэншэу, зэгъэпэщауэ щыlэт; а напlэзыпlэм lэнэ бэлыхь къыдогъэуври, зыдогъэтхъэж. Дызэщытхъужу, дызэхъуэхъужу lэджэрэ дызэбгъэдос. Ауэ, бабыщищым я гугъу къысхуумыщl жыхуиlэ хъыбарым хэт лlыжь цlыкlум ещхь дыхъури, дызытеукlытыхьыжын щыуагъэ тlуми зэрытlэщlэкlауэ щытам теухуауэ зы псалъэ къыджьэдэмыкlарэ, дызэхуэарэзыжу дыщызэбгъэдэкlыжым:

– Упсэу! Фlыкlэ Тхьэм пхузигъэщlэж. Сэр щхьэкlэ птхам радиокlи седэlуат. Журналым къытребгъэдзами ныжэбэ сыкъеджэнщ. Ухущlэхьэнрэ lэмал бгъуэтыххэмэ, къомыхьэлъэкlмэ, пщэдей пщыхьэщхьэ къыдэкlуей, кхъыlэ. Си къуэшхэр лъагъунлъагъу къэкlуэну жаlэу къэпсэлъащи, схуэптхахэм щхьэкlэ захуэдгъэщlагъуэу дабгъэдэсынщ, –

жиIэу быдэу къызэлъэIуа пэтми, щIытезмыгъэзэжар схущIэмыхьауэ хьэмэрэ къызэхьэлъэкIауэ аратэкъым – къэсхьа емыкIум и хьэлъэр сщхьэщыкIыжауэ къысщыхъуар – зы. ЕтIуанэр икIи нэхъыщхьэр – абы сызыбгъэдигъэсыну и къуэш щIалэ телъыджэхэр сэ фIыуэ сцIыхурт. Хэт ищIэрэ, аргуэру шейтIаныр къыстекIуэмэ, си щIалэгъуэ пщIэгъуалэм сышэсыжрэ сыщIихьэмэ, артист сыхъу зэрыпэтам, ауэ сызэрымыхъуам ехьэлIа си гущыщIэ мыухыжым, мобыхэм зэхахыу, сритхьэусыхэжурэ, жызмыIэпхъэ къызжьэдэхумэ….

Ауэ, къызэрыхэзгъэщащи, «Бгы къыгуэуа» фильмыр слъагъуху къэскIэ, унэм щIэсхэм закъезмыгъащIэурэ, нобэми си псэм цIыкIуу, щэхуу сыхуэнэщхъеиж зэпытщ…

# Лъэхъэнэ зэблэкӀыгъуэм и тхыгъищ, Ӏуэху зэфӀэхыкӀэ зэхуэмыдэхэм къагъэщӀауэ



Литературэм и тхыдэ гъуэгуанэр лъэхъэнэкӀэрэ зэпагъэщхьэхукӀ хабзэщ, ауэ абы къикӀыркъым пыухыкӀауэ илъэс гуэрым деж зыр щиухрэ адрейм къыщыщӀидзэу. Ӏуэхур здэщыӀэр, жылагъуэм игъуэт зыужьыныгъэм елъытауэ, тхакӀуэм и гупсысэм, дуней лъагъукӀэм зихъуэжу щыхуежьэмрэ абы къыпкъ-рыкӀ зэхъуэкӀыныгъэхэмрэщ. XX лӀэщӀыгъуэм и 90 гъэхэр къапщтэмэ, ар Ӏупщӏ къохъу, псалъэм папщӀэ, мэкъумэшыщӀэ, къалэ лэжьакӀуэжь пэрытым, коммунист нэсым и Ӏэрыщӏ «образ уардэ» къэгъэщӀыным зыдрамыгъэхьэхыжу, цӀыхур зыхэпсэукӀ гъащӀэм, гукӀэ абы зэригъэзахуэ Ӏуэху зэхуэмыдэхэм тхакӀуэм и художест-веннэ дунейм тепщэныгъэ щаубыд мэхъу. Абы къыхэкӀыу а илъэсхэр лъэхъэнэщӀэм и щӀэдзапӀэу дгъэув щхьэкӀэ, а зэманым и фащэкӀэ хуэпа художественнэ тхыгъэщӀэхэм я къежьапӀэу щыткъым. Апхуэдэхэр япэ ит лъэхъэнэхэм къахокӀ – зэхъуэкӀыныгъэ зыгъуэт жылагъуэм и псэукӀэмрэ и гупсысэкӀэмрэ къыздахь. Аращ дэ лъэхъэнэщӀэм и щӀэдзапӀэу дгъэув пӀалъэм иужькӀи иджыри илъэс зыкъомкӀэ блэкӀа зэманым и нэпкъыжьэ зытелъ художественнэ тхыгъэхэр дунейм къыщӀытехьэр.

ЛӀэщӀыгъуэ блэкӀам и 80 гъэхэм икухэм къыщыщӀэдзауэ Совет Союзым щекӀуэкӀа демократие зэхъуэкӀыныгъэхэм, псом япэу нахуагъэр ищӀыӀу къызэрыхъуам я фӀыгъэкӀэ лъэпкъ прозэм къаруущӀэ къыхыхьащ, нэхъапэхэм табу зытелъауэ щыта темэхэр къызэӀухыныр абы къалэн нэхъыщхьэ щыхъуащ. Ар щынэрылъагъущ романым. А жанрым и дэтхэнэ пкъыгъуэми, уеблэмэ персонажхэм я щыӀэкӀэ-псэукӀэми, тхакӀуэхэм я лэжьыгъэм щӀалъхьэ гупсысэми лъэпкъ тхыдэм и плъыфэр къытощ. Ар къыбжаӀэ а лъэхъэнэм къыдэкӀа художественнэ тхыгъэхэм я фӀэщыгъэцӀэхэми. Адыгэхэр зыхэпсэукӀ лъэхъэнэ ткӀийр, бгырысхэм къалъыкъуэкӀ шынагъуэр е къапэплъэ Ӏуэхугъуэ гуэрхэр тхылъеджэм зыхрагъэщӀэн папщӀэ, тхакӀуэхэм зэгъэпщэныгъэ зэхуэмыдэхэр къагъэсэбэп. Апхуэдэщ, псалъэм папщӀэ, дунейм и къэхъукъащӀэ шынагъуэхэр, хьэкӀэкхъуэкӀэ бзаджэхэм я хьэл-щэн гуэрхэр: «Гъуэжькуий» (Журт Биберд), «МафӀэ лыгъей» (БакӀуу М.), «Псыдзэ» (Емкъуж М.), «Мыщэ лъэбжьанэ» (МафӀэдз Сэрэбий), «ГущӀэгъуншэ» (ХьэхъупащӀэ Хьэжбэчыр), нэгъуэщӀхэри. Апхуэдэу зэӀуха хъуар тхыгъэхэм я цӀэхэм я закъуэкъым – зэӀуха хъуащ абыхэм я купщӀэри, тхакӀуэхэм я псалъэри. Абы и щапхъэщ ХьэхъупащӀэ Хьэжбэчыр и роман «ГущӀэгъуншэ» зыфӀищар («Ӏуащхьэмахуэ», 1995 гъэ, № 2 – № 6-хэр).

Романыр зытеухуар тхыгъэм и цӀэм къыбжеӀэ – блэкӀа лӀэщӀыгъуэм и 20-30 гъэхэрщ, ди лъахэм колхозхэр щызэгуагъэхьа илъэс ткӀийхэрщ. ТхакӀуэм фӀыщӀэ щӀыхуэщӀыпхъэхэм ящыщщ лъэпкъ литературэм пэӀэщӀэ зыхуищӀурэ къэгъуэгурыкӀуа, ди литературэ щӀэныгъэми зы-

щызымыубгъуа лъэхъэнэм и сурэтыр зэфIигъэувэжыну зэрыхущIэкъуар. Пэжщ, ди деж коллективизацэр зэрыщекIуэкIам 1934 гъэм тетхыхьыгъащ Къуэжей Сосрыкъуэ («ЩIэ» повестыр). Ауэ абы къыщыгъэлъэгъуэжар а тхыдэ Iуэхугъуэшхуэм и зы лъэныкъуэрщ: жэрдэмышхуэ яхэлъу совет цIыхухэм гъащIэ зэраухуэрщ, социализмэм и цIыхущIэ зэрагъасэрщ. Коллективизацэм теухуа а повестым къыпызыщэн ди тхакIуэхэм къахэмыкIыурэ куэдрэ екIуэкIащ. Колхоз гъащIэм и зы Iыхьэ гуэрхэм ехьэлIа художественнэ тхыгъэ кIэщIхэм я гугъу умыщIмэ, 50 гъэхэм къэсыху (ЩоджэнцIыкIу Iэдэм «Софят и гъатхэ», Къашыргъэ ХьэпащIэ «Насыпым и хэкIыпIэ», Гъуэщокъуэ Хъусин «Адэмрэ къуэмрэ», н.) къуажэдэсхэм я псэукIэмрэ я лэжьыгъэмрэ теухуауэ прозэ тхыгъэ пIащэхэр къэбэрдейшэрджэс литературэм къыхыхьакъым.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, 20 гъэхэм я кIэуххэм – 30 гъэхэм къуажэхэм щекIуэкIа мыхъумыщIагъэхэр, коммунистхэм я щыуагъэ нэхъыщхьэр зыпыщIахэр, щIэуфауэ къэнащ. Ауэ а тхыдэ къэхъугъэ иным и лъэныкъуэ зырызырщ Къуэжей Сосрыкъуэрэ (1934 гъэм) ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыррэ (1992 гъэм) къагъэлъэгъуар: зым – фIыр, адрейм – Iейр. ТхакIуитIри пэлъэщакъым Iейри фIыри щызэхэухуэна цIыху гъащIэр, лъэхъэнэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэр къызытещхэр, реализмэм и хабзэхэм тету къагъэлъэгъуэн. Япэ тхыгъэм утопие гупсысэхэр щыкуэдщи, гъащIэм и пэжым пэжыжьэщ, етIуанэм егъэлеиныгъэр, фэрыщIагъыр къобэкIри, образхэр IэрыщIу къыпщагъэхъу.

«ГущIэгъуншэ» романыр къэзыгъэщIар, къызэрыхэдгъэщащи, 80 гъэхэм жылагъуэ псэукIэм щIэуэ къыхыхьа зэхъуэкIыныгъэхэрщ – цIыхум и Iуэху еплъыкIэр щIэуфэ хэмылъу жиIэ, къигъэлъагъуэ зэрыхъуарщ. ПолитикэщIэм зэщIигъэста прессэ щхьэхуитыр къэралым и блэкIам хуабжьу щытехъущIыхьыж лъэхъэнэти, а илъэсхэм тхакIуэ зыкъомми къэрагъэкIуакъым къэхъухэм кIэлъыплъу лъэныкъуэкIэ щысыну. А зэманым дунейм къытехьащ тхыдэ къэхъукъащIэ зэмыщхьхэр, япэм зэратхыу щытам хуэмыдэу, къыщыгъэлъэгъуэжа художественнэ, документальнэ тхыгъэ куэд. Абыхэм ящыщщ дызытепсэлъыхь романри. «Зэманым екIуу» пэджэжыну тхакIуэм мурад зэрищIам тхыгъэр тIэкIу фIэщщIыгъуей ищIами, «залымыгъэ илъэсхэр» псалъэ жагъуэхэр зытеIукIа лъэхъэнэм адыгэ къуажэм (Даутхьэблэмрэ ПсыкIэхьэблэмрэ) щекIуэкIа мыхъумыщIагъэхэр лъэпкъ литературэм япэу сэтей къыщызыщIа художественнэ тхыгъэшхуэщ ар.

Лъэхъэнэракъым гущIэгъуншэр, атIэ ар абы хуэзыгъакIуэ цIыхухэращ: фIыр нэхъыбэмэ – гъащIэр нэхущ, Iейр ищIыIу къэхъумэ – кIыфIщ. Дунейр къызэригъэщIрэ зэпэщIэт а къаруитIым къапкърыкI гупсысэхэрщ романым лъабжьэ хуэхъуар. Романым и фIэщыгъэцIэри нэхъыбэу зыдэтлъагъур Гъуабжэ Залым и образырщ. Абы и цIэми, и унэцIэми къыбжаIэ «гущIэгъуншэ» лъэхъэнэм и лIыкIуэу романым хэтынур хэтми. Персонаж гурымыхьхэм цIэ-унэцIэ жагъуэхэр етыным ехьэлIауэ лъэпкъ литературэм ДыщэкI Мухьэмэд («Пшэплъ» роман) 30 гъэхэм къыхихьэгъа хабзэм тетщ ХьэхъупащIэри. IуэхущIафэ Iейхэм пыщIауэ Гъуабжэ-гущIэгъуншэм тхыгъэм куэдрэ дыщрихьэлIэнущ, ауэ тхакIуэр ежьэркъым ар зыхуэдэр къэтщIэным. Романым и пэщIэдзэм ар дегъэцIыху гъунэгъу фызыжь Уэзыр Лъостэхъан и псалъэхэмкIэ: «Ар цIыху бзаджэщ, гущIэгъуншэщ. Псалъэ IэфI яжриIэурэ, куэдым мащэ къахуитIащ а зэпыту кIуэным. Езыри, тхьэм жиIэмэ, нэгъуэщIхэм къахуитIа мащэхэм ящыщ зым ихуэжынщ».

Апхуэдэ мащэхэм ящыщ зым ихуэжыхункӀэ Гъуабжэ Залым щӀэпхъаджагъэ Ӏэджэ илэжьыну хунос. И щхьэм ифӀ къыхэкӀыну ищӀамэ, и напӀэ мыхуадэу, ар цӀыхугъэми ныбжьэгъугъэми ебэкъуэфынущ. И мурад фӀейхэм зэралъэӀэс Ӏэмалу абы пцӀыри, бзэгури, Ӏужэжэнри къегъэсэбэп, «Сыбыр иригъэшэну е хьэпсым илъэсипщӀкӀэ иридзэну» жиӀэурэ цӀыхухэр егъэшынэ икӀи езыр зыхуейр къарегъащӀэ. Ауэ нэгъуэщӀущ ар Къалмыкъ БетӀал къэзыухъуреихьхэм зэрахущытыр – и къулыкъукӀэ драгъэкӀуэтеину ящогугъри, абыхэм я бжэщхьэӀум Ӏутщ, «пыӀэр къэхь жаӀэмэ, щхьэр къихьыну хьэзыру».

ЦӀыху фэрыщӀым и дунейр тӀу ищӀыкӀащ, ауэ тӀуми щытепщэр залымыгъэрэ гущӀэгъуншагъэрэщ, зым нахуэу, адрейм щэхуу. Нэхъ шынагъуэр щэхуу илэжьхэрщ. ГъэпщкӀуауэ, щэхуу фӀэкӀа Ӏуэху щызэрамыхьэжу щыта лъэхъэнэм и лӀыкӀуэщ Гъуабжэм и образыр. Тхыгъэм и пэщӀэдзэм абы дызэрыщрихьэлӀэр псэукӀэщӀэм и бэнакӀуэущ, уеблэмэ ар мэпӀащӀэ, зэгуоп «гурэ псэкӀэ бгъэдэт пэтми, Къалмыкъ БетӀал гу къызэрылъимытэм». Аращи, зыщӀэхъуэпс къулыкъушхуэр зыӀэригъэхьэн щхьэкӀэ, сыт хуэдэ хьэгъэщагъэми хуекӀуэну хьэзырщ. Абы хуэкӀуэу къыщыхъу гъуэгум къыщыпэщӀэхуэхэр трегъэкъэбзыкӀ, щысхьырабгъуу яхуимыӀэу. Абыхэм яхэхуащ лажьэрэ шхэжу, и гуащӀэкӀэ псэужу къуажэм дэс Зули, тхыгъэм хэт цӀыхубз образ нэхъыщхьэ Нэфисэт фӀыуэ илъагъу щӀалэр. Щхьэусыгъуэр езы Гъуабжэм «Нэфисэт зыӀэригъэхьэну мурад зэрищӀарт». «ЦӀыхухэр мыпхуэдизу пӀэщӀэгъуэкӀэ колхозым щӀыхэпхуэн щыӀэкъым. И щхьэ течауэ жамыӀэфми, си закъуэкъым апхуэдэу мы Ӏуэхум еплъыр. Япэ щӀыкӀэ зы хьэблэ зэхрехьи, зы илъэс-илъэситӀкӀэ колхозу ирелажьэ, абы фӀыгъуэ къыдэкӀуэрэ – адэкӀэ деплъынщ», къуажэ зэхуэсым Зул щыжиӀа а псалъэхэм папщӀэ, Гъуабжэм дригъэшри хьэпсым ирыригъэдзащ. Лей ятригъэхьащ къуажэм кӀуаӀамэ, щыхьэщӀэу, щешхэ-щефэу щыта Шорэ Аслъэнджэрий и унагъуэми.

Езы тхакӀуэм 30 гъэхэм екӀуэкӀа залымыгъэр сабийуэ и нэгу щӀэкӀами, а илъэс ткӀийхэм яхэлъа трагизмэр нэсу романым къыщызэӀуха хъуакъым. Ӏуэхур лъэныкъуэкӀэ ещӀауэ, кууагъышхуэ хэмылъу къэнащ. Абы щхьэусыгъуитӀ иӀэу дэ къытфӀощӀ: япэр – тхыдэ дэфтэрхэмрэ хъыбархэмрэ тхакӀуэм къемэщӀэкӀащ. КъемэщӀэкӀащ тхыгъэм роман жанрым и нэщэнэу хэлъхэри, ар повестым и жыпхъэхэм нэхъ йозагъэ. ЕтӀуанэр – къыщыхъуа, зыхэпсэукӀа совет лъэхъэнэм щытепщэу щыта гупсысэхэм тхакӀуэр къаӀэщӀэкӀыфакъым. Абы тхыдэ-революцэ тематикэр я лъабжьэу нэхъапэхэми къыдэкӀа тхыгъэхэм ар ещхь ищӀащ.

НэгъуэщӀ нэмыщӀысыныгъэу, дэ дызэреплъымкӀэ, романым иӀэхэм ящыщщ зэманым къигъэув Ӏуэхугъуэ ткӀийхэр тхыгъэм мыхьэнэшхуэ щызымыгъэзащӀэ теплъэгъуэ жьгъейхэмрэ псалъэ тафэтелэхэмрэ зэрыщӀахъумари. Персонажхэм я хьэл-щэныр къэгъэлъэгъуэнымкӀи, абыхэм яку къыдэхъуэ зэныкъуэкъур зэфӀэхынымкӀи ахэр сэбэп хъуркъым, текстыр нэхъ зэпылъэфарэ еджэгъуейрэ ящӀ мыхъумэ. Апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ, ди тхыдэм и напэкӀуэцӀ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым теухуа тхыгъэр фагъуэ хъуащ, къызэӀуихыну езы тхакӀуэр зыхущӀэкъуа Ӏуэхури ныкъуэзэкӀуэцӀыхыу къэнащ.

Апхуэдэу щытми, цӀыху щхьэхуэм и образымкӀэ лъэхъэнэ хьэлъэр къигъэлъэгъуэжыну ХьэхъупащӀэр хущӀэкъуащ. Абы щыхьэт тохъуэ 90 гъэхэм  я пэщӀэдзэхэм щегъэжьауэ адыгэ литературэр лъэпкъым и блэкӀам нэгъуэщӀу еплъ зэрыхъуам, нэхъапэхэм зримыкуу щыта темэщӀэхэр къигъэӀурыщӀэну иужь зэрихьам. Щапхъэу къэпхь хъунущ

«Гъуэжькуий» романри (1997 гъэ). Лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм къигъэщIа а тхыгъэми наIуэу къытощ зи Iуэху еплъыкIэхэм захъуэжу хуежьа тхакIуэм ар и IэдакъэщIэкIыу зэрыщытыр.

Журт Биберд и «Гъуэжькуий» романыр дунейм къызэрытехьэу щIэныгъэлI, литературэ критик ХьэкIуащэ Андрей абы теухуауэ итха статьям къыхигъэщащ «тхакIуэр нэхъ пасэу зытета зэхэщIыкIым, Iуэху еплъыкIэм зэрытемытыжыр. Дагъуэ лъэпкъ зыхуэпщI мыхъуну, псоми щапхъэу ирагъэлъагъуу щытын хуей коммунист къэмылэнджэжым и сурэт щIыным къыпокIри, тхакIуэр иужь йохьэ, езым къызэрилъытэмкIэ, цIыху сэфэтым изагъэ образхэр и тхыгъэм щызэригъэпэщыну. Ауэ иджыри лъэ быдэкIэ мыува демократием къыздихьа псэукIэр зи гум дэмыхьащэ а тхакIуэри зэкIэ къыпыкIыфыркъым совет лъэхъэнэм лъэпкъ литературэм щызэфIэува хабзэхэм.

Романым хэт лIыхъужь нэхъыщхьэ Мурадин ещхьу, езы тхакIуэми къабыл ищIыщэркъым 80-90 гъэхэм екIуэкIа тхыдэ къэхъугъэхэр: къэралыр лъэпкъ-щIыналъэ щхьэхуэурэ зэрызэбгрыкIыжар, цIыхубэм къадекIуэкI лъапIэныгъэхэм я пщIэр зэрехуэхар, абыхэм я пIэм хабзэншагъэр, мылъку зэхуэлъэфэсыныр къызэриувэр, псоми ялъагъуу зы лIыр джэдыгуибгъурэ лIибгъур джэдыгуншэу къызэрынэр. Абыхэм гуитIщхьитI ящIа тхакIуэм и гупсысэр пIейтейщ, и псэм щызэныкъуэкъури нэхъыбэжщ. Ахэр щхьэусыгъуэ хуэхъуащ романым хэт персонажхэр, тIурытI ищIыкIауэ, зым адрейр и антиподу къызэрыщыкIуэм. ПсэукIэщIэ ухуэным щIэбэна революционерхэр къапщтэмэ, ахэр Азрэтрэ (фIыщ) Муридрэщ (Iейщ), духьэшыхэр – Мыхьмуд-ефэндыр (фIыщ), Жыхьфар (Iейщ), пщыхэр – Къасым (фIыщ), Жансэхъу (Iейщ), нэгъуэщIхэри.

ИщхьэмкIэ зи гугъу щытщIа «ГущIэгъуншэ» романым дызыщрихьэлIа «большевик лэжьакIуэшхуэ» Гъуабжэ Залым и образым куэдкIэ ещхьщ «Гъуэжькуийм» хэт революционерхэм ящыщ зы Муриди. Совет зэманым революционерым и образыр дагъуэншэу къагъэлъагъуэу е, икIэрамэ, апхуэдэм и хьэл-щэным мыгурыхь гуэрхэр къыхэхуэмэ, къыдэлажьэ коммунистхэм абы гу лърагъэтэжрэ псынщIэу зыхрагъанэу щытамэ, иджы тегушхуауэ тхакIуэм къегъэлъагъуэ «гъащIэщIэм и бэнакIуэхэм» я сатырхэри къабзэ дыдэу къызэрымыгъуэгурыкIуар.

Залыми («ГущIэгъуншэ») Муриди («Гъуэжькуий») я образхэр дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм щыIа Iуэху еплъыкIэм къагъэщIащ. ТIури цIыху дыджщ, гущIэгъуншэщ, революцэм и лъэныкъуэ зыщIащIари IэнатIэфI зыIэрагъэхьэн, «зэгуэр зэ я жагъуэ къэзыщIауэ щытахэм яхурикъужын щхьэкIэщ». Я къуажэгъухэм Iуэху фIейхэр якIэлъызехьэныр, лей ехыныр ара хуэдэщ ахэр къызыхуигъэщIар. Мурид и образыр щищIым щыгъуэ, Журт Биберди къигъэсэбэпащ егъэлеиныгъэ художественнэ Iэмалыр. Уеблэмэ щхьэусыгъуэншэу и лIыхъужь гурымыхьым кIэрилъхьэ лейхэр фIэщ щIыгъуей зэрыхъуар тхакIуэм къыгуроIуэжри, зиухеижыну яужь йохьэ. Апхуэдизу Мурид цIыхухэм яхуиIэ лъагъумыхъуныгъэр къызыхэкIыр зэм мэлыхъуэ пщыIэм къызэрытрахужыгъам хуехь, зэми, ар фIэмащIэ мэхъужри, щхьэусыгъуэр абы и адэм деж ехьыж. Абы щхьэкIэ цIыхумыщIу романым къыхэщ, жылэр «къуийкIэ» зэджэу щыта Нэгъуей (Мурид и адэм) теухуа теплъэгъуэ гуэрхэр сюжетым къыхешэ. Ауэ япэ щхьэусыгъуэми етIуанэми романым къалэнышхуэ щагъэзащIэркъым, ауанрэ щIэнэкIалъэкIэ гъэнщIа теплъэгъуэхэри къызэрыгуэкI дыдэщ.

ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыри Журт Биберди къайхъулIауэ пхужыIэнукъым «революционер мыхъумыщIэм» и образыр. ТIуми я гурымыхь

образхэр (зэблэкIыгъуэ зэманым гу нэхъ зылъозыгъатэхэр) схематизмэм иIыгъщ, зы плъыфэкIэ щIа сурэтщ. Абы и щхьэусыгъуэм и гугъу тщIакIэщ – апхуэдэ образхэр япэу къыхыхьэу арат лъэпкъ прозэми, тхакIуэхэр гугъу ирагъэхьащ, зыдэплъеин зэрамыIэм къыхэкIыу. Ауэ тыншу къайхъулIащ коммунист нэсхэм (Азрэт, Мурадин, н.) я образхэр. Ахэр совет лъэхъэнэм къыдэкIа тхыгъэхэм ещхьу тхакIуэхэр зэсэжа Iуэхути, къайгъэшхуэ пымылъу зэфIагъэкIащ.

90 гъэхэм прозэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм ящыщщ иджы пщы, ефэнды псори гурымыхь персонажхэм яхэту къызэрамыгъэлъэгъуэжыр. КъызэрыщIэкIымкIэ (тхакIуэм зэрыжиIэмкIэ), абыхэми яхэтащ цIыхуфIхэри, гущIэгъулыхэри, жумартхэри. Псалъэм папщIэ, къуажэпщ Къасым зэхэщIыкI, гулъытэ зиIэ цIыхущ. ИстамбылакIуэм и зэману Хэкур щибгынэм щыгъуэ, абы и мылъкур къуажэдэсхэм яхуигуэшыжауэ щытащ. Тыркум щыIэ пэтрэ Къасым ифI и къуажэгъухэм къекIащ – лIыкIуэ къахуищIри къелъэIуащ я лъахэр къагъанэу бэлыхь зыхамыдзэжыну. АбыкIэ пщыр фIыуэ дигъэлъагъуну хэтми, тхакIуэм и гугъу ищIыркъым Тыркум Iэпхъуэжын и пэ къиихуэу «пщы фIэрафIэм» и мылъкур къуажэдэс тхьэмыщкIэхэм яхуигуэш щIэмыхъуам и щхьэусыгъуэм. ФIыр щыфIыр, зэрыгурыIуэгъуэщи, зыгуэр абы хуэмеиж хъуа нэужькъым, атIэ щIэупщIэ щиIэм дежщ.

Я псэукIэкIэ, IэщIагъэкIэ, лэжьыгъэкIэ тхакIуэм и персонажхэр тIурытIу щIигуэшыр абыхэм я зэпэщIэтыныгъэр, коллизиер нэхъ ткIий ищIын мурадкIэщ. Ауэ апхуэдэ гуэшыкIэм языныкъуэ образхэр IэрыщI ищIащ, тхыгъэм лейуэ зэрыхэтыр занщIэу уи нэм къыщIидзэу. Апхуэдэ персонаж щхьэхуэхэм ярипхыурэ, тхакIуэм къиIуэтэж иджырей ауанхэмрэ гушыIэхэмри сюжет къудамэм щыпымызагъи щыIэщ. Апхуэдэу щытми, зэман зэблэкIыгъуэм и щапхъэу къэтлъытэ «Гъуэжькуий» романымкIэ тхакIуэм Iэзэ дыдэу къигъэлъэгъуэн хузэфIэкIащ «псэзэпылъхьэпIэ щытыкIэ» жыхуаIэм хуэдэм къихутэ цIыхум гукIэ зэригъэзахуэ дунейр, нэщIэбжьэ Iейхэм абы и гупсысэкIэр, хьэл-щэныр зэрызэхакъутэр, зэригъэпудыр. КъызэрыгуэкI цIыхум и гурыгъу-гурыщIэр, психологизмэр кууэ зэрыхэпщамкIэ «Гъуэжькуийр» къащхьэщокI «тхыдэ-революцэ романкIэ» дызэджэу лъэпкъ литературэм хэтхэм.

Журт Биберд апхуэдэу фIыщIэ щIыхуэщIыпхъэхэм ящыщщ лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцI зэхуэщIауэ щытахэр къызэIухыжыным ерыщу яужь зэритар. Ар егугъуу елэжьащ лъэхъэнэ кIыхьым къриубыдэу (ХХ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 90 гъэхэм къэсыху) къэбэрдей адыгэхэм я псэукIар, ахэр зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэу щытахэр Мыщхъыдж, Аущ-Джэрий къуажэдэсхэм я щапхъэхэмкIэ ди пащхьэ кърилъхьэжыну. А къалэныр абы къызэрехъулIар и фIыщIэщ сыт хуэдэ зэманми цIыху къызэрыгуэкIыр, лэжьакIуэжьыр гъащIэм и джэлэсу зэрыщытыр езы тхакIуэм гъуазэу зэриIар.

IуэхуфI блэжьу, сэбэп ухъуфу упсэун нэхърэ нэхъыфI зэрыщымыIэр, лэжьыгъэ хьэлэлым цIыхум кърит гурыфIыгъуэм «зы къулыкъуи тепщэныгъи» зэрыпэмыхъунур гурэ псэкIэ щызыхэпщIэ тхыгъэщ «Гъуэжькуий» романыр. МылъкукIи щIэныгъэкIи къихьакъым, псалъэм папщIэ, романым хэт персонаж нэхъыщхьэхэм ящыщ зы Елбэздыкъуэ и пщIэр. Ар къыхуэзыхьар гъащIэрщ, абы и дерсхэрщ, щхьэх имыIэу зыпэрыта лэжьыгъэ IэнатIэрщ. Езым ищIэмкIэ, игъэунэхуамкIэ ар ядогуашэ ныбжьыщIэхэм; лэжьыгъэр фIыуэ ялъагъуу егъасэ. ЛIыжь Iущым и гулъытэр къэзыухъуреихь псоми ялъоIэс: гузэвэгъуэ хэхуэхэм защIегъакъуэ,

щыуэхэр къегъэувыlэ, удз хущхъуэхэм фlыуэ хещlыкlри, сымаджагъэкlэ зыкъыхуэзыгъазэхэри игъэщlэхъуркъым. Гъащlэм и дерсхэр еджапlэу зиlа тхьэмадэ lущхэм я образ дахэхэм мымащlэу ущрохьэлlэ адыгэ литературэм. Абыхэм я нэхъыфlхэм, дэ дызэреплъымкlэ, ящыщщ Елбэздыкъуэ и образыр.

Журт Биберд «и зэхэщlыкlымрэ и lуэху еплъыкlэмрэ» ягъуэта зэхъуэкlыныгъэхэм къадэкlуэу, и хъэтlыр нэхъ узэщlа зэрыхъуар хэплъагъуэу образ гукъинэж зыбжанэм иджыри ущрохьэлlэ романым. Апхуэдэщ, къэбгъэлъагъуэмэ, псэм ехуэбылlэу тха образхэу Азрэт, Мысрокъуэ, Мыхьмуд-ефэндыр, Мурадин, Гуащэнэ, Нысэlэфl сымэ, нэгъуэщlхэри. Мы образхэм япэу ядэплъагъур, ахэр ауэ сытми щхьэбжыгъэу тхыгъэм хэмыту, дэтхэнэми къалэн пыухыкlа зэригъэзащlэрщ. Езы тхакlуэр блэкlамрэ нобэмрэ, жьымрэ щlэмрэ зэрахущытыр къызэриlуатэри а персонажхэм ярит lуэху еплъыкlэхэмрэ дуней тетыкlэхэмкlэщ. Абыхэм я гъащlэ гъуджэрщ къызэрыщыр тхакlуэр зытепсэлъыхьыж тхыдэ lуэхугъуэшхуэхэр: Октябрь революцэр, граждан зауэр, коллективизацэр, Хэку зауэшхуэр, демократие зэхъуэкlыныгъэхэм я япэ илъэсхэр, нэгъуэщlхэри. Апхуэдэ щlыкlэкlэ, лъэпкъым къикlуа тхыдэ гъуэгуанэр художественнэ псалъэкlэ зэфlэгъэувэжын хабзэу Кlыщокъуэ Алим адыгэ литературэм къыхихьам ехъулlэныгъэкlэ къыпищащ Журт Биберди.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, хабзэфlыр щlэна хъуркъым. Литературэм зыщиужьри ар лъэ быдэкlэ увауэ къыщалъытэри апхуэдэ хабзэхэм къапызыщэн щыщыlэм дежщ. Лъэпкъ романистикэр къапщтэмэ, абы и лъэныкъуэкlэ 90 гъэхэр жумарту къыщlэкlауэ убж хъунущ. А илъэсхэм ирихьэлlэу тхакlуэхэм тегушхуауэ къаlэт хъуащ япэм къуэгъэнапlэхэм щэхуу щаlуатэу щыта «темэ зэхуэщlахэр», адыгэм и блэкlам и напэкlуэцl жагъуэхэр художественнэ псалъэм и къарукlэ къыщlагъэщыжу. А зэманым дунейм къытехьащ Кавказ зауэжьымрэ Истамбылакlуэмрэ, залымыгъэ илъэсхэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ, къэралым и зыужьыныгъэр къыщызэтеувыlауэ ялъытэ зэманымрэ Шэшэн зауэмрэ, адыгэм и нобэрей псэукlэмрэ и къэкlуэнумрэ ятеухуа тхыдэ-философие тхыгъэ пlащэхэр. Абыхэм къахэбгъэщхьэхукl хъунущ Кlыщокъуэ Алим и «Лъапсэ», Мафlэдз Сэрэбий и «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ», Елгъэр Кашиф и «Щыуагъэ», «Шейтlан къафэ», Шэджыхьэщlэ Хьэмыщэ и «Лъыщlэж», Абытlэ Владимир и «Ирамышыжа нысащlэ», «Уэсэпс шыугъэ», Мэлбахъуэ Елбэрд и «Щумыгъэтlылъам щылъыхъуэ», Елмэс lэулдин и «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», Жылэтеж Сэлэдин и «Пащтыхь хужьым и лlыкlуэ» романхэр.

А романхэм хэт литературэ лlыхъужьхэр зэщхькъым, ахэр къэзыгъэщl тхакlуэхэр зэрызэхуэмыдэм ещхьу. Абыхэм занщlэуи пэжыр, захуагъэр къагъуэту щыткъым. Ауэ псори гъуэгуанэ тетщ: мэлъыхъуэ, мэгъуащэ, ар къагурыlуэжмэ, щlэрыщlэу къыщlадзэжри, япэкlэ мэкlуатэ. Нэгъуэщlу жыпlэмэ, мэпсэу. Абы и щапхъэщ Кlыщокъуэ Алим и иужьрей романыр, зи мыхьэнэр куу «лъапсэ» псалъэр фlэщыгъэцlэ зыхуэхъуар. Езы тхакlуэр псэуху зытета къэлъыхъуэныгъэ гъуэгум ар хуишащ и ныбжьым хуэфэщэж къэlуэтэкlэм – ущиинығъэ стилым. «Лъапсэ» романым тхакlуэр къыщытокl «Хъуэпсэгъуэ нур», «Мазэ ныкъуэ щхъуантlэ», «Эмирым и сэшхуэ» романхэр щитхым зытета хъэтlым. Иджы абы зыдригъэхьэхыркъым тхыдэ къэхъукъащlэ инхэр, цlыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкlэ ткlийхэр, нэр темыпыlэу зызыхъуэж lуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр тхыжыным. Романым и сюжет джэлэсыр зэтезыlыгъэр

Іуэху еплъыкІэ зэхуэмыдэхэм ягъуэт щытыкІэрщ, персонажхэм я гупсысэкІэм игъуэт зэхъуэкІыныгъэхэрщ.

Зэ еплъыгъуэкІэ, тхыдэ къэхъукъащІэхэм къалэнышхуэ щамыгъэзащІэу къыпщохъу романым. Тхыдэ романхэм зэрыщыхабзэм хуэдэу, мыбы ущрихьэлІэркъым лІыгъэщІапІэ къихутэ лІыхъужьхэм ятеухуа теплъэгъуэхэм, мин бжыгъэкІэ зауэлІхэр зыхэт зауэ гуащІэхэм, къэрал куэд къызыхэша зэпэщІэтыныгъэхэм. Лъэпкъым и къэкІуэнум дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ унафэхэр щащІ хасэ, зэІущІэ хуэдэхэм теухуа теплъэгъуэхэр (псалъэм папщІэ, урыс пащтыхь Александр ЕтІуанэр адыгэхэм я деж къызэрыкІуар, балъкъэрхэр я лъахэм зэрырашар, Берие къэрэндащ плъыжькІэ картэм лъэпкъ щІыналъэхэр зэрыщигуэшар, Налшык бэзэрым къыщыхъуахэр, нэгъуэщІхэри) тхакІуэм къызэриІуэтэжыр и лІыхъужьым (Дэфэрэдж) и псалъэхэмкІэщ е абы къехутылІа гуэрым и гукъэкІыжхэм хэтущ. А теплъэгъуэхэр нэхъыбэу тхакІуэм къызэригъэсэбэпыр абыхэм къахих дерсхэмкІэ и лІыхъужьхэм я дуней тетыкІэм, я гупсысэм и пэжагъым щыхьэт иритехъуэн, щыуагъэ зыщІэхэр къригъэувыІэн щхьэкІэщ. ІэрыщІу езым хуэдэ (клон) къигъэщІыфу зэфІэкІ зыгъуэта иджырей цІыхум и зэхэщІыкІыр, и гуащІэр Іейм къыбгъэдишу фІым хуиунэтІын мурадырщ КІыщокъуэр зыхуэлажьэр. Пшыналъэр бгъунлъэмэ, лъэпкъым къылъысынкІэ хъуну емыкІум ухуэзыгъэсакъ щапхъэущ адыгэм и блэкІам теухуа Іуэхугъуэхэр абы тхыгъэм къызэрыхишэр.

Дызыхыхьа лъэхъэнэщІэм сэтей къищІа Іуэху мыщхьэпэ куэдым (ар лъэпкъым и блэкІам е иджырей гъащІэм хэлъуи щрет) зэрапыщІам тхыгъэр къэрал-жылагъуэ псэукІэм егъэщІылІа ещІ икІи, жанрым и лІэужьыгъуэр къэплъытэну яужь уихьэмэ, ар политикэ романым нэхъ езэгъыу къыщІэкІынущ. Абы, дауи, къикІыркъым 80 гъэхэм икухэм ирихьэлІэу къыкъуэуа демократие жьыбгъэм къыкІэлъыкІуа политикэ зэхъуэкІыныгъэхэм тхакІуэм задригъэхьэхауэ. КІыщокъуэр фІыуэ зыцІыхуу щытахэм къызэраІуэтэжымкІэ, «Лъапсэ» романым тхакІуэр илъэс 15-м нэблагъэкІэ елэжьащ. Абы къыхэкІыу тхакІуэр гупсысэ куум хэзыгъэт, зи жэуап лъыхъуэ упщІэ гугъухэр дунейм къытехьэныр а зэхъуэкІыныгъэхэм щІагъэхуэбжьа къудейуэ аращ. А упщІэхэм я жэуапри тхакІуэм къыщилъыхъуэр политикэ къыхуеджэныгъэхэр яІыгъыу уэрамым къызэрыдэхьэхэм я дежкъым, атІэ апхуэдэ щытыкІэм нагъэса ІэнатІэхэмрэ абыхэм я лэжьакІуэхэмрэ я дежщ. Апхуэдэ ІэнатІэ хъуащ романым и зы сюжет къудамэр зэпха сымаджэщымрэ (цІыхубзхэм щеІэзэр) абы и лэжьакІуэхэмрэ.

И благъэ-Іыхьлыхэм, езыр къэзыухъуреихь цІыхухэм я хьэл-щэн гуэрхэр тхакІуэм къигъэщІ персонажхэм щадэплъагъу е ахэр уигу къыщагъэкІыж щыІэщ. Абы тепщІыхьмэ, хуэбгъэфащэ хъунущ Дэфэрэдж и образыр щищІым щыгъуэ, езым и шыпхъу Мэржан и ІэщІагъэр, и цІыху хэтыкІэр, и дуней еплъыкІэр КІыщокъуэм щапхъэ хуэхъуауэ, узыфэ зэхуэмыдэхэм зэреІэзэ ІэмалхэмкІи ар чэнджэщэгъуу иІауэ. Дэ апхуэдэу хуэдгъэфащэми, Дэфэрэдж-дохутырри Дэфэрэдж-анэшхуэри художественнэ образ зэпэщщ, адыгэ цІыхубзым бгъэдэлъыпхъэу тхакІуэм къилъытэ фІагъ псори ядэплъагъуу. Ахэр зыхэпсэукІ дунейм илъэсищэм щІигъу я зэхуакуми, жыпІэ хъунущ тІури зы образу, зэбгъапщэмэ, лъэхъэнэхэм я фащэкІэ фІэкІа зэщхьэщымыкІыу. Езы тхакІуэми Дэфэрэдж Шагировнэ и псалъэхэмкІэ абы гу лъыдегъатэ: «ЛІо, си анэшхуэмрэ сэрэ дызэпэплъытыну ара узыхуейр? ТІури ды-Дэфэрэджщ – дызэпэлъыт» – зыхуегъазэ абы сымаджэу пІэм хэлъ Салимэ.

Лъэпкъым и тхыдэр зи лъабжьэ романым иІэ сюжет къудамэ нэхъыщхьитІыр зэпхари ахэращ; а къудамитІырщ адрей гуэж псори зэгъэбыдылІэжари. Ауэ абыхэм лей яхэткъым, псори тхакІуэм зыхуигъэувыжа къалэн нэхъыщхьэм – адыгэм и блэкІар художественнэ псалъэкІэ къэІуэтэжыным – хуолажьэ, лъэпкъым и тхыдэ тхылъым и напэкІуэцІ зырызу щыткІэрэ. Зэрытщ І эщи, и прозэ тхыгъэхэмкІэ КІыщокъуэм зэфІигъэувэжащ XX лІэщІыгъуэм адыгэм и псэукІар: «Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантІэ» романхэмкІэ Октябрь революцэр, граждан зауэр, «псэукІэщІэм» и япэ илъэсхэр; «Щынэхужькъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ» трилогиемкІэ Хэку зауэшхуэм и пэ къихуэ зэманыр, зауэр, абы и ужь гъэ гугъухэр; «Мазэ къыщІэкІыгъуэ» романымрэ КъуэкІыпІэ Гъунэгъум теухуа циклым хыхьэ рассказхэмкІэ хэхэс адыгэхэм я гъащІэр, нэгъуэщІхэри.

Адыгэхэм я тхыдэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэхъэнитІ къэнат: япэр – лъэпкъкІуэдыр къызыдэкІуа Кавказ зауэмрэ ИстамбылакІуэмрэ щыщыІа XIX лІэщІыгъуэр; етІуанэр – къэбэрдей адыгэхэм къахуэнэжа щІыналъэ тІэкІум иджыри «къэрэндащ плъыжькІэ» къыщыхэІэба 40 гъэхэмрэ клон къагъэщІыфу щыхъуа ди зэманымрэ. Иджы нэхъыщхьэр а лъэхъэнэ зэпэІэщІэхэр зэшэлІэнырт. Абы хэкІыпІэ телъыджэ тхакІуэм къыхуигъуэтащ, лІакъуэхэр зэпызыщІэ, лъэпкъым и генофондым и хъумакІуэ цІыхубзыр и романым лІыхъужь нэхъыщхьэ щищІри. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, «ялъэмыкІыу хэкум ирахуауэ щыта адыгэм» и гуащІэр щІэзыха Кавказ зауэжьым и Іэужь бзаджэр тхакІуэм пищІащ «дыгъуэгъуакІуэр, лІы зыукІыр, хьэрэмышхыу, фадафэжьу, наркоману, тхьэгъэпцІрэ пцІыупсу» щыІэр нэхъыбэ щыхъугъа 80-90 гъэхэм. КІыщокъуэм лъэхъэнитІыр зэрешалІэ, зым и дерсхэр адрейм къыхуигъэщхьэпэу; художественнэ тхыгъитІым лъабжьэ яхуэхъун хуейуэ щыта сюжетитІри зы романым щызэрегъэубыд; езы тхакІуэм абыкІэ и мурадари – адыгэм и блэкІа жыжьэмрэ и нобэрей гъащІэмрэ къэгъэлъэгъуэжыныр, абы и къэкІуэнум ехьэлІа гупсысэхэр къэІуэтэныр – гъэзэщІа мэхъу.

Апхуэдэ художественнэ Іэмалыр – зэманымрэ тхыдэ къэхъукъащІэхэмрэ зэщыгъэкІуэтэныр – КІыщокъуэм Іэзэу къигъэсэбэпащ икІи тхыдэ къэхъукъащІэхэр я лъабжьэу «зэман зэблэкІыгъуэ» зыфІэтща лъэхъэнэм дунейм къытехьа романхэм (псалъэм папщІэ, МафІэдз Сэрэбий и «Гъыбзэ хуэфащэт», МэшбащІэ Исхьэкъ и «Щхьэл мывэхэр», «Хъанджэрий», ШэджыхьэщІэ Хьэмыщэ и «ЛъыщІэж», Елмэс Іэулдин и «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», АбытІэ Владимир и «Уэсэпс шыугъэ», н.) ар къащхьэщызыгъэкІщ. А гъэпсыкІэм романым щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр щІегъэпсынщІэ, къэхъукъащІэ гуэрхэм теухуа роман лІэужьыгъуэм гъунэгъу яхуищІу; тхыгъэр еджэгъуафІэ ещІ, тхылъеджэри псынщІэу дехьэх.

НэхъапэІуэкІэ къызэрыхэдгъэщащи, романым къыщыхъу Іуэхухэр щекІуэкІыр сымаджэщырщ – сабий дунейм къыщытехьэ, гъащІэщІэ, гугъапІэщІэ къыщыуш лъхуапІэ унэрщ. Сыт щыІэн хуей апхуэдэм щылажьэхэм нэхърэ нэхъ гу къабзэрэ псэ дахэрэ зиІэ, дохутыр-гинекологым нэхърэ нэхъ ІэщІагъэ щхьэпэ?! Езы тхакІуэми апхуэдэущ къызэрилъытэр, аращ и лІыхъужь нэхъыщхьэ Дэфэрэдж мелыІычым щІыпищІри. Ауэ псори, дауи, Дэфэрэдж хуэдэкъым, «анэ» псалъэр зыхуэмыфащэ цІыхубз образ зыбжани хэтщ романым: ЛэтІифэ, Пыжьынэ, Раисэ Муратовнэ, нэгъуэщІхэри. Мис абыхэм – зи сэбэп зыхэлъхэр пхагъэкІыну ны-

къуакъуэхэмрэ захуагъэм и телъхьэхэмрэ – ирагъэкӀуэкӀ бэнэныгъэхэрщ романым и коллизиер къэзыгъэхъури сюжетыр зышэщӀри.

Апхуэдэ зэжьэхэуэныгъэм фэбжь хэзыха, Ӏеймрэ бзаджэмрэ ягъэпуда Салимэ псэууэ къегъэлыным папщӀэ екӀуэкӀ бэнэныгъэмкӀэщ романыр къызэрыщӀидзэри. А бэнэныгъэм зэрыхэтым елъытауэ романым и пэщӀэдзэ дыдэм тхакӀуэм дегъэцӀыху адэкӀэ фӀыкӀэ е ӀейкӀэ дызыщыгугъынухэр. А бэнэныгъэрщ романым и сюжет къудамэ нэхъ иным – Дэфэрэдж-дохутырымрэ Салимэрэ персонаж нэхъыщхьэу зыхэтым – лъабжьэ хуэхъуари. Абы пӀалъэ-пӀалъэкӀэрэ къалъоӀэс Дэфэрэдж-анэшхуэмрэ абы и лъэхъэнэгъухэмрэ зыхэт адрей сюжет къудамэр къэзыгъэщӀ хъыбархэмрэ тхыдэ теплъэгъуэхэмрэ. Адыгэм дежкӀэ зэхэгъэкӀыпӀэу щыта а тхыдэ лъэхъэнэхэр ди пащхьэ кърилъхьэжкӀэрэ, тхакӀуэм дрешалӀэ романым и гупсысэ нэхъыщхьэм – лъэпкъым и лъапсэу бзылъхугъэр зэрыщытым, адыгэ жьэгур мыупщӀыӀужын щхьэкӀэ ар лъытэн, хъумэн, хуэфащэ пщӀэрэ нэмысрэ хуэщӀын зэрыхуеймкӀэ. Ар хьэкъ къызэрытщищӀын Ӏэмали къигъуэтащ тхакӀуэм, Мухьэмэд бегъымбарым и хьэдисхэм ящыщ зы Дэфэрэдж и щӀэныгъэ лэжьыгъэм, апхуэдэу щыщыткӀэ, и гъащӀэ псом гъуазэ хуищӀри: «ЦӀыхубзыр къэралым и лъапсэщ, цӀыхубзыр фӀы хуэзэмэ, къэралри фӀы хуэзащ, цӀыхубзыр дэхуэхмэ, къэралри дэхуэхащ». «Лъапсэ» псалъэр романым фӀэщыгъэцӀэ щӀыхуэхъуами мы хьэдисыр и зы щхьэусыгъуэщ.

Лъэпкъым и къэкӀуэнури тхакӀуэм зрипхыр цӀыхубзырщ, абы и жьэгу мафӀэр зэхимыгъэкӀыжу ар лъэхъэнэ ткӀийхэм къызэрыпхришам хуэдэу (Дэфэрэдж-анэшхуэм и образыр). Адыгагъэр, цӀыхугъэр, лъэпкъым игъащӀэ лъандэрэ къыдекӀуэкӀ хабзэфӀхэр, нэмысыр, диныр хъумэжыным иджырей щӀэблэр зэрыхущытым тхакӀуэр арэзыщэ темыхъуэми, и гугъэр хихыжыркъым. АбыкӀэ игъэкъуаншэри блэкӀа лъэхъэнэхэм щыӀа егъэлеиныгъэхэмрэ политикэ мыхъумыщӀэхэмрэщ.

ЩхьэкӀэм сэкъат игъуэтами, лъабжьэр (лъэпкъ тхыдэр) кууу щӀым щыхэткӀэ, жыгым зэрызиукъэбзыжынур псэкӀэ езы тхакӀуэми зыхещӀэ, дэри къыдгурегъаӀуэ. Ар щынэрылъагъущ щӀэныгъэ конференцым Дэфэрэдж-дохутырым щищӀ докладым. И лӀыхъужь нэхъыщхьэм и псалъэхэр къыбгурыӀуэ хъунущ КӀыщокъуэ Алим адыгэ лъэпкъым къытхуигъэна и уэсяту: «Лъэпкъым дэр-дэру зыдгъэкъэбзэжын хуейщ, фӀей ткӀэрылъыр зыкӀэрытхауэ, ди губзыгъагъэм хэдгъахъуэу, ди нэмысыр, ди хабзэр дымыгъэкӀуэду, фӀыщӀэрэ щӀыхьрэ зыхуэфащэм дащыщу, дылъэпкъ узыншэу, дунейм дытетын тхуэфащэу, ди бзэри нэм хуэдэу тхъумэу ди лъапсэр дгъэбагъуэмэ, дуней гъащӀэр хьэхуу къытлъыса хуэдэу къытщыхъунукъым, тхуэфащэу дыкъытехьа фӀэкӀа». АбыкӀэ тхакӀуэм фӀэщхъуныгъэ зэриӀэм и дамыгъэщ романым и пэщӀэдзэ дыдэм Дэфэрэдж ажалым къыӀэщӀихыгъа Салимэ дохутыр-гинеколог ӀэщӀагъэр зригъэгъуэтыну мурад ищӀауэ ар зэриухыр.

Мы романищри, къызэрыхэдгъэщащи, зэман зэблэкӀыгъуэ лъэхъэнэм къигъэщӀа тхыгъэхэщ. А зэманым къриубыдэу дунейм къытехьа художественнэ тхыгъэ пӀащэ псоми яхэткъым мы щым языхэзым зыгуэркӀэ емыкӀуэлӀэж. ЗэрызэщхьэщыкӀыр тхакӀуэхэр зытет унэтӀыныгъэмрэ я хъэтӀ-Ӏэзагъымрэщ.

***ТӀЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,***
*филологие щӀэныгъэхэм я доктор.*



# Узыхэмызагъэ псори гугъущ



*Зэгуэр ди къэралым гулъытэ хэха щыхуащIу щытащ лъэпкъ литературэхэм заужьыным. ТхакIуэхэм, усакIуэхэм, драматургхэм я тхыгъэ нэхъыфIхэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIыурэ, Мэзкуу дэт къэрал тхылъ тедзапIэ цIэрыIуэхэм щIэх-щIэхыурэ къыщытрадзэрти, лъэпкъыбэ литературэм хуэфащэ увыпIэ щаубыдырт, абы фIэкIыжырти, дунейпсо утыкум ихьэхэрт. Иджы а тхылъ тедзапIэхэм я нэхъыбэм уасэ щIумытауэ къыщыдагъэкIыжыркъым. Абы литературэм и пщIэр иреудых. Урыс литературэшхуэм ар зэкIэ апхуэдэу зыхимыщIэми, лъэпкъ цIыкIухэм я литературэхэр а Iуэху бгъэдыхьэкIэм вакъэ зэв иригъэуващ.*

*Ар зэрымытэмэмри, ахъшэ щIатурэ къыдагъэкI тхыгъэ мылъхуэсхэр дунейм къытегъэхьэн зэрыхуэмейри псоми къагуроIуэ. Ауэ абы узэрыпэщIэувэн хабзэ гуэр зэкIэ щыIэкъым. ЩыIэр тхылъ гуащIэмащIэхэр тэрмэшхэм къащтэу зэрамыдзэкIынырщ. Ар къызыгурыIуэхэм ящыщщ Мэремкъулри.*

*Публицист, радиожурналист цIэрыIуэ Мэремкъул Ларисэ Совет зэманым и лъэхъэнэм адыгэ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкI куэд урысыбзэкIэ зэридзэкIащ. Урыс, дунейпсо литературэм фIыуэ щыгъуазэ зэдзэкIакIуэ Iэзэр а Iуэхум сыт щыгъуи ткIийуэ бгъэдыхьэу къокIуэкI. Нобэ, ахъшэр тепщэ хъууэ япэхэм диIа лъапIэныгъэхэр къуэладжэм щыдадзэжа зэманми, Ларисэ и Iуэху еплъыкIэми, бгъэдыхьэкIэми зригъэхъуэжакъым: тхыгъэ нэхъыфIхэр, утыкушхуэ ихьэми узытемыукIытыхьынухэр, къыхехри, ахэр урысыбзэм ирегъэзагъэ.*

*Мэремкъул Ларисэ и ныбжькIи, и творчествэмкIи IэхъуэтегъэкIыу Iуэхум ущыбгъэдэмыхьэфыну гъунапкъэ гуэрым нэсащи, ди гуапэу дохъуэхъу иджыри илъэс куэдкIэ узыншэну, ди лъэпкъ литературэм гуащIафIэу телэжьэну. И махуэ лъапIэм ирихьэлIэу Ларисэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащи, ди псалъэмакъыми щыгъуазэ фыхудощI.*

**– Ларисэ, литературэм ущыдихьэхар дапщэщ? Ар зыгуэрым фIыуэ уигъэлъэгъуа?**

– Си сабиигъуэм къыщежьа Iуэхуу къыщIэкIынщ ар. Зэрысщlэжрэ ди унэм тхылъыр щIэзу къекIуэкIащ. Къуажэдэс лэжьакIуэт жыпIэнщ, ауэ си адэ Мырзэкъан Мухьэмэд тхылъыфIу къищэхур зыхуэдизыр пхужыIэнтэкъым. Абы щыгъуэ тхылъыр зэпэубыдатэкъэ-тIэ? ТхылъыфI къыIэрыхьамэ, япэ щIыкIэ езыр еджэрт, итIанэт ди анэмрэ сабийхэмрэ къыщытIэрыхьэр. Си анэрати, и щхьэнтэ щIагъым зы тхылъэ газет зытIущрэ щIэмылъу къэхъуакъым. Си адэ къуэш Iэбузед иIа библиотекэм хуэдэ Къэбэрдейм ита хъункъым. Дэ псори зы пщIантIэ дыдэсти, зэкъуэшитIым я бынхэм сыт хуэдэ тхылъри дгъуэтырт. Арагъэнщ псоми щIэдзапIэ хуэхъуар.

**– Ди тхакIуэ, усакIуэхэм ящыщу хэт сымэ я тхыгъэ нэхъ пфIэщIэщыгъуэу уеджэрэ?**

– Нало Заур и новеллэхэм пэсщIын нобэкIэ слъагъуркъым. IутIыж Борис и бзэм и дахагъымрэ и лыдыкIэмрэ пэхъун щIэх диIэну си фIэщ хъуркъым – ар усэ, прозэ, пьесэ ирехъу. Пасэу тIэщIэкIа Къанкъул Заур куэд хузэфIэкIынут, абы щыхьэт тохъуэ тхакIуэм къыщIэна рассказ зыбжанэмрэ повесть закъуэмрэ. УсакIуэкIэ дыкъулейуэ къысщохъу, Тхьэм и шыкуркIэ. Бештокъуэ Хьэбас, Къуныжь ХьэIишэт, Уэрэзей Афлик, Ацкъан Руслан – сигу дыхьэу щIэзджыкI псори къысхуебжэкIынкъым.

**– ТхакIуэ, усакIуэ IэщIагъэм ухуеджэкIэ къикI щымыIэу, абы укъыхуалъхуауэ щытын хуейуэ жаIэ. Уэ дауэ уеплърэ а Iуэхум?**

– ТIэкIуи си дыхьэшхын къакIуэу сигу къокIыж Литинститутым сыщыщIэтIысхьауэ щытар. Шэч лъэпкъ къытесхьэртэкъым тхакIуэ хьэзыру абы укъызэрыщIагъэкIым. Сабий гупсысэкIэ жыхуиIэратэкъэ ар? Хьэуэ, зыми къыпхилъхьэфынукъым пхэмылъыр. Ауэ пхэлъыр иузэщIыфынущ.

**– Дауэ щымытми, а IэщIагъэм ухуеджэн мурадкIэ ущIэтIысхьат уэ а институт ехьэжьам.**

– Псом япэрауэ, институтым къуитыр зыщ: узыхыхьар уи Iуэхурэ уи мыIуэхурэ къыбгурегъаIуэ. (Ар псэуху къызыгурымыIуэ Iэджи щыIэщ). Тхьэм и шыкуркIэ, схузэфIэмыкIынум зыпызмыщIэнымкIэ къыздэIэпыкъуащ еджапIэр. Нэхъ гурыIуэгъуэу жысIэнщи… усэ зымытх ныбжьыщIэ щыIэ? Итхым къыщымынэжу, фIыуэ итхыу къыщохъуж дэтхэнэ зыми. И чэзум укъэувыIэныр Iэджэ и уасэщ. Литературэм ухуеджэу, усыгъэ, тхыгъэ нэсым и лъагагъыр уи нэкIэ плъагъумэ, уи зэфIэкIыр здынэсым нэгъуэщIынэкIэ уоплъыжыф. Уи гъуэгу къыхыбохыжыф.

**– Уэ зэдзэкIакIуэ гъуэгур къыхэпхащ. Ар дауэ хъуа?**

– Сызыхуеджар аращ. Адыгэ гуп дагъэкIуат Литинститутми, хэт усэ, хэт прозэ зэдзэкIыныр къыхихащ. Уэрэзей Афликрэ сэрэ тIуми зэуэ дыщеджащ: усэ зэдзэкIынымкIэ семинарым и унафэщIт усакIуэшхуэ Озеров Лев, прозэмкIэ дригъаджэрт адыгэ тхакIуэшхуэ Еутых Аскэр. Апхуэдэ цIыху телъыджэхэм, цIыху цIэрыIуэхэм уедэIуэн къудей щхьэкIэ ущеджэ хъунт а институтым!

**– ЗэдзэкIакIуэм и IэщIагъэм нэхъ дытегъэпсэлъыхьыт. Сытым деж ар зэдзэкIакIуэ нэс щыхъур?**

– Зыдэлажьэ тхакIуэм дзыхь къыхуищIмэщ, ищIар тхылъеджэм фIэкъабыл щыхъум дежщ.

**– Нэхъ гугъу дыдэу сыт хэлъ а IэщIагъэм?**

– Уигу иримыхь тхыгъэ зэбдзэкIыну. Насып сиIэти, «хьэуэ» щы-

жысIэфын зэманрэ увыпIэрэ сынэсащ. Ауэ къыщIэдзапIэм деж хэдэхэплъэшхуэ уагъэщIыркъым.

**– Ларисэ, уи къарум нэгъуэщI жанрхэм ущеплъа? Уэ езыми щэхуу зыгуэрхэр умытхыу пIэрэ?**

– Щэхур щэхуу къренэж *(къыпогуфIыкI)*. Сигу ирихьыжу, тхылъ хъуну къэслъытэу зыгуэр зэрыстхыу, «Iуащхьэмахуэм» блэсхынкъым.

**– ЗыщI нэхърэ еплъ нэхъ Iэзэщ, жаIэ. Хэт сымэ я тхыгъэ уэруэру къапщтэу, уигу ирихьу зэбдзэкIа?**

– Апхуэдэу куэдрэ къыщыхъукъым зэдзэкIакIуэм и Iуэхум, япэ псалъэр къызыбгъэдэкIыр тхакIуэращ. Ауэ сэ апхуэдэ лъэбакъуэ сча-уэ щытащ. IутIыж Борис и тхыгъэхэр апхуэдизкIэ сфIэгурыхьти, и бзэ дахэм зыщызгъэнщIтэкъым. Зэзгъэдзэкl жысIэнуи сытегушхуэртэкъым. Си къаруми сыкъигъэгугъащэртэкъым. ЗыкъезгъэщIэн муради зэкIэ симыIэу, и «Кхъужьеибэ» пьесэ дахэ цIыкIур къасщтэри зэздзэкIащ. Лэжьыгъэр сыухри – зейм егъэлъагъун хуейтэкъэ – Борис хуэсхьащ имыщIэххэу. ЛэжьапIэми щIэмысу, театрым щыIэт асыхьэтым, спектакль гуэр иужь иту. Къэзгъуэтри, хуэсхьар и пащхьэм щислъхьэм, Iэнкун къэхъуащ, зэригъэдзэкIщ-къызэригъэдзэкIри, игъэщIагъуэу икIи гуфIауэ: «Уэлллэхьи, «Кхъужьеибэр» зэридзэкIам!», – жиIауэ щытащ. Абы иужькIэ езым къызитурэ лэжьыгъэ зыбжанэ сигъэщIащ – «Кушыкупщ» пьесэшхуэр, новеллэхэр. Си гум сIэпихыу сымыщIауэ зы хэткъым. Иужь дыдэуи зэ сигъэгуфIэжауэ щытащ Борис: тхыгъэ къигъэнахэм уэсят хэлъу къыщIэкIащ, езыр щымыIэжу и тхылъ къыдагъэкI хъумэ, абы хагъэхьэну фIэигъуэхэр кърибжэкIыу. Абы хэтт «Мэремкъул Ларисэ зэридзэкIахэр» жиIэу. Тхьэм и ахърэтыр нэху ищI, икъукIэ хэщIыныгъэшхуэт ар ди дежкIэ… Тхылъ жыхуиIари и юбилейм ирихьэлIэу къыдагъэкIащ и Iыхьлыхэм, «Грани» жиIэу тхылъышхуэ.

**– Сыт хуэдэ жанр зэбдзэкIыну нэхъ гугъур?**

– Узыхэмызагъэр. Сэ, мис, усэ фIыуэ зэздзэкIыу слъытэркъыми, зэи зыпысшэркъым, си дипломым и ныкъуэр абы тегъэщIауэ щыта пэтми.

**– 60 гъэхэм ди литературэм къыхыхьа тхакIуэ щIалэ гупышхуэм хэпщIыкIыу лъэпкъ литературэм зрагъэужьащ. Абыхэм ар здынахьэса гъунапкъэм ебэкъуэфын тхакIуэ, усакIуэ нобэ димыIэу, щIэхи димыIэну жаIэ. Уарэзы абыкIэ?**

– IэфIи фIэIуи къызыщIэмынэжа жыIэгъуэхэм къытезгъэзэну сыхуейкъым, ауэ зэман гуэр дэмыкIауэ емрэ фIымрэ, инымрэ цIыкIумрэ щыпхузэхэгъэкI къэхъукъым гъащIэм. Литературэри аращ. Моуэ зы илъэс 20-30 хуэдиз дэкIа нэужьщ къыщыпщIэнур зи гугъу тщIы нэхъыжьхэм хуэдэ къытщIэхъуарэ къытщIэмыхъуарэ. Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, апхуэдэхэр диIэнущ. Аброкъуэ Беллэ щэху цIыкIуурэ зэхуихьэса усэ тхылъыр зэм-зэм къыдэкIмэ, еплъыт! Иджыри зи цIэ дымыщIэхэр зэрыщыIэм шэч лъэпкъ къытумыхьэ.

ГъащIэм хуэдэ къабзэу, литературэми зэман къыхуохуэ зэуэ къызэщIэрыуэу, зы тэлайкIэ ужьыхыжу, аргуэру къэбэдзэуэжу. Дауи, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIуащ БетIал, КIыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий сымэ я уардагъэм пэхъун нобэкIэ диIэкъым. ДяпэкIэ, хэт ищIэрэ…

**– ГъащIэм кIуэ пэтми зеужь. Ди пщIыхьым къыхэмыхуахэр нобэ нахуапIэ хъуащ: компьютеркIэ дотхэ, долажьэ, уеблэмэ тхылъ дызэреджэр компьютерщ. Литературэм зиужьыным ар зэран хуэхъуу къалъытэ. Пэжу пIэрэ?**

– Илъэс минитIрэ щитхурэ и пэкIэ Платон игъэгузавэу щытащ тхыгъэ щыIэ зэрыхъуам – цIыхур абы гунэф, щыгъупщэх ищIыну къыщыхъурт. НэгъуэщIу жыпIэмэ, цIыхум игу ириубыдэр, е псалъэкIэ зэIэпахыр тхылъымпIэ кIапэ псэншэм хуэкIуэнкIэ шынэрт. Иджыпстуи аракъэ. ГъащIэр и пIэм щимыткIэ, сыт щIэуэ къемыжьэми, ар фIыщ. Тхылъ еджэнур абы къигъэувыIэнукъым. Емыджэнум библиотекэ псо къыхузэтелъхьи, зы хьэрф къримыхынкIи мэхъу.

**– ИтIани, дахэу гъэщIэрэщIа тхылъ уи Iэмыщlэм илъым хуэдэ хъуну электроннэ тхылъыр? Е дэ, нэхъыжьхэм, ар псэкIэ къытхуэмыщтэу арауэ пIэрэ?**

– Ари хэлъу къыщIэкIынщ. ЗэрыжаIэщи, дэтхэнэми езым и пэж иIэжщ.

**– Ларисэ, уэ куэд щIауэ телевиденэм, радиом ущолажьэ. Абыхэм нэхъапэхэм художественнэ тхыгъэхэм хуащIу щыта гулъытэр зэрыщымыIэжыр уэри уи нэкIэ уолъагъу. Сыт апхуэдэу щIэхъуар?**

– Дэ дыхуэмей уи гугъэрэт япэм хуэдэу шэщIауэ литературэ тхыгъэхэр, радиоспектаклхэр къэттыну, ахэр ди фондым хэтлъхьэну? Зэлэжьэгъухэр гуп-гупу дызэрагуэшам ещхьу, къыдат зэманри цIыкIу-цIыкIуу гуэшащ. Зыгуэрым жиIауэ, нобэрей радиор «бауэкIэщI» хъуащ. Гу лъыптэрэ апхуэдэ махуэр къызыхуэкIуар дызэримызакъуэм? Псоми иджыпсту хъыбарегъащIэмрэ зэштегъэумкIэ нэхъ загъазэ, сыт пщIэн?..

**– Журналист, тхакIуэ. Дэтхэнэра уэ япэ ибгъэщыр, нэхъ гузэгъэгъуэ къозытыр?**

IутIыж Борис радиокIэ къэзгъэпсалъэу зэгуэр жиIэгъащ: «Трагедием сриунэщIыкIмэ, сотIысри комедие сотх. ИужькIэ, IэщIагъэмкIэ зызогъазэри, къэнжал соуIу е сурэт сощI. Аргуэру зэсхъуэкIын хуей хъумэ, прозэм е усэм зызот». И насыптэкъэ апхуэдиз къару зиIэм?! Сэ сыхэдэну сиIэр прозэмрэ журналистикэмрэщи, тхылъ сыщелэжьым деж, си гум жьы дихуу, бзэм сызэрыхуейм хуэдэу сриIэзащIэрэ абы сигъэгуфIэу си Iуэхур сощIэ. Радиом теухуауэ жыпIэмэ, абы сэ цIыху хьэлэмэтрэ темэ гъэщIэгъуэну тыгъэ къысхуищIар пхуэбжынкъым. Аращи, а тIум щыщу зыгуэр япэ игъэщын, адрейр IэщIыб щIын хуейуэ къэслъытэркъым.

**– Ларисэ, щIэрыщIэу къыщIэбдзэжамэ, нобэ куэд къызэрымыкIыжу къалъытэ, пщIэшхуэ дыди къызыпэмыкIуэ, къулеигъэ щIагъуи къызыпымыкI литературэ IэщIагъэр къыхэпхыжынт?**

– «ЦIэрэ щхьэрэ» жаIэркъэ адыгэм? Сыт хуэдэ IэщIагъэ-тIэ цIэрэ щхьэрэ къозытынур? Мылъку къызыпэкIуэра хьэмэрэ уи пщIэр зыIэтыра? Ар сыт хуэдэрауи щрети, «КъыщIэздзэжамэ, зыри зэзмыхъуэкIыу къытезгъэзэжынт» жызыIэхэм пцIы тIэкIу яIэщIэкIыу къысфIощI. Сыт гъащIэ псо къыщIэзгъэщIари, акъыл гуэр къыщIызитари, зыри сымыхъуэжынумэ? Щыуагъэ, гукъеуэ зимыIа щыIэ? Къыхэсха IэщIагъэм и гугъу пщIымэ, тобэ ирехъуи, нэгъуэщI гъуэгукIэ згъэзэнтэкъым, ауэ лейуэ згъэкIуэда зэманыр зэщIэскъуэжынт, нэхъыбэ седжэнт, нэхъыбэ стхынт, нэхъыбэ зэзгъэлъагъунт. Ауэ сыт, абы Iэмал иIэжкъым. ЗэримыIэри нэхъыфIщ. Псоми чэзу гуэр яIэщи, зэрыхъун хуейм тету йокIуэкI.

**– Уи лэжьыгъэ нэхъыщхьэр пщIауэ пхужыIэну?**

– Дауэ абы жэуап зэрестынур? Хьэуэ, псори дяпэкIэщ, жысIэмэ пцIы соупс. Си гъащIэ псом щымынэхъыщхьэми, тхылъу зэздзэкIам ящхьэр мы гъэм къыдэкIащ. Ар КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романырщ. Сэ а

лэжьыгъэр зэгуэр къыслъысыну нэхъ пасэу къызжаIауэ щытамэ, си фIэщ хъунтэкъым. Сигу къеуэуи зы къонэ. Шортэн Аскэрбий и «Бгырысхэм» пэхъуну тхыгъэ куэд диIэкъым. Ауэ абы и 4-нэ тхылъыр нобэр къыздэсым урысыбзэкIэ зэдзэкIакъым. СыщыщIэлъэIуам къызатакъым. ИужькIэ къыщызатым, зызгъэкIэрахъуэри къеIысхакъым. ЦIыхубз хьэлыр ищхьэ къысфIэхъуа къыщIэкIынущ. Пасэрей хъыджэбзыжьым жиIауэ, зэ къызэлъэIужамэ, яужь сихьэнт.

Лэжьыгъэ нэхъыщхьэм утепсэлъыхьмэ, хьэрфу птхым мыхьэнэ гуэр яIэщ, сыту жыпIэмэ, дэтхэнэ зыри а нэхъыщхьэ дыдэм ухуэзышэ теувапIэщ. Апхуэдэущ сэ Iуэхум сызэреплъыр. Сыщыуэмэ, Тхьэм къысхуигъэгъу.

*Епсэлъар* ***ХЬЭIУПЩЫ МуIэедщ.***

# Хъуэжьэ и Куэбжьэ

НАЛО Заур

*Бетрожь Хьэмел и хъыбаритI*

## Тырку пащтыхьым и лэгъунэбжэр

*Мы дунеижьым къыщымыхъун Iэджи къыщохъу*

Йоуэри, зы бжьыхьэ гуэру ди Мэнжакъыщхьэм къру кIапсэшхуэ къыщотIысри, Шэчыр нэс щIыуэ дэлъыр яуфэбгъу. Абы щыгъуэ сэ си щIалэгъуэ-си танэгъуэт, сеIамэ, тхуей гулъэ згъэуфэрэкIыфу. Уэлэхьи, мыпхуэдиз кърум зы нэхъ мыхъуми яхэзмышхыкIыу сымыутIыпщыжын жызоIэри, мурад сощI. Мэнжакъ лъабжьэм ныбафэкIэ сыщогъуэлъри, сыпщым-сыпщурэ, сакIэщIопщхьэр аби, кърууитI зэбгъурысым я лъакъуэ тIурытIыр соубыд. Зэрызубыду, кIийуэ мэлъэтэжхэри, къру кIапсэшхуэри къагъэукхъуэж аби, мо жэщ кIыфIым, здэкIуэр ямыщIэу, зыщIыпIэкIэ яунэтI. Ешмэ къетIысэхынкъэ, дэнэ кIуэн, жысIэурэ кIапсэшхуэм лъагэу заIэт, укъеплъыхмэ, щIыр хьэфэ топ хуэдиз фIэкIа мыхъужу. Абы укъелъэфынт? Уэлэхьи, щы-плIыуэ узэгуиудынтэм! Арати, кърууитIым я лъакъуэхэр сIыгъыу къуршым дыщхьэпрокI, тенджызым дызэпрокIри, Истамбыл и зы уэрамышхуэм дыкъыщотIыс, жэщыбгым фIэкIауэ.

Уэлэхьи, апхуэдизрэ сыкъахьам сэ а кърууитIым хьэчэрэпсычэу, ешауэ!..

Зы тенджызыфI дэхуэнт ахэр зыдэтIысхьа уэрамыжьым. ИужькIэ сэ си цIэр фIащыжауэ жаIэ а уэрамым, проспект имыни тэварищ Бетрозовэ, — жиIэу.

Арати, кърухэм сакъыкIэщIокIуэсыкIри, Истамбыл зэпэсплъыхьу сыкъожьэ.

Зы пщIантIэшхуэ гуэрым дэту тыркум я топыжьым срохьэлIэ. Мо Анзорхэ я щхьэлым и шэрхъыжьхэм яхуэдиз хьунт абы и шэрхъитIыр. ПкIэлъей гуэр къэзгъуэтри, езупсейщ аби, топыпэм сихьащ — си Iэр Iэтауэ сихуэрт абы. Сихуэ къудейт — сыдэлъеями, и щхьэм сылъэIэсыртэкъым! Ар зи инагъыжьыр уэмэ, дауэ мыкъутэжынрэт дунейр?

Ар згъэщIагъуэу топыр къэсплъыхьу сыздитым, нэху мэщри, мылицэм саубыд. Сэ абыхэм сыкъалъагъунутэкъым — топыпэм зы километр

и кIыхьагът! — а пкIэлъей угъурсызыр топым еупсеяуэ къэзмыгъэнатэмэ — дэслъэфейуэ топым изгъэпщкIуэн хуеящ. Шэджагъуэ хъуху сакъыхуэмыубыду а топыпэм сыкъыщрахуэкIащ. ИужькIэ зыгуэрым сигъэлъэпэрапэри саубыдащ. Iэчлъэч защIэу лIы щэ ныкъуэ хъурт топыпэм нихьауэ сыкъезыхуэкIыр — хьэдагъэкIэ уаIэщIэкIынт апхуэдизым!

Арати, тырку пащтыхьым деж салъэфри, и пащхьэ нэхум срадзэ:

— Мы бзаджэнаджэр уи топыжьым и пэм ипщхьауэ псори зэпиплъыхьу къэдубыдащ, — жраIэ.

Сыкъыдоплъейри — жьакIэ кIыхь тету лIы фIыцIэжь тахътэм тесщ, дыщэ таж щхьэрыгъыу, и лъакъуэ фIеишхуитIыр тасышхуэм итрэ зыр адрейм щихъуэурэ итхьэщIу.

— Ухэт? Дэнэ укъикIа? — жеIэри зыкъысхуэкIэщIеш.

— Сыадыгэщ. Къэбэрдейм сыкъикIащ.

— Iахьа! — жи. — Урысей пащтыхьым уришпиону къыщIокI, — жеIэри и лъакъуэ тхьэщIэпсыр лъапэкIэ къызеутх. — Мыбы и унафэр сщIыхукIэ, хьэпсым ивдзи, къэрэгъул щащIи къефщIэкI: адыгэр аргъуей зэрымыкIым йокI. Мыр зыIэщIэвгъэкIмэ, псори физгъэсыкIынщ!

Арати, салъэфри хьэпсым срадзэ.

Жэщым пщIыхьэпIэ телъыджэ солъагъу, тырку пащтыхьым и сагъыз хужьыбзэр къыжьэдэхури къэрэгъул пажэм и фIейм хэхуауэ. Пащтыхьым хузоIуэху «ПщIыхьэпIэ Iей пхуэслъэгъуащи, сакъ», — жызоIэри. Хьэпсым сыкъралъэфыжри, аргуэру пащтыхьым и пащхьэ нэху срашэ.

— Сыт хуэдэ пщIыхьэпIэ схуэплъэгъуар? — жи пащтыхьым.

— А уэ бгъэнызщкIу сагъыз хужьыбзэр мопхуэдэлIым и фIейм хэхуауэ.

Пащтыхьым и жьэр къыIуроху, сагъызыр къыжьэдохури, лъакъуэ тхьэщIэпсым хохуэ.

— Мыра плъэгъуар? — жи.

— Хьэуэ, ар зыхэхуар сызижагъуэн и махуэт.

— Сыт абы къикIыр?

— Сэ жысIэр уи фIэщ хъункъым, уи прэфессыр джэшыдзыр къеджи ечэнджэщ.

Бидофонкэ жыхуаIэ пыIэ папцIэм хуэдэ щхьэрыгъыу зы дзыгъуэшхуэ къыщIашэ, жумэрэн хуэдиз хъууэ. Кхъуей кIанэ хуадзри, ирагъэгъу аби, итIанэ йоупщI:

— Мы къэбэрдей шпионым и пщIыхьэпIэм къикIыр сыт?

Дзыгъуэшхуэ натIэхур тыркубзэ къабзэкIэ къопсалъэ:

— Ар сабий пIэщIэгъутхьэхэми къагурыIуэнущ, — жи. — Уи къэ-

рэгъул пажэм уиукIыжын мурад иIэщи, абы укърригъэлыфыну мы дунеишхуэм тетыр Бетрожь и къуэжьыращ.

— Ар дэнэ къуэладжэ зыдэсыр?

— Ар уи пащхьэ нэхум итщ, пащтыхь, — жери Iэпэ къысхуеший.

Прэфессыр джэшыдзри адрей мылицэхэри щIехуж пащтыхьми, Iэнэ ухуа кърегъащтэ, зы пэлэштофи тету. Дошхэ, дофэ, доуэршэр... Сэ Iэникдотыр къысIурощэщ, пащтыхьыр зэфIэсысэу мэдыхьэшх. ИтIанэ зэуэ зыкъызэкъуехри:

— Мы щIэпхъаджэм сыкъызэребгъэлынур дауэ? — жи.

— Сэ уи щхьэхъумэм сахэгъэхьэ, уэ укъыхэмыщту псэу. Адрейр сэ си Iуэхужщ.

Апхуэдэу дызэгуроIуэ.

Тхьэмахуэ дэкIауэ пщыхьэщхьэ гуэрым къэрэгъул пажэр пащтыхь псыунэм щIыхьауэ, щхьэгъубжэмкIэ сыдоплъри солъагъу: и гъуэншэдж тхьэIум хуэшысэ деIу. Псыунэм къыщIэкIыжауэ абы пащтыхь тахътэр зыщIэт пэшышхуэм щыхуиунэтIкIэ, зыри сымыщIэ хуэдэу, и ужь соувэри сыкIэлъокIуэ. Къэрэгъул пажэр щыхуейм деж пащтыхьым епсэлъэну хуитти, цIыху щIэмыту зыхуегъазэр аби, щIохьэ. Сэри гу къыслъимытэу сыкIэлъыщIохьэ. ЛIы хьэрэмыжьым хуэшысэр гъуэншэдж тхьэIум къыдипхъуэту щыуэм хуэзэу, Iэ ижьымкIэ соуэри, и Iэщэр IэщIызоуд, сыкIэлъоуэж аби, езыри изоуд, сымыгъэпIэтIауэу лъакъуэ ижьымкIэ и ныбапцIэжьым сытоувэри, и кхъулэр къызоху, и пхалъэжьым из хъуху.

Пащтыхьым и Iэгур зэтрегъауэ, мылицэхэр къыщIолъадэр аби, лIы хьэрэмыжьыр щIалъэф. Абы и Iуэхур зэрыхъуам ущIэмыупщIэ. Мыдрейуэ, абы и бамэр тхьэмахуэ енкIэ уардэ унэм тхущIэмыгъэкIыжу бэлыхьым дыхэташ, бжэри щхьэгъубжэри игъэузэщIыкIарэ, къешхри къыщIэшхэу, къесри къыщIэсэу, къепщэри къыщIэпщэу.

Арати, къэрэгъул пажэм и пIэм сэ срегъэувэри, мазэ улахуэу тырку сом минипщI схуегъэув, си дамэм пэлковник дамэтелъи къытрелъхьэжри, езым и лэгъунэр схъумэну си пщэ кърелъхьэ.

МызыгъуэгукIэ зытебгъэгусыхь хъунутэкъым абы: тхьэ, пэжкъэ?

Абы и ужькIэ къэхъуа хьэдэгъуэдахэм сыщегупсысыжкIэ, зы пащтыхь закъуи зыпумыщIэу уи тхьэмыщкIапIэ уисыжмэ нэхъыфIу къызолъытэ: пащтыхь сэрейхэм напи пэжи щызекIуэркъым.

Апхуэдэу Iуэхум сезыгъэплъари ныбжесIэнщ.

Зы жэщ гуэрым, пащтыхь лэгъунэр схъумэу сыздэщысым, жэщыбг фIэкIауэ, бжэр ныIуехри, тепщэм ипхъу тхьэIухудыр ныщIохьэ.

— Узэшыркъэ, Бетрожь и къуэ? — жи.

— Уэлэхьи, созэшым.

— НтIэ, сэ утезгъэункъэ! — жеIэр аби, и куафэ хужьышхуэр къыщIегъэщри, си куэщIым нотIысхьэ.

Уэ тхьэр умыгъэпцIмэ, уи IэплIэм ихужыф апхуэдэ тхьэIухуд! Уэлэхьи, сэ схуимыхужа!

Апхуэдэу мазэ дэкIа, нэхъыбэ дэкIа, зы жэщ гуэрым лэгъунэбжэр Iуехри, пащтыхь гуащэр къыщIокI. И пхъум дэрэ дызэшэкIауэ диваным дилъу щилъагъукIэ, банэ мафIэу къызэщIонэ:

— Уэ куэпэчым напэ узэримыIэр псоми ящIэ, — жи, мэкIий. — Ауэ, нэгъуэщI мыхъуми, уи адэ-анэм я нэмысым щхьэ уемыплъарэ?..

ТхьэIухудым Iэдакъэжьауэ ещIри:

— Напэм тепсэлъыхьыр уэра, дянэ? — жи. — Уэ мыпхуэдизу хэбгъэкIуатэу си адэм и шхыIэн щIагъым укъыщIыщIэпщар си напэра хьэмэрэ Бетрожьым и IэплIэра?..

Зэанэзэпхъум зызэрадзри, щхьэцыкIэкIэ къызэрехьэкIыу щIадзэ. Абы я кIий макъым пащтыхьыр къегъэушри къыщIож.

Япэрей къэрэгъул пажэм и махуэр къызэрысхуэкIуэнур къызгуроIуэж аби, щхьэгъубжэмкIэ сыкъыдолъри — макIуэ-мэцIыв!

Истамбыл и хъумакIуэу а къалэм зы иныжь дэст, щихужь хуэдиз и инагъыуи, абы деж сыкъожэ:

— ЖьэкIэ щхьэ уплъэрэ, гъуэгу мыгъуэ ежьэн! — жызоIэри. — ПсынщIэу! Къэмыс щIыкIэ яхэуэ!

— Къэхъуар сыт? — жи. — Сызыхэуэнур сыт?

— Емынэр зи унэм ихьэн, Урысейм я дзэр къаутIыпщауэ къокIуэ, Истамбыл яубыду ди пащтыхь дыщэр яукIыну. ПсынщIэу къызэфIэдзэ уи шабзэр!

— Алыхь-алыхь, — жеIэри иныжьым и шабзэр къызэфIедзэ. ТхыцIакIуэ хуэдиз хъурт абы и шабзэшэр, и пэм деж тхъуэбзащхъуэ фIэлърэ зэрытехуэу бомбэм хуэдэу къауэу. Сыдолъейри, шабзэшэр щиутIыпщ дыдэм IитIымкIи зыкIэрызощIэ абы. Шабзэшэр апхуэдизкIэ псынщIэу къакIуэрти, дакъикъэм къызэпрокI тенджызым. Туапсей деж къэсауэ шэм зыкъыкIэрызогъэхури, «жыгъумпI» — хым сыхохуэ. Зы мэскъалкIэ сыгувамэ, щIым сытехуэнурэ хьэбэсабэ сыхъунут.

Сытми, псым сыкъыхэкIыжщ аби, унэм лъэсу сыкъэкIуэжащ. Сыкъыздэсыжам и жьакIэр пIийуэ зы тырку лIыжь цIыкIу ди пщIантIэм дэтщ. И пщэдыкъым сыдэуэщ, изудщ аби, лъакъуэ сэмэгур и бгъэм тезгъэуващ:

— Узыхуейр сыт, си лъэужьыр къэпхуу ара?

— Хьэуэ! — жи. — Пащтыхьыр иумыгъэукIыу къызэребгъэлам,

пащтыхь гуащэр зэрытхьэгъэпцIыр къызэрыщIэбгъэщам, урысеидзэр къызэрыкIуэр иныжьым зэребгъэщIам щхьэкIэ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа ди пащтыхь лъапIэм дамэтелърэ дыщэ дамыгъэрэ къыпхузигъэхьауэ аращ.

— Дэнэ щыIэ-тIэ дамыгъэхэр? — жызоIэри согъэзджыздж лIыжь цIыкIур.

КъызэрыщIэкIамкIэ, ар тырку пащтыхьым и фельдмаршалырати, и портфелым къыдихри, дыгъэм пэлыду инэрал дамэтелъыр къыстрелъхьэ, етIуанэу доIэбэри, тепщэч хуэдиз хъуууэ дыщэ орден къыдех аби, си бгъэм къыхеIу.

Куэдрэ зесхьащ сэ а орденри, дамэтелъри, арщхьэкIэ трицыт сидмой годыр къыщысым, сышынэри псыунэм издзэжащ.

# Бетрожьым и уэрам дахэр

ПщIэрэ, Сталинград зы уэрамышхуэ диIэщ. Волгэ Iуфэ къыщежьэрэ къалэбгъум нэс кIуэуэ. Абы зэреджэр улицэ имыни тэварищэ Бетрозовэ жиIэу аращ.

А цIэр абы фIащын хуей щIэхъуар пщIэрэ-тIэ? ПщIэркъым.

Еуэри, Сталинград яубыдыну Гэрманыр нэхъ гуащIэ дыдэу къыщеIэ зэманым ди полкум, и лъэ уву зы танк фIэкIа къытхуамыгъанэу, танкыу диIэр зэтрагъэсхьат. А закъуэ къытхуэнами, къоуэр аби, и гусиницэр къызэпаудри, чыным хуэдэу джэрэзу къонэ. Сэ сыпомпотехти, ар сщIыжыну си къалэнт. Танкым сопщхьэри, зы нэрынэ къызох, гусиницэм дэздзу иризэпысщIэжыну. АрщхьэкIэ зы снайпер емынэ къагъэтIысауэ къыщIокIри, къоуэр аби, нарынэр сIэщIеуд. ЕтIуанэуи сопщхьэри, нэгъуэщI нэрынэ къызох, къоуэри аргуэрыр сIэщIеуд. Ещанэри, еплIанэри апхуэдэу сIэщIеуд…

Минрэ урыхупс уефами, зэ укъэтэмакъынкъэ?! Сыкъигъэгубжьри, лъэдакъэкIэ уэрам лъэгум зы мывэжь къыхэзудщ аби, сеуэри, къэхь къурIэн, мо си афтэнэбилым ипIытIа хьэндыркъуакъуэм ещхьу, езыри и фоч угъурсызри пIащIабзэу сымыупIэщIам!

Абы и ужькIэ зэран къысхуэмыхъуIауэ танкыр сщIыжщ, ситIысхьэри, прямой наводкэкIэ сеуэурэ, ди полкур зэтезыкъута дивизым зы танк къахуэзмыгъанэу зэтезгъэсхьащ. А дивизым я инэралыжьыр зыуэ хъуанэрти, ар зыуэ хъуанэрти — Шыд Хьэзешэ фIэкIа пщIэнтэкъым!

Махуэ псом си джиийм ерыскъы ехатэкъым, хьэрычэт гуэр сщIэнщ, жысIэри, танкым сыкъипщыжащ. Зыщысплъыхьым, унэ къуагъ гуэрым къуэту тэварищ Вэрэшилофым Iэ къысхуещI. Уэлэхьи, мыбы зы бжьи дригъэфэну къыщIэкIыным жысIэри, сыжащ. Сыносри:

— Товарищ Бетрозов, — жи, — кхъыIэ, Къуэдзокъуэ ТIалиб пхуищIа щхьэупсысэмкIэ мы си жьакIэр схуэупс. СызэщIэкIащ. Тхьэмахуэ хъуауэ сызыупсын згъуэтыркъым. Мыпхуэдэу сыбэлацэу Сталиным сыкъилъагъумэ, шхыдэнщ. Арыншами, си фызыр зэрагъэтIыс лъандэрэ дыгъужьу къызоплъ.

НтIэ, Вэрэшилофым хьэуэ жепIэнт — тас, къубгъан къызолъыхъуэ, и жьакIэр сабыншыку сощIри, упсын щIызодзэ, лъэмыж щIагъ гуэрым дыщIэсу. Абы хэту щхьэупсысэр зэрысIыгъ си Iэ ижьыр зыгуэрым еубыд. СыкъызэплъэкIмэ — Иосиф Виссэрионовичырат.

— СлIо, генерал Диденкэ, Вэрэшилофым и нэпситIыр къелъэлъэхыу щIэбгъагъыр? — жи.

— Уэлэхьи, товарищ Сталин, мыпхуэдэ сэ дзагуэкIэ уи жьакIэр яупсмэ, уэр дыдэр угъынмэ! Илъэс мэхъу мы сэр зэрыдэзмыдзэрэ!

Вэрэшилофыр къыдоплъейри:

— Иосиф Виссэрионович, — жи, — мыр Диденкэкъым — мыр товарищ Бетрозовыращ.

— Уэлэхьи, Хьэмел сэ сымыцIыху уи гугъэмэ, укъопцIэм! — жи товарищ Сталиным. — Ауэ сыту гу лъумытарэ уэ мыр къепсри къиицIэфтыжауэ генерал Диденкэ зэрещхьыркъабзэм?

ИтIанэ Сталиныр и ординарецым къеджэри:

— Мы Вэрэшилофым и жьакIэр уэ си бритвэмкIэ хуэупс, — жи. — Сэ мы генерал Диденкэ IуэхукIэ сыхуейщ. НакIуэ! — жери сыкъыIуеш.

КхъуафэжьейкIэ Волгэ сыкъызэпреш аби, зы шэтырышхуэ гуэрым сыщIешэ, Iэнэ ухуар щIэту, матушкIэ тхьэIухудхэри адэкIэ-мыдэкIэ блынхэм еупсеяуэ. Сталиным и нэщхъыр яхузэхеукIэри, тхьэIухудхэр шейтIаным хуэдэу мэбзэх, здэкIуари здэжари умыщIэу.

— Iау, сыт а дахэ къомым я лажьэу щIызэбгрыпхуар? - жызоIэри согъэщIагъуэ.

— Умыгузавэ, — жи, — абыхэми уахэзнынкъым. Ауэ иджыпсту Iуэху пIэщIэгъуэ диIэщ. Абыхэм зэхах мыхъун Iуэхушхуэ! КъэтIыс мыдэ! — жеIэри, Iэнэ ухуам дыпэрегъэтIысхьэри доухъуэнщI.

Абы и ужькIэ Сталинград и картэр къытрелъхьэри:

— Мы хьэжэжым къилъхуа къомыр Волгэ къызэпрыкIыну къоIэ, — жи. — Дэ ахэр къызэпрыдгъэкI хъунукъым. Дызэгъэчэнджэщи, зы емынэ къахуэдгъэгупсыс. Сэ сызэреплъымкIэ, нетIэрей уэрамышхуэмкIэ танковый армитI соутIыпщ аби, нэмыцэ дзэ фIыцIэр тIууэ зэгуаупщIыкI Дон нэс. Сэмэгурабгъу фашистыдзэр уэ узотри уотхьэлэ, ижьырабгъур Жуковым етхьэлэ. Дауэ уеплърэ? Мы урыхупскIэ япIа уи щхьэжьыр фключить щIыи егупсысыт!

Си щхьэм сыщӀигъэтӀэхъуащ сэ абы къызжиӀам: «Мыбы пэжыр жызоӀэри, и жагъуэ хъунурэ бий къысхуэхъунущ. Пэжыр жезмыӀэщи — ди дзэр къызэтраукӀэнущ, сэри абы сыхэкӀуэдэнкӀэ тӀэу еплъынкъым. Зэрыхъуу ирехъу!» — жызоӀэри пэжыр къыхызох:

— Тэварыщ Сталин, — жызоӀэ, — а уэрам зэвым апхуэдиз танк дэбутӀыпщхьэмэ, зы нэмыцэ сэмэлотым бомбэ защӀэкӀэ зэтригъэсхьэнущ а къомыр…

— Ничэво, — жи, — а псор яхуэгъэсынкъым. Инықъуэ къанэр кӀуэцӀрыкӀынщ.

— Апхуэдиз цӀыхумрэ апхуэдиз техникэмрэ гуэныхькъэ?

— Уэ нэгъуэщӀ план уиӀэ?

— СиӀэщ. Мы зи гугъу пщӀа уэрамымкӀэ зы танк корпус лъэщ дыгъэутӀыпщ, товарыщ Сталин, зы сэмэлот дивиз къащхьэщыту… Ар къохьэлъэкӀын?..

— Абы щхьэкӀэ умыгузавэ, — жи. — ЖыпӀэнур жыӀэ уэ!

— ЖысӀэмэ, жысӀэ. Сталиныр къалэкум къыщыдобгъэрыкӀуэ, тӀууэ дызэкӀэщӀихуну, жаӀэурэ, лъэныкъуитӀымкӀи резерву щыӀэр къашэнущ къалэкум. Къадзыну ягъуэтыр къадза нэужь, уэ нэхущым дей зы ракетэ мыщхъуэмыфэ дэдзей. Ауэ уэ, сэ, Жукофым зэхудищэхущи, а дакъикъэм сэ сэмэгурабгъумкӀэ сыкъыщеуэнщ. Жукофыр ижьырабгъумкӀэ къыщеуэнщи, мо фронт къэтӀэсхъар зэпхрыттхъынщ аби, нэмыцэдзэр къэдувыхьынщ…

— Мо дзэ фӀыцӀэр Ӏэкруженэм ибубыдэуи?..

— Ибубыдэу, уэлэхьи! КъакӀуэр къидгъэхьэу, къихьар идмыгъэкӀыжу итхьэжыхьынщ, Анзорхэ я щхьэлыжьым ихьэжам хуэдэу.

— Апхуэдизыдзэр пхуэмыӀыгъыу дыкъызэтракъутэмэ-щэ?

— Дыкъызэтракъутэмэ, сэ сфӀэтыр мы зы щхьэращи, пебгъэупщӀынщ!.. Ауэ мащӀи-зикуэда умыгузавэ, сэ Паулус пащӀэкӀэкӀэ къыпхуэсшэнщи, уи пащхьэ нэхум лъэгуажьэмыщхьэу къизгъэувэнщ.

Сталиным а и нэжьитӀымкӀэ сибрууэ къызоплъри:

— Сыту щхьэжьыфӀыр Алыхьым къуита уэ, товарищ Бетрозов! — жи. — Генерал Диденкэ сабий пӀэщӀэгъутхьэщ уэ уэлъытауэ, — жиӀэщ, си планыр къищтэри, абы ипкъ иткӀэ а уэ пщӀэ Паулусым и анэр хуэдгъэгъащ.

Паулус и дзэр хьэжын щыдух махуэм, зыгуэрым солъэпауэри сыщӀесэ. СыкъызэплъэкӀмэ — мо уэс куум зы щхьэфэ гъуэплъ къыхощ, и пыӀэр щхьэрызудауэ. И пащӀэкӀитӀыр сыубыдрэ къэсӀэтмэ — Паулусыжьырат: зы пэлэщтоф иӀыгъыу уэсым зыщӀигъэпщкӀуауэ щӀэлът, къэдмыгъуэтын и гугъэу. Къысхудэплъейри гуфӀащ:

— Сыту фIыт, товарыщ Бетрозов, Жукофым сыпэщIэмыхуэу, уэ сыкъызэрыппэщIэхуар, — жи, — а хьэ дзэкъэным занщIэу сиукIынут.

— Уэлэхьи, сэри узгъэтхъэну къыщIэмыкIын, товарищ Паулус! — жысIэри, и пащIэкIэр сIыгъыу къасшэри, Сталиным и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу изгъэуващ. — Мыратэкъэ укъызэрызгъэгугъар, Иосиф Виссэрионович! — жысIэри.

ИужькIэ, Сталинград зэфIагъэувэжа нэужь, а уэрамым си цIэр фIащащ.

Аращ зэрыхъуар.

*Юань Мэй, китай тхакIуэ*

## Уэщыщхьэм уэщыкIри зэрыкIэлъидзар

Бэзэрым зылI тетт туфлъэ щIэрыпситI лъыгъыу. Абы къыбгъэдыхьащ имыцIыху лIы гуэр икIи, и ныбжьэгъужь хуэдэ, къыдэуэршэру хуежьащ.

— Къысхуэгъэгъу, ауэ сэ уэ усцIыхуркъым, — жиIащ туфлъэщIэхэр зылъыгъ лIым.

— ЛIо, туфлъэщIэ къызэрыпщэхуу уи ныбжьэгъухэр умыцIыхуж ухъуауэ ара? — и жагъуэ ищI хуэдэу зищIащ модрейм, къапхъуэщ, лIым и шляпэр къыщхьэричщ, унащхьэм дридзейри зигъэбзэхыжащ.

Мыдрейм къыщыхъуащ ар чэф гуэру. ИщIэнур имыщIэу здэщытым, абы къыбгъэдыхьащ имыцIыху нэгъуэщI зылI икIи дыхьэшхыурэ жиIащ:

— Напэншагъэ хэлъу ауан укъищIащ абы, пэжкъэ? ЩхьэмцIэу ухэмыт мы дыгъэ гуащIэм. Уи пыIэр щхьэ къыумыхьэхыжрэ?

— Унащхьэ лъагэм дауэ сыдэпщеин? ПкIэлъей зэрызимыIэр плъагъуркъэ?

— Сэ сыбдэIэпыкъунщ, — жиIащ лIы мыцIыхум. — Къытеувэ мыдэ си дамащхьэм, сэ ущIэсIэтэнщи, адэкIэ тыншу удэкIуеинщ. Хъункъэ?

Туфлъэхэр зейм лIы имыцIыхум фIыщIэ хуищIащ. Модрейм зригъэзыхри, лIыр и дамащхьэм тригъэувэри зыкъиIэтыжащ. ЛIыр адэкIэ дэбэкъуеину щыхуежьэм, мыдрейр къэгубжьащ:

— УгъэщIэгъуэнщ уэ! Уи пыIэр къепхьэхыжыну уопIащIэ, ауэ щыхъукIи си джанэр зэрыбутэр къыпфIэIуэхукъым. Уи туфлъэхэр, зэрыщIэм щхьэкIэ, я лъэгур мыфIей уи гугъэрэ? Си джанэр сфIэбуцIэпIащ.

ТуфлъэщIэхэр зейм ахэр псынщIэу къызылъигъэпкIри лIы мыцIыхум къритащ, езыр лъэпэд лъапцIэу унащхьэм дэкIуеящ. И пыIэр къищтэжыну щыIэбэм, жьы къыкъуэури ирихьэжьащ. Къехыжыну къызэплъэкIмэ… лIы мыцIыхур щIэпхъуэжауэ, туфлъэщIэхэр къыхуигъэджэгуу цIыху Iувым хэлъэдэжырт.

Арати, зэрыжаIэу, уэщыщхьэм уэщыкIри кIэлъидзащ.

*ЗэзыдзэкIар КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.*

# Сатыр пIаскIуэхэр

*ДЖАТОКЪУЭ Юрэ*

## НАХЪУЭ И ПЭЖ

ХещIыкI хъарзынэу
Бизнес Iуэхум Нахъуэ:
ЩыIэщ, жи, абы
Теуни, теунахъуи…

## ДЕПУТАТ

Хэтха щхьэкIэ депутату Мыхуэ,
И щхьэ Iуэхум ар зэи къыдэмыхуэ.

## ХЕЯЩIЭ

*Шхыным нэр ирещI*
**Адыгэ псалъэжьщ**

АпхуэдизкIэ шхыным и нэр
ИрищIати судья Гъуж,
КъекIуэкI хабзэхэм я хьэрфхэр
Хъуат абы имылъагъуж.

## КЪЭЩIЭРЕЙ

Олигархым хьэр зэрейр
КъэсщIащ, жеIэ Гумэм:
Дыщэ тхьэгъухэр къоцIуукI
Гъуамэм и тхьэкIумэм.

## ХЬЭУТИЙ

И ныбжьэгъуми хуимыдэж
КъыжриIэу «ты»:

Министерствэм и Iэтащхьэ
Хъуащи Хьэутий.

## АДЫГЭЩIЭ ДИН

ПщылI хъарзынэ къигъуэтащ
АдыгэщIэ Дин:
Тутыныхьэ игъэкIуащ
И адэ Хьэбэдин.

## ЩХЬЭУСЫГЪУЭ

БгъэдокIыжри и щхьэгъусэм,
Щхьэусыгъуэ ещIыр Лерэ:
КъемыупщIу, къемыусэу
Къопсыр илI Валерэ.

## ХЬЭКIЭМ И ДЕРС

Нобэрей гъащIэм
Зыкъом хещIыкIыр ХьэкIэм:
Iуэху узыхыхьам и хэкIыжыкIэр
Елъытащ, жи, куэдкIэ уи хыхьэкIэм.

## ИНЖЕНЕР НАТРЫБ

Натрыб мэлажьэ
Тету НОТ-м:
Завод къэуэжым къыщидыгъухэр
Иретхэ щэхуу и блокнотым.

## ЗЭРЫМЫЛЪ ПЭ ЛЪАГЭ

ЕIэтри лъагэу
И пэр Хъыным,
КъыфIощI къихуауэ
Псори и пэщхъыным.

## ХЬЭРЫЧЭТ ЗИМЫIЭ МЫЛЭ

ХущIэгъанэркъым и тутыныр,
Сыт имыщIэм, Мылэ:
Къыхуэгъуэтыркъым щтауч,
ИIэми щтамылэ.

## ХЪУЭХЪУ

Фадэбжьэр лъагэу иIэтауэ
Йохъуэхъу и унафэщIым Мусэ:

Сигъэтхъэжащ, жи, мазэ хьэкъыр
Аркъэуэ къызитри Хьэжмусэ.

## ШУТӀЭ-МЫШУТӀЭ

ЯщӀа нэужь
Министр ШутӀэ
Щыгъупщэжащ
Зэрыщытар МышутӀэу.

## ТӀУТӀ И ЕПЛЪЫКӀЭ

«ТхукӀэ» школыр къиухами,
Щахуемыджэ вуз-м ТӀутӀ:
Мес, мэлажьэ, жи, пхъэнкӀакӀуэу
Къэзыуххэр институт.

## ЕДЫДЖ И ФИЛОСОФИЕ

Зэзэмызэ уемыбзеймэ дыджым,
Фом и ӀэфӀагъыр пщӀэркъым, жи Едыджым.

## ТӀАНЫМ И ДЕРС

ӀумпӀэӀыгъхэм ягу удыхьэу
УӀужажэм, жеӀэ ТӀаным,
Усержантми, къуатыфынущ
И къулыкъур капитаным.

## ЛУТӀЭ

Бгы нэхъ инри екъутэфыр
И джэдыкӀэм ЛутӀэ,
Къэп гъуэжьыжьхэм игуэшауэ
ИӀэщи валютэ.

## РИРЭ И ЧЭНДЖЭЩ

МатэщӀэдзауэ упсэуну
Ухуейуэ щытмэ, жеӀэ Рирэ,
УкъимыкӀуэту дежьууф
Зи гупкӀэм уисым и уэрирэм.

## СОМЫР МЭГЪУМЭТӀЫМЭ

«Улъэщ-улъэщ?» - куэдрэ
Сомым къоупщӀ Лацэ,

«Сэ сылъэщмэ, апхуэдизрэ
Сихьынт, жи, инфляцэм».

## МОДЭМ И ГЪЭР

Бостей щыгъыу къикIухьын
Ирихьыжкъым игу Мадинэ -
ЩитIэгъащи гъуэншэдж зэвыр
Й ныбжьэгъу Катринэ.

## АКЪЫЛЫНШЭХЭМ Я УНАФЭ

Тесыфын я гугъэу,
Ягъэшэсыр шым
Зэгуэр шыдым идзу
ЩIакъуэ хъуа Хьэшым.

## ХЪУМАКIУЭМ И АУАН

А Мусэ щхьэ куцIыншэм
И гугъэжщ и щхьэр лажьэу —
Къыщохъу улахуэжь
ТIэкIурауэ
Сэ жэщкIи сыщIэлажьэр…

## ЛЭГЪУПЭЖЬЫМ И ЯУЖЬ АКЪЫЛ

ИIащ ныбжьэгъу
Куэдыщэ Хъупым,
Лы хэлъу лэпс
ИтыхукIэ и лэгъупым.

## *АБЫТIЭ Владимир*

Зи зэчийр зэчыр зыфIэщIыр
Щхьэ шкIумпIыгъэм и зы фэгъущ,
Усэ фагъуэхэр зыфыщIыр,
ФIыуэ тхэфхэр и жагъуэгъущ.

* * *

Ныкъуэделэр ефэмэ,
Делэ дыдэ мэхъу.
Делэ дыдэр ефэмэ,
Лъыхъуэн хуейщ Iэжьэгъу…

* * *

ХьэщIэр шхащи, бжэмкIэ маплъэ —
ФIэмащIэу пIэрэ едгъэшхар?
НэкIэ умышх бжэр — допщафIэ.
Бжашхэт уэ укъыщIэкIуар?

* * *

Псалъэ IэфIым
Блащхъуэр гъуэм къришми,
Псалъэ дыджым
Ар иримышэж.

* * *

Чэф зиIитIыр щIызэдауэ
Дыгъэр мазэу къыщIэкIащ.
Зэщыхьэжхэу щызэзауэм,
Дыгъи мази хэкIыжащ.